

Igitabo ca 3 mu rukurikirane
Intambuko zishikana kw'ikanguro

Ivyigwa bigabuye

ku misi 40
hamwe n'amakete
yandikiwe Andereya

ABAKORANA NA YESU

Buzuye Mpwemu

Yesu Kristo ati:

*"Uguma muri jewe , nanje nkaguma muri we,
uwo niwe yama cane"*

H E L M U T H A U B E I L



ABAKORANA NA YESU *Buzuye Mpwemu*

Ni gute woba umwe muri bo?

HELMUT HAUBEIL

Publisher:

Original: Geisterfullte Miterbeiter
TOP Life Wegweiser-Verlag GmbH, Wien
Austrian Publishing House
Verlag sarchivnummer 050 320
1. Edition April 2020

Design and Production

Konrad Print & Medien, www.konrad-medien.de

Image Credits:

Simon Eitzenberger, www.desim.de

Translation from the 1st German edition: Holly Tarita

Contact and order in foreign languages:

©Helmut Haubeil
Rosenheimer Str. 49, D-83043 Bad Aibling, Germany
Phone: +49 (0) 8061 4900 712
E-Mail: helmut@haubeil.net
Languages: German and English

Translations:

German (Original), English. In Translation: Portuguese/Portugal, Portuguese/Brasiliero, Spanish. Translation in other languages are desired. Please get in touch with Helmut Haubeil, so that he can assist.

Internet:

www.steps-to-personnal-revival.info German: www.schrite-zur-persönlichen-erweckung.info

Hari n'ibitabo vyose bigizwe n'urukurikirane rw'ivyigwa bito bito vyitwa Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umuntu:

Intambuko Zishikana kw'Ikanguro ry'Umuntu - Kwuzuzwa Mpwemu
Yera – Ni gute ivyo vyokubako? Ivyo vyigwa bigabuwe mu mice, biri mu

ndimi 40 , ivyigwa vyo ku mareresi, igitabo co mu buryo bw’amajwi.

Nimugume muri Yesu – Ni gute ubikora? Ivyigwa bigabuwe mu mice, biri mu ndimi 20, ivyigwa vyo ku mareresi.

Abakorana na Yesu buzuye Mpwemu Yera mu Kidagi no mu Congereza.

Amakete 17 yandikiwe Andereya

Imisi cumi yo gusenga: Kurondera Ikanguro

Umuntu ararekuriwe gusoma iki gitabo mu ndimi zose cahinduwemwo uko avyipfuzwa, canke agasohozwa ibirimwo canke akabirungikira umugenzi.

Hariho ibitabo bitandukanye woshobora kwihitiramwo ivyo wipfuzwa: Ibishingantahe (150), (Abasomyi bavugaga ibishingantahe vyabo vyo kwerekana uko bariko babaho mu iterambere ry’Imana (Uko Imana yateje imbere ivyo bitabo)

Ni gute umuntu yotuma abandira bakunda ivy’Imana? (Mu buzima hamwe na Kristo, bujijwe Mpwemu Yera)

Amajambo amw’amwe yavuzwe ajanywe na Mpwemu Yera (Amajambo ahambaye yavuzwe n’abanditsi ku bijanywe na Mpwemu Yera)

Umuyobozi (Ibintu bimwe bimwe vyofasha umuyobozi hamwe n’ubumenyi)

Bisangize abandira (Ni ibihe wihitiramwo)?

Basange

Bibiliya:

Bibiliya Yera, Impinduro yitirirwa King James, copyright 1982 by Thomas Nelson, Inc. Uburenganzira bwose burakirwa.

New International Version, Copyright 1973, 1978, 1984 International Bible Society. Uburenganzira bwose burakirwa kw’isi yose.

Igitabo ca 3

ABAKORANA NA YESU BUZUYE MPWEMU

Ivyo wobanza kumenya bihambaye

Turiko tugerageza kuzana bishasha dukoresheje ABAKORANA NA YESU BUZUYE MPWEMU YERA. UMUGWI W'IBITABO UGIZWE N'IBIKORESHO VYO GUTANGUZA vyageragejwe kandi vyasuzumwe - Vyiswe Amakete yandikiwe Andereya (Letters to ANDREW) - nawo nyene urimwo. Ibi bifise inyungu 12 zituma haba kwoherwa mu buryo bwumvikana kur'abo bafasha mu kwigisha hamwe n'ababa bitabiriye izo nyigisho mu gihe baba bashaka gufasha umuntu kugiriranira imigenderanire yiwe

ubwiwe na Yesu. Iki gitabo gisobanura mu buryo bwimbitse cane ukuntu twokoresha ayo makete (ariyo yitwa kandi udutabo duto, ibinyamakuru, inyandiko zitagira umukono). Niwagerageza kuyasoma, uzokwuzuzwa umunezero. Intambuko zibiri nyamukuru zifatanye ngaha ni izi: Kuyoborera umuntu ku kwemera Yesu (Ikete ryandikiwe Andereya rya 13) n’ukuntu dushobora kubaho mu bushobozi bwa Mpwemu Yera (Ikete ryandikiwe Andereya rya 14). Inyuma y’ivyo, umwete mushasha n’inkomezi zo gukurikira Yesu bizoca bikura.

Dushaka Kwizera iri somo ryo muri Bibiliya rivuga ngo: Arikw’Imana ishimwe, iduha gutsinda kubw’Umwami wacu Yesu Kristo (1 Ab’I Korinto 15:57).

AMAKURU AJANYE N' AHO WORONDERERA IBITABO

USA

Remnant Publications

649 E. Chicago Rd
Coldwater MI, 49036
Tel.: 800-423-1319
or 517-279-13043

Web address for orders:

www.remnantpublications.com

Available at your Adventist Book Centers

Canada

Lucas Jurek

118 G First Avenue North
Williams Lake, BC
V2G 1Y8

E-Mail: lucasiurek@gmail.com

Mobil: 250 983 - 2650

Australia

Colin Hone

Booklets in English

E-Mail: emailcolinhone@gmail.com

Great Britain

ADVENT PRESS LIMITED

141 Cressex Road
High Wycombe
Buckinghamshire, HP12 4PZ
Tel.: +44 7545 23 00 83

E-Mail: info@adventpress.eu

Philippines

Allan D. Faina

E-Mail: berevived7.14@gmail.com

SDA Church

Fidela Herrera Subd

Bgy. Santol, Tanza, Cavite-4108

Tel.: +63 997 6003397

Russia

Source of Life Publishing House

Vostochnaya St. 9, Zaoksky 301000

Tula Region, Russia

Tel. +78 73 42 01 01

www.lifefsource.ru

Europe - Russian-language literature

Christa Medien GmbH

Pulverweg 6

D-21337 Lüneburg (Germany)

Tel.: +49 (0)4131 9835-580

www.christa-medien.eu

und www.christa-shop.eu

E-Mail: info@christa-medien.eu

Germany and abroad

Wertvoll leben

Ziegeleistr. 23, D-73635 Rudersberg

www.wertvollleben.com

E-Mail: info@wertvollleben.com

Tel.: +49 (0)7183 3071332

Austria

TOP LIFE Wegweiser-Verlag

Prager Str. 287, A-1210 Wien/Vienna

www.toplife-center.com

E-Mail: info@wegweiser-verlag.at

Tel.: +43 (0)1 229 4000

Austria and Germany

Adventist Book Center

Bogenhofen, A-4963 St.Peter/Hart

www.adventistbookcenter.at

E-Mail: info@adventistbookcenter.at

Tel.: +43 (0)2294000

Switzerland

Advent-Verlag

Leissigenstr. 17, CH-3704 Krattigen

www.av-buchshop.ch

E-Mail: info@adventverlag.ch

Tel.: +41 33 654 1065

Spain

Safeliz Publishing House

Pradillo 6, Poligono Industrial 'La Mina'

28770 Colmenar Viejo - Madrid

Phone: +34 (91)845-9877

E-Mail: adm@safeliz.com

www.publicacionesadventistas.com

ABAKORESHEJE AMAKARISHABWENGE

USA and many countries: www.spiritbaptism.org – start page scroll down

Germany, Austria, Switzerland, European countries:

www.steps-to-personal-revival.info – click German version – contact page – scroll down

Phillipines: Allan D. Faina, Email: berevived7.14@gmail.com, SDA Church:

Fidela Herrera Subd, Bgy. Santol, Tanza, Cavite-4108, Phones: (63) 926 054 1175

ABAKORANA NA YESU BUZUYE MPWEMU YERA

Mbega ni gute nawe wohinduka umwe muri bo?

HELMUT HAUBEIL

IBIRIMWO

Iki gitabo kirimwo urupapuro rugizwe n'ivyigwa inyuma ya buri kigabane cose: Ivyiyumviro n'ibibazo vyo kwigira hamwe + Igihe cacu co gusenga. Kirimwo kandi n'indinganizo y'imisi 40 ku migwi y'abantu bashaka kuyikoresha mu kumara imisi 40 biga. Harashizwemwo kandi n'agasandugu kagizwe n'ibikoresho vyasuzumwe kandi bikageragezwa vyiswe Amakete yandikiwe Andereya kugira ngo bifashe mu kuyoborera abantu kuri Yesu Kristo.

URWINJIZO 13

BAHO UBUZIMA BWUZUYE UMUNEZERO N'INTSINZI BIBONERWA MURI YESU!

Nk'umukristo, mbega ni gute noshobora kuroranirwa?

Ni ayahe masezerano Imana iduha ku bijanye n'ubuzima buroraniwe?

INTANGAMARARA

ABAKORANA NA YESU BUZUYE MPWEMU YERA

Mbega ni gute ucika umwe muri abo?..... 22

IKIGABANE C A 1

IMANA IRAGUKUNDA!

Mbega ni gute nokwibonera urukundo rungesereye rw'Imana?

Ni uruhe ruhara ukwizera Imana kwanje gufise?..... 33

IKIGABANE CA 2

INZIRA Z'IMANA ZIRENGEYE UBWENGE

Gukorera abandi, gufasha, gutanga, guhezagira! Ni kubera iki kandi bimaze iki? Ubugombe –kamere y’umutima w’Imana 58

IKIGABANE CA 3

NI NDE ARIKO ARAKORA:

IMANA NIYO IKORERA MURI JEWE CANKE NI JEWE NKORERA IMANA?

Bivyura ikibazo gikomeye: Mbega ndiko nkoresha ubushobozi bwanje mu gukorera Imana? Canke Imana irashobora gukorera muri jewe ikoresheje ubushobozi bwayo nk’Imana? 85

IKIGABANE CA 4

IMYAKA Y’AGACIRO YO KWIMENYEREZA

Mbega ni iyihe nsiguro ubuhinga bwiza bufise mu kuyoborera abantu kuri Yesu Kristo? 109

IKIGABANE CA 5

NZOBAGIRA ABAROVYI B’ABANTU

Ni igiki gituma buri muntu wese yishimira Yesu Kristo mu buryo budasanzwe?

Ni kuki ashaka ko natwe tuyoborera abandi kuri we?

Mbega ni kubera iki kandi ni gute Yesu aduhindura abarovyizi b’abantu?

Ni gute nobera Yesu icabona gikwiriye? 126

IKIGABANE CA 6

NI KUKI DUKWIRIYE KUBANZA KUYOBORERA ABANTU KURI KRISTO?

Imvo zumvikana ku bw’urutonde rwiza:

Imvo 10 zerekana impamvu dukwiriye kubanza kuyoborera abantu kuri Yesu,imbere y’uko tubigisha ibijanye n’imyizerere-nshingiro iva muri Bibiliya.

Uko bikurikirana: Ubwambere Yesu, hanyuma ukuba umwigishwa na Mpwemu yera, inyigisho-nshingiro za Bibiliya, umubatizo, ukwimenyereza 152

IKIGABANE C’7 –IKETE RYANDIKIWE ANDEREYA 13

MBEGA NI GUTE TWOYOBORERA ABANTU KURI YESU?

Biciye mu mu gusomera hamwe ivyigwa vya Bibiliya dukoreshe Ikete ryandikiwe Andereya rya 13: Cakira ubugingo biciye mu migenderanire yawe n’Imana 171

IKIGABANE C’8- IKETE RYANDIKIWE ANDEREYA 14

NI GUTE TWOSHOBORA KUYOBORERA ABANTU KUBAHO MU BUSHOBOZI BW’IMANA?

Biciye mu gusomera hamwe ivyigwa vya Bibiliya dukoresheje ikete ryandikiwe Andereya 14- Ubuzima mu bushobozi bw’Imana- gute?..196

IKIGABANE C’9

IBINTU BIFADIKA VYO GUFASHA KUYOBORERA ABANTU KURI YESU

Amakete yandikiwe Andereya mu kuyoborera abantu kuri Yesu

Urukurikirane rw’ama video mato mato mu kwigisha ivy’ukwizera

Ni gute noshobora kwibonera jewe ubwanje Ishengero ry’ukuri?.... 213

IKIGABANE C’10

INTANGO NSHASHA Y’IVYA MPWEMU Y’IGIKORWA C’IKWIZABUTUMWA MU NTAMBUKO ZITATU

<i>Ni gute abantu ku giti cabo n'imigwi y'abantu, amashengero n'amakonferanse yobikora? "Mpwemu wanje azobikora !"</i>	232
KWAMA WUJUJWE GUSHASHA MPWEMU YERA BURI MUNSI! IKANGURO!	259
IMIHEZAGIRO	260
UBUZIMA BWIWE	262
IVYONGEWEMWO	264
<i>A Amasezerano ku masengesho yo gusengera abandi</i>	264
<i>B Ivyiyumviro vy'ukuntu twoshikira abantu</i>	264
<i>C Inzira ishikana ku Bugingo Budashira</i>	266
<i>D Incamake y'Amakete yandikiwe Andereya</i>	266
<i>E Urutonde rw'amasengesho ya buri musu</i>	273
<i>F Urukurikirane rw'ama video mato mato yo kwigisha ukwizera</i>	274
Ivyo umuntu acamwo impera n'imperuka bikamukomeza	278
IBINDI BITABO VYAKORESHWE	
<i>Agatabo kabumbiyemwo Amakete yo gutanguza yandikiwe Andereya [Starter-Set Letters to Andrew], Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umuntu [Steps to Personal Revival], Guma muri Yesu [Abide in Jesus]</i>	
<i>Igitabo ca 1 c'Imisi 40: Kwitegurira ukugaruka kwa Yesu</i>	284
<i>Igitabo ca 2 c'Imisi 40:Kunagura imigenderanire yawe n'Imana</i>	286
<i>Urukuta Web: www.steps-to-personal-revival.info</i>	

UBUZIMA BWAMA IVYAMWA

Yesu ati:

“...Uguma muri jewe, nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama ivyamwa vyinshi...” (Yoh15:5)

Ni gute noshobora kuguma muri Yesu?

Yesu aradutumira ati: *Muze kuri jewe! (Mat 11:28)*. Umuntu wese yaje kuri Yesu asabwa kuguma muri we (Yoh 15:4). Mbega ibi bigenda gute?

“Mugume muri jewe , nanje ngume muri mwebwe. ”

“Kuguma muri Kristo” bisigura:

- ***Kwama na ntaryo uronka Mpwemu wiwe***
- ***Ubuzima bweguriwe Yesu ataco bwisigarije***
- ***Kuja ku gikorwa ciwe***

Iyi nsiguro yaruguruye mu vy’ukuri amaso yanje kandi impa umuco mu rugendo rwanje n’Imana. Ku bwanje iri ni ibanga ryo kubaho ubuzima rukristo bwuzuye umunezero (Yoh 15:11). Ni isengesho ryanje kandi ni icipfuzo kidasanzwe ko ibi kandi vyo zokwereka benshi inzira ishikana ku buzima bwuzuye umunezero kandi bunengesereye. Aya majambo ni umushinge ku dutabo dutatu mu rukurikirane rw’igitabo Steps to Personal Revival (Intambuko zishikana umuntu ku kwikangura).

Ni ikihe kintu utwo dutabu dutatu duhuriyeko muri rwa rukurikirane rw’icigwa Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’Umuntu?

Ica 1 Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’Umuntu

Kwuzuzwa Mpwemu Yera

Mbega ivyo wobishobora gute?

Ni ugusaba n’ukuronka Mpwemu yera wiwe ubudasiba.

Ica 2 Guma muri Yesu

Mbega ivyo bikorwa gute?

Ni ubuzima bweguriwe Yesu Kristo ataco bwisigarije.

Ica 3 *Abakorana na Yesu buzuye Mpwemu Yera*

Mbega ni gute wohinduka uwukorana na Yesu wuzuye Mpwemu yera?

Ni ukwihebera burundu igikorwa ciwe ukemanga n'inkurikizi zidasanzwe zaco zose

Indemesho

Ubushakashatsi bwerekanye ko ukwiga uku kuri kudasanzwe birahezagirwa mu buryo bwihariye, igihe abantu babiri bakurikije indinganizo y'ivyigwa maze bakayikoresha kugira ngo buri musi bongererwe umwete hamwe. Hari imihezagiro ibiri ku bantu babiri bari hamwe!(Kumwe n'abandi birashobora gukorwa kandi no kuri telephone, skaip) Kandi umwanya wo guhanahana ivyiyumviro wa buri musi canke buri ndwi no gusengera mu migwi bitera intege cane.



UBUZIMA GIRA BWUZUYE UMUNEZERO N'INTSINZI BIVA MURI YESU!

*Nk'umukristo, ni gute noshobora kuroraniirwa?
Ni ayafite masezerano Imana iduha ajanye n'ubuzima buroraniwe?*

Mbega kuroraniirwa mu buzima ni iki?

Umwe wese asobanura ukuroraniirwa uko avyumva. Benshi biyumvira ku mafaranga, kugira igitinyiro, ububasha no kumenyekana. Mu bisanzwe, ivyo bishobora gufatwa nk'aho ari bimwe vyerekana ukuroraniirwa, ariko mbega kuroraniirwa mu buzima si ubuzima bwuzuye mu buryo bwimbitse?

Mu mwaka w'1923, abantu icenda batunze cane kw'isi ico gihe barahuriye muri Leta ya Chicago mu nama. Nta wuzi ivyo bariko bavugana. Ariko inyuma y'imyaka 25, hari umuntu yagize amatohoza kugira ngo amenye ivyabashikiye. Nka bese muri bo yasanze bari abiba amabanki, abandi bariko bahunga, abandi bari mu busho kubera gucuruza ibintu bidaciye mu mategeko, abandi nabo bishwe n'indwara y'imitima canke bakiyahura. Bari barigeze kuba abatunzi karuhariwe kandi bari bararonse ijambo bakagira kandi n'ububasha. Ariko ntibaronse ukuroraniirwa kw'ukuri mu buzima- mbere n'ukuroraniirwa

mu vy'ubutunzi bwabo ntikwaramvye. Yesu yavuze ati: "...kuk'ubugingo bw'umuntu butava mu bihinda vy'ibintu atunze. " (Luka 12:15). (Vyakuwe muri: "Helmut Haubeil&Gerhard Padderatz, Gott, Geld&Glaube- Christliches Handeln in Wirtschaftsfragen" (God, money& Faith – Christian conduct in economic matters), Eckental 2009,p. 15,16).

Bari barirengagije ikintu kidasanzwe mu buzima bwabo: imigenderanire hagati yabo ubwabo n'imigenderanire yomatanye n'Imana; Ivyo nivyoy Bibiliya yita "kuba muri Kristo" (Incuro 170) Canke "kuvuka ubwa kabiri" (Yohana 3:1-17) canke "kuvyarwa n'Imana" (1 Yohana 5:18). Kristo aba muri twebwewe igihe twuzuye Mpwemu Yera. Imana idusezeranira kuroranirwa biciye muri Kristo, ari na kwo kuroranirwa kwo mu buzima. Yama iri kumwe natwe mu rugendo rwacu mu buzima bwacu. Yiyemeza kutuyobora ni twaguma twomye kuri we tudahengeshanya. Vyongeye kandi iduha imihesagiye myiza yo mu vya Mpwemu n'ubugingo budashira. E. G. White yaravuze ati : "Kumenya iri banga [Kristo muri twebwewe] biduha urufunguruzo rwo kumenya irindi. Rwugururira umushaha ubutunzi bw'isi yose, ubushobozi bw'iterambere ridahera. " (Education,p. 1732. 1).

Isi yoyo ifata ko kuroranirwa bivana n'ihangiro umwe wese yiha: kwipfuzwa ibintu bifitiye inyungu jewe gusa nivyoy bituma nshika kuri buri kintu nka cose. Iyo duciye muri iyo nzira rero, duca twitega inyishu. Dutegerezwa kwitaho ingorane zishikira abantu n'ahantu tudashobora kurenga. Nivyoy, umuntu arashobora kuroranirwa. Ariko na none iyo nzira impera n'imperuka ijana mu mahonero (Ivyah 14:17-20)

Amasezerano y'Imana yo kuroranirwa: Dufise Imana itangaje kandi yuzuye ubwenge bw'ikirenga. Amasezerano yaraduteguriye intsinzi. Yesu yavuze ko yaje kugira ngo aduhe ubugingo busagutse.

Bibiliya itwemerera ko tuzohabwa ukuroraniwa nyakuri n’aho iyi mvugo idategerezwa gusobanurwa ijambo ku rindi. Niwige ibi bisomwa:

- Zaburi 1 herekana: Umuntu wese agendera mu nzira y’Imana “azoba nk’igiti gitewe hafi y’imigezi y’amazi.”
- *Yosuwa 1:7-9: “...Imana izobana nawe aho uzoja hose”*
- *. Imigani 3:5-6: “... Umumenye mu ngendo zawe zose,nawe azogorora inzira zawe”*
- *Yohana 15: 1-17 Isezerano Rishasha rivuga ibijanye “n’ivyamwa”. Ku murongo wa 5: “Uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama cane”.*

Imana n’umuntu barakorana na ntaryo mu buryo bwegeranye cane muri iyi ngingo.

Akarorero gafadika k’ukuroraniwa

Igihe nari mfise imyaka 19, naranezerejwe cane n’ibikorwa vya Daniyeli. Igice ca mbere c’igitabu ca Daniyeli cagize ubwaku ku buzima bwanje bwose nk’umuhezagiro ukomeye. Ibi kandi vyaragize ubwaku no mu nzira z’ivyo nakora, haba mu butunzi canke mu gikorwa c’ubupasitori co gukwiragiza ubutumwa. Daniyeli, imbohe y’intambara, yahindutse umurongozi wa Leta akomeye cane, kandi umutegetsu wo ku rwego rwo hejuru arongoye akarere mu bwami bubiri bwariho butwara isi ico gihe kandi yari umuhanuzi w’Imana. N’uyu musi aracubahwa n’abakristo, aba isilamu n’abayuda.

Intango y’ubuzima bwa Daniyeli

Mbega Daniyeli na bagenzi we b’abaja bari bande? Igice ca 1 cerekana:

Umurongo wa 4: Bari imisore, bafise amagara meza, b'akaranga, baciye ubwenge kandi buzuye gutahura kandi bava mu miryango yasenga cane. Vyongeye kandi bari abaganwa mu muryango w'ingoma i bwami. Bari baje bava i Buyuda. Bari inyagano n'imbohe z'intambara.

Umurongo wa 5: Umwami ahambaye Nebukadineza yashatse kwigarurira iyi misore. Ahanini yashaka kubagirira neza akabitaho mu buryo butandukanye n'abandi. Yatanze itegeko ry'uko bazohora basangira na we ku meza yiwe bagasangira imfungurwa n'igiturire vyiwe. Nk'inkurikizi, Daniyeli na bagenzi biwe bagize ikibazo: Imfungurwa ziryoshe zarunzwe neza kandi z'agaciro kanini cane zo ku meza y'umwami zari zinyuranye n'ivyo Bibiliya yigisha. Mbega ni igiki Daniyeli na bagenzi we bari gukora? Nk'imbohe z'intambara, bategerezwa mu buryo bwuzuye kugengwa n'ivyo umwami ashaka. Mu vy'ukuri, bagiye hamwe baraganira umwanya wagutse kandi babaza Imana. Bategerezwa gufata ingingo: Kimwe bari kurya kandi mw'ibanga ivyo bari bashizwe imbere, n'ubwo batavyipfuzaga, canke bagafata iyindi ingingo. Tubwirwa gusa ibijanye n'ingingo ya Daniyeli, ariko mu vy'ukuri bose bari bayemeranijeko.

Umurongo w'8: "Ariko Daniyeli yigira imigabo mu mutima wiwe kutazokwihumanisha ivyo kurya vy'umwami canke igiturire yuhira. "Ico kibazo Daniyeli yagikemuye mu kuba umwizigirwa ku Mana kandi no kutarya indya zihumanye. Twisunze ubuzima bwiwe, turabona ko iyi yari ingingo y'umushinge w'ubuzima bwiwe bwose.

Daniyeli kandi ntiyigeze yemera ingabire z'isi muri kazoza, zari gutuma atakaza ubwizigirwa ku Mana. Yipfuzaga kugendera mu vyo bibiliya yihanikiriza. Daniyeli yari asanzwe azi igitabu ca Yosua n'igikorwa Imana yamujeje! (Niwige Yosua 1:7-9 kandi uhige bivuye ku mutima!)

Umurongo w'7: Imisi yose wame wisunga ijambo ry'Imana. Ntutambamire i buryo canke i bumoso kugira ngo uroranjirwe!

Umurongo w’8: Imisi yose wame witaho ijambo ry’Imana maze uz’ukore wisunze ivyanditswe, niho uzogira amahirwe!

Umurongo w’9: Shikama ushire amanga! Ntugire ikintu na kimwe utinya kuko IMANA iri kumwe nawe aho uzoja hose. Irasezerana ko izotuyobora. Iduha inkomezi, umunezero no kuroranirwa.

Iyi ngingo ya mbere yerekanye mu buryo bugaragara ko Daniyeli yabayeho ubuzima bwose bwo kwiyegeye Imana. **Iki kintu nico rupfunguruzo rw’ukuroranirwa Imana yemera: Imana ifata ingingo nk’Imana, mu rukundo rwayo, ukw’ishaka atari uko jewe nshaka Canke uko uwundi mutegetsu wese yotanga icyumviro canke ngo ateguke.**

Mbega duha agaciro kangana gute ingingo dufata mu buzima bwacu? Ubushobozi bwo gufata ingingo nziza buganza ubuzima bwacu bwose. Ubwato bugezweho bwitiriye “Umwamikazi Elizabeth” bwari buremereye cane incuro 1300 kurusha icuma gitwara ubwo bwato bunini. Ico cuma kigereranywa n’ingingo n’ubushobozi bwacu bwo gufata ingingo. Ingingo zirashobora kugira ubwaku bukomereye. Igihe dufashe ingingo zo gukora ivy’Imana igomba maze tugatera intambuko zikwiriye, nayo izoca iduha ubufasha bukwiriye. Hanyuma izogendana natwe. Aho rero duca twibonera ukuntu Imana yama na ntaryo ikorana n’abantu, aho niho Imana yiyemeza ko ariyo izokora vyose. (Ku birengeye ivyo, raba mu gitabu Kuguma muri Yesu, ikigabane kivuga ngo “Ukugamburuka twibonera muri Yesu”.)

Daniyeli na bagenzi biwe bafashe ingingo ijanye n’ukugomba kw’Imana. Mbega ni izihe ntambuko bahavuye batera inyuma y’aho? Barakoze icyo bategerezwa gukora maze Imana nayo irahaze yitangira inyishu y’ikibazo.

Mbega ni gute twashobora gufata ingingo nziza kuruta izindi ariko zigoye?

Daniyeli 1 umurongo w’8 agace ka b havuga ngo: “... *[Daniyeli] yinginga umukuru w’inkone ko atokwihumanya*”. Bakoresheje ubuhinga ubuhe? **Ubuhinga bwo kwinginga.** Bica bihinduka cane igihe dushikirije icipfuzo cacu nk’ukwinginga aho kuvuga ngo “Ivyo ntavyo nokora!” canke ngo “Ivyo ntavyo nshaka!” canke ngo “Ico kibazo nticumvikana na gato!” Ukwinginga kwerekana icizere umuntu afitiye uwundi. Iyo twatuye n’akanwa kacu twinginga, amahirwe aba menshi y’uko uwo twituye agerageza kudufasha. Ariko iyo dusaba canke duhakana mu buryo bwo kurandamuka, tuzotuma uwo twituye adufata nabi. Bizotuma bagerageza kwerekana uwufise ijambo kuruta uwundi. Narize iyi ngingo idasanzwe mu gihe nariko ndakura mva mu buyabaga kandi sinigeze ndayibagira. Ubuzima bwanje bwose nagiyeye ndayisunga kuko ubu ari ubuhinga bwiza kandi butomoye. Rwabaye urugero rw’ibihe vyose.

Daniyeli yarongeyeko ikindi kintu: Yagumye yerekana ko iki kibazo ari ingorane y’ivyiyumviro (conscience) kuri we. Hamwe natwe twobibona co kimwe na we, tuzoca turonka ugutahura cane. Ariko ntudukwiriye na rimwe kandi nta kintu na kimwe codushikira maze tugakora tutiyumviriye. Muri iyi nzira gusa niho dushobora kuronkera amahoro yo mu mutima turi kumwe n’Imana.

Umurongo w’9: “*Nuko Imana ituma umukuru w’inkone akunda Daniyeli amugirira imbabazi*”. Ni igiki cabaye ngaha? Daniyeli yafashe ingingo yo kugamburukira Imana. Mur’ubu buryo, Daniyeli yari yakoze ivyo yategerezwa gukora vyose, maze abikorana ubwitonzi n’uguca bugufi kwinshi. Imana yaraserutse maze ikora ku mutima w’uyu mutegetsi. Imana yaratanze inyishu (Mu bisanzwe, Imana yacu itangaje izoseruka iturwanire). Ariko kandi Imana irashobora kandi gufata iyindi ngingo inyuranye n’iyo. Birashoboka ko tutaruzuzwa ibisabwa vyose canke naho ugasanga Imana idufitiye iyindi migambi irushirije kuba myiza akaba ari nayo mvo yotuma itabikora uko tuvuyibaza).

Twisunze umurongo wa 10 umukuru w'inkone yarahangayitse cane. Iyo aja kuba yar'ashoboye gukemura ivyo Daniyeli yariko yingingira, yari guca aca mw'itegeko ry'umwami.

Turabona iyindi ntambuko ikurikira ya Daniyeli mu murongo wa 12. Yahindukiriye umunyabigega, uyu akaba ubwiwe ari we ajejwe gukurikirana Daniyeli na bagenzi we. Kandi Daniyeli yabandanije ubuhinga bwiwe bwo kwinginga. Vyongeye, yatanze icyumviro kuko yari yaracyumviriyeko umwanya muremure cane. Yabwiye umunyabigega mu cubahiro cinshi no mu bugwaneza bwinshi ati: Ndakwinginze utugerageze imisi icumi. Mur'iki gisabo kandi, arongera akerekana icizere afitiye umurongozi wiwe. Hari ikintu kimwe gitomoye ngaha: Ntabwo Daniyeli yariko ategukanya kuzorya indya zihumanye inyuma y'iyi misi cumi! Ahubwo yari yizigiye mu buryo bwuzuye ugutabara kw'Imana igihe yavugaga ati: *"Ndakwinginze utugerageze twe bwe abasavyi bawe imisi cumi baduhe indya z'insoromano [izi zikaba mu majambo asanzwe zari indya ziva mu binyantete] n'amazi yo kunywa."*

Ni kuki Daniyeli yasavye "ibifungurwa vy'ibinyantete?" Mbega aya majambo ava he? Itanguriro 1:29 havugaga ngo: *"Maze Imana iravugaga iti: Raba, mbahaye ivyatsi vyose vyama imbuto ngo bibe ivyo kurya vyanyu."* Birumvikana, Daniyeli yari asanzwe azi amajambo y'Imana. Yasavye imfungurwa nziza kuruta izindi, adoma urutoke ku mfungurwa, zimwe Imana yageneye abantu ko bazorya mw'irema: imfungurwa ziva mu biterwa. Zifise kandi akamaro ko zitazimvye. Imana yarabikoze ku buryo uyu mubwiriza (umunyabigega) na we yumvise igisabo ciwe kandi amuha ivyo yasavye. Kandi Imana yakozwe ikintu ciza cane:

Umurongo wa 15 *"Kandi iyo misi cumi ishize asanga mu maso yabo ni heza kandi bayagayaga ku mubiri kurusha abandi basore bose barya ku vyo kurya vy'umwami"*. Nk'inyishu, ico kibazo cari gikemuwe.

Mbega ni igiki Imana yari yabahaye? Ubwiza, inkomezi n'ubwenge. Imana yarabikemuye!

Ariko Imana yarabandanije gutanga: umurongo wa 17- *“Maze abo basore ukw’ari bane Imana ibaha gukerebuka no kuba uburyo mu vyo bigishwa vyose no mu bwenge; kandi Daniyeli yar’afise n’ubwenge bwo gutahura ivyerekanwa vyose bo n’inzosi. ”* Mbega ni igiki kandi Imana yabahaye? **Ubwenge no gutahura kandi vyongeye kuri Daniyeli yamuhaye ingabire y’ubuhanuzi. Imana yatanze!**

Ariko ntibigarukira ngaho gusa. Hariho akabirya batari biteguriye ku mpera y’umwimenyerezo wabo. Dusoma mu murongo wa 20: *“Mw’ijambo ryose ry’ubwenge no kumenya, ico umwami yababaza yasanga barusha abanyamareba n’abapfumu bose bo mu gihugu ciwe cose ibihetangabo cumi. ”* Mbega wewe wokwigira umunyabwenge incuro zitanu canke cumi kuruta uko war’umeze? Imana yonyene niyo ishobora kubitanga. Imana iratanga.

Ubu buryo bwerekana uko ushobora kuyobora ubuzima buroraniwe vy’ukuri: Nimba hari ikintu kiriko kirwanya ubugombe bw’Imana, ca ufata ingingo yo kurangura ubugombe bw’Imana! Hanyuma vyiyumvireko maze mu bwitonzi ntangere koresha uburyo bwo kwinginga. Ni wubahe kandi ube umugwaneza. Nimba bishoboka canke bikenewe, tanga icyumviro c’inyishu irama ku kibazo, ibonekera mu bugombe bw’Imana. Hanyuma Imana izoba iri kumwe natwe. Yesu yaravuze muri Matayo 6:33 ati: *“Ariko mubanze mwitwaririke ubwami bw’Imana n’ukugororoka kwayo niho ivyo vyose muzovyongerwa”.*

Birashoboka ko utariyegurira Yesu burundu. Canke mur’uyu mwanya ukaba wagerereye kure maze ugatakaza *“urukundo rwawe rwa mbere”* (Ivyah 2:4). Mu gihe twisanzwe tumeze uko, duca tugira umwifato utandukanye maze tukabona ibintu mu buryo butandukanye. Kandi ivyo tubibona *“nk’ibisanzwe. ”* Abaroma 8:5 havuga ngo: *“Abaganzwa n’akameremere k’umubiri bitwararika ivy’umubiri, kandi*

abaganzwa n’impwemu bitwararika ivy’impwemu. ” Iki gisomwa kitwereka umwifato w’ubwoko bubiri bivanye n’uko tuba twuzuye Mpwemu yera canke atariko biri. Igihe ntari bwiyeziye Kristo burundu, rimwe na rimwe vyarashika nkumva kubaho nk’umukristo umengo nta kamaro bifise kandi nkamera nk’aho ari ukwikorera umutwari uremereye. Ariko none ubuzima bwanje bwuzuye umunezero, ubushizi bw’amanga, inkomezi n’intsinzi. E. G. White yanditse ati: “Ibanga ryo kuroranyirwa biri mu rufatane rw’ubushobozi bw’Imana n’utwigoro tw’umuntu. ” (Abakurambere n’Abahanuzi, urupapuro 509. 1). Ni nayo mpamvu tugiye kurabira hamwe ibibazoshingiro muri iki gitabo, ari navyo, biciye mu migenderanire ya hafi cane tuzogiriranira na Kristo bizotuyoborera ku kuroranyirwa canke dukoresheje imvugo ya bibiliya, ubuzima bwama ivyamwa – ubuzima umuntu abaho akorana n’Imana yujijwe kandi ayoborwa na Mpwemu.



ABAKORANA NA YESU BUZUYE MPWEMU

Ni gute wohinduka umwe mur'abo?

*"Ntuzigera uroranirwa mu migambi yawe,
Canke mu nkomezi zawe
Canke mu bubasha bwa gisirikare
Oya, Mpwemu wanjye azovyikorera!
Ni jewe Uhora ho ahambaye ndabisezeranye."
Zekariya 4: 6*

Igikorwa c'Imana kw'isi ntikizorangurirwa muri twe bwe kubw'ububasha bwacu n'ubuhinga bwacu, uko vyoba bisa n'ibifise agaciro kwose. Imana niyo itegerezwa kandi niyo izorangura igikorwa c'ijambo ryayo. Izobikora ibicishije mu bakorana na Yesu buzuye Mpwemu yera; ibicishije mu bagabo, abagore abasaza, imisore n'abana bujijwe Mpwemu yera. Izobicisha mu bantu, babayeho ubuzima bwabo bweguriwe Kristo n'igikorwa ciwe.

Dutegrezwa kwibaza ibibazo, ari vyo bitanga umurongo wo gukorerako: Mbega ndiko nkorera Imana nkoresheje inkomezi zanje bwite? Canke Imana irashobora gukorera muri jewe mu nkomezi zayo z'ubumana?

Imana yarankoresheje ivy'akataraboneka

Abanyeshure biga ivy'iyobokamana bava muri seminari y'abapastori muri Bogenhofen, muri Austria bari batumiwe gukoresha urukurikirane rw'ibikorane muri Afrika. Zsolt Halmi yiyumvisemwo kugira aka kigoro hamwe n'abandi. Mu mwaka w'2006 yari mu mwaka ugira kabiri w'ivyigwa vyawe. Yari yarigeze gukoresha ibikorane bitandukanye muri Rumaniya. We, co kimwe n'abandi banyeshure barungitswe ahitwa Kisumu, muri Kenya muri Afrika y'ubuseruko.

Zsolt yari yiteze ko Imana ija gukorera ibihambaye kuko yari yarumvise ko abanyafrika bakunda cane ivyo gusenga. Yari yiteze ko ibihumbi vy'abantu bitabira ivyo bikorane. Ku bwiwe yari yiteze kuvugira ubutumwa nk'uwuvugira mu kibanza c'isoko. Bari bubatse aho umusiguzi ahagarara ariko asigura (podium). Ubwambere babanje kwerekana filime ijanye n'ubuzima bwa Yesu hanyuma hakurikirako igisiguro. Ariko abashitsi 30 bonyene nibo bitavye. Kubwa Zsolt ico gikorane cari gikonje. Umugoroba wakurikiye haje abashitsi 20 bonyene maze ku musi ugira gatatu haza 10. Vyagumye uko nyene no muyindi misi yari isigaye muri icyo ndwi. Yumvise acitse intege kandi ibintu vyagumye uko. Muri ukwo guta umutwe, yiyugaraniye mu cumba ciwe maze arasenga amasaha ane. Asuka umwiheburo wiwe imbere y'Imana. Arayibaza ati: "Mana kuki wanzanye ngaha?" Maze araheza yiyegurira Imana wese. Hanyuma arumva ko yegeranye n'Imana muri rya sengesho. Kandi vyongeye Imana yari yamuhaye isezerano ku gisabo ciwe: "Uzohimbaza Imana". Yahavuye abona ko Imana yamwumvise. Ariko na none yar'acuzuye ubwoba n'ugukekeranya.

Ariko uwo mugoroba haje abantu 600. Muri icyo gihe yaramenye ko Imana itigeze imuheba. Inyuma abantu 700 baritavye. Inyuma yaho bagiye baragwira gushika ku 1000 kandi ku mpera ku bw'ubuntu bw'Imana abantu 39 barabatijwe.

Mbega ntubona ko hari itandukaniro rigaragara hagati yo gukorera Imana dukoresheje inkomezi zacu no kureka Imana igakorera

muri twebwe n’urukundo rwayo hamwe n’ububasha bwayo nk’Imana? Aka ni akarorerro gatangaje. Ariko ndizeye ko dushobora kubona neza ikintu kijanye no guhinduka. Mbega ni igiki cahindutse? Ni wa muntu nyene yavuze, afise ya mashure nyene, avuga bwa butumwa nyene, akoresheje ya majambo nyene, akoresheje bwa buhinga nyene kandi avugira muri ca kibanza nyene. Ni igiki cahindutse? Nta kintu na kimwe cahindutse, uretse gusa urugero rw’imigenderanire yiwe n’imana. Yari yiyeguriye Imana burundu. Kwitanga burundu, ico nico Imana isaba. Kandi ico nico conyene gikenewe, nta kindi kihari. Imana yacu nziza yipfuzwa kwifatanya natwe n’urukundo rwayo hamwe n’ububasha bwayo bw’ubumana bwose. Tuzokwinjira mw’ido n’ido ry’iki kibazo mu kigabane ca 3.

Inzuzi z’Amazi Y’ubugingo – Ibikorwa bihambaye

Yesu yaravuze ati: “ *Unyizera, inzuzi z’ubugingo zizotemba ziva mu nda yiwe, nk’uko ivyanditswe bivuga. Ariko ivyo yabivuze yerekeza kuri Mpwemu yera...*” (Yoh 7:38-39)

“N’ukuri n’ukuri ndabibabwiye, unyizera, ibikorwa nkora na we azobikora, kandi azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data. ” (Yoh 14:12)

Mbega ni kubera iki inzuzi z’amazi y’ubugingo zizotemba mu bigishwa biwe? Ni kuki abigishwa biwe nabo bazokora ivyo bikorwa mbere bakanakora ibiruta ivyo? Yesu aratanga impamvu: “...*kuko ngiye kwa Data*”. Mbega habaye iki igihe yaja kwa Se?

1. Yesu yari asubiye kwimikwa mu bushobozi no mu bwiza bwiwe. “Nahawe ububasha mw’ijuru no mw’isi.” (Mat28:18)
2. Nk’ikimenyetso co gusubira kwimikwa kwiwe Yesu yahaye abigishwa biwe ingabire ihambaye cane: Yabarungikiye Mpwemu Yera. Mpwemu Yera ni ingabire y’urugori rwa Yesu.

Ivyo bisigura ko Yesu ubwiwe ari we ategerezwa gukora kandi azokora ibihambaye maze ahe inzuzi z'amazi y'ubugingo abigishwa biwe buzuye Mpwemu Yera.

Gukorera Imana mu nkomezi zacu bwite bitanga inyishu za kimuntu gusa. Ndukekeranya ko ivyo bihagije. Ariko mu misi yacu n'imyaka turimwo, aho abantu benshi bagoye kwumvira Imana, mbere bisa nk'aho ata gaciro bifise.

Igikorwa c'Imana kizorangurwa n'Imana ubwayo, kizokorwa na Yo ibicishije mur'abo, bamwiyeguriye burundu. Ibi bitanga inyishu ziva ku Mana. Akarorero, Yesu, Daniyeli, Paulo, Nehemiya, Esiteri n'abandi.

Amajambo makuru makuru Yesu yabwiye abigishwa biwe

"Nuko ni mugende mu mahanga yose mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza." (Mrk 16:15). Mbega ivyo bishoboka gute?

"Munkurikire nzobagira abarovyi b'abantu." (Mat 4:19) Iyo dukurikiye Yesu muri vyose, nawe aca aduhindura abarovyi b'abantu. Nta wundi mwigisha aruta uwo. Tuzoraba mu buryo bwagutse uko aduhindura abarovyi b'abantu mu kigabane ca 5.

Mbega yababwiye iki hanyuma? Bari guca batangura ubwo nyene inyuma y'iduzwa ryiwe?

"...Abasaba kuguma i Yerusalemu, ariko barindire isezerano rya Se ...muzohabwa umubatizo wa Mpwemu Yera..." (Ivyakozwe 1:4-5)

Ni ayahe majambo yanyuma Yesu yavuze akiri kw'isi?

"Ariko muzohabwa ubushobozi [ububasha, muzoshirwamwo Mpwemu] Mpwemu yera ni yabazako; kandi muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe... gushika no ku mpera y'isi." (Ivyakozwe n'intumwa 18).

Ni ayahe majambo yanyuma yiwe yabwiye Ishengero ryanyuma ari mw?

“Ufise ugutwi wese ni yumve ico Mpwemu abwira amashengero.” (Ivyah 3:22)

Ikintu Yesu ashimikirako ngaha kiragaragara: Mu vyo ducamwo vyose turakeneye Mpwemu yera.

.... Maze umuhero uzoca uza

Igihe amahanga yose azoba yabwiwe ubutumwa, niho Yesu azoca agaruka: *“Kandi ubu butumwa bwiza bw’ubwami buzovugwa kw’isi yose ngo bube ikimenyetso kibere icabona amahanga yose maze umuhero uzoca uza.”* (Matayo 24:14).

Ubutumwa bwarakwiragijwe n’umwitwarariko mwinshi kandi ibi vyagenze neza. Ariko ihangiro ryuzuye ntirishobora gushikwako hakoreshejwe inguvu z’umuntu!

Imbuga ngurukanabumenyi zigezweho zaradufashije mur’iyi misi. Mbega igikorwa kizorangurwa biciye muri ubwo buryo? Ni vyo cane, iterambere ryo guhanahana amakuru ryazanywe na Samuel Morse mu mwaka w’1844. Turashobora iri genekerezo rirashobora kuduha icemezo ko iterambere ryo guhanahana amakuru rizokora igikorwa? Cane rwose! Ariko kandi ntidukwiye kwibagira ko Uhoraho ari we wenyene atuma bibiliya yumvikana ku bayumviriza, igihe amajambo avugwa n’abigishwa, biyeguriye Imana kandi buzuye Mpwemu.

Ni igiki gikenewe kuba kugira ngo ihangiro ry’Imana rishikweko maze isi yose yumve inatahure ubutumwa bwayo? Reka dusome amajambo atomoye kandi ahambaye dusanga muri Zekariya 4:6:

*“Ntuzororanirwa ku bw’imigambi yawe, canke ku bw’inkomezi zawe, canke kubw’ubushobozi bwa gisirikare; **Oya, Mpwemu wanje azovyikorera!** Ni jewe Uhoraho Imana ihambaye mbisezeranye.”* (NKJV)

Ibi vyamye ari ukuri. Ariko kandi, biracari ngirakamaro na bugingo n’ubu. Mumisi yanyuma irangiza isi, ivyabaye mu gihe ca Nowa bizosubira kwibonekeza. (Matayo 24:37-39) Mbega isi yari ifise ingorane nyamukuru iyihe? Gukora ibibi! (Itang 6:5-6) Kubera y’uko ukugira nabi kw’umuntu, mur’iki gihe kucihishije mu kwiambika iyindi shusho maze kukaba kwariyongereye ku rugero ruteye ubwoba; turakeneye gushobozwa n’Imana muri iyi misi mu buryo bunyarutse cane kuruta uko vyigeze kumera.

Mbega ububasha n’ubushobozi biva he?

Yesu yavuze ati: *“Muzohabwa ubushobozi, Mpwemu yera ni yabazako; kandi muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe...”* (Ivyakozwe 1:8) Aha Yesu yariko avuga ubushobozi burengeye ubw’abantu – ubushobozi bw’Imana.

Reka tubugereranye n’ubushobozi bw’umuyagankuba. Dukoresheje ubu bushobozi turashobora kumurika, tugashusha, tugakanyisha kandi tugatuma ibintu vyinshi n’amamoteri bizunguruka, nk’akarorero, Imashini nyabwonko, amaradiyo, imboneshakure, amatereni, imodoka zigendeshwa n’umuyagankuba, n’ibindi vyinshi. N’ubwo urutete ruba rwatwe mu kuzimu, umuyagankuba urakora igikorwa. Ubushobozi ni umushinge w’ikintu cose. Ikintu cose kibaho biciye mu bushobozi bw’umuyagankuba.

Kubw’ivyo rero umushinge w’ubuzima bwacu n’igikorwa ni Kristo ari muri twebwe biciye muri Mpwemu yera n’ubushobozi bwiwe buva ku Mana. Iyi niyo nzira yonyene dushobora kuberamwo ivyabona – biciye mu majambo yacu no mu bikorwa. Kristo na Mpwemu yera bari muri twebwe batuma tugira umwete kugira ngo Kristo abe ariwe ashikira abantu abicishije muri twebwe. Mur’iki gihe co kwimenyereza kubana na Yesu, tuzohinduka intumwa zayo zuzuye umunezero uva mu

kurongorwa na Yesu hamwe n'ukwuzuzwa ubushobozi bw'Imana burengeye ubw'abantu bamenyereye.

Mbega ni igiki Yesu yashikirije igihe yavuga amajambo ku mugaragaro?

Mpwemu Yera ahagarariye Yesu

"Ariko ndababwira ukuri, ikizogira ico kibamarira n'uko jewe ngenda; kuko ni ntagenda umwitsa ntazozza kuri mwebwe. Ariko ninagenda nzomubarungikira."(Yoh16:7)

Ibi bisigura ngo: **Yesu yaragiye. Mpwemu yera yasubiye mu kibanza ciwe. Ku bw'ivyo rero, yagumanye natwe.**

Mpwemu yera ahagarariye Yesu ngaha kw'isi. Yohana asigura ko iyi nyishu ari nziza cane kuri twebwe kuruta iyo Yesu ubwiwe yari kuguma ngaha.

Yesu abana natwe biciye muri Mpwemu yera

"Nanje nzosaba Data, nawe azobaha uwundi Mwitsa kugira ngo az'abane namwe ibihe bidashira. Niwe Mpwemu w'ukuri, uw'ab'isi badashobora kwakira kuko batamubona kandi batamuzi ariko mweho muramuzi kuko abana namwe kandi azoba muri mwebwe. Sinzobasiga nk'impfuvyi, nzoza kuri mwebwe."

Mu yandi majambo: **Mpwemu yera azana ukubaho kwa Yesu mu bugingo bwacu (Abanyefeso 3:16-17)** Yesu arashobora kuba muri twebwe atitaye ku kibanza turimwo.

Mpwemu yera ni umwigisha wacu

“Ariko uwo mwitsa, uwo Data azorungika mw’izina ryanje, ni we azobigisha vyose kandi niwe azobibutsa ivyo nababariye vyose. ”
(Yohana 14:26)

Insiguro: **Mpwemu yera atwigisha ukuri kwa Yesu.** Turakeneye Mpwemu yera kugira ngo tumenye ukuri kandi tubashe kugutandukanya n’ikinyoma hamwe n’amayeri.

Biciye muri Mpwemu Yera Yesu yishingira intahe muri jewe kandi aciye muri jewe

“Ariko Umwitsa ah’azozira, uwo nzobarungikira ava kuri Data, niwe Mpwemu w’ukuri akomoka kuri Data, uwo niwe azonshingira intahe. ”(Yoh15:26)

Mu yandi majambo:

Yesu arishingira intahe mu buzima bwacu biciye muri Mpwemu yera

Kandi: Mpwemu yera yerekanira muri twebwe ibishingantahe vya Yesu ku bandi bantu.

Mpwemu yera atuma ngira imigenderanire yimbitse na Yesu maze agatuma itsimbatare.

Mpwemu yera arashimagiza Yesu

“Uwo azoshimagiza jewe, kukw’azokwabira ku vyanje akabibamenyesha (Yoh14:6)

N’ukuvuga, Mpwemu yera ahishura icubahiro n’ubwiza vya Yesu Kristo yazutse maze agashira ahabona ibanga ry’umugambi w’agakiza. Biciye mu kurongorwa na Mpwemu Yera intambuko ku yindi, Yesu ahinduka umuntu ahambaye mu buzima bwanje; azoba hafi yanje, azonkunda, abe mwiza na ntaryo, agire insiguro irengeye mu buzima: Yesu azombera vyose.

NK'inkurikizi, ni iyihe nyishu nyayo turonka?

*“Nanje naje kugira ngo zironke ubugingo kandi ziburonke **busagutse**.
”(Yoh10:10)*

*“...**Namba har' ufise inyota, n'aze kuri jewe, anywe**. Unyizera, inzuzi z'amazi y'ubugingo zizotemba ziva mu nda yiwe, nk'ukw ivyanditswe bivuga. Arikw **ivyo yabivuze kuri Mpwemu**, uwo abamwizera bagira bahabge... (Yohana 7:37-39)*

Mbega hari vyinshi ushaka kuronka mu buzima, ubuzima bunengesereye? Buri muntu aripfuzaga cane ivyo kuko Imana yacu y'inyabuntu “yashize ivyiyumviro vy'ibihoraho mu mitima yabo.” (Umusiguzi 3:11). Igihe uzokwuba wipfuzaga ibi, Yesu azoca agucira inzira. Atwipfuzaga kugira ubugingo bunengesereye ngaha kandi buno nyene. Inyuma y'ukugaruka kwiwe, tuzobandanya ubu buzima mu bundi buzima butandukanye cane n'ubundi turi mu bwami butazoshira bw'Imana. Yesu ni yaba muri twe twabwira buriye muri Mpwemu yera, niho tuzoba mu buzima busagutse. (Yoh 10:10; Efes 3:19; Ab'i Kolosayi 2 :9-10).

Mu yandi majamba: **Yesu aduha ubuzima busagutse buriye muri Mpwemu yera.**

Mbega Imana yacu y'inyabuntu irashobora kuduha n'ibirengeye ivyo? Mpwemu yera si ingabire y'urugori rwa Yesu ku bigishwa biwe gusa, ari vyo bizana n'izindi ngabire zose ariko vyongeye Mpwemu yera ni we atanga ingabire. Sinipfuzaga na gato kwongera kubaho ntafise iyi migenderanire yomatanye n'Imana ukundi. Mbega wewe urabishaka?

Mbega ni gute Yesu yakora?

“Buri gitondo yama yavuganye na Se ari mw'ijuru, akamuha buri musi umubatizo mushasha wa Mpwemu yera.” (E. G. Signs of the times, November 21,1895 par. 3)

Imbere ya vyose, Yesu yarondera mu nyonga ha Se maze agataha yujijwe Mpwemu Yera n'ukugendera mu buyobozi bwiwe ku bantu.

Uburyo bwa Yesu bwonyene nibwo buzotanga amahirwe nyakuri mu kuzana abantu. Umukiza yifataniye n'abantu nk'umuntu abipfuzira ineza. Yaberetse igishika c'urukundo abafitiye, yabahaye ivyo bari bakeneye, maze yikwegerako icizere cabo. Hanyuma arabasaba ati: "Nkurikira". Harakenewe kwiyegeze abantu cane umuntu akoresheje utwigoro twiwe. "(E. G. White, The Ministry of Healing, p. 143. 3)

Yesu yari yuzuye urukundo rw'Imana kandi yakoze ibishoboka vyose arongowe na Mpwemu yera kugira ngo afashe abantu baburaniwe. Kubw'ivyo yarigaruriye icizere cabo kandi ubutumire bwiwe bwo kumukurikira bwashikiye kw'isi iteguye neza.

Imana yacu itangaje idufashe kuba abantu buzuye urukundo, babikwiriye kandi abantu bakorana na Yesu buzuye Mpwemu yera maze tugakurira muri we na ntaryo.

Uko wosengera kwuzuzwa Mpwemu yera, kumenya udakekeranya ko wamuhawe biboneka mu buryo bwagutse mu gitabo Intambuko zishikana ku kwikangura kw'umuntu (Steps to Personal Revival, p. 205)

Ivyiyumviro umuntu yokwibaza n’uburyo bwo guhanahana ivyiyumviro

1. Mbega niyihe nyishu y’utwigoro mu gikorwa c’Imana cakoze mu nkomezi zawe bwite?

2. Ni kubera iki vyari ngombwa ko abigishwa barindirira i Yerusalemu inyuma y’iduzwa rya Yesu? Ni igiki bakoze mur’uyu mwanya?

3. Mbega ni ibiki Mpwemu yera arangurira muri twebwe kugira ngo ashikire abagenzi bacu?

4. Mbega niyihe twitega iyo twuzuye Mpwemu yera?

Igihe cacu co Gusenga

- Sanga umuntu wipfuza ko musengera hamwe hanyuma muhanahane ivyiyumviro ku cigwa
- Ni musengere hamwe n’uwo muntu musengera hamwe
 1. Kugira ngo Imana ize iduhishurire aho tukibandanya gukoresha izacu nkomezi mu kumukorera.
 2. musaba ukwihangana n’ugushikama mu kureka Imana ngo ibagire ibikoresho vyayo.
 3. ... kugira ngo tubandanye mu buryo bwagutse kumenya no gukunda Yesu.
 4. ... kugira ngo muronke umutima wugururiwe gusaba no kwakira Mpwemu yera



IMANA IRAGUKUNDA!

*Mbega ni gute noronka urukundo rwuzuye rw’Imana?
Ni akahye kamaro icizere mfitiye Imana gikora?*

Uguhishurwa kutagereranywa: IMANA NI URUKUNDO

Ni gute tumenya ko mu vy’ukuri Imana ari urukundo, ko kamere yayo ari urukundo? Imana yaduhishuriye ivyo mu buryo budasanzwe – biciye mu buzima n’urupfu vy’umwana wayo Yesu Kristo, umwe yavuga ati: *“...Umbonye aba abonye Data. ...Ntimwizera ko Data ari muri jewe nanje ndi muri we? Amajambo mbabwira s’ayo nigenera; ariko Data aba muri jewe niwe akora igikorwa.” (Yoh 14:9)*

Kubw’ivyo Imana na Yesu ni umwe.

Bibiliya ivuga amajambo akurikira kuri Yesu igihe yari kw’isi: Yari umwizigirwa kuko abavyeyi barishimira kuzana abana babo kuri we; n’ubwo yar’akenye, yarasangiye n’abandi ivyo yar’afise vyose; yarakijije abarwaye; ntiyatandukanya abantu ku butoni; yaratera intege abadendebukiwe; yama yafashe umwanya wiwe igihe haba hari ukeneye ubufasha bwiwe, mbere no mw’ijoro abantu baraza kandi uwumukeneye wese yaramufasha akamuha ubugingo budashira. Kubw’ivyo, vyabaye ngombwa ko apfa kugira ngo acungure umunyavyaha yihanye.

Bibiliya ivuga iti:

“Ntawogira urukundo ruruta uk’umuntu yigura abakunzi biwe.

”(Yoh 15:13)

Mu vy’ukuri Yesu we yakozze ikintu kirengeye cane! **Yadupfiriye** tukiri **Abansi biwe**: “*...kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha.*” (Rom5:8)

Yihanganiye agasomborotso n’imibabaro n’imiruho igaragara yo mu buzima ku bwawe nanje. Mbega ni kuki yacikanye imbere y’abo bari babambanywe? Yacikanye imbere y’abandi ku bw’umutwaro w’icaha, kubw’icaha cawe n’icanje. Mu bisanzwe ntitwotahura ukuntu yadukunze akitanga, akiyanka mbere urukundo rw’agatangaza yatweretse kandi abandanya kutwereka rurengeye ubwenge bwacu!

Urukundo rutagereranywa rw’Imana

Ikintu Imana yisangije ni uko idafise gusa urukundo, ahubwo ubwayo ni Urukundo. Ni irihe tandukaniro hagati yo kugira ikintu no kuba ikintu? Ikintu mfise kirashobora gutakara canke mu kanya runaka kikaba kitari hafi. Ikintu ndi camaho muri jewe. Kubera ko rero **Imana** ari urukundo, **irashobora kwerekana gusa urukundo, n’igihe kenshi vyoba bisa nk’aho Atari urukundo**. Hari ubudasa bunini cane – tubigereraniye n’ivyiyumviro vyacu hamwe n’ivyo dukora- hagati yacu twebwe banyavyaha, bamana amakosa n’Imana ishoboye vyose, izi vyose kandi ibera hose icarimwe!

Urukundo rw’Imana (mu kigiriki: agape) n’urukundo rwiza cane kandi rwimbitse cane kuruta urundi rukundo rwose. Uru rukundo rufise imizi muri kamere y’Imana. Ntirushingiye ku kubanza kuraba ko uwuhabwa uru rukundo abibereye canke atabibereye (akarorero: urukundo rw’umuvyeyi ku muhungu wiwe w’icangazi)

Turabona ukuntu uru rukundo rwidondora muri 1 Ab’ikorinto 13:4-7: *“Urukundo rurihangana, rugira neza, urukundo ntirugira ishari, urukundo ntirwihayagiza, ntirwihimbaza, ntirukora ibiteye isoni, ntirwironderera ivyarwo, ntirwiciraho, ntirwiyumvira ikibi ku bantu, ntirunezererwa ukugabitanya kw’abandi, ariko runezeranwa n’ukuri: rurenzako muri vyose, rwizera vyose, rwizigira vyose, rwihanganira vyose.”*

Kandi kubera yuko Imana ihoraho, **uru rukundo rwiza na rwo nyene rwamaho!**

Ubushobozi bw’umuntu bwo gukunda bwashubijwe inyuma n’icaha

Icaha carononye ishusho y’Imana mu bantu kandi ivyo vyagize ubwaku bubi ku rugero rw’urukundo bari bafise. Uko umuntu arushiriza kuja kure y’Imana niko abandanya asubira inyuma mu kugira urukundo kandi niko kamere y’ukwikunda ica irushiriza kwigaragaza.

Umuntu umwe yagerageje gusigura urukundo rw’abantu ati: Ndagukunda kugira ngo nawe uz’unkunde. Ibi vyama vyabonetse kenshi uyu musu. Akana gato katahuye ko uko kigenza neza kuri inakuru, niko kenshi karonka ijojo!

Abantu b’abanyavyaha ico bashoboye gusa ni urukundo rwuzuye utunenge. Mbega ukuntu ari vyiza kuba Imana yipfuzaga gushira mu mitima yacu urukundo rwayo rutunganye!

Ukugiraneza kw’Imana nikwo Rukundo rwayo igaragariza mu bikorwa

Nivyo, Yohana ntiyigeze agira ikibazo co gukekeranya ku rukundo rutunganye rw’Imana, ahubwo yararutahura. Yariboneye ubuzima n’urupfu vya Yesu. Niyo mpamvu yanditse ati: ***“Natwe twamenye kandi twizeye urukundo Imana idufitiye. Imana n’urukundo...”*** (1 Yoh 4:16)

Kamere y’Imana ni urukundo. Urukundo rwayo ni rwo ruranga ibikorwa vyayo vyose. Ni co gituma ivyagezwe vyayo vyose vyavuye mu rukundo rwayo. Imana yashizeho urukundo rwuzuye, uyu ni umuhezagiro utagira uko wovugwa Imana yahaye ibiremwa vyayo vyose. Imana yipfuzaga kwerekana ukugira neza kwayo kuri buri muntu wese; **Ukugira neza kwayo ariko rukundo rwayo rugaragarira mu bikorwa vyayo.** Ukugira neza kw’Imana ni ibikorwa vyayo vyo gufasha, bisunikwa n’urukundo rwayo. Ijambo ukugira neza rishakira kuvuga: kugira neza, kwipfuzaga gufasha, kwitaho abandi no kugira impuhwe

n’ubuntu. Tubivuze mu yandi majambo: Ukugira neza kw’Imana ni ugutanga, gusangiza abandi no gushira mu ngiro urukundo.

Ubuzima hagati mu rukundo rw’Imana

Umuvyeyi yafashe urugendo aja ku kiyaga ari kumwe n’umuhungu wiwe ashaka kumusigurira urukundo rw’Imana. Abwira umuhungu wiwe ati: “Itegereze uko ushoboye ushitse iyo ubwato bwerekereza – uko niko uburebure bw’uburambararo bw’urukundo rw’Imana bungana. Arongerera aramubwira kwitegereza neza i buryo n’i bumoso. Uko niko ubwaguke bw’urukundo rw’Imana bungana. Arongerera amusaba kurangamiza hejuru mu kirere kitagira aho kigarukira- uko niko uburebure bw’igihagararo bungana. Itegereze hasi cane mu kiyaga- uko niko urukundo rw’Imana rwimbitse cane. ”Inyuma y’akanya gato, umuhungu wiwe, yuzuye umunezero yagize ati: Data, mbega urazi ikibanza kirushirije kurusha ivyo bindi? Turi hagati na hagati!” - Reka natwe tubizane mu buzima bwacu bwo mu vya Mpwemu hanyuma twibaze tuti: Ni ryari tuba hagati mu rukundo rw’Imana? Mu yandi majambo:

Ni gute twogira urukundo rwuzuye rw’Imana canke ukugira neza kwayo?

Intumwa Paulo yarazi inyishu. Zirikana witonze intambuko zitztu yatweretse:

1. Ubushobozi buciye muri Mpwemu wayo
2. Kristo aba muri twebwe kubwo kwizera
3. Dushinze imizi mu Rukundo rwiwe

Inkurikizi:

Murashobora gutahura ukunengesera kw’Urukundo rwayo

“Ndasenga ngw’abahe, nk’ukw’itunga ry’ubwiza bwiwe riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe: Kristo abe mu mitima yanyu kubw’ukwizera; kugira ngo mugize imizi ishinze mu rukundo, n’amabuye y’itanguriro arwubatswemwo, mugire inkomezi zibashoboza gutahurira hamwe n’abera bose

uburebure bw'ubwaguke n'ubw'amakika n'ubw'igihagararo n'ubw'amaj'epfo ubw'aribwo. ” (Abanyefeso 3:16-18)

Turashobora ubwacu kugira urukundo runengesereye rw’Imana n’ukugira neza kwayo, igihe Kristo aba muri twebwe kubwa Mpwemu Yera, igihe umuntu asanzwe afitaniye imigenderanire na we. Kandi uko arushiriza kugiriraniranira imigenderanire ya hafi cane na Kristo ni nako abandanya gukurira mu kwiye gurira Yesu, niko azorushiriza kwibonera ukunengesera kw’urukundo rw’Imana!

Ku bijanye n’urukundo rw’Imana, nasenze mvuga nti: “ Data, mfasha gutahura urukundo rwawe, ingeso zawe na kamere kawe kuzuye Ubuntu. ”Kubw’ico gishika nari mfise, nabonye ko Imana ifise umwanya kandi ko yanyongeye ugutahura urukundo rwayo gushasha maze kubw’ivyo nyene inyereka ibindi bishasha ntari nzi. Kandi imigenderanire hagati yanje na yo yahavuye itsimbatare. Kenshi ntitumenya urukundo rutangaje n’ukugira neza vyayo ari navyo itwipfuriza kandi bidukikije.

Arakubwira kandi nanje arambwira ati: *“Nukuri naragukunze urukundo rudashira; nico gituma nkwiye gerezenya imbabazi. ” (Yeremiya 31:3)*

Birashoboka ko woba umaze kubona uburyo bwose urukundo rw’Imana rugaragariramwo kurusha uko maze kubibona; ariko ikintu kimwe ni ic’ukuri: Ngaha turiko twiga icigwa tuzokwama twiga ibihe bidashira!

Mbega birakenewe ko dutahura kamere y’Imana?

Mbega birakenewe mu vy’ukuri ko ntegerezwa gutahura neza kamere y’Imana? Inyishu ni: Ego, mu vy’ukuri ni vyiza cane rwose! Iyi niyo nsiguro: Imana insaba kuyegurira ubuyobozi bw’ubuzima bwanje. Imana insaba kuyizigira, ego, kuzirikira ukubaho kwanje kwose kuri yo. Imana impamagarira gukora ic’ijambo ryayo cose rivuga. Ariko n’aho bir’uko, ivyo nobikora hamwe nanje nosanga Imana ari iyo kwizigirwa, ifise urukundo kandi intahura. Igihe gusa nzoronka ugutahura neza kamere itagira akanenge y’Imana, niho nanje nzipfuza kwitanga no kuyiyegurira.

Uko niko kenshi abanyaburayi babigenza . Abandi bantu benshi bapfa kwizigira urukundo rw’Imana.



Ni kuki abantu bamwe biyumvira Imana ukutariko?

Umunyavyese w’umunya Ostraliya yitwa Peter Rosegger, akiri umwana yari yarishizemwo ko se wiwe akaze cane. Umusi umwe yarakoze ikosa. Kubera ko yatinya ko se ahava aja kumuhana, yahavuye yiruka kwinyegeza mu gasandugu kanini babikamwo isaha mu cumba yabamwo. Yarashoboye kuraba acishije mu kenge arabona ukuntu se yaje muri ca cumba akabaza abakozi biwe kumurondera. Bamaze kugenda, yaciye atangura gukoma induru. Peter ntabwo yabaye agishobora kuvyihanganira hanyuma aca ava muri ka gasandugu k’isaha. Se nta n’ubwo yigeze yiyumvira kumuhana. Hanyuma Peter yahavuye yandika ati: “Kuva ico gihe niho naciye ntahura ko data adakaze cane.” Kuva mur’uwo mwanya niho yamenya uko umutima wa se umeze!

Mbega abantu benshi ntibiyumvira nk’uko Peter Rosegger yafata se ko akaze cane? Bamwe muri twebwetwegereranya ishusho ya ba Data bo mw’isi hamwe na Data wo mw’ijuru. Kenshi na kenshi ibi usanga atarivyo.

Ikibazo: Mbega uku kwiyumvira Imana na kamere yayo ukutariko vyavuyehe? Inyishu: Mw’ijuru. Lusiferi niwe yabaye uwambere gutangura guhinyura kamere y’Imana maze aca atangura gushikiriza abandi ayo mahinyu atagira ishingiro. N’uyu musu abadayimoni bakora uko bashoboye kwose kugira ngo bemeze abantu mu nzira zose zishoboka kugira ngo biyumvire nabi kamere y’Imana.

Kwirinda Umwami w’ubuhendanyi

Satani yayobeje bamwe mu kubizeza ko Imana imeze nabi, ariko mu vy’ukuri ari we mubi. Mu gukwiragiza inyigisho y’ikinyoma ijanye n’igihano c’umuriro udahera, yarashoboye kwikwegerako bamwe mu bakristo mu gutuma babona Imana nk’Imana yuzuye ukwihora n’igikenye. Nk’inkurikizi, yarashoboye kwumvisha benshi mw’ishengero

ko badakwiriye kwongera kwumviriza maze bahitamwo kuzoja basenga bakoresheje ivyiyumviro vya kimuntu (philosophie), nk'ubuhakanyi (atheisme) nabwo bukaba butemera ko Imana iriho. Ku bantu badashikanye, bashaka kwizera badakoresheje ivyigwa vya bibiliya yabo mu rukundo rw'Imana, Satani aca akoresha ubundi bwenge: Imana iradukunda cane ku buryo ico twokora cose ata ngorane, impera n'imperuka twese izodukiza. (Salomo yar'azi ko Imana izoshira vyose mu rubanza! Umusiguzi 11:9). Satani agerageza kwemeza abanyabwoba ko ubuzima rukristo bugoye, kandi ko bugoye cane rwose mbere ko ata munezero butanga. (Yohana yavuze ibitandukanye! 1Yoh 5:3). Araronka imvo isa n'aho yumvikana afatiye ku batunzi yerekana ko iyo baja gukurikira Yesu bari guhomba vyinshi kuruta ivyo bokwungutse. (Ariko turazi ko Paulo yari yarabiciyemwo kandi s'uko vyagenze! Ab'i Filipi 3:4). Satani atera intege abantu badakomeye mu kwizera ngo biyumvire ko Imana itoranya abantu ku butoni kandi ko irenganya (Ego Imana irashobora iratanga, ariko kuri abo batoteza abandi itegerezwa kubasubiriza mu nkoko ariko yabanje kuvyitondera!) Vyongeye kandi yarongoreye abandi kwiyumvira ko ukwizera ko ibintu vyagiye birahindagurika bitaremwe (Evolutionisme) ari ikintu gisa n'aho gifise ishingiro. Abandi nabo yabateje kwiyumvira Imana nk'umuntu w'umunyanteye nke, umuntu ashaje kandi ko umuntu akwiriye kuyifata ibisanzwe.

Satani na ntaryo yama azana ikintu gishasha kugira ngo avyure ivyiyumviro bibi mu bantu vy'ukuntu abantu bafata Imana mu bwenge bwabo canke kugira ngo akure mbere n'Imana mu vyiye umviro vyabo. Arazi neza ko: umuntu wese atazi canke ngo ashime kamere y'Imana bizomugora cane kugira ico bahuriyeko na Yo. Kandi aho nyene niho yipfuza kubashikana.

Uwitwa Roger Morneau yaranditse ati: "Dayimoni zirakunda gukina udukino n'ubwenge bw'abantu; umurongozi mukuru w'abasenga imizimu ni ko yambwiye. Ngo zirazana mu bwenge bw'umuntu ivyiyumviro n'amashusho bisa n'ivyuzuyemwo ubwenge bwinshi ku buryo ababihawe bizera ko ari ivyiyumviro vyabo bwite."

(Igihe ukeneye inyishu zidasanzwe ku masengesho, Review and Herald Association, 1995, p. 70)

Satani n’abadayimoni biwe bagerageza gukoresha ivyiyumviro vy’abo biyita abakristo, kugira ngo kubw’ivyiyumviro n’ibikorwa bibi vyabo berekane kamere mbi canke ifise utunenge y’Imana.

Igikoresho nyaco co kugerageza abantu

Satani ashaka kuyovya benshi bashoboka! Si ivy’ubusa kuba **Yesu yaragabigishije abantu mu buryo butomoye ku bijanye n’ukuyovya**, abantu bazotegerezwa gucamwo **mu misi y’imperuka**.

Imbuga ngurukanabumenyi (internet) ni ibikoresho nyavyo vyo kuyovya abantu. Nta muntu n’umwe ashobora kugenzura ikoreshwa ry’urwo rubuga ngurukanabumenyi! Bityo, wa mubi arashobora cane kunyoha ivyiyumviro n’ibikorwa vy’abantu na cane cane abakiri bato. Nk’akarorero, umuyabaga arashobora kuja kuri interenete arondera ibimunezereza umwanya wose yipfuzwa. Abavyeyi mu vy’ukuri usanga ata kinini bashobora gukora mu kugenzura ikoreshwa ry’urwo rubuga. Mbega ni ibiki binezereza abakiri bato iyo bari kumwe na bagenzi babo? Uruganda rw’amareresi (film industry) rwabimenye kera: Igitsina n’ubugizi bwa nabi. Ariko ikibabaje n’uko atari abakiri bato bonyene bakwega n’ivyo bintu, ariko n’abakuze batari bake na bo nyene barimwo. Turakeneye kwama twibaza iki kibazo: Mbega jewe mpagaze he mu gihe Satani aba ariko agerageza abandi?

Urukundo rw’Imana n’umwidegemvyo wacu

Imana Data wa twese iri mw’ijuru yafatanije urukundo n’umwidegemvyo. Urukundo nyakuri rushobora kugira insiguro nyayo iyo rurimwo umwidegemvyo. Umwidegemvyo ni ikintu c’agaciro kadasanzwe Imana yahaye **ivyaremwe vyayo vyose** – abamarayika, ibindi biremwa biba ku yandi masi hamwe na twebwe abantu -

umwidegemvyo. Turashobora kwifatira ingingo yo kwemera Imana canke tukayihakana. Yamara n’ubwo bir’uko, uwo mwidegemvyo ujanye kandi n’ukwemanga inkurikizi zijanye n’ingingo dufata. Kubw’ivyo rero, umuntu wese afata ingingo yo guhakana Imana, ategerezwa kwemanga ingaruka mbi ubwazo; kandi ikibabaje n’uko izo ngaruka mbi zifata n’abandi bantu.

Urukundo rw’Imana n’ukugororoka kwayo

Kubera ko Imana ari urukundo, nico gituma yama ikora mu bugororotsi. Mu rukundo rwayo Imana ntishobora kwemera ko umuntu anyagwa utwiwe, akubitwa, afatwa ku nguvu canke akagirirwa nabi mu buryo ubwo ari bwo bwose. Kubw’ivyo rero, abantu bose batihanye ibibi vyabo, impera n’imperuka bazotegerezwa kwikorera ivyaha vyabo bakoze. Urukundo rw’Imana rusubiza ku mutwe umuntu ibibi yakoze. Umuntu wese ni we yicira urubanza.

Kubera ko Imana ikunda n’abanyavyaha na bo, yipfuza cane ahubwo ko umuvyavyaha yihana agakizwa. Ariko iyo akengereye ingabire y’agakiza, rero nk’uko bililiya ivuga azoca aronka “ingero” y’icaha ciwe: *“Kukw’ingero y’icaha ar’urupfu [rw’ibihe vyose]”* (Abarom 6:23).

Kuba **abagororotsi** bazohabwa ingabire y’**ubugingo budashira** navyo birahuje cane n’**ubugororotsi bw’Imana** (Ivyahishuwe 22:12). Baremeye ingabire y’agakiza. Yesu azoja mu kibanza cabo maze yishireko igihano c’ivyaha vyabo (Yesaya 53:5).

Kubera ko kenshi Imana idahaniraho umuntu iyo agiheza gukora icaha, abantu bamwe baca bidibamira maze bakama bakora ivyaha uko bishakiye. Ariko n’ubwo bir’uko, umunyavyaha atihanye ategerezwa guhura n’ingaruka mbi z’ibikorwa vyawe mu buzima bwiwe. Rimwe na rimwe, uyu muntu birashobora kumugora gutahura izi ngaruka mbi ariko mu vy’ukuri ziba zihari.

Urukundo rw’Imana n’imibabaro yo mur’iyi si

Igihe abantu baba bariko bavugana ikijanye n’iryo jambo ibibazo biba vyinshi. Imibabaro ni ingaruka y’icaha. Ariko uburyo icaha cashoboye kwinjira muri Lusiferi ni ikinyegezwa kuri twebwe. Lusiferi - ubu akaba yitwa umugwanizi canke Satani- uko bigenda kwose ni we nkomoko y’imibabaro yose. Kandi Imana yaramurekeye urugero ruto rw’umwidegemvyo w’igihe gito, kugira ngo umuntu ashobore kwibonera inkurikizi z’icaha. Ariko n’aho bir’uko, igikombe nicuzura - kandi niyumvira ko camaze kwuzura- niho Yesu azoza arangize imibabaro yose kw’isi. Bisunze ivyo bamenye ku hantu icaha cashikanye umuntu, abakijijwe ntibazosubira kwipfuzwa ukundi gucumura. Aho niho hazoca hasubira kubaho ubumwe, ibintu bibe vyiza n’urukundo mw’isi yose. (Wipfuzwa kumenya vyinshi kuri iki cigwa : E. G White, Ivyizigiro Bihambaye, igice ca 29 kivuga ngo “Inkomoko y’ikibi”).

Guca mu karenganyo- kugira nabi

Akarenganyo ni kenshi muri iyi si kubera icaha. Dufise vyinshi twovugaga bijanye n’akarenganyo bivanye n’uko natwe twabiciyemwo. Twaripfuzwa ko Imana iseruka n’ingoga imbere y’uko ako karenganyo kadushikira. Ariko na none, uwo muntu yaturenganije yari guhava yagiriza Imana ko yamunyaze umwidegemvyo wiwe. Ni co gituma Imana ari gake, gake cane itabara ubwo nyene. Yoyo iba izi igihe nyaco izotegerezwa guseruka ngo igire ico ikoze kugira ngo ikinge ntihagire ikintu kibi gishika. (Akarorero: Igihano c’ubugumutsi bwa Kora mu Guharura 16). Kw’iherezo gusa niho abantu bazoshinga intahe bati: “Uhoraho akora ivy’ukugorororoka agacira imanza impahazwa.” (Zab 103:6)

Mu bisanzwe, ni gake twitwararika ibijanye no gukora ibibi. Kandi uko bisanzwe, umukristo yama ababazwa n’uko arenganywa kuruta uko yobabazwa n’ibibi akora. Reka twiyumvire muri make ibidushikira igihe dukoze ibibi. Ubwambere, umutimanama wacu uraboshwe. Umutimanama uduha ikimenyetso ko turiko duca mu nzira mbi. Ico “kimenyetso” cari gikwiye gutuma twihutira kwihana. Ariko iyo tutatuye kandi tukareka ivyaha vyacu, bizogira ingaruka mbi kuri kamere

yacu. Kandi vyongeye, imitima yacu izobura amahoro. Kandi kenshi “ivyaha vy’abavyeyi” bishika no ku bana babo.



Kwitabira urukundo rukiza no kuguma muri rwo

Inzira nziza yo kwitabira urukundo rukiza rw’Imana ubu nyene yuguruwe kubwacu. ***“Uyu musu aho mwumvira ijwi ryiwe, ntimukomantaze imitima...”*** (Heb 3:15). Igihe twemeye Yesu nk’Umukiza maze tukaguma muri we, niho duca tumenya tudakekeranya ko yadukuyeko icaha: ***“Ubwiwe yikoreye ivyaha vyacu mu mubiri wiwe, abambwe ku giti, kugira ngo dupfuye ku vyaha, tubeho ku kugororoka...”*** (1 Petero 2:24)

Intumwa Yohana yanditse ati : ***“Imana ni urukundo kandi uguma mu rukundo aguma mu Mana, Imana ikaguma muri we.”*** (Yohana 4:16) Uko imigenderanire yacu na Yesu izotsimbata, niko tuzorushiriza kunezererwa, kwumva tuguwe neza kandi twuzuye gushima! Kandi iyo dushimiye Imana, ivyo vyama bifise ubwaku bwiza kuri twebwe no kuri kamere zacu. Amajambo yacu bwite asanzwe atugirako ubwaku (The Desire of Ages, p. 322-323). Ariko si n’ivyo gusa, tugirwako ubwaku kandi n’ivyo tubona hamwe n’ivyo twumva. ***“Mu kwitegereza turahinduka.”*** (E. G. Patriarchs and Prophets, p. 459. 1) Ni co gituma ari vyiza cane dusunitswe na Mpwemu yera, dukwiriye gusoma buri musu inkuru ijanye n’ukubambwa muri bibiliya maze tukayitegereza.

Iyo tugumye muri Kristo, ntizubaza tugicumura ibigirankana. Ariko tuzosigara ducumura nk’isanganya canke tutabizi, maze 1 Yohana 2:1 habisigura hati: ***“Bana banje bato, mbandikiye ivyo kugira ngo ntimukore icaha. Kandi ni hagira ukora icaha, dufise umwitsa kuri Data wa twese, ni Yesu Kristo umugororotsi.”***

Iyo dufise Yesu, aho niho duca twemeranya na Paulo mu majambo yiwe ati: ***“Nuko rero noneho abari muri Kristo Yesu nta rubanza ruzobatsinda. Kukw’ikingera ca Mpwemu w’ubugingo bwo muri Kristo Yesu cancunguye ngo singanzwe n’icangera c’icaha n’ic’urupfu.”*** (Abaroma 8:1-2)

Ukwo kuba muri Yesu bisigura kuguma muri we. Iyi mvugo tuyisanga mw’Isezerano rishasha incuro 170- incuro 97 mur’izo

tuzisanga mu nyandiko za Paulo. Iyo ni iyindi mvugo yo kuvuka ubwa kabiri. Yesu yavuze muri Yohana 3:5 ati: *“Utavutse ku bw’amazi na Mpwemu ntashobora [=uko umuntu ameze muri kamere yiwe] kwinjira mu bwami bwo mw’ijuru.”* (NKJV)

Reka dutange incamake: Umuntu wese yitabira urukundo rukiza rw’Imana umusi ku musi, azokwibonera ihinduka mu buzima bwiwe mbere ubuzima bwiza atigeze amenya kuva abaho, maze ku mpera ya vyose ahabwe ubugingo budashira. Ibi jewe ndabibona nk’inzira y’ubwami y’urukundo rw’Imana. Urukundo rwayo rwipfuzza kuduhezagira buri musi kandi rudukize rwose!

Urukundo rw’Imana rurengeye ikigeragezo cose!

Benshi muri twebwese dusanzwe tuzi inkuru y’umwana w’icangazi muri Luka 15:11-32. Umusi umwe, uwo musore akiri muto yagiye kwa se (agereranywa n’Imana) maze amubwira ko ashaka kuva i muhira akajya kwiberaho wenyene. Mu vy’ukuri amategeko n’amabwirizwa vya se vyari vyamurambiye (amabwirizwa y’Imana). **Imbere y’uko uwo mwana agenda**, yabanje gusaba umugabane wiwe atari bwahabwe gushika ico gihe. Uko biri kwose, se yarawumuhaye. Se yamuhaye umwidegemvyo wose kuko yamukunda. (Uko ni nako Imana yifata kuri twebwese.)

Uyu muhungu yaciye aya mu gihugu ca kure. Yarinezereje uburyo bwose yipfuzza. Maze araheza yaza (asesagura) amahera yiwe mu misi mikuru no mu bagore b’ivyigenge. Amahera yiwe aza n’ayamuheranye, umuzingi w’abagenzi biwe wabaye muto mu kanya isase. Hanyuma vyose vyaramushiranye. Noneho inzara yahavuye isongera isibe mu gutera mur’ako karere yar’arimwo. Kugira ngo ashobore kuba arabayeho yararondeye akazi. Akazi konyene yaronse kabaye ako kuragira ingurube. Abuze ukw’agira, yemeye gukora ako kazi. Inzara iramutera, ariko ntiyaruha yemererwa gusangira n’ingurube. Ari mur’ubwo buzima bugoye, yiyumvira uko yar’abanye na se maze ahava afata iyi ngingo ati: abakozi ba Data bafise ivyo kurya n’ivyo gusesa none raba ndiko nicirwa n’inzara ngaha. Reka ndamusange ndamubwire nti: *“Data, nacumuye ku Yo mw’ijuru n’imbere yawe, none rero singikwiriye*

kwitwa umwana wawe. Ndakwinginze ungire umwe mu bashumba bawe.” (umurongo wa 18-19) (Igihe dusavye imbabazi ko twacumuye kuri Data wacu wo mw’ijuru maze tukamubwira ivyo, ivyo ni vyo bibiliya yita “ukwihana” no “kwatura”). Yarahavuye afata urugendo agaruka i muhira kwa se ariko afise ugukekeranya. Se amubona akiri kure aramumenya. Mu vy’ukuri se yari yamaze ibihe vyinshi amurindiriye. (Data wa twese wo mw’ijuru aturindira yihanganye igihe kirekire afise ivyizigiro ko tutazobandanya kuja kure mu nzira zacu, ahubwo ko tuzomugarukako!) Amutera akagongwe, ariruka aja kumusanganira, amugwa munda aramugumbira n’ubwo umuhungu wiwe yasa nabi anuka. Umuhungu ntiyashoboye no kwirega ngo aheze, imbere y’uko se atumako abashumba biwe. Yatumye abashumba biwe kuzana ikanzu yera no gutegura umusi mukuru. Vyaragaragaye ko se yar’agikunda umwana wiwe nk’uko vyamye kera. (Imana ikunda ataco irinze gusaba! Uru rukundo rurengeye ikigeragezo cose!) Ariko n’ivyo ntibidufasha iyo tutari muri we. Se nta kintu na kimwe yari gushobora kumufasha igihe atari kumwe nawe, mbere n’iyo yaba arwaye canke afise ingorane zikomeye.

Ni ryari urukundo rw’Imana rungirira ikimazi?

Ni igiki catumye muri vyose ashima urukundo rwa se? Ni igihe gusa yatahura uko se yamanye urukundo i muhira, agaca afata ingingo yo gutaha kwa se. Ivyago vyatumye agarura ubwenge. Biciye mu buzima bugoye, umwifato wiwe w’agasuzuguro wahindutse umwifato mwiza. Yaratahuye ko abigira abagenzi bakunda amahera yiwe aho kumukunda. Ariko se wiwe yabandaniye kumukunda mbere n’igihe yari yamuteye ibitugu.

Kandi ndazi ntakekeranya ko inyuma y’uko se wiwe amwakiranye urukundo rungana rutyo, atigeze asubira kwiyumvira kugenda kandi.

Noneho, se wiwe yahavuye amwereka urukundo rwuzuye. Ubu noneho niho honyene umwana yari yugururiwe uru rukundo. Ubwa mbere, se wiwe yari yarifashe mu kwerekana ibimenyamenya

vy'urukundo, kubera ko umuhungu wiwe yamye ari intashima agaya vyose. Ariko noneho ntihari hagisigaye inzitizi mu nzira y'imigenderanire yimbitse hagati y'umwana na se!

Igihe niyugururiye Imana burundu, iyo natuye icaha canje kandi nkamwegurira ubugingo bwanje, aho niho nshobora kunengesera urukundo rwayo rwuzuye!

Umuntu gusa yicisha bugufi imbere y'Imana maze akabona ko adakwiriye gukundwa n'Imana (nka kumwe wa mwana w'icangazi yabigenza igihe yagaruka muhira), niwe ashobora kuba umuhungu canke umukobwa nyakuri w'Imana. Abo bonyene beguriye ubugingo Data, nibo kw'iherezo bazohabwa umugabane wabo, ari bwo bugingo budashira

Gusenga usaba urukundo

Mbega nokora iki, igihe numva urukundo ruke ku Mana no ku babanyi? Turashobora gusengera ic'ari co cose, harimwo no gusenga kugira ngo turonke urukundo rurushirije ku Mana no ku babanyi. Isengesho ryomera nk'uku: "Data nkunda, mfasha kugira ngo ngukundishe umutima wanjye wose, n'ubugingo bwanje bwose, n'ibigumbagumba vyanje vyose, n'inkomezi zanje zose. Ndagusavye ngo ushire muri jewe kwipfuza no gukora ibikunzezeza. Ndipfuza kandi ko nogira urukundo rwinshi ku bandi bantu nkanje. Kandi nanje umfashe kwikunda. Ndagushimiye ko nshobora kugira urukundo rwawe rwuzuye. Ngira kuba isoko ry'urukundo rwawe ku banzengurutse. Amen" (Turashobora gusenga dusaba Imana idufashe gushira mu ngiro, Matayo 22:37,39!)

Indero, uburake n'urubanza

Umuntu wese yiyegurira Imana, azokwigishwa nayo. Indero yacu ni ikintu gihambaye imbere y'Imana. Ni kimwe mu bigize urukundo rw'Imana kwandikwa mw'ishure ryayo. Aho niho yipfuza kuduhereza

abantu buzuye urukundo, bashoboye kandi bidegemvya n’ubwo urugero rw’indero ikoresha ruvana ahanini n’ukuntu twiga neza. Iyo twiyumviriye ku mwana Samweli, kuva mu ntango yamye ari umunyeshure mwiza mu maso y’Imana. Kubera ko yari yarizigiye Imana, yarumva igishika co kwiga kandi yaragamburukira umwigisha wiwe Eli imbere y’uko yigishwa iyindi ndero itari nziza. Ivyo vyagize ubwaku bwiza kuri we no mu kibano ciwe. Bibiliya ivuga iti: *”Ariko Samweli akorera Uhoraho kandi yar’akiri umwana, yari yambaye efodi yera derere.... Ariko uwo mwana Samweli akomeza gukura, ashimwa n’Uhoraho n’abantu.”* (1 Samwel 2:18,26) Ariko abahungu ba Eli bo ntibari abanyeshure bagamburuka: *“...Yamara birengagiza ivyo se yababariye....”* (1 Samwel 2: 25). Maze inyuma y’aho bahavuye bagira iherezo ribi. Bihamagariye uburake bw’Imana bivuye ku gutukisha igikorwa c’ubuherezi.

Ikindi kintu kigize urukundo rw’Imana ni uburake bwayo. Ubwa mbere ivyo bisa nk’aho bitumvikana ariko turakeneye kwibuka ko uburake bw’Imana butandukanye n’uburake bw’abantu. Kwigungirako ni kwo kwibonekeza kenshi mu burake bw’abantu. Ku rundi ruhande, uburake bw’Imana buba butumbereye muri rusangi icaha canke kamere y’icaha (Abarom 1:18), kuko icaha kizana kurakirwa.

Ikindi kintu kigize urukundo rw’Imana ni uko icira umuntu wese urubanza mu bugororotsi. Ivyo nivyo vyonyene ishoboye gukora kuko ivy’umuntu ibizi vyose. Dawidi na we nyene yar’azi ko: *”Imana igororoka”* (Zabur 7:11) Kandi: *”...Ukugororka n’imanza zibereye ni vyo ingoma yiwe ihagazeko.”* (Zabur 97:2)

Umwe wese muri twebwe arafise ubushobozi bwo gukora ivyo yishakiye. Ariko bibiliya iratugabisha iti: *”Wubahe Imana, witondere ivyagezwe na Yo, kukw’ivyo ari vyo bibereye rwose umuntu wese. Kukw’Imana izoshira igikorwa cose mu rubanza, bo n’ikintu cose gihishijwe, ari kibi ari ciza.”* (Umusiguzi 12:13-14). Kubera yuko abantu benshi uyu musu no muri iki kinjana cacu badashaka kwumva uku kugabisha, niyo mpamvu hari imibababaro myinshi muri iyi si. Yesu yar’asanzwe azi ko ibintu bizomera uko aca ahishura ibijanye n’iki gihe cacu imbere y’igihe ati: *”Maze kuk’ubugarariji buzogwira, urukundo rwa*

benshi ruzotimba. "(Matayo 24:12). Mu bihe bigoye, kumenya ko ubutungane bw'Imana buzonesha bitwongera intege.



Inkingi yo kwishimikiza mu gihe c'imipfunda: Ivyagezwe vy'Imana- icagezwe c'urukundo

Abantu benshi babayeho batagira Imana; bironderera ubwabo uko ibintu vyose bikwiriye kugenda. Ni na co gituma uturanga twinshi twatakaye uyu musu. Ingingo zigeze kuba ari ngirakamaro zaribagiranywe. Nk'ingaruka, abantu benshi cane bariko batakaza insiguro y'ubuzima kandi bakaba abarwayi bo mu mutwe canke bakirangiriza ubuzima bwabo, kubera ko babona ibintu vyose ata nsiguro bifise. Turakeneye ikintu kizima kandi ciza ku buzima bwacu; turakeneye ingingo n'amategeko atagira akarohe. Umwanditsi w'ivyese, Claudius, yabivuze mur'aya majambo ati: "Abantu barakeneye ikintu gikomeye aho bashobora guhagarara. Ikintu kidashingiye kuri bo ahubwo ikintu bashingiyeko." (Matthias Claudius, Edition Steinkopf, 1982, p. 10)

Ni nde wundi, uretse umuremyi wacu wenyene yomenya amategeko meza kuri twebw! Bibiliya ntivuga gusa ko Imana ari Yo yonyene ishobora kwerekana ibikwiriye kandi vyiza kuri twebw (Zab 99:4), ariko kandi iravuga ko amategeko yayo atagereranywa n'ikindi kintu na kimwe, ar'ay'ibihe vyose. *"Ibikorwa vy'intoze ziwe n'ukuri no kuroranya, amabwirizwa yiwe yose arahamye. Arashinzwe gushitsa ibihe bitazoshira, yakorewe mu kuri no mu kugororoka. (Zab 111:7-8)*

Umwizera wese wo muri buri kinjana yamye arangwa no kugira imigenderanire myiza n'amategeko y'Imana. Reka dufatire akarorero kuri Dawidi. Yanditse amajambo menshi ahambaye ku bijanye n'amategeko y'Imana: ***"Ivyagezwe vy'Uhoraho biratunganye rwose, bihembura ubugingo, ivy'Uhoraho yashingiye intahe, ni ivyo kwizerwa biha umutungu ubwenge."*** (Zab 19:7). ***"Ivyagezwe vyo mu kanwa kawe vyambereye agasumbajana k'amafeza n'amazahabu."*** (Zab 119:72). ***"Iy'aba ivyagezwe vyawe atari vyo munezero wanje, ico gihe mba nararandukiye mu marushwa yanje."*** (Zab 119:92) Ku ruhande

rumwe, ivyagezwe bisigura urukundo rwayo, maze ku rundi ruhande ruhande, twisunze amajambo ya Paulo: “...**urukundo nirwo rushitsa ivyagezwe.**” (Rom 13:10)

Icagezwe gisha: Mukundane nk’uko Yesu yabakunze

Yesu yahaye abigishwa biwe- na twebwe twizera turimwo- icagezwe gisha. Yaravuze ati: “*Ndabaha icagezwe gisha: ni mukundane; nk’uko nabakunze abe ariko namwe mukundana. Nimwagiriranira urukundo niho bose bazomenya ko mur’abigishwa banje*” (Yoh 13:34-35).

Yesu aduhamagarira, mbere aranadutegeka, gukundana “**nk’uko yadukunze**”. Ivyo bisigura ko dutegerezwa kugira rwa rukundo Yesu yar’afise. Mbega ni uruhe rukundo ruriko ruvugwa ngaha? Ni rwa rukundo Se yerekanye ku mwana wiwe, Kristo. Ni rwa rukundo Yesu yagaragaje ku musaraba aho yadupfira. Imana yashize muri twebwe uru rukundo mvajuru, rutironderera inyungu, rutikwegerako kandi rudahinduka ibihe vyose ku bwa Mpwemu yera biciye muri Kristo. Bibiliya ibivuga neza iti :”...*urukundo rw’Imana rwasutswe hose mu mitima yacu na Mpwemu yera twahawe.*” (Abaroma 5:5; Raba kandi Efeso 3:16-17) Mu yandi majambo: Iyo twuzuye Mpwemu yera, ubwo nyene duca twuzuzwa urukundo rw’Imana.

Kubw’ivyo rero, gukunda nk’uko Yesu yakunda bisigura: gukunda urukundo mva-juru (Agape). Ellen White yaragerageje kuvuga ku bijanye n’ivyo- raba ibisomwa bitatu bigufi yanditse: “Urukundo rurengeye umuntu akunda Imana n’urukundo rutikwegerako agirira bagenzi we, iyo niyo ngabire iruta izindi Imana ishobora gutanga. Uru rukundo si ikintu gisunikwa n’ibigumbagumba, ariko ni itegeko riva mw’ijuru, ububasha bwamaho. Umutima wose utishikaniye Imana [umuntu wese atujujwe Mpwemu yera aba afise uwo mutima] ntashobora kururonda canke ngo arwerekane. Urwo rukundo ruboneka gusa mu mutima wiganziwe na Yesu.” (Ivyakozwe n’intumwa, p. 551. 2) “Urakeneye umubatizo wa buri musu w’urukundo rumwe rwatumye mu gihe c’intumwa bahuza imitima n’inama.” (Counsels for the Church, p. 175. 3). Gusaba buri musu no kwakira Mpwemu Yera nivyo bikuyoborera ku

mubatizo w’urukundo, nikwo kwuzuzwa urukundo rw’Imana.” Iy’aba abantu boshazishije umutima wicisha bugufi kandi wuzuye ubugwaneza, ibice mirongo icenda n’icenda kw’ijana vy’ingorane zituma ubuzima bwuzura umururazi zotorewe umuti. ”(Testimonies for the church, vol. 4, p. 348. 3)

Ata Rukundo ruhari Vyose n’ubusa!

Ubwambere ugitangura kwitegereza iryo ryungane, har’ukuntu risa n’irirengeje urugero. Ariko turavye mu 1 Korinto 13:1-3, niho duca tubona ko iryo ryungane ari iry’ukuri: *“Naho novuga indimi z’abantu n’iz’abamarayika, ntagira urukundo noba ncitse umuringa uvuga, canke icuma kivuzwa kigasama. Kandi naho nogira ingabire yo kuvugishwa n’Imana, nkamenya amabanga yose n’ubwenge bwose, kandi naho nogira ukwizera kwose, ngashobora gukuraho imisozi, ariko ntagira urukundo, noba nd’ubusa. Kandi naho notanga ivyanje vyose ngo ngaburire aboro, kandi naho notanga umubiri wanjye ngo nturirwe, ariko ntagira urukundo ntaco vyomarira.”* Mbega ivyo bitwigisha iki? Igihe ibikorwa vyacu birongowe gusa n’urukundo niho bigira ikimazi mu maso y’Imana. Iki cese gikurikira naco nyene kigana mur’iyo nzira:

Ata rukundo ruhari haba habuze ikintu ngirakamaro!

Amategeko	ata rukundo ruhari	arababaza,
Umwitwarariko	ata rukundo ruhari	ntaco umaze,
Ubutungane	ata rukundo ruhari	ntibugira akagongwe,
Ukuri	ata rukundo ruhari	gutorwa utunenge,
Indero	ata rukundo ruhari	ni ukwiruhiriza ubusa,
Ubwenge	ata rukundo ruhari	burahenda,
Ubucuti	ata rukundo ruhari	buba burimwo kugenzanya
Urutonde	ata rukundo ruhari	ruhinduka akajagari

UbuHINGA	ata rukundo ruhari	bihinduka ugushimikira ku vviyumviro vyawe bwite
Icubahiro	ata rukundo ruhari	ni ubwibone
Ubutunzi	ata rukundo ruhari	ni ubworo
Ukwizera	ata rukundo ruhari	ni ukurenza urugero (Umwanditsi ntazwi)

Turashobora kubona ko iyo ata rukundo ruhari, aha tuvuga urukundo mvajuru, ibikorwa vyacu n’ukubaho kwacu ahanini bishobora kutuzanira inyishu zidashimishije.

Birahambaye cane ko ikintu cose dukora coba gikozwe ku bw’urukundo dukunda Imana na bagenzi bacu. Ivyo tuzashobora kubikora, Kristo niyaba mu mitima yacu biciye muri Mpwemu yera.

Ni ivy’agaciro kandi ko dukurira mu rukundo biciye muri kamere y’urukundo y’Imana.

Urukundo mu buryo bwimbitse

Ikintu gihambaye umuntu akeneye ni ugukunda no gukundwa. Imigenderanire iri hagati y’Imana n’umwizera igereranywa n’ubukwe bwiza dusanga muri bibiliya (Yesaya 54:5; Abanyefeso 5:32). Ni igiki cerekana ubukwe bwiza ngaha kw’iyi si? Abubakanye bagerazeza kunezerezanya, bakamara umwanya munini bari kumwe, bakaganira ku kintu cose gikora ku mitima yabo, maze umwe wese akama yerakana uko akunda uwundi bityo bakagaragarizanya igishika.

Hari imigenderanire umwe ashobora kugira- waba wubatse canke utubatse-imigenderanire yimbitse cane kuruta iy’umugabo n’umugore wiwe bagiriranira. Ni imigenderanire hagati yanje n’Uwanyiguze: Imigenderanire na Yesu! Muri Yesu niho nshobora kuronkera umutekano wose ushoboka, ubufasha n’urukundo rwimbitse. N’uwo kwizigirwa kandi ntiyikwegerako. Yesu ntiyigera ampemukira! Urukundo rwiwe ntiuhinduka! Yama amfitiye umwanya ku murango no mw’ijoro. Sinkenera ibikoresho vy’ubuhinga bwo kuganira na we. Nta kibazo na kimwe kimurengeye- yama yanteguriye

inyishu. Anyereka uko ankunda cane biciye mw'ijambo ryiwe! Yarandondereye abacungera ubuzima bwanje karuhariwe; Ndindiriye umusi aho nzoshobora kubonana n'abo bamarayika! Yandihiye ikiguzi kinini kugira ngo andonderere ahandi hantu ho kuba kandi yaranteguriye ahantu heza cane kandi hatangaje. Iyo nibabaje akoma induru mu kibanza canje! Arindiriye kuzonjana mu maboko yiwe aho uwo musi nzoba ndi kumwe nawe muri Yerusalemu!

Mbega urashobora kwibaza ko hariho urukundo ruruta uru? Jewe nta vyo noshobora!

Urukundo n'ubwizigirwa biragendana

Mbega war'uzi ko rimwe na rimwe Imana ipfuha? Ego, urabisoma neza! Mu gitabo ca Nahumu 1:2 *"Imana irapfuha..."*

Ikibazo ni iki ngo mbega ni igiki gituma Imana ipfuha? Inyishu iri muri Ezekiyeli 16. Vyoba vyiza gusoma igice cose kugira ngo utahure neza. Nahisemwo gusa umurongo w'8 n'uw'15: *"mbere narakurahiye nsezerana isezerano nawe ucika uwanje [Yerusalemu=Abantu b'Imana], nik'Uhoraho nyen'ingabo agize. ...Ariko wishimiye ubwo bwiza bwawe, uraheza wihindura maraya, ubitewe n'uko wabaye rurangiranwa, ugasambana n'uhise wese ukaba uwiwe."*

Aha tuhabona igituma Imana ipfuha: Ni igihe abana bayo bisutse mu busambanyi bwo mu vya Mpwemu. Ariko turakwiye gutahura ko ugupfuha kw'Imana gutandukanye cane n'ukw'abantu. Ni co kimwe n'uburake bw'Imana! Imvo zituma Imana igira uburake n'ipfuhe ziratanganye kandi ntizikwegerako. Irajwe ishingira no kuturinda! Yipfuza kudukingira ngo ntitwirukire izindi mana. Itwipfuriza gukura cane. Biciye mw'ipfuhe ryayo, yipfuza kuturinda ngo ntitwirukire izindi mana. Imana iba izi ko twomererwa nabi gusa. Nk'akarorero, imana z'uyu musi zishobora kuba: umuririmvyi nkunda cane, umuduga wanjye, inzu yanjye, ukwinezereza, muri make ikintu cose nkunda nkakirutisha Imana.

Mu kutureka ngo tumenye ko itwigishiriza mw'ipfuhe ryayo, yipfuza kutwereka ko imigenderanire idufitiye isigura vyinshi! Yobabazwa cane n'uko yodutakaza.

Imana yacu yipfuza ko “umubano wacu wo mu vya Mpwemu uguma utunganye”. Ni wibaze nk’igihe umugabo yobwira umugore wiwe inyuma y’umwaka umwe bubakanye ati: “N’ubwo twubakanye, guhera ubu nzoja ndasohoka nje hanze kabiri mu ndwi”. Birumvikana ko umugore wiwe atovyemera! Kandi n’Imana yacu ntiyovyemera, igihe tutazigamyeye isezerano ryo kubana. ”Ni iyo kwizigirwa kandi na yo ni vyo yiteze kuri wewe nanje. (Amasezerano y’umubatizo!) Itwipfuriza urukundo rutagabanije. Nico gituma ubutumwa bwa bibiliya butomoye cane: Ni mube abayo rwose, canke mureke bibe!

Urukundo rw’Imana ni umuhezagiro ku bantu bose

Hari umuhezagiro rusangi ku bantu bose. Umuntu wese araronka umuhezagiro biturutse ku mwifato wiwe. Iyo umuntu akoranye umwete ntazokwama ashonje. Igihe umuntu abaye imvugakuri azonezererwa icizere azogirirwa n’abantu benshi! Iyo umuntu afasha abandi azoshimwa. Iyi mihezagiro isanzwe ishika ku bantu hatisunzwe ko umuntu ar’umwizera canke atari we.

Turamaze kwibonera, kandi na Bibiliya irabishingira intahe, ko Imana ireka izuba rikakira abeza n’ababi, ikareka imvura ikagwa ku bagororotsi n’abanyavyaha kandi ikareka umuntu wese akimbura ibifungurwa, ivyo tudasangira n’abandi nk’uko bikwiye. Mpwemu yera arakurikirana umuntu wese kugira ngo amutere intege kugira ngo yegurire ubugingo bwiwe Yesu. Imana yipfuza gukiza abantu benshi bashoboka!

Iruhande y’iyi mihezagiro rusangi isanzwe ku bantu bose, hari iyindi mihezagiro idasanzwe, irengeye ubwenge bwacu, imwe itangwa n’Imana gusa ku **“bana bayo”**. Ni babandi beguriye ubugingo bwabo Yesu kandi bakama bamwiyegurira buri musi!

Umuntu wese niwe yifatira ingingo, agahitamwo kuronka imihezagiro rusangi y’Imana canke imihezagiro rusangi kandi idasanzwe mbere irengeye ubwenge bwacu y’Imana. Urukundo rwama rugendana n’umuntu. Nta rukundo rutagira imigenderanire. Mbega ni iyihe migenderanire iriko ivugwa ngaha? Bibiliya igereranya imigenderanire

yacu n’Imana biciye muri Yesu Kristo n’umubano wo mu rugo. Yesu n’umugabo yuzuye urukundo n’ubwizigirwa birengeye mu rugo. Rero, kubaho ubuzima bwuzuye biva ku kuntu mba neguriye Yesu ubuzima bwanje. Igihe ntamwihaye canke singume mur’iyi migenderanire, mba ndiko ntakaza igishika n’urukundo vyawe, kandi mba ntakaje n’mihezagiro idasanzwe kandi irengeye ubwenge bwacu.

Dushobora gusoma muri bibiliya ivy’iyo mihezagiro idasanzwe

- Ingabire ya Yesu yo kuba abami, iyo nayo ikazanana n’iyindi mihezagiro, Mpwemu yera.
- Ubugino bushasha hamwe na Kristo mu buzima bwacu
- Kuronka imbabazi ku vyaha vyacu vyose
- Kuronka no gukurira mu vyamwa vya Mpwemu yera: Urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda- Galatiya 5:22- Kamere yacu irahinduka kandi igakura.
- Ukuyoborwa n’Imana
- Kuronka inkomezi zidasanzwe z’umubiri n’izo mu mutwe
- Kuronka ubushizi bw’ubwoba ko tuzokizwa
- Umumarayika agendana natwe kandi akadufasha
- Kuronka ubugingo budashira.

Uwizera ahezagirwa mu buryo budasanzwe mu kuronka imihezagiro rusangi, idasanzwe kandi y’ikirenga: “...**ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana.**” (Efeso 3:19) “Kuko muri we ariho hari ukunengesera kwose kw’ubumana mu buryo bw’umubiri. Kandi munengeserezwa no kumubamwo, ni we mutwe w’ubukuru bwose, n’ububasha bwose.” (Kolosa 2:9-10). Ubuzima bwacu ntibuzoba ubuzima bunengesereye nk’uko tuvypfuzaga kiretse turonse iyo mihezagiro idasanzwe. Ni ubuzima tuboneramwo gutahura no gukenguruka urukundo rw’Imana mu buryo bwinshi.

Nshaka kurangiza kino cigwa kijanye n’urukundo rw’Imana n’isengesho rya Paulo dusanga mu Banyefeso 3:16-19:

Isengesho: “...Ngw’abahe nkukw’itunga ry’ubwiza bwiwe riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe: Kristo abe mu mitima yanyu ku bwo kwizera; kugira ngo mugire imizi ishinze mu rukundo, n’amabuye y’itanguriro arwubatswemwo, mugire inkomezi zibashoboza gutahurira hamwe n’abera bose uburebure bw’ubwaguke, n’ubw’amakika n’ubw’igihagararo n’ubw’amaj’epfo ubw’ari bwo, mumenye urukundo rwa Kristo ruruta uko rwomenywa; ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana kwose. Amen.”

Ivyiyumviro umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. Mbega ni gute umuntu ashobora kumenya adakekeranya ko Imana ari Urukundo?

2. Ni kubera iki ari nkenyerwa kumenya kamere y'Imana?
Ni izihe ngaruka zishoboka zo gufata Imana uko itari?

3. Mbega ni irihe tandukaniro riri hagati y'imihezagiro rusangi n'imihezagiro idasanzwe kandi y'indengarugero iva ku Mana?

4. Mbega ni gute nashobora "gutahura ubwaguke n'uburebure bw'amakika n'uburebure bw'igihagararo n'ubw'amaj'epfo bw'urukundo rwa Kristo ubw'ari bwo"? (Abanyefeso 3:18)

Igihe cacu co Gusenga

- Sanga umuntu wipfuzaga ko musengera hamwe hanyuma muganire ku cigwa
- Ni musengere hamwe n'uwo muntu...
 1. Kugira ngo Imana ibahe umutima wo gutahura neza kamere y'Imana.

2. Kugira ngo muhabwe umutima utunganye kandi ugamburukira Imana.
3. Kugira ngo muronke urukundo ruva mw'ijuru, rumwe ruduhingura tugasa nayo.
4. Kugira ngo muronke imihezagiro idasanzwe y'indengarugero



INZIRA Y'IMANA YUZUYE UBWENGE BWINSHI

Gukorera abandi, gufasha, gutanga, guhezagira!

Kubera iki kandi bimaze iki?

Gukora ubikunze- Ivyiyumviro bihuye n'Umutima w'Imana

Mbega nkurikira nde? Impwemu y'iki gihe canke ijamba ry'Imana

Mbega ni iyihe mvo ituma twihweza icigwa kijanye n'igikorwa –dushaka kumenya niba coba kiva mw'isi canke ku Mana? Umuntu buntu yipfuza ko abandi bamukorera ariko we ubwiwe ntashake gukorera abandi, uko niko umukristo akorera mu mubiri ameze. Abafarisayo n'abanyabwenge b'ivyanditswe ni vyo vyiyumviro bari bafise mu gihe ca Yesu (Matayo 23:4-7). Ariko Yesu aduhamagarira ikindi kintu gitandukanye n'ivyo: *"Ariko ushaka kuba mukuru muri mwebwe n'abe umukozi wanyu."* (Matayo 23:11). Abantu benshi biyumvira ko uwu mwifato ataco umaze. Ariko mu vy'ukuri ni vyo bifise ikimazi!

Gufasha abandi birafasha

Abana bato cane barashaka "gufasha" abavyeyi babo. Mbega ni kuki ari vyiza iyo abavyeyi bavyemeranye umunezero, n'ubwo ubwambere

“gufasha” bituma umuntu akora vyinshi? Burya rero, umwana akura azi ibikorwa kandi agaca ubwenge biciye mu “gufasha” canke mu “gukora”. Aranezerezwa n’ivyo ashobora gukora vyose, n’ubwo ibikorwa vyawe vyambere usanga kenshi ataco bimuzaniye. Uko umwana abandanya gufasha ni nako azokora vyiza kurusha. Kandi umusi nyawo uzoshika aho uwo mwana azotanga ubufasha nyabwo ku bavyeyi biwe. Umwana azoba yamaze kwiga neza gukora ibikorwa neza. Kandi uko umwana bamureka akabandanya gufasha muri utu na turiya niko bazoba bariko bamutegurira kuba umuntu ashoboye.

Mbega vyogenda gute iyo abavyeyi batoba barahaye umwana akaryo ko gutanga “ubufasha” bwiwe? Vyobabaza cane umwana kandi vyomugora cane kwiga guhangana n’ubuzima.

Abakorana na Yesu- Kuki kandi ku mvo nyabaki?

Yesu, akarorero kacu kadasanzwe, yaje kw’iyi si: “...gukorera abandi, no gutanga ubugingo bwiwe kw’incungu ya benshi”. (Matayo 20:28)

Ni kuki Yesu yatanguje umugenzo wo kwozanya ibirenge imbere y’umubatizo wiwe w’imibabaro? Gushika ico gihe, abigishwa biwe ntibari bwatahure ko bategerezwa kwigana ubuzima bwa Yesu- ubuzima bwo kwiwira no gukorera abandi. “Mugihe yariko asangira n’abigishwa biwe ubwanyuma ivya Pasika, Yesu yasubiyemwo icigisho ciwe akoresheje ikigereranyo cagumye mu bwenge bwabo no mu mitima yabo.” (Desire of Ages, p. 642. 2- egwwritings. org).

Mbega natwe vyoshoboka ko twoba tutaratahura insiguro nyayo yo kwozanya ibirenge?

Umunyezaburi aduhamagarira: “Musabe Uhoraho munezerewe: muze munyonga ziwe muririmba.” (Zab 100:2). Utavyitegereje neza, ushobora kwiwira ko kwitanga n’umunezero bitajana, sivyo? Subira wiyumvire kandi uko abana bipfuzwa “gufasha”. Umwana yironkera umunezero, igihe ashoboye gufasha canke “kwitanga”.

Imana isanzwe izi ko kwitanga ari kwiza kuri twe. E.G. White yarabivuze ati: “Ubwenge bw’Imana, biciye mu mugambi w’agakiza bwashinze ivyagezwe vy’ibikorwa n’ukwiwira, mu gutuma ibikorwa

bitandukanye bizana inyungu, bigahezagirwa kabiri. Umuntu aha abakene aba ahezagiye abandi, kandi nawe ubwiwe ahezagiwe cane ku rugero rwo hejuru. Imana yari gushobora kuba yarashitse kw'ihangiro ryayo ryo gukiza umunyavyaha itarinze gukenera ubufasha bw'umuntu; ariko Imana yari izi ko umuntu atari kunezerwa iyo ataja kugira uruhara mu gikorwa gihambaye ari naho yari kuba ariko yimenyereza ukwiyanka no kwitanga. Uwo muntu ntiyabwirizwa gutakaza ingaruka zihazagiye z'ibikorwa vyo kwitanga, Umucunguzi wacu yashizeho integuro yo kumugira uwo bakorana.” (Testimony Treasures, vol. 1. p. 360. 4-361. 1).

Ni ibihe vyiyumviro bitangaje biri muri aya majambo? Reka tuvuyihweze neza:

- ✓ Gukora ivyiza mu nzira iy'ari yo yose bizana imihezagiye y'ubwoko bubiri: Yaba uwutanga n'uwuhabwa bese barahazagirwa.
- ✓ Mur'ivyo, uwutanga ahezagirwa cane kuruta uwuhabwa. Yibonera ko: kwiyanka no kugaragariza abandi ukugira neza bihingura kamere yacu kandi bikadutera umunezero.
- ✓ Hejuru y'ivyo, haraba ukumenyana n'abantu benshi biciye mur'iyi nzira, ugasanga rimwe na rimwe bitumye ubucuti bukomera.
- ✓ Kuba uwukorana na Yesu vy'ukuri ku Mana kandi bisigura kuyoborera abandi kuri Yesu. Ivyo bikomeza ukwizera kwacu kandi bikazana umunezero muri twebwe.

Hari ivyabaye muri Boliviya:

Narahazagiye kabiri- Mbega imihezagiye idasanzwe naronse biciye mu gusoma iki gitabo (Steps to personal Revival!) Buri gitondo turiko twiga ijamba ry'Imana, narasangiza ivyiyumviro vyanje abanyeshuri bo kwishuri ryacu rya misiyoni. Biciye mu gutegura no mu gusangira n'abandi ivyo vyiyumviro, narahazagiye kabiri kandi namwe ni ko biri. Mu bwami bw'Imana uko niko biri: uwutanga yama imisi yose aronka kuruta uwuhabwa. (D. K. Bolivia/ South America # 9/132).

Gukorera abandi, gutanga, gufasha!

Kubera ko abantu basanzwe atari bo bonyene badashaka kwitanga, ariko n’abakristo bari mu mubiri na bo bakaba bameze uko, muri rusangi abanyeshengero nibo bategerezwa kubanza gutegurwa ngo baje ku gikorwa. Kwuzuzwa Mpwemu yera ni ngombwa kugira ngo umuntu ahinduke, kuko Mpwemu ahindura ingeso. Bibiliya ibivuga ibitomoye: *”Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi abavugishwa nawe, abandi kuvuga ubutumwa bwiza abandi kuba abungere n’abigisha: kugirangw’abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy’imana bubake umubiri wa Kristo.” (Efeso 4:11-12)*

Abarongozi bafise igikorwa co kwigisha abantu ngo bitegurire gukora (Yesu aba mu mutima wawe biciye muri Mpwemu Yera) hamwe n’ibijanye n’insiguro y’igikorwa (kuri twebwe nyene no ku bandi). Ibi bishaka kuvuga ko bafise ubuzima bugengwa na Mpwemu Yera, hamwe no kuba akarorero hamwe no kuronka ubumenyi bwo kwigisha inyigisho nzima mu turere tumwe-tumwe. Bityo rero, Imana ica ihezagira abarongozi kandi Ishengero rigahezagirwa kubwabo. Kandi Ishengero rizoca ryubakwa n’igikorwa n’abari muri ryo hamwe n’abari hanze yaryo. *Iruhande y’umurongo twatanze mu ntango uboneka muri Matayo 20:28, hari n’ibindi bisomwa bitandukanye, bitwereka ko gukorera, gutanga no gufasha ari ibikorwa bihezagiwe:*

”Mutange, namwe muzohabwa: ingero nziza itsindagiye, inyingishe, isesekaye, ni yo bazobaha mu co muteze. Kukw’ingero mugeramwo ariyo muzosubirizwamwo namwe.” (Luka 6:38)

”Umwe atanga isabagire, akarushiriza kwunguka uwundi yikumirakw’ivyo yar’akwiye gutanga, bimukweger’ubukene. Umutima urekura uzototahara, kand’uvomera abandi azovomerwa na we. (Imigani 11:24-25)

”Ugirira akagongwe umugorwa aba aguranye Uhoraho, kand’ukugira neza kwiwe azokumwishura.” (Imigani 19:17)

”Ariko ico mvuga ngiki, ubiba nke azokwimbura bike kandi ubiba nyinshi azimbura vyinshi. Umuntu wese atange nk’uko abigabiye mu mutima wiwe, atababaye canke atagoberewe kuko Imana ikunda

uwutanga atagoberewe. Kandi Imana ishobora kubasazako ubuntu bwose kugira ngo murushirize gukora ivyiza vyose, mufise ibibahagije vyose. (2 Ab'i Korinto 9:6-8) Vyoba vyiza cane usomye kuva ku murongo wa 6 ugashitsa kuwa 15.

Hari inyandiko zibiri zakuwe mu bitabo vya Ellen G. white zivuga ku bijanye n'igikorwa:

“Abo basuzugura akaryo bahawe ko gukorana na Kristo mu gikorwa ciwe, baba basuzuguye umwimenyerezo wonyene ubagira abakwiye gufatanya na we mu bwiza bwiwe.” (Education ,p. 246. 3)

“Ukuri umuntu atabayemwo kandi atasangiye n'abandi, gutakaza ubushobozi bwakwo bwo gutanga ubugingo n'akaranga kakwo ko gukiza. Umuntu ashobora kugumana umuhezagiro wakwo iyo gusa agusangiye n'abandi.” (*The Ministry of Healing*, p. 148. 4)

Kuba igikuri ni ugusubira inyuma

Ni kuki abizera benshi b'Ishengero badakura mu vya Mwpemu? Ni kuber'iki none ukwizera kwa benshi kuguma kugabanuka uko buca n'uko bwira? Ni kuki benshi batagikunda gusoma ijamba ry'Imana? Kandi ni kuki benshi batagifise umuriro wa rwa rukundo rwambere? Ku bwanje hari inyishu imwe gusa: Kuko babayeho nk'abakristo baganzwa na kamere. Kuko bafashe minenerwe imigenderanire yabo na Yesu, ivyo vyose twavuze aho hejuru bitari vyiza ni vyo bica bibabako. Imigenderanire yimbitse y'urukundo rwacu hamwe na Yesu idukingira go ntitube abikunda gusa kandi ikadutera umwete wo gukorera abandi. Nk'inyishu, natwe duca duhezagirwa!

Igihambaye muri vyose, s'uko tuba abantu bakora cane mw'Ishengero, ahubwo igifise ikimazi n'uko ibikorwa vyacu vyoba birongowe na Mpwemu. Ivyo bibaye uko, Yesu aca aba mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera.

Ikibabaje n'uko abakristo batabitahuye na gato, biyumvira ko bazokora cane mw'Ishengero maze Imana ibone kubemera nk'abana bayo bo mu kibanza ca mbere. Ariko siko biri na gatoya. Umwana w'Imana nyakuri azokora buri kintu cose asunitswe n'urukundo hamwe

no gukengurukira Imana. Mur’uwo mwanya nyene, ubuzima burimwo Mpwemu Yera buzomutera umwete. Imana ifitiye umuntu wese igikorwa canke ibikorwa bitandukanye. Ni twayisaba kudukoresha mu gikorwa cayo, izoca itwerekana igikorwa cacu!

Birakwiye ko umuntu wese yisuzuma ku giti ciwe: Mbega nd’umukristo yavutse ubwa kabiri? Mbega ndi muri Kristo? Nimba ari ko biri, tuzoca tumenya ko Yesu Kristo, umwe twama twegurira ubugingo bwacu buri gitondo aba muri twe bwe kandi ko ashobora kudukoresha.

Ariko nimba icyo kibazo cabajijwe hejuru ckwishurwa ngo “Oya”, dukwiriye guca twihutira gusanga Yesu maze tukamusaba kuza akaba mu bukingo bwacu biciye muri Mpwemu Yera! Fata umwanya ukwiye buri musu kugira ngo ugiriranire imigenderanire na Yesu hamwe na Mpwemu Yera! Gutyo rero, duca turonka ivyiyumviro vyiza n’ingeso nziza dukeneye kugira ngo tugumane rwa rukundo rwambere canke turusubirane, maze dukunde gusoma ijamba ry’Imana tubone gukura mu vya mpwemu.

“Kubaho kwegerako ni ukurimbuka. Ukwipfuzwa ivy’abandi, kwironderera inyungu gusa, bitandukanya umushaha n’ubugingo. Ni impwemu ya Satani kuronka, kwikumakumirako vyose kubwawe. Ni impwemu ya Kristo gutanga, kwitanga kugira ngo abandi bamemerwe neza... Niho Yesu yavuye ari: “Murumuna, mwirinde ukwipfuzwa kwose; kuko ubugingo bw’umuntu butava mu bihinda vy’ibintu atunze.” (E. G. White. Christ’s Object Lesson, p. 259. 1-2)



Itegeko ryo gukorera abandi – Ikibazo nyamukuru

Kenshi ntubona ko amajamba ari muri iryo jambo ry’umutwe ar’ay’ukuri. E.G. White hari icyo abivugako:

“Ibintu vyose vyaba ivyo mw’ijuru canke kw’isi vyerekana ko ibwirizwa rihambaye ry’ubuzima ari ibwirizwa ry’igikorwa. Data ahoraho akorera ubuzima bwa buri kiremwa cose. Kristo yaje kw’isi “nk’uwukorera abandi” (Luka 22:27). Abamarayika ni *impwemu*

ziyikorera, zitumwa gukora igikorwa co gufasha abazoragwa agakiza“ (Abaheburayo 1:14). Iryo bwirizwa nyene ry’igikorwa ryanditswe ku kantu kose karemwe. ...Nk’uko buri karemwe kose gakora kugira ngo isi ironke ubuzima, ni nako kagerageza kurwanira ubuzima bwako bwite. *”Mutange muzohabwa”* (Luka 6:38) ni icigwa kitanditswe gake ku kantu kadukikije kose gusa, ahubwo canditswe no ku mpapuro za Mpwemu Yera. (E.G. White, Education, p. 103. 2-3, egwritings.org)

Inyuma y’iyo nsiguro, nashaka gutanga akarorero ko mu buzima bwa misi yose, kerekana ibwirizwa ry’igikorwa.

Umukozi yakora mu ruganda rwo kubaza imbaho no guhingura ibikoresho yarakoze ibikoresho bitandukanye. Yararonka umushahara ku kwezi ahawe n’ubuyobozi kubw’igikorwa yakoze. Uwo mukozi arakorera urwo ruganda ariko kandi akabihemberwa. Ku mpande zompi hari gutanga n’ukwakira, kuko ni ivy’ukuri ko uruganda ruha amahera uyu mukozi, mu yandi majambo **“baramukorera”**, ariko kandi ku rundi ruhande baronka **agahembo** biciye mu bikoresho abakorera.

Vyongeye kandi, uwo mukozi ntahembwa amahera gusa, ariko kandi arumva ko amerewe neza maze akanezererwa akazi yakoze neza. Kandi umukozi azi neza akazi kiwe azokwama akora uko ashoboye kwose kugira ngo akazi kiwe kamere neza. (Igisomwa co mu b’i Kolosayi 3:17 *kivuga umukozi w’umukristo azi akazi akora mu vya mpwemu: **Kand’ivyo muzokora vyose, mu majambo no mu bikorwa, muhore mubikora vyose mw’izina ry’Umwami Yesu, mushimira Imana Data ku bw’uwo.***” Uko imisi irengana ni ko wa mukozi abandanya aronka ubumenyi buhagije ku bijanye n’uguhingura ibikoresho kandi azobandanya akora ibirushirije kuba vyiza.

Ubuyobozi bw’uruganda nabwo nyene bwumva bumerewe neza kandi bukanazererwa amahera bwinjiza iyo budandaje vya bikoresho vyahinguwe. Uko imisi izobandanya irengana niko bazaronka ubundi bumenyi kubijanye no guhingura ibikoresho maze bahinyanyure uburyo bwo kudandaza.

Ugukorera abandi – Umunezero canke umutwaro?

Abantu benshi basa n’abashaka kwitiranya ijamba *gukorera abandi n’umutwaro* aho boryitiraniye n’umunezero. Ni kuki bir’uko? Bivana n’ivyo umuntu wese amaze gutahura ku giti ciwe ku bijanye n’igikorwa.

Raba uyu mwihwezo udasanzwe:

“Igikorwa ca Kristo si **amananiza** ku mushaha **wamwiyeguriye...** Kwumvira ubugombe bw’Imana ntibizoba igikorwa kibishe **igihe twiyemeje n’imitima yacu yose kurongorwa na Mpwemu wayo.**”(E. G. White, Testimony Treasures, vol. 1, p. 357. 2,3)

Uburyo tubona igikorwa rero bivana n’imigenderanire dufitaniye na Kristo. Hanyuma kandi, ingeso zacu zo mu mutima zivana n’uko tuba twujujwe Mpwemu Yera canke tutamufise (Abaroma 8:5). Yesu ashobora kuguma mu mitima yacu iyo gusa twakiriye Mpwemu Yera buri musi. Yesu ubwiwe yarivugiye ati: *“Nimugume muri jewe, nanje ngume muri mwebwe.”* (Yohana 15:4). Kandi iyo agumye muri twebwe ni ho tuzoshobora gukora ata nguvu nyinshi turiko dushiramwo kandi bizodutera umunezero!

Nico gituma ari vyiza ko twama dutera izi ntambuko zibiri zihambaye:

- ✓ buri gitondo saba wizeye (vyoba vyiza ukoresheje isezzerano) Imana ngo ikwuzuze Mpwemu Yera. Kandi
- ✓ ubwire Yesu ko umweguriye ubugingo bwawe bwose. (The Desire of Ages, p. 676)

Iyo Imana idukoresheje mu gikorwa cayo, iyo iturongoye, ica iduha ibikorwa **yaduteguriye**. Ariko si ibikorwa gusa, izoduha kandi n’ubushobozi dukeneye!

(Igisomwa usabwa gusoma: *Gutumbera Yesu*, ikigabane c’9 kivuga ngo: “Igikorwa n’ubuzima”)

Igikorwa – twikoreye ingogo ya Yesu

Yesu yaravuze ati: *“Mwikoreze ingata yanje [ingogo] munyigireko, kuko nd’umugwaneza kandi niyoroheje mu mutima, kandi muzoronka uburuhukiro bw’imitima yanyu.”* (Matayo 11:29)

Ubwambere, reka dutomere neza ijambo “ingogo”. Mbega ni iki? Ingogo ifatanya indogoba zibiri kugira ngo zikorere hamwe imbere y’umukogote. Yesu ashaka kuturemesha akoresheje iyo shusho ngo dukorere hamwe cane nawe. Twovuga ko rero dufatanya na Yesu. Ashaka kwifatanya natwe mu gikorwa ngo dukorane nawe. Mbega amahirwe adasanzwe! Aduhamagarira kumwigirako, kuko ar’umwigisha mukuru. Ku murongo wa 30 hari amajambo aturemesha : *“Kuko ingata [ingogo] yanje itababaza kandi umutwaro wanje uhwahutse.”* Uyu murongo umbwira ko Yesu atazoduhanga umutwaro uremereye cane, ni “twikorera ingogo” turi kumwe na we. Mur’ico gihe, ni we avyikorera, ni we yikorera igikorwa. Kandi kuko bir’uko, ni yo mpamvu yavuze ko umutwaro twikoreye uhwahutse.

Igikorwa no gushinga intahe

Morris Venden asobanura ubudasa buri hagati y’*igikorwa n’icabona*:

“Ijambo **igikorwa** risigura **inyifato zacu**, nayo ijambo gushinga intahe rijanye **n’ico turi n’ivyo tuvuga**. Intumbero y’igikorwa dukorera abandi n’ukubafasha mu buzima bwabo, kugira ngo bace bitegurira kwakira inkuru nziza y’ubutumwa bwiza. Kubw’igikorwa dukora turashobora kubona urukundo rw’Imana biciye muri kamere n’inyifato vyacu kandi tugasangiza abandi umukunzi mwiza n’umukiza Yesu twaronse.”

(Why didn’t Tell me? Sharing Jesus isn’t Something We do. It’s Who We Are. PPPA 2005)

Igikorwa kidasanzwe: Gushinga intahe

Muri Mariko 5:1-20 hari inkuru iteye amatsiko. Yesu yakijije umuntu yafashwe na Dayimoni. Ahejeje kubohorwa, uyu mugabo yipfuye kugumana na Yesu hamwe n’abigishwa biwe. Ariko Yesu ntiyamwereye, yamuhaye igikorwa kidasanzwe ati: *“...taha ubarire abagenzi bawe ibihambaye Uhoraho yagukoreye, n’ukuntu yakugiriye Ubuntu.”* (umurongo wa 19) Ni igiki uyu muntu yakize yakoze? *“Hanyuma agenda*

azunguruka mu bisagara vy’i Dekapoli avuga ivyo Yesu yamukoreye vyose, kandi bose baratangara.” (ku murongo wa 20).

E. G. White hari ico avuga (ku bijanye na Matayo 8:28-34 havugwa abagabo babiri):

“...bazungurutse i Dekapoli bavuga ubushobozi bwiwe bwo gukiza, kandi bongera babadondera uko yabakijije abadayimoni. Mu gukora kino gikorwa barahazagaye cane kuruta icyo bashira inyungu zabo imbere maze bakigumanira nawe. Ni mu gukwiza hose inkuru nziza y’agakiza twegera hafi y’Umukiza.” (The Desire of Ages, p. 339. 4)

Abo bagabo babiri bari bakijijwe baranguye igikorwa bahawe n’umunezero mwinshi. Ni kuki kuri bo utari umutwaro? Kubera ko imitima yabo yari yujijwe urukundo no gukenguruka bafitiye Yesu. Nk’uko amajambo avuga ngo: “Kuko akanwa kavuga ibibogaboga mu mutima. ”Kandi ntibabwiye imiryango yabo gusa, ahubwo babwiye n’ababanyirye bese. Kuber’iki? Inyishu nziza dushobora kuyikura mu gitabo *Gutumbera Yesu*: ...ukuri gukiza kandi kweza ntigushobora gucecekesha mu mutima wiwe. Namba twambaye ukugororoka kwa Kristo n’umunezero wa Mpwemu Yera aba muri twebwe, ntutuzoshobora guhora. Nimba twarahonjeje kandi tukabona ko Uhoraho ari mwiza tuzogira icyo tuvuye.” (E. G White, Steps to Christ, p. 78. 2)

Ni vyo, aba bantu bakijijwe bari bafise vyinshi vyo kuvuye! Bari bafise umunezero mwinshi cane kuko bakijijwe. Kandi bashakaga guhangira na benshi bashoboka uwo munezero. Gutyo rero, baronse uwundi muhezagira: “...kuko umunezero dutanga ugaruka ku mitima yacu bwite” (umwibutsa w’ikidagi).

Abakorana n’Imana – Abakorana n’Abamarayika

Abamarayika na bo nyene barafise uruhara mur’iki gikorwa:

“Abo bese biyemeza kuja mu gikorwa c’Imana ni ukuboko gufasha kw’Imana. Bakorana n’abamarayika, kandi ni abaserukizi abamarayika bacako mu kurangura ibikorwa batumwe. Abamarayika bavugira mu majwi yabo kandi bagakorera mu maboko yabo. Kandi

abakozi b'abantu, mu gukorana n'abaserukizi b'ijuru, baharonkera indero n'ugukura. Nk'ishure kaminuza, mbega ni ikhe cigwa congana n'iki?" (E. G. White, Education, p. 271. 1)

Yaba umuvyeyi amenyereza umwana mw'izina rya Yesu, yaba umuvugabutumwa akoresha igikorane, igihambaye n'uko Kristo akorera muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera.



IGIKORWA NI IGICE NTASUBIRIZWA MU KWITEGURIRA UKUGARUKA KWA YESU KWACU

Yesu yadusigiye amakuru ngirakamaro ku bijanye n'ukugaruka kwiwe muri Matayo 24 na 25. Yabanje kuvuga ibijanye n'ibimenyetso vy'ukugaruka kwiwe hanyuma ashirako uburyo azogaruka. N'ubwo Yesu yaduhaye ibimenyetso vy'ukuza kwiwe, azoza mu gihe tutamwiteze, nk'ukw'igisuma kiza mw'ijoro. (Matayo 24:43-44). Kubera ko bir'uko, Yesu yavuze ati: *"Nuko mube maso, kuko mutazi umusi canke isaha umwana w'umuntu azozirako."* (Matayo 24:42) Hanyuma Yesu yatanze insiguro yo kuba maso kandi witeguye akoresheje imigani myinshi. Reka twihweze iyo migani.

Ivyigwa bibiri bishoboka biva mu mwifato w'umushumba (Matayo 24:45-51):

Reka tuvuge ko umushumba ahabwa igikorwa co gutunganiriza abandi bakozi igihe umukoresha (shebuja) wiwe atahari. Umukoresha wiwe agarutse maze agasanga umushumba wiwe yaranguranye umwete n'ubwira ibikorwa vyawe, azomuzeza n'ayandi mabanga ahambaye cane kurusha ayo.

Ariko uwo mushumba ataraguye ibango ryawe maze akiyumvira ko afise umwanya munini cane, maze agatangura gutegeza imisi mikuru, akaja mu vyo kurya no kunywa, mu gishingo co gukora, shebuja yoza giturumbuka mu gihe atamwiteze. Shebuja yoca ahana uyu mushumba.

Yesu yerekana ngaha ko dukwiriye kurangura ibikorwa yaduhaye. Gutyo, tuba turiko twitegurira ukugaruka kwiwe.

Imigwi ibiri y'inkumi (ziteguriye umukwe)

Inkumi cumi zari zirindiriye umukwe. Zari zifise amatara, kuko hari mw'ijoro. Zitanu muri zo zari incabwenge kandi zari zifise amavuta zaziganije. Izindi zitanu zari ibijuju; ntizari zaziganije ayandi mavuta. Umukwe yahavuye ateba cane kurusha uko bari bavyiteze. Bose bahavuye baruha barasinzira. Igihe umukwe yaza mu gicugu, za nkumi z'ibijuju ntizari zifise amavuta akwiye kugira ngo amatara yazo agume yaka. Za nkumi z'abanyabwenge zija mu nzu y'ibirori mu gihe za zindi z'ibijuju zariko zirondera ayandi mavuta. Inyuma y'aho, zahavuye zija gukomanga ku rugi ariko ntizabaye zicemererwa kwinjira.

Ngaha Yesu ashaka kutwigisha ko dukeneye kwuzuzwa Mpwemu Yera ku rugero rukwiye kugira ngo tube abiteguyiye ukugaruka kwiwe vy'ukuri. Abatari baronse amavuta y'integabizoba barazimiye.

Koresha neza amahera wabikijwe (Matayo 25:14-30)

Umuntu w'umucuruza yafashe urugendo maze ahamagara abakozi biwe bose maze abazeza ubutunzi bwiwe. Igihe atari ahari, buri muntu wese yari gukoresha neza amahera yabikijwe. Babiri mu bakozi bakoranye umwete n'ubwira mu gukoresha ayo mahera ariko umukozi umwe nta kintu na kimwe yakoresheje ayo mahera. Igihe wa mucuruza agarutse, yarahaye ingororano abo babiri bakoranye umwete n'ubwira, ariko wa wundi w'ikinebwe arahanwa.

Ngaha Yesu ashaka kwigisha ko biciye mu ngeso nziza ziva ku Mana dukwiye gukoresha ingabire zacu za Mpwemu hamwe n'izindi ngabire zo mu vy'umubiri dufise mu gikorwa ciwe. Uwukora ivyo wese ntazozimira!

Hari amjambo ya E. G, White ajanye n'ivyo: "Italanto Kristo yajeje Ishengero zigereranywa ahanini n'ingabire hamwe n'imigisha biva kuri Mpwemu yera... Harimwo ingabire zose n'ubushobozi, vyaba ari ndemanwa canke ari ivy'umuntu yize, ari kama canke ari ivya Mpwemu. Vyose bikwiriye gufatanirizwa hamwe mu gikiorwa ca Kristo. " (Christ's Object Lessons,p. 328.2)

Urubanza rwa nyuma (Matayo 25:31-46):

Yesu ni yagaruka, azogabura abantu mu migwi ibiri, nka kurya umwungere asobanura intama mu mpene. Azoshira intama i buryo bwiwe. Abo ni abantu **"bakoreye"** abandi bantu, bagaragaje urukundo rwa kivandimwe. Abandi azobashira i bubamfu bwiwe. Ni babandi batigeze bafasha abandi, aho ubufasha bwari bukenewe.

Ku murongo wa 40 Yesu yavuze ati: *"N'ukuri n'ukuri ndababwire, ko mwabigiriye umwe mur'aba bene Data bari hanyuma y'abandi, ni jewe mwabigiriye. "*

Ngaha Yesu atwereka ko abamukurikira vy'ukuri muri kamere kabo bakorera ivyiza gusa abandi bantu. Bihinduka "kamere" kabo. Mbere kenshi ntibavyibonako!

Mbega ntibitangaje ko igikorwa co gukorana wuzuye Mpwemu kiva ku kuba maso kwacu no mu kwitegurira ukugaruka kwiwe?

Amajambo ya Yesu- ko iyo dukoreye abandi tuba tumukoreye-yar'akwiriye kutuzanira ihinduka ry'umwifato tugira mu gikorwa n'imigenderanire tugirana n'abandi bantu. Gerageza wiyumvire ko woshobora gutumira Yesu mugasangira ku meza canke ukaja kumuraba mu bitaro canke mu gasho. Yesu yavuze ko iyo turiko dukora ico gikorwa c'urukundo, tuba turiko turabikora. Mbega ukuntu tuba turonse akaryo ko kwereka Yesu uko tumukunda! (Indongozi yo kwiga Bibiliya, Igice ca 3 2019, icigwa co kuwa 22 Myandagaro)

Ni ngombwa ko turonka ijuru turikoreye?

Oya!!! Twakijijwe n’ubuntu: *“Ubuntu nibwo bwabakijije ku bw’ukwizera; navyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, ni ingabire y’Imana; ntivyavuye ku bikorwa ngo hoye kugira uwirarira.”* (Abanyefeso 2:8-9)

Ico gisomwa kivuga kibitomoye ko agakiza tukaronka bivuye ku buntu bw’Imana no ku kwizera kwacu. Paulo yandikiye Abanyefeso ababwira ko bakijijwe n’ubuntu bivuye ku kwizera. Agakiza karamaze kuboneka: Twakijijwe igihe twiyegurira Yesu burundu. Twisunze bibiliya, ukwizera bisigura kwitanga ubwacu. Iyo tugumye mu migenderanire yo kwizigira Imana, niho duca dukizwa. Kandi icipfuzo cacu co gukora ni ingaruka y’agakiza twahawe.

Reka turabe gato igisomwa dusanga mu gitabo c’Abaroma 8:24: *“Kuko twakijijwe mu buryo bwo kugira ico twiteze...”* Mbega ibi bisigura iki? Ni vyo twarakijijwe, ariko na none Imana ntiyatuboshe ngo tuyigumeko tutabishaka. Turafise uburenganzira bwo kuyivako umwanya wose dushakiye. Bibiliya ivuga yuko imbere y’ukugaruka kwa Yesu, hazoba “isuzuma” mw’ijuru ryo kuraba abafitaniye imigenderanire na Data wo mw’ijuru n’abatayifise (Matayo 24:1-14).

Incamake y’akamaro k’igikorwa co gukorera abandi

Abigishwa ba Kristo bujijwe Mpwemu Yera kandi bakaba baramwiyeguriye bironkera biciye mu gikorwa co gukorera abandi umunezero n’inkomezi, ubushobozi bwabo bwo gukora, ubw’ubwenge n’ubwo mu vya Mpwemu buriyongera kandi n’ingeso zabo zirushirizaho gutunganywa ku rugero Imana yipfuzwa kandi ikabaha n’ivyobagirira ikimazi. Bukebuke ukwikunda kugenda gutakaza inguvu. Ubuzima bwanje buca bugira ubwaku ku bandi bantu. Barashobora kubona ubundi buzima butandukanye n’ubw’abandi kandi bubakwegakwega. Aka gaca kaba akaryo keza ko gushingira intahe ivyo Yesu yankoreye kandi yakoreye muri jewe. Igikorwa canje nkorera abandi kirabafasha, ku buryo na bo bashobora kuronka iterambere canke amahoro. Uwo

muntu aca anezererwa kubona ivyo nanje nabonye. Na we aca abisabikanya n’abandi, bityo ugasanga kenshi vyagwiriye. Maze nanje nca nkingirwa kutaba impfunya canke gutakaza ukwizera kwanje. Kandi amahirwe y’uko uwahawe azokwugururira umutima ubutumwa bwiza aca yiyongera.

Reka turabe gato umwifato ushobora kutuzanira amahoro adasanzwe iyo turiko duca mu bibazo bitandukanye vy’ubuzima. Uwo mwifato ujanye n’ubugombe bwacu bwo gukurikira Umwami wacu Yesu Kristo muri vyose, ivyo na vyo bikaba bigizwe no gukorera abandi, gutanga, gufasha no guhezagira. Ku mana, ntaco bitwaye kuba dufise urugero runini rw’ingabire (gutanga, gukorera abandi, gufasha), ahubwo igihambaye ni ubugombe bwacu. Anezererwa n’ico cose umutu ashobora gutanga, ntiyigera adusababgutanga ivyo tudafise. (2 Ab’i korinto 8:12)



UBUGOMBE BWACU BUFISE IKIMAZI KU MANA- IMANA YIPFUZA KUBUTUGABIRA

Mbega ni kuki ari ngirakamaro cane kuba twiteguriye ubugombe bw’Imana? Ivyo biroroshe cane, kuko twohava tugira uruhombo rudasanzwe tudafise ubwo bugombe. Turashaka kuraba mu buryo bwimbitse cane ibi.

Nk’uko twamaze kubivuga, kubwa kamere y’icaha iri mu muntu kenshi turabura ubugombe maze tukaba abantu ataco bishoboje mu nkomezi zacu mu vyo kurangura ishaka ry’Imana.

Fata aya majambo akurikira: Imana idukunda urukundo rutikwegerako. Imana yama itwipfuriza ibirushirije kuba vyiza. Imana irazi ingeso zacu kandi izi n’uko tumerewe ubu. Kubera ko izi vyose, irazi kandi n’ibizoba muri kazozo. Ivyo vyose tubizirikanye, ikintu cumvikana kandi mbere c’akamaro kanini co gukurikira ubugombe bwayo mu

nkomezi zayo ni ugushira amazinda. Yesu avuga muri Yohana 10:10 ati: *"Nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ziburonke busagutse."*

Ashaka kutuyoborera mu nzira nziza- ijanye n'abo turi n'igihe turimwo. Kugira ngo ishobore kutuyobora dutegerezwa kugira ubugombe. Ni twayisaba umutima wo kugira ubushake, nayo izorema muri twebwe ubwo bugombe. Ica iduha umutima wo gushaka. Nk'uko umuntu w'imbere ahindurwa umusi ku musi (2 Ab'i Korinto 4:16), turakwiye natwe kwama dusenga buri musi dusaba umutima wo gushaka. Turashobora gusenga uku gukurikira duti:

"Mana, nshoboza gushaka kwama niteguriye gukora ivy'ushaka."

Imana iranezerwa cane iyo tuyisavye ngo ituyobore. Ku Mana, ni co kimwe no ku bavyeyi banezerwa iyo umwana wabo abagamburukira abikunze.

Muri rusangi, *ubugombe* ni iki kandi ni gute bwigaragaza?

Ubugombe ni umwifato wimbitse wo kwugurukira Imana. Ni umwifato usaba umutima wicisha bugufi kandi wemera kwigishwa.

Nipfuza gusangira namwe akarorero k'ukubura ubugombe kugira ngo tukigireko: Kajanye na Dr. Semmelweis. Mu mwaka w'1840, Vienna cari ikigo kidasanzwe c'ubuvuzi. Ariko mu gisata c'ukwibarukiramwo c'ibitaro vyo kuri kaminuza, umwe mu bakenyezi batandatu bose bama bahibarukiye yarapfa. Mu 1840, igihe umusore w'umuganga mukuru Dr Semmelweis yahabwa kuyobora ico gisata, yabonye neza ko mu vy'ukuri abo bakenyezi bapfuye bakaba bari basuzumwe n'umuganga mukuru, nawe akaba yari yarabanje gusuzuma icishe abari barapfuye ubwambere. Bisubiye inyuma, abaganga ntibakaraba inyuma yo gusuzuma ikiziga. Niho Dr Semmelweis yatanga itegeko ko bakwiye kubanza gukaraba inyuma y'ugusuzuma ikiziga cose,

hanyuma bakarabe kandi bahejeje gusuzuma umurwayi wese. Inkurikizi zabaye nziza cane ku rugero rutangaje: Ibintu vyabaye vyiza incuro 14 kuruta uko vyari bisanzwe! Vyari ibintu bisigaye biba gake ko umukenyezi apfa. Ariko abahinga n’abaganga bagize ubwibone baha agaciro gato urwo rugero rwiza uwo musore abagejejeko! Hahavuye haduka ukwigaragamvya biyamiriza ukutitaho gukaraba. Ikiringo c’akazi ka Dogiteri Semmelweis cahavuye kirangira kandi ntabwo bacongereje kandi impapuro yari yaramanitse mu cumba c’abarwayi zari zaratabaguwe. Nk’ingaruka, urugero rw’impfu z’abakenyezi bibaruka rwasubiriye kuduga nk’uko vyamye imbere y’aho. Dr Semmelweis yahavuye ava i Vienna aja i Budapest. Ashitseyo, yasubiye gukoresha bwa buryo nyene bwo gukora. Ariko naho nyene, abaganga bagenzi we bahavuye bamuhinduka.

Tudafise ubwenge buva ku Mana, kenshi nta bugombe buhaba

Ivyo Dr. Semmelweis yacyiyemwo bitwereka ukuntu dushobora gukora nk’ibijuru bivuye ku bwibone no kwishira hejuru, n’ubwo twoba turi incabwenge zo ku rugero rwo hejuru. Uyu musu, abantu baha agaciro cane ubwenge bw’umuntu n’ubushobozi bwiwe bw’ivyiyumviro. Iri jambo ubwenge ryahawe uburemere burenze canke buke; ariko mw’ijambo ry’Imana tuhasanga insiguro idasanzwe y’ubwenge (raba Imigani, igice c’8 n’ic’9). Bibiliya iravuga ikintu gihambaye cane muri Zaburi 111: 10: “Ukwubaha Uhoraho ni ryo tanguriro ry’ubwenge; abakora ivyo bafise ubwenge bushitse [ugutahura].” Ibi bishaka kuvuga ubwenge buva ku Mana. Kandi umuntu afise ubuzima buyoborwa n’Imana, ivyo na vyo akaba ari vyo bisigura umuntu yubaha Imana, yerekana ugutahura kwiza, ivyo ni vyo ico gisomwa twerekanye aho hejuru kivuga. Mu mvugo itomoye twovuga ko umuntu abana n’Imana, yifata nk’umunyabwenge! Ivyo bitandukanye cane n’ivyo abantu benshi uyumusi bizera. Abantu bitwa ko bateye imbere uyu musu bibwira ko kureka Imana n’Ishengero ari vyo vyerekana ko baciye ubwenge. Mbega

ubuyobe! Birengeye uko twobivuga mu Baroma 1:22: *"Biyise abanyabwenge bacika ibipfu."*

Ubwenge bw'abantu, ari nabwo kandi bwitwa ivyiyumviro vya kimuntu (philosophie), co kimwe n'ibikorwa vyose vy'abantu vyuzuye utunenge.

Turashobora kuvyibonera iyo abahinga mu vyiyumviro bariko batanga insiguro zihushanye ku buzima, iyo isi yavuye n'ikibanza abantu bafise kuri iyi si. (More: Eta Linnemann, Wissenschaft oder Meinung? – Hanssler 1986)

Muri Bibiliya ibi ni vyo Imana ivuga ku bwenge: *"Kuko handitswe ngo Nzohonya ubwenge bw'abanyabwenge n'ubuhanga bw'abahanga nzobuhindura ubusa. Umunyabwenge ari hehe? Umwanditsi ari hehe? Umunyabihari wo muri iki gihe ari hehe? Mbeg'Imana ntiyahinduye ubusa ubwenge bw'iyi si?" (1 Ab'i Korinto 1:19-20).* Birahambaye cane kuba kino gisomwa kivuga no ku "bigisha b'ivyagezwe". Uyu musi bitwa abize ivy'iyobokamana canke abungere [théologiens ou pasteurs]. Birashoboka cane ko bigisha bafatiye ku bwenge bwabo bwa kimuntu maze gutyo bakitwa ibipfu n'Imana. Canke iyo bize bibiliya bakoresheje ugutahura kwa kimuntu gusa, batarongowe na Mpwemu Yera, niho n'ubushakashatsi bigisha hirya no hino bishoboka ko biteye amakenga.

Mu kurangiza: Umuntu wenyene, hatisunzwe ko hari igikorwa ajejwe mw'Ishengero, abayeho ubuzima bwuzuye Mpwemu Yera, ni we azoshobora kuba umuntu yuzuye ubwenge. Kandi umuntu wenyene yuzuye ubwenge ni we azogira ubugombe bwo gukora ivy'Imana igomba!

Ni gute ubugombe bwigaragaza canke ni gute umutima w'ubugombe wiyerekana mu buzima bwo mu vya Mpwemu?

Igihe Yesu yar'ari kw'isi, yarerekanye ubwo bugombe. Yatwigishije gusenga mw'isengesho rya Data ati: *"Ivy'ushaka bibe."* Na we nyene ubwiwe yabayeho yubahiriza iyi ngingo. No mu gihe kidasanzwe aho yar'ari mu gashamba k'i Getsemane, yarerekanye uwo mutima wo gushaka. Incuro zitatu yasenze ati: *"...ariko ntibibe nk'uko jewe ngomba, ariko bibe nk'uko ugomba."* (Matayo 26:39) Abizera b'i Beroya na bo ni akandi karorero k'ubu bugombe. Barumvirije ubutumwa bwashikirijwe na Paulo bafise umutima wugurutse. Dusoma mu Vyakozwe n'Intumwa 17:11 : *"Arikw'abo bo bar'imitima myiza kuruta ab'i Tesalonike, kuko bakiriye ijambo ry'Imana n'umutima ukunze, basesa mu vyanditswe uko bukeye ngo bamenye kw'ivyo ar'ivyu kuri."*

Iyo dufitiye Imana n'ijambo ryayo umutima ukunze, nayo izosuzuma yitonze ivyo dusoma vyose, ivyo twumva n'ivyo tubona. Igihe amakuru dusomye ahuye n'ubugombe bw'Imana, duca tuyemera kandi tukayashira mu ngiro.

Ni igiki gishobora kubuza umuntu kugira umwifato wo kugira ubugombe bw'Imana?

Abaroma 8:5 havuga ngo: *"Kukw'abaganzwa n'akameremere k'umubiri bitwararika ivy'umubiri, kand'abaganzwa n'impwemu bitwararika ivy'impwemu."*

Uyu musu tuvuga ivyo gutegurirwa gukora iki canke kiriya. Ibikorwa vy'umuntu-buntu n'umukristo wo mu mubiri bigengwa no kwikwegerako. Ubwibone, ukwizera ibintu utabanje gutohoza, kwizera ibintazi, birashobora kutubuza kwugurukira Imana. Abantu nk'aba ntibazashobora kugira umwifato wo kugira umutima ukunze canke ngo bemere ukuri gushasha kuva mw'ijambo ryayo.

Ku rundi ruhande, umukristo wese yuzuye Mpwemu azogira umwifato wo kwugurukira Imana abifashijwemwo na Mpwemu Yera. Izokwitwararika ibiri mu gitabo c’Abaroma 12:2: *“Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, ariko muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.”*

Baciye ubwenge kandi babikunze biciye muri Mpwemu Yera

Mpwemu Yera ni we atugira abanyabwenge n’abafise ubugombe bwo gukora. Mur’ico cyumviro, ndashaka gufatira ku majambo ari mu Vyakozwe n’Intumwa 6:3: *“Nuko bene Data, ni murabe muri mwebwe abantu ndwi bashimwa, buzuye Mpwemu Yera n’ubwenge tubashire kur’iki gikorwa.”* Aya ni yo matora yambere yabaye mw’Ishengero ryo mw’isezerano rishasha, amatora y’abadiyakoni. Mbega hisungwa iki mw’itorwa ry’abo badiyakoni? Bategerezwa kuba ari abantu bashimwa, bafise ubwenge kandi buzuye Mpwemu. Kandi inyuma y’ivyo vyose twavuze, dutahure ko abantu nk’abo bashobora gukorana umutima ukunze.

Kubera ko umuntu wese muri twebwewe ahamagarirwa igikorwa kizima twisunze isezerano rya kera, dutegerezwa kuba abantu bafise ubwenge kandi buzuye Mpwemu Yera. Bibiliya iraduha impanuro nziza iyo dusanze tubuze ubwenge. *“Arikw’asangwa har’uwo muri mwebwe akenye ubwenge, nabusabe Imana igabira bose ata kinubwe, idaterana imiragwe, azobuhabwa.”* (Yakobo 1:5)

Jewe nariboneye incuro nyinshi ukuri kw’aya majambo. Imana idusezeranira kwishura umutwaro wacu wo gusaba ubwenge. Inyishu irashobora kuza mu buryo butandukanye: Rimwe na rimwe har’aho

vyashika inyuma y'isengesho ryanje nkumva mu mutwe wanje inyishu ku ngorane nariko nsengera iraje. Ariko kenshi niyumvira ko ata gishasha naronse inyuma y'isengesho. Ariko igihe nabandanya gukora igikorwa canje mu kwizera kwuzuye, impera n'imperuka naratangajwe n'ukuntu Umwami Imana yamfashije kandi kenshi ikabikora mu buryo nsa n'uwutabizi. Imana mu vy'ukuri irakunda gufasha! Yipfuza ko igikorwa cacu, ic'ari cose cose, kizana ivyiza.

Abo bakorana imitima ikunze ivy'Imana igomba bazohezagirwa ku rugero rwo hejuru!

Iyo ntahuye ko Imana yama inyitayeho harimwo n'ukunyipfuriza ubugingo budashira, aho nzoca ndangurana ishaka ryayo umunezero. Namba har'umuntu ashaka kutugirira ikintu ciza agitewe n'imvo nziza, nk'itegeko, ntitwomutangira, sivyo? Kandi abo bose bamaze kwibonera uko Imana imaze kubakorera ivyiza incuro nyinshi, bazokwiyegurira ubuyobozi bw'Imana. Ni yo mpamvu Dawidi yashoboye kuvuga ati: *"Mpimbawe n'ugukora ivy'ugomba, Mana yanje. Mber'ivyagezwe vyawe biri mu mutima wanje."* (Zaburi 40:8)

Kur'ico kintu nyene, nashaka gutsimbataza iki ciyumviro ko Mpwemu Yera ari we arema muri twebwe ubwo bugombe bwo guca mu nzira z'Imana. Kandi iyo dusavye Imana buri gitondo ngo ituyoborere muri Mpwemu Yera wayo, tuzibonera ibintu bitangaje! Nk'akarorero, Dwight Nelson yashoboye kwibonera ibi bintu bikurikira inyuma yo gutangura gusenga buri musu asaba Mpwemu Yera:

"Inyigisho zanje zaronse umwidegemvyo mushasha n'inkomezi nsha. Abo nari ndongoye hamwe n'abo twakorana n'abantu banje badugijwe ku rundi rugero. Bidatevye, hari ibintu vyambayeko bihuriranye n'ibindi nk'igihumana - ni nk'aho umengo hari umuntu ateguka imisi n'amajoro

vyanje, amahirwe mpura nayo, abanyandikira baciye ku buhinga ngurukanabumenyi, n'ibiganiro. Bisa n'aho Mpwemu Yera ubwiye ariwe ariko arongora amasaha yanje yo kwikangura (mbere n'ayo gusinzira). Muri make, naje kumumenya nk'incuti yanje bwite kandi inkunda y'ukuri."

Dwight Nelson ni umwungere mukuru w'Ishengero rya Memorial Church ryo mu kigo ca Kaminuza yitiriwe Andereyas iri muri Berrien Springs, Michigan, USA. (Vyakuwe mu gitabo Prayer Letter No. 143, April 22, 2018 Prayer Ministry of the General Conference)

Umusi wose utanga akaryo kadasanzwe ko kwibonera ubugombe bw'Imana ku buzima bwanje no kuyoborwa na Mpwemu Yera (2 Ab'i Korinto 4:16). Ubugombe nari mfise ejo bwo kuyikurikira ntibumpa icemezo c'uko n'uyu musi naho ari ngombwa ko ndayigamburukira. Kubw'ivyo rero, reka twame dusenga buri musi kugira ngo tuzobe abantu bafise ubugombe canke bagumana ubugombe bwo gukora ivy'ishaka: ***"Data uri mw'ijuru, ndakwinginze utume nipfuzza kugira ubugombe bwo gukora ivyo ushaka. Ndagusavye ngo ufate mpiri ivyiyumviro vyanje ngo ubigomorerere kuri Kristo."*** (Nk'uko tubisanga mu 2 Ab'I Korinto 10:5) Iryo sengesho rihuje n'ubugombe bw'Imana kandi rizoca ryishurwa ata nkomanzi (1 Yohana 5:14). Kandi igihe dusenze mur'ubwo buryo, tuba turi **abantu tumeze nk'uk'umutima w'Imana bwite ugomba**. Mbega ivyo tubimenya gute? Biri muri Bibiliya mu Vyakozwe n'Intumwa 13:22: *"...Mbonye Dawidi..., umuntu ameze nk'uk'umutima wanjye ugomba, azokora ivyo ngomba vyose."*

Mbega uripfuzza kuba umwana, umusore, umugabo canke umugore ufise umutima uhuye n'ukw'Imana igomba?

Gukora ivy’Imana igomba Bizana umwidegemvyo

Ubwambere ho, umuntu yama ahengamiye ku kwiyumvira ko atidegemvya, iyo asabwa gukora ubugombe bw’uwundi muntu (ngaha ni ubugombe bw’Imana). Ariko turakeneye kwiyumvira muri make kuri iri jambo umwidegemvyo. Nta mwidegemvyo **wuzuye ubaho**. Ariko n’ubwo bir’uko, turafise uburenganzira bwo guhitamwo kwemera no kwanka Imana. Kubera ko Imana ari urukundo kandi umwidegemvyo ukaba ufise akamaro kadasanzwe ku Mana, nca ndonka umwidegemvyo n’umunezero iyo ndamukurikiye.

Iyo ntafashe ingingo yo kwemera Imana, Satani aca aba ari we mutware wanjye. Kandi nawe ntiyigera yemerera abantu kwidegemvya; akoresha agahato. Umuntu wese yaboshwe ni ikimenyamenya c’ivyo. Kandi n’iyo umuntu ashatse kuva mu buja bwiwe, azobona ko Satani atazopfa kumurekura vyoroshe.

Ariko Imana yoyo, ni vyo irababara iyo tuyivuyeko, yamara ntiyigera ikoresha agahato kuri twe bwe mu kudusunikira kuyigumako.

Iyo tuzirikanye ivyo vyose, duca dutahura neza ko dushobora gusa kugira ubuzima bwidegemvya kandi bunezerewe turi hafi y’Imana kandi ni ivy’ukuri iyo tuvuze duti:

Gukora ivy’Imana ishaka bizozana umwidegemvyo!

Kuba uwufise ubugombe bizana ivyamwa

Mu kurangiza, nashaka kubaha uturorero tw’ukugene Imana ishobora kudukoresha, iyo tuyiyeguriye. Kandi ntaco bitwaye twaba bakene canke abatunzi, twaba bato canke dukuze, twarize canke tutize.

Akarorero kambere kari muri bibiliya. Dushobora kugasanga muri Yohana 6:5-13. Umusore yahaye Yesu ivyo yar’afise vyose; ntabwo vyari vyinshi cane, udufi duto tubiri n’udutsima twasigajwe dutanu.

Kandi mur'uno mwanya nta kindi yar'asigaranye. Mbega ni igiki Yesu yakoze?Yakoze igitangaza ku buryo abari ng'aho bose bashonje bariye inzara igashira. Umuntu wese mur'abo bagabo 5000 n'igitigiri gisa n'ikingana n'ico nyene c'abagore n'abana barariye barahaga.

Dushobora kubona ko: Iyo twiyeguriye canke tukegurira ivyo dufise mu maboko y'Imana, irashobora gukora ikintu kidasanzwe kivuye muri vyo!

Ako kana k'agahungu karashoboye kurya vyinshi cane biruta ivyo kari kahaye Yesu. Twovuga ko ivyo yatanze zari imbuto. Twisunze icagezwe cerekana ko ikiba cose gifise inkurikizi, **umuntu yimbura vyinshi kuruta imbuto zatewe.**

Akarorero ka kabiri kava mu gihugu c'Ubudagi uhereye mu 1994.

Umwizera umwe twasengana yatanze amahera angana n'10,000 y'amadagi ya kera ku mugambi umwe wari mu yigize igikorwa citiriwe UBUTUMWA HOSE, kugira ngo hubakwe urusengero mu gace katari bwavugirwemwo ubutumwa kabamwo abantu bangana n'umuliyoni mu gihugu ca Uzbekistan. Yarampamagaye inyuma y'umwaka umwe arambarira ko ayo mahera 10,000 yari yatanze yari yayakuye mu gitabo yari yaranditse. Ambwira ko ico gihe yari yaronse ikete riva mu nzu y'ububitsi bw'ibitabo no kubisohoreramwo rimubwira ko abagura ico gitabo ciwe babaye benshi cane ku buryo vyabaye ngombwa gusubira kugicapa ubwa kabiri. Yahavuye asubira kuronka ayandi mahera angana n'10,000 vy'amafaranga y'amadagi.

Yabandanije ambwira ko ari ibintu bishika gake ko igitabo kitavuga inkuru zitabayeho gishobora gusubira gucapishwa ubwa kabiri. Yarabitahura cane: Imana yari yashizemwo ukuboko kwayo. Imana yari yamusubije ya mahera 10,000 yiwe. Mu kurangiza ico kiganiro cacu kuri telefone uwo muvukanyi yaravuze ati: "Ni wakenera amahera ajanye n'igikorwa c'ikwizabutumwa ntuzobure kumenyesha. Igihe carageze.

Narahamagaye wa muvukanyi . Ikintu cambere yabanje kumbarira cari iki ngo: “Unciriyemwo nashaka kuguhamagara. Mu bisanzwe nashaka kukurungikira amahera ushobora gukoresha kubw’igikorwa c’ikwizabutumwa.”Yahavuye abandanya gusangira n’abandi anezerewe mu gihe ca gitabo cari cahavuye gicapishwa ubugira gatatu kandi akongera kuronswa ayandi mahera ava muri ya nzu y’iyandikiro ry’ibitabo. Na we nyene vyaramugora gutahura! Nahavuye ndamubwira ibijanye n’umugambi wacu w’ibikorwa vy’ikwizabutumwa hanyuma ndamusigurira ko twari dukeneye gusa amahera ubwambere mu ndwi zike. Naramubwiye ko yofata umwanya akavyiyumvirako maze agafata ingingo ko niba yoshobora kugira ico yokora mur’uwo mugambi. Hanyuma aranyishura ati: “Ngiye kukurungikira amahera.” Umusi ukurikira hari hashitse ayangana na 25,000! Igihe twahurira mu gikorane tutari tuvuyeze, yarambariye ati: “Mbega war’uzi ko nari nahejeje gusinyira amahera 25,000 wa musi imbere y’uko umpamagara?”

Bityo rero, Imana yarashoboye guhezagira uyu muvukanyi hamwe n’umugambi w’ikwizabutumwa! Igisomwa canditswe mu ntango muri Luka 6:38 cabaye ukuri kuri uyu muvukanyi: “Mutange muzohabwa; ingero nziza itsindagiye, inyingishe, isesekaye ni yo bazobaha mu co muteze. Kukw’ingeri mugeramwo ariyo muzosubirizwamwo namwe.”

Ubu buzima abandi bacyemwo budufashe natwe gukunda Yesu vyimbitse gusumba uko vyamye kera no kumukorera tunezerewe, kandi twuzuye Mpwemu Yera.

Isengesho ryanje: “Data uri mw’ijuru, umbabarire kuba nahora mfata ukutariko mu buryo bumwe canke muri rusangi ibijanye n’ugukora, gutanga n’ugufasha. Ndagushimiye ko uzompezagirana n’abandi ni nakora, ngatanga kandi ngafasha. Mu bwenge bwawe bw’agatangaza ibi wari wrabiteguye! Ndagusavye ngo buri musi

wame umpa umwifato mwiza w'umutima wanje kugira ngo nkore
ivy'ushaka vyose ndabikoreshejwe n'urukundo kandi nuzuye
umunezero. Amen."

Ivyiyumviro Umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. Ni ibihe vyiyumviro vy'ubwenge burenze Imana ifatanya n'igikorwa, gufasha no gutanga? Ni uruhe ruhara bigira mu gikorwa?

2. Ni ryari igikorwa kitaba umutwari, ahubwo kikaba umunezero?

3. Ni kuki ari ngirakamari kugira ivyiyumviro/ubwenge n'ukumenya?

4. Ni uwuhe mwifato dukwiye kugira ngo tugire umutima uhuye n'uko Imana igomba?

Igihe cacu co gusenga

- sanga uwo musengana maze muhanahane ivyiyumviro ku cigwa
- sengeramwe n'uwo muri kumwe mu masengesho
 1. ...kugira ngo ushobore gukorera abandi ufise umunezero nk'inyishu yo kuba ufise Kristo mu mutima wawe ku bwo kwizera .
 2. ...kugira ngo Imana ikwereke umuntu akeneye ubufasha bwawe
 3. ...kugira ngo Imana igukingire ubwibone n'uguharura agaciro k'ivyo utanze, asangwa ushobora gukora ibihambaye mu gutanga ubufasha bw'Imana
 4. ...kugira ngo muronke umutima ukunze kandi unezerewe hamwe n'ukuguma ku gikorwa c'Imana n'abantu.



NI NDE ARIKO ARAKORA: NI IMANA IKORERA MURI JEWE CANKE NI JE NKORERA IMANA?

Bivuyura ikibazo kidasanzwe:

Mbega ndiko nkorerera Imana n'ubushobozi bwanje bwa kimuntu?

Canke Imana irashobora gukorera muri jewe ikoresheje

ubushobozi bwayo nk'Imana?

Akarorero kadasanzwe dukura muri bibiliya: Mose

Ubwa mbere, Mose yari akarorero k'umuntu yabayeho yibako. Ariko n'ubwo bir'uko, hanyuma yahavuye ahinduka akarorero keza k'umuntu Imana ishobora gukoreramwo. Igihe yar'amaze imyaka 40 y'amavuka, yashatse kubohora abantu biwe akoresheje inkomezi ziwe bwite. Ivyo nta kindi vyamukwegeye atari ingaruka mbi. Mu myaka yakurikiye, Imana yarashoboye kumukoresha ibihambaye ikoresheje inkomezi zayo z'ubumana.

Mu Vyakozwe n'Intumwa 7:22-25 havuga ngo: *"Mose yigishwa ubwenge bwose bw'Abanyegiputa, agira ubushobozi mu majambo yiwe no mu bikorwa vyawe. Maze arikw'aramara imyaka mirongw'ine avutse, haza icyumviro mu mutima wiwe co kugendera bene wabo*

b'Ab'isirayeli. Abonye umuntu agirirwa nabi, aramubohora atabara iyo mpahazwa, yica wa Munyegiputa. Yibwira ko ab'i wabo, botahura kw'Imana ibakirisha ukuboko kwiwe: ariko ntibabimenya."

Vyabaye ngombwa ko Mose ahungira i Midiyani abayo imyaka mirongw'ine ar'umwungere. Mu vy'ukuri, yahavuye ashika aho yitanga burundu. Hanyuma Imana yahavuye imuha amajambo yanditswe mu gitabo c'Itanguriro. Aho honyene niho Imana yamuhereye amabwirizwa yo kuja kubohora Abisirayeli. Mose yaciye agamburuka afata urugendo yerekeza mu gihugu ca Egipta. Bidatevye, yahavuye ahagarikwa n'umumarayika. Icaha ciwe cari kihari, icaha co kuvisha amaraso. (Kuvayo 4:24-26, Abakurambere n'abahanuzi, p255-256). Iki caha ciwe caterezwa kubanza gutorerwa umuti ubwambere. Hanyuma abamarayika barahavuye bamuzigama maze Imana ishobora gukorera muri we n'ubushobozi bw'ubumana bwayo:

Mose yarakuye abantu mu buja. Yarakoze ibimenyetso bihambaye n'ibitangaza aho yagiye hose: muri Egipta imbere ya Farawo, kujabuka ikiyaga gitukura no mu myaka 40 mu bugaragwa. Mbere Imana yaravugana nawe imbonankubone maze imuha ibisate vy'amabuye vyanditsweko amabwirizwa cumi.

Yahindutse umwe mu barongozi badasanzwe kw'isi kubera ko Imana yashoboye gukorera muri we. (Ntubure gusoma: Abakurambere n'Abahanuzi, Igice ca 22: Mose)

Mbega ndiko nkorera Imana canke ni yo iriko ikorera muri jewe?

Igisomwa cacu c'ishimikiro kiri mu Banyefeso 2:10:

*"Kuko turi **ibiremwa vyayo**, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore **ibikorwa vyiza**, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo."*

Iki gisomwa kivuga ibijanye n'**ibikorwa**!

Igikorwa cambere, igikorwa Imana ikorera *muri jewe*

Igikorwa cambere Imana ikora kiri muri jewe. Iki naco ni ubuzima bwanje bushasha muri Kristo. Yesu yavuze ati: *“Muze kuri jewe...” (Matayo 11:28) kandi ngo “...kand’abamwakiriye bose yabahaye ububasha bwo kwitwa abana b’Imana, niba bizeye izina ryiwe...” (Yohana 1:12)* Abo bose baje kuri Yesu maze bakamwemera nk’Umwami n’Umucunguzi wabo baronka ubundi butumire n’isezerano: *“Mugume muri jewe, nanje ngume muri mwebwe” (Yohana 15:14)* Imana yipfuzaga kugirirana imigeneranire yamaho kandi ishimitse natwe. Ivyo bishoboka bite? Ivyo bishoboka icyo umuntu ateye intambuko zibiri zo kwizera buri musi:

Intambuko yambere:

Abanyefeso 5:18 havugaga ngo: *“...mwuzure Mpwemu.”* Canke mu *yandi* majambo: Mwame mwuzuye Mpwemu” (Joh. Mager: Auf den Spuren des Geistes, p. 101). Ivyo rero bisigura gusaba n’ukuruka Mpwemu Yera. Nk’uko amakurudumu y’imashini yo mu mazi ategerezwa kuba mu mazi azunguruka kugira ngo icyo mashini igume igenda, ni ko natwe dutegerezwa kuguma mu ruzi rwa Mpwemu Yera kugira ngo Imana ishobore gukorera muri twe twabwo maze iduhe ubugingo busagutse. Ariko na none Imana ntabwo yipfuzaga gusa ko twakira Mpwemu Yera. Oya, Imana yipfuzaga ko tuba umuringoti icamwo kugira ngo ishikire abandi bantu n’urukundo rwayo. (Raba Luka 11:5-13)

Intambuko ya kabiri:

“...ngo mube ibimazi bizima vyera bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi”. (Abaroma 12:1)

Ubu n’ubuzima bwo kwiyegurira Kristo burundu. Insiguro nziza kandi ngufi y’izi ntambuko iboneka mu gitabo *The Desire of Ages* (Uwipfuzwa ibihe vyose), p. 676. 2. Kiratanga incamake:

- ukwama uronka Mpwemu Yera- hamwe n’
- ubuzima butagira icyo bwisigariye ku gikorwa ciwe

Iyi ni impfunyapfunyo y’insiguro ya Mpwemu Yera: “Ntibashobora kuvugana inkomezi ubu butumwa kugeza aho bazokwakirira Mpwemu

Yera. Ntibashobora kubona ivyo Imana ishobora gukorera muri bo gushitsa bakiriye Mpwemu.” (E.G. White. Review and Sabbath Herald, June 10, 1902)

Iyindi nyandiko ijanye n’ukwiyegurira Imana: *“Umuntu wese azokwiha Imana wese azoyoborwa n’ukuboko kw’Imana... Uko yiga ivyigwa vy’ubwenge bw’Imana azohabwa igikorwa ceranda...”* (The Acts of Apostles, p. 283. 3)

Ubu noneho turaronse inyishu ku kibazo co kumenya uko twashobora kugirana imigenderanire yamaho kandi ihamye na Yesu: biciye mu gusaba no kwakira Mpwemu Yera, hamwe no kwama buri musi tumwiyegurira hamwe n’igikorwa ciwe gushasha. Buri gitondo, igikorwa gihambaye dukwiriye gukora n’ugutera izi ntambuko zibiri zo mu vya Mpwemu. Bityo rero, igikorwa c’Imana muri jewe gica gikomera, ivyo navyo bigasahaka kuvuga ko ubuzima bwanje bushasha naronse buva mu buntu bw’Imana no mu kwizera kwanje buca buguma bukomejwe.

Igikorwa ca kabiri – Igikorwa Imana inkoresha

Yisunze ubwo buzima bushasha, Imana ica ikora ikindi gikorwa, ico naco kikaba ar’ico kunkoresha. Reka twongere dusome mu Banyefeso 2:10: *“Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivy’Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo.”* “Yaturemeye gukora ibikorwa vyiza, ivyo yaduteguriye kera ngo tubigenderemwo.”

Havuga ko ivyo bikorwa vyiza vyateguwe n’Imana kuva kera hose. Ni igikorwa cacu rero twifataniye nawe kurangura ivyo bikorwa vyateguwe. Ku bw’ivyo, mu nteguro nyamukuru y’Imana, yarantegekanirije integuro yanje. Hari ibikorwa runaka yategekanije ku bwanje. Iyo turanguye ivyo bikorwa, ukwizera kwacu kurakura kandi ubushobozi bwacu mu vyo dukora, mu vy’ubwenge no mu vya Mpwemu buratera imbere. Twironkera umunezero n’inkomezi iyo dukoze kubw’ubwami bw’Imana kandi mur’ico gihe nyene natwe tuba turiko

turategurirwa ubwami bw’Imana biciye mur’ico gikorwa. (Ushaka kumenya vyinshi kur’iki cigwa soma: E.G. White, Education, p. 264)

Nehemiya n’abantu bose baravyiboneye: *“...kuk’umunezero w’Uhoraho ari zo nkomezi zanyu.”* (Nehemiya 8:10)

Ego, biciye mu gikorwa bakoreye Imana ivyo barabibonye. Mu misi 52 yonyene, inzitiro z’i Yerusalemu zari zasanuwe, kuko abantu batatwe ubwoba canke ngo bacibwe ivutu n’abansi babo. Igihe cose bamaze Nehemiya yabarongoreye mu kwizera!

Ivyo ni vyo natwe dukwiriye gukora. Kwibuka ivy’Uhoraho yadukoreye biradufasha cane, nk’uko tubibona mu Baroma 8:31: *“...Bisanzwe Uhoraho ari mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde?”*



Imana itegura ibihambaye kandi vy’igihe kirekire

“Imana ntidusaba gukoresha inkomezi zacu bwite ku gikorwa kiri imbere yacu. Yaradutegekanirije ubufasha bwayo... Iduha Mpwemu Yera ngo adufashe mu kibazo cose.” (E.G. White, My Life Today, p. 37)

Kubera ko Imana izi kazoza ikanasobanukirwa umuntu wese atakiyisovye, ni ko kandi izi ukuntu yoshobora kudukoresha neza, kugira ngo dukore ivyotugirira ikimazi kandi bikagirira ikimazi n’ubwami bw’Imana.

Muri Yohana 7:37-39 dusoma ngo:

“...Namba har’ufise inyota, n’aze kuri jewe, anywe. Unyizera, inzuzi z’amazi y’ubugingo zizotemba ziva mu nda yiwe nk’ukw’ivyanditswe bivuga. Arikw’ivyo yabivuze kuri Mpwemu, uwo abamwizera bagira bahabwe; kuko Mpwemu atari bwatangwe, kuko Yesu atari bwashike mu bwiza bwiwe.” (Ibi bijanye n’igikorwa ca kabiri – ko Imana ishaka kudukoresha.)

Iki gisomwa ca bibiliya gisigura ibi bikurikira: Ni twagira inyota n’icipfuzo co kuronka Yesu, ntituzoronka amazi y’ubugingo ku bwacu

gusa, ahubwo Imana izohindura ayo mazi y’ubugingo isoko, n’ukuvuga azogwira, kugira ngo inzuzi z’amazi y’ubugingo zitembe ziva kuri twebwe zishike no ku bandi. Mbega isezerano ryiza!

Ibikorwa Imana yatujeje bizokwerekana urugero tugezeho rwo kugira ubwaku ku badukikuje. Kuko ata muntu abayeho ku bwiwe, ibikorwa vyacu ntibigira ubwaku kuri twebwe gusa ahubwo bigira ubwaku no ku batuzengurutse. Kandi rimwe na rimwe har’aho ubwaku bw’umuntu umwe gusa bugenda bugashika no ku mpera y’isi.

Imana yipfuza kandi irashoboye kudukoresha ibihambaye, iyo twimenyereje kugira imigenderanire itsimbataye na Yo:

“Umuntu wese yishikanira Umwami ku gikorwa ciwe, atagize ico yisigarije, aronka ubushobozi bwo gushika ku bintu vyiza bitagira akagero.” (E.G. White, Testimonies, vol. 7, p.30.2)

Umuntu wese akora ibi arafise isezerano dusanga muri Yohana 14:12: *“N’ukuri n’ukuri ndababwire, unyizera, ibikorwa nkora nawe azobikora: kand’azokora ibibiruta kuko jewe ngiye kwa Data.”*

Iyi mvugo ngo “ibibiruta” isigura ubwaguke bw’ahantu umuntu azokorera ibikorwa.

Ni kuki tuzashobora gukora ibikorwa biruta ivyo Kristo yakoze? Yesu yatanze insiguro ati: kuko ngiye kwa Data. Mbega aho yashaka kuvuga iki? Amaze kuduga mw’ijuru yasubiranye bwa bushobozi bwose mw’ijuru no mw’isi. Kandi igihe Yesu abaye mu mutima wanjye biciye muri Mpwemu Yera, ni ho rero aca ashobora kunkoresha “ibikorwa bihambaye.” Reka dufate akandi karorero kuri Nehemiya yari akarorero keza ko muri Bibiliya.

Ivyiyumviro vya Nehemiya ni vyo vyariko bisanura inzitiro za Yerusalemu?

Ni igiki casunikiye Nehemiya, atari asanzwe ari umuhinga w’ivy’inyubako, gusanura inzitiro z’igisagara c’i Yerusalemu, n’ubwo yar’ari kure mu Buperesi kandi akaba yar’ajejwe amabanga adasanzwe?

Dusoma muri Nehemiya 2:12 ngo: “... ivy’Imana yashize mu mutima wanje ngo ndabikorere Yerusalemu...” E.G. White har’ic’abivugako: “...ariko arasenga, umugambi wari wamaze gutegurwa mu bwenge bwiwe [Nehemiya]...” (Southern Watchman, March 29, 1904)

Igikorwa cakorewe i Yerusalemu nticari icyumviro ca Nehemiya, ahubwo yari yatumwe n’Imana. Imana yari yaramutegekanirije kandi imutegurira igikorwa kuva kera.

Imana yarahazagiye Nehemiya cane! Kw’iherezo, igikorwa ciwe cararangutse neza. Nehemiya yiboneye ivyo E.G. White yanditse mu gitabo Testimony Treasures, Vol. 3, p. 341. 3: “Imana izokora igikorwa ni twayibera ibikoresho.”

Intambanyi canke inkabuzo?

Iruhande ya Nehemiya, ni nde wundi na we nyene yagize uruhara rudasanze muri ico gikorwa? E.G. White yaranditse ati: “Abambere mu bifatanije n’umutima wo gushira ubwoba wa Nehemiya hamwe n’ubwira bwiwe babaye abaherezi b’Abisirayeli. Dufatiye ku vyicarwo vyo hejuru aba bantu bari bafise, bari bafise ubushobozi bw’ubwira bwiwe kuburizamwo kino gikorwa canke bakagiteza imbere. Kuba bari biteguriye gukorana nawe bivuye ku mutima vyabaye ngirakamaro cane.” (The Southern Watchman, April 5, 1904)

Umutima utunganye

Nehemiya ni akarorero gasanzwe kaboneka muri bibiliya k’umuntu yimenyereje kugirana imigenderanire yimbitse n’Imana ubuzima bwiwe bwose. Yatanze ubugingo bwiwe bwose n’umutima utunganye ku Mana. Imana yama yitayeho abantu nk’abana. Dusoma muri 2 Ngoma 16:9: “Kand’inyonga z’Uhoraho zinyuranganya mw’isi yose hirya no hino, ngo yerekane ububasha bwiwe bwo gutabara abafise imitima imutunganiye.” Iyo ni yo ngingo yambere isabwa – kugira umutima utunganye- kugira ngo Imana ishobore kudukoresha.

Ukwitanga kwacu burundu n’ubuzima bwacu hamwe na Mpwemu Yera (DA,676. 2) bituma Imana ishobora kudukoresha mu nkomezi. Imana ntizoshobora kutuzeza igikorwa yaduteguriye, gushitsa aho tuzogira ubuzima bushasha- igihe tuzoba dufise imigenderanire yamaho, itsimbataye na Yo. Igikorwa ca kabiri – ari co gikorwa c’Imana-gishobora kwubakwa gusa gifatiye ku gikorwa kizima cambere. Namba ubuzima bushasha butaratangura canke bugahagarara, igikorwa cacu gica gikorwa mu nkomezi za kimuntu gusa giherekejwe n’ibintu vyinshi umuntu atokwishoboza hamwe n’ingorane nyinshi.

Akandi karorero: Umwami Asa

Ibihe vyinshi vy’ubuzima bwiwe, umwami Asa yizigiye Imana yemera kurongorwa na Yo, ariko yerekeje kw’iherezo ry’ubuzima bwiwe yahavuye yifatira iyindi nzira yiwe. Nk’akarorero, ivyo yavyerekanye igihe yasaba umwami Beni Hadadi ubufasha mu vya gisirikare aho gusaba Imana. Aho Imana yarungika uwuvugishwa na Yo Hanani, kumenyesha Asa inkurikizi mbi zari kumushikira kubw’ibikorwa vy’ubujju bwiwe, uburake bwiwe bwaciye buziriringira uwo muvugishwa maze aca amuta mu mvuto. Vyongeye kandi, inyuma y’imyaka itatu, aho yar’arwaye, ntiyigeze aja kubaza Imana, ahubwo yizigiye abaganga biwe. Kubera ko Asa yanse impwemu y’Imana ko imurongora, Imana nayo yaciye imukurako ubufasha bwayo. Tuvyiyumviriyeko, Asa yari yabaye umwami w’umwizigirwa imyaka 35 kandi yari yarabonye ibihambaye Imana yamukoreye maze mu myaka itandatu yanyuma y’ubuzima bwiwe yabaye umuntu atizigiwe ku Mana. Dushobora gusenga gusa tuvuga tuti: “Mana, mfasha kuguma ndi mu nzira zawe z’ukuri gushitsa kw’iherezo ry’ubuzima bwanje!” (Raba: 1 Abami 15:8-24 kandi 2 Ngoma 14-16).

Bibiliya ivuga ibi bikurikira kuri Satani: “...ni co kizimiza isi yose...” (Ivyahishuwe 12:9) Intumwa Paulo atubwira ati: “*Nuko rero uwiyumvira ko ahagaze ni yiyubare ntagwe.*” (Ab’i Korinto 10:12) Dushaka gufata akandi karorero – ubu noneho kava muri kahise k’Abadivantiste – kajanye n’uburinzi bwacu n’imburi.

**Mbega n’ubuhe bwaku bigira ku gikorwa c’Imana,
iyo ngumye nsubir’inyuma bukebuke mu kwizera,
ariko nkaguma mu gikorwa?**

Birashoboka ko dushobora kwibaza tuti: Mbega biranashoboka ko umuntu akorera Imana kuba atakirongorwa na Mpwemu w’Imana?

Dogiteri John Harvey Kellogg yahoze ari umuganga aciye ubwenge cane kandi w’icitegerereze wo mw’Ishengero ryacu muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika. Uko imyaka yagiye ikurikirana, uyu mugabo w’incabwenge yahavuye atangura gusuzugura nk’akarorero, inama z’Imana ku bijanye no kwubaka ikigo c’ubuvuzi. Imana yahavuye ireka ikigo c’ubuvuzi c’i Battle Creek kirashingwa, maze ikigo c’ubuvuzi gishasha cari cashinzwe na Kellogg gica kigira ingorane z’ukubura uburyo. Ikibabaje n’uko igihe yar’akiri umuganga w’Ishengero, yari yarigishije mu buryo bwagutse ivyiyumviro vyinshi vy’iyobokamana, ivyo ubwambere yahora yigisha ku mugaragaro n’umunwa wiwe. Nk’inkurikizi yarayobeje abizera benshi. Haheze igihe, Kellogg yashatse gusohora igitabo cari cariyamirijwe n’abarongozi bacu kuko carimwo inyigisho z’ibinyoma. Hanyuma y’ivyo, Kellogg yafashe ingingo yo kugisohora ku giti ciwe. Yahavuye asaba ikigo cacu c’ugukwiragiza ibitabo citwa *Review Herald* kumusohorera amakopi y’igitabo ashika ku 5000, naco kikaba cari carigeze kuba gisohorera ibitabo abandi bantu. Ico kigo caravyemeye. Imana yaratabaye idatevye maze irareka ico kigo gitongorwa n’umuriro uhinda. Nk’inkurikizi, Kellogg yahavuye arungika inyandiko yandikishije intoke ku kigo kiri hanze kugira ngo kimusohorere ico gitabo. Ni twashika mu bugingo budashira ni ho gusa tuzobona ukuntu Kellogg yononye igikorwa c’Imana, cane cane mu rwaruka, gushika aho ubwiwe afata ingingo yo kuva mw’Ishengero. (Ukeneye kumenya vyinshi raba: Lewis R. Walton: “Omega”, *Review and Herald*). Ngaha, ntitunakeneye kwibaza ko yakoreye Imana mu nkomezi ziwe bwite canke nimba Imana yarashoboye kumukoresha.



Gukorera Imana ni kimwe, ariko Imana gukorera muri twebwe kikaba ikindi

Kubw’ivyo, nashaka ndabasangize ijambo ryavuzwe na Le Roy E. Froom ngo: “Gukorera Imana ni kimwe; ariko Imana gukorera muri twebwe naco ni ikindi. Guheba isi no gukurikira Kristo ni kimwe; ariko kuba uwo Mpwemu Yera abamwo mu kunengesera kwose kw’ubushobozi n’ubuntu, naco ni ikindi. Kandi Imana ntishobora gukorana n’abantu ikintu c’agakura kiretse ibanje kubakorera ikintu c’agakura ibicishije mu kubazanamwo Mpwemu Yera.” (Ukuza kw’Umwitsa, Urwibutso n’integuza 1928, p. 119)

Natwe birashobora kudushikira, nk’uko vyashikiye Dogiteri Kellog, tukiyumvira ngo twokorera Imana ibi canke biriya tutarongowe na Mpwemu Yera. Rimwe na rimwe dukwiye guhora twibaza tuti: “Noba nkorera Imana nkoresheje ubushobozi bwanje bwa kimuntu n’inzitizi bigendana, mbere vyonashoboka ko noba nkoresha ubushobozi bwanje bw’igihagararo c’uburongozi ndimwo, canke Imana niyo ikorera muri jewe mu bushobozi bwayo mvajuru n’ububasha bwayo butazitirwa?

Uburyo Imana ishobora gukorera mu gikorwa ca kabiri buravana n’imigenderanire mfitaniye na Yo

Ku vyerekeye abanditsi bacu, E.G. White yaranditse ati:

“Amajambo yanditswe n’umuntu arimwo Mpwemu w’Imana abamarayika barayemeza, maze bagatuma abasomyi banezerezwa na yo. Ariko amajambo yanditswe n’umwanditsi atabayeho ubuzima bwiwe bwose bw’ubwiza bw’Imana, maze ntabe yarayiyeguriye burundu, abamarayika bumvana umubabaro ko hari agahaze. Baca bahindukiza umugongo maze kandi ntibasunikira uwusoma kunezererwa nayo, kuko Imana na Mpwemu Yera bataba bari muri yo. Amajambo aba ari meza ariko yamara aba abuze akanovera kava ku bwaku bwa Mpwemu w’Imana.” (PH016,29. 1 egwwritings. org).

Kenshi, mbega ni ikihe gihambaye mu nyandiko za gikristo? Zitegerezwa kuba zanditswe zirongowe na Mpwemu Yera kandi umwanditsi na we ategerezwa kubaho ahimbara Imana, ivyo na vyo, bigasigura kwiye gurira Kristo n'igikorwa. Imana ntiyitaho amajambo y'igitangaza ari mu nyandiko. Irazwa ishingira n'umwifato w'umwanditsi w'iyi nyandiko. Iyo umwanditsi yanditse ayobowe na Mpwemu w'Imana, nayo ica ituma abasomyi bahurumbira iyo nyandiko barongowe na ya Mpwemu nyene maze umusomyi akabasha kwegera Imana.

Niko biri no mu bindi bisata vyose, haba mu gikorwa, mu kwigisha, kurongora ibikorwa vy'ikwizabutumwa, mu burongozi bw'Ishengero, mu ngo n'imiryango, mu kumenyereza umwana canke ikindi kintu gisa n'ivyo, ko "Ububasha buva ku bantu si bwo butuma igikorwa kioranirwa, ahubwo ni ububasha buva ku bwenge mvajuru bukorera mu muntu ayivugira maze bugatuma igikorwa gitungana." (E.G. White, Christian Service, p. 260. 3)

Imana ishobora gukoresha ubwaku bwayo bw'agaciro biciye muri twebwe, igihe dufise imigenderanire nyayo n'Imana. Mu yandi majambo, namba tutabayeho mu kwitanga burundu canke tukuzuzwa Mpwemu Yera vy'igice, turashobora gutakaza imihesagiho canke naho ingorane zigaca zaduka!

Kubwiriza Ijambo ry'Imana

Reka dufatire kuri iri sano rijanye n'ukuvuga ubutumwa. Iyo abungere bafise Mpwemu Yera ku rugero rudakwiye, ibisiguro vyabo ntivyigera bishika ku co Imana yipfuza. Hari amajambo yakuwe mu gitabo *The Desire of Ages* (Uwipfuzwa ibihe vyose), p. 671. 4:

"Insiguro z'ijambo ry'Imana zizoba impfagusa mu gihe abantu batagumanye Mpwemu Yera n'ubufasha bwiwe... Umuntu arashobora kuba yoshikiriza inyandiko zo mw'ijambo ry'Imana, akamenya uko risigurwa n'ivyo risaba abantu n'amasezerano, ariko Mpwemu yera atari we yubatswe ukwo kuri, nta mushaha uzogwa ku Rutare ngo umeneke.

Nta mashure umuntu yokwiga, nta butunzi uko bungana kwose, vyotuma umuntu aba umutwaramuco adakoranye na Mpwemu w’Imana.”

Imana hamwe n’abamarayika badukoresha gusa iyo twujujwe Mpwemu Yera maze tukiyegurira Kristo burundu. Igihambaye si abo turi bo canke igikorwa dukora, Imana itumenyesha ibicishije muri E.G. White: "Agaciro k’ibikorwa vyacu gahuye n’urugero twahaweke Mpwemu Yera." (The Desire of Ages (*Uwipfuzwa ibihe vyose*), p. 330. 4) Kandi ngo: "Si ububasha bwawe ufise uyumusi canke uzokwigera ugira muri kazoza buzotuma uroranirwa. Ahubwo ni ubw’Imana ishobora kugukorera.... Yipfuza ko uyitegako ibihambaye. " (Christ Object Lessons, p. 164. 4) (Ikindi gisomwa utokwirengagiza gusoma: Acts of Apostles, p. 283-284).

Tuzoronka inkomezi z’Imana zidufasha n’ubushobozi burengeye, uko tuzogenda duteza imbere imigenderanire yimbitse y’ugukorana na yo. "Ntituzoronka intsinzi biciye mu bitigiri vyinshi, ahubwo tuzonesha ku bw’imishaha tweguriye Yesu." (Sons and Daughters of God, 279. 2).

Ikibabaje n’uko abantu benshi, nanje ndimwo, batinya canke bafise ivyo bisigariza kubijanye n’ukwiyegurira Imana burundu. Bibwira ko boca bahinduka abaja. Iki cyumviro mu vy’ukuri si co na gatoya. Bibiliya igereranya imigenderanire tugiriranira na Kristo nk’umubano wo mu rugo. Kristo ni umugabo w’akarorero! Igihe abantu bubakanye, barashobora gusambura baramutse bavyipfuye. Natwe turashobora kuva kuri Kristo; tugasigara turi abantu bigenga. Ariko niyumvira yuko ata kintu na kimwe codukura mu bumwe bwa Kristo, kuko imigenderanire tugiriranira na we ni myiza kuruta iyindi yose ibaho. Yipfuza kugiriranira imigenderanire natwe, kugira ngo muri yo dushobore kuba umwe na we mu rukundo no mu kumwizigira. Ushaka kumenya vyinshi kur’ivyo, soma: *Abide in Christ (Nimugume muri Kristo), igice kivuga ngo "Surrender to Jesus" (Iyegurire Yesu), raba www.schritte-zur-persönlichen-erweckung.info*

Ubufasha bw’Imana bushobora gushika kure aho inkomezi z’umuntu zitagera

Imana n’uyu musi iripfuza gukora ibihambaye n’ibitangaza (Yeremiya 33:3). Ni twabaho ku buryo Imana ishobora gukorera muri twebwe no kudukoresha, tuzokwama tubona ibitangaza- ibihambaye n’ibirengeye ubwenge bwacu. Bimeze uku: ivyo Imana itegekanya kunkoresha, bizogera aho birengera ububasha n’ubushobozi vyanje. Kandi ico ni ikintu ciza. Kizana umunezero n’ugutangara kwinshi hanyuma kigateza imbere kuyoborwa no gukorana n’Imana.

Izi ni inyandiko zibiri mu nyandiko zacu zijanye n’ivyo: “Saba ubuntu bwa Kristo n’ukugukoresha ibihambaye, kandi ntizogutererana igikorwa.” (The Ellen G. White 1888 Materials, 141. 5)

“Umuntu yishikanira Imana ku bw’igikorwa cayo, ataco yisigarije, aronka ubushobozi bwo gushika ku bintu vy’akabururugero.” (Testimonies for the Church, vol. 7, p. 30. 2).

Ugufatana gutewe no gusenga ubudasiba

Iyo tubayeho ku buryo Imana ishobora gukorera muri twebwe no kudukoresha, duca dukenera kuvugana n’Imana biciye mu gusenga ubudasiba. Turakeneye kuvugana n’Imwe yadutegurira igikorwa. Irashobora kuturongorera muri co ku buryo bwiza cane. Ni co kimwe no gutwara ubwato. Imana yaduhaye isezerano rihambaye ryerekeye gukorana na yo: “*Mpamagara nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivy’utari bwamenye.*” (Yeremiya 33:3; ayandi masezerano: Yohana 7:37; Yohana 14:12-14; Yohana 15:17; Yohana 15:16; Matayo 18:19; 1 Yohana 3:22). Imana ntisezerana gusa kwishura imitwaro yacu ariko kandi isezerana no kutwereka ibihambaye n’ibitangaza. Iduha inyishu iva ku Mana.

Inama z’Imana

“Ntihakagire umuntu n’umwe yiruhisha mu nkomezi yahawe n’Imana mu kwerekana utwigoro twotuma igikorwa c’Imana giter’imbere mu mwanya muto. Inkomezi z’umuntu ntizishobora gutuma igikorwa kinyaruka, ahubwo izo nkomezi zibwirizwa gufatana n’ubushobozi bw’ubwenge mvajuru... Umuntu ubwiwe ntashobora kugira uruhara Imana yogize mu gikorwa. Pawulo arashobora gutera, Apolo na we akavomera, ariko Imana ni yo ibikuza. Mu kwiyorosha no mu bugwaneza umuntu niho ashobora gukorana n’intumwa z’Imana, igihe cose akama akora ivyiza, maze agatahura ko Imana ari yo Mukoresha Mukuru.” (E.G. White, 7T 298. 2, egwritings. org).

Ni ubuhe bwaku ubuzima bwa Yesu bwagize ngaha kw’isi?

Philipp Brooks yaravuze ati: “Simba nihenze na gato iyo mvuze ko igisirikare cose cabayeho, ubwato bwose budasanze bw’ibihugu bwakozwe, inama nkuru zose z’abategesi (Abashingamateka) hamwe n’abami bose batwaye, nta n’umwe yigeze agira ubwaku ku buzima bw’abantu kurusha ubuzima bwa Yesu.” (Letters to Andrew, No. 2)

Mbega ni gute Yesu nk’umuntu w’i Nazareti yashoboye kugira ubwaku bungana gutyo? Yesu araduha impamvu muri Yohana 14:10: *“Mbega ntimwizera ko ndi muri Data, kandi ko Data ari muri jewe? Amajambo mbabwira s’ayo nigenere, ariko Data aba muri jewe ni we ankoresha ivyo bikorwa.”*

Nk’umuntu, Yesu yashoboye kugira ubwaku budasanze ku bantu, kuko Se yari muri we maze akagira ubwaku bwiwe bw’ubumana.

Canke reka twihweze gato ku ntumwa Paulo. Mbega ni gute Imana yashoboye gukora igikorwa kidasanzwe c’ubutumwa biciye muri we? Turashobora kuronka inyishu mu b’i Galatiya 2:19-20: *“Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ari muri jewe...”* Yahevyeye kwibako; yemereye Kristo kuyobora ubuzima bwiwe.

“Sinzotinyuka kuvuga ikintu na kimwe, atar’ico nakoreshejwe na Kristo, kugira ngo abanyamahanga baganduke, ampaye amajambo

n'ibikorwa, n'ubushobozi bw'ibimenyetso bikomeye n'ibitangaza, n'ubushobozi bwa Mpwemu Yera.” (Abaroma 15:18)

Urufunguruzo ni **ukuba muri Kristo**

“Kristo muri twebwewe”

E.G. White yaravuze ati: “Ukumenya iryo banga [Kristo muri twebwewe] bitanga urufunguruzo ku muntu wese. Vyugururira umushaha wose ubutunzi bw'isi yose, n'ubushobozi bwo kugira iterambere ritagira iherezo.” (E.G. White, Education, p. 172. 1)

Yesu Kristo yipfuzaga kuba muri twebwewe. Ku bw'ivyo, yipfuzaga kuduha ubugingo bwuzuye maze akadukoresha, haba mu bintu bidatashyirakwiriye canke mu bihambaye. (Ushaka kumenya vyinshi kur'ivyo soma igitabo “Nimugume muri Kristo”, igice kivuga ngo “Yesu agumye muri wewe”)

John Wesley yatahuye ko: “Imana ishobora gukoresha umuntu umwe, yiyeguriye Imana ijana kw'ijana, kuruta uko yokoresha igisirikare cose c'abagabo bayiyeguriye ibice mirongwicenda n'icenda kw'ijana.” (Joseph Kidder, A Guide to a Spiritual Life, Andrews University, ppp slide 14)

Ijambo ry'Imana riravugaga muri Zekariya 4:6 riti: “...si kubw'inkomezi, si kubw'ubushobozi, ni kubwa Mpwemu wanjye, nik'Uhoraho Nyen'Ingabo agize.”

Imana irashobora no gukoresha ibihambaye abana n'urwaruka

Mary Jones yavutse mu 1784 mu gasagara gato ko mu gihugu citwa “Pays de Gales”. Yakuriye mu muryango usenga cane wo mw'Ishengero rya Methodiste. Akiri umwana yarakunda inkuru za Bibiliya. Amaze kumenya gusoma, yagize ishaka ryinshi ryo kuronka Bibiliya yiwe. Ariko



vyongeye kandi, bibiliya zari zizimvye cane mbere zari nke. Ku misi yambere y'indwi (dimanche), yaremererwa kuja ku muryango utunze ufise bibiliya waba ku birometero bine uvuye iwabo maze agasomerayo bibiliya. Kugira ngo aronke amahera yo kugura bibiliya yiwe bwite, yatanguye gukora udukorwa dutoduto. Nk'akarorero, umusi umwe yaregeraniye udukwi aradushora, uwundi musu arera umwana.

Vyamutwaye imyaka itandatu kugira ngo aronke amahera yar'akeneye. Igihe yar'ashikanye imyaka 16 y'amavuka, yafashe urugendo rw'ibirometero 42 aya i Langfihangel aduga imisozi agana ahitwa i Bala, kugira ngo agure Bibiliya ku mupasitori.

Pasitori Thomas Charles yamubwiye ko yar'asigaranye bibiliya zibiri gusa, nazo akaba yari yazemereye abandi bantu. Ikibabaje, ntiyashobora kumuhamwo n'imwe. Mary yararize cane! Yaciye acika intege cane. Asa n'uwufise agahinda, Pasitori yaramubajije impamvu yariko ararira. Yamubwiye ko yar'amaze imyaka ishika kuri itandatu arondera amahera yo kugura bibiliya; uwo mupasitori amaze kuvyumva, yaciye yumva bimukozeko aca amuha bibiliya imwe mur'izo. Yaciye ataha yuzuye umunezero!

Uwo mupasitori yarakozweko cane n'ico kintu kibaye ku buryo yahavuye yiganira abandi mu nama y'Ishirahamwe ry'Ishengero rijejwe Gutanga ibitabo vy'iyobokamana (Religious Tract Society) ivyabaye kuri we na Mary. "Dukwiriye kurondera inzira ku buryo umuntu wese aba muri Wales ashobora kugura bibiliya izimvye cane". Ubwo nyene, umwe mu bo bakorana yaciye avuga ati: "Mbega nta kuntu twashobora kurondera uburyo bwo gufasha isi yose?" Nk'inyishu, ishirahamwe ryambere ryandika Bibiliya kw'isi ryarashinzwe (Ishirahamwe rya Bibiliya ryo mu Bwongereza no mu bindi bihugu). Akurikije akarorero k'ayo mashirahamwe, hahavuye havuka ayandi mashirahamwe ya Bibiliya 140.

Biratangaje ivyo Data wo mw'ijuru yashoboye gukoresha ako kana k'agakobwa, kubaha Imana! Reka rero tuzirikane aya majambo akurikira:

Ntukigere usuzugura igikorwa c'inkomezi c'umuntu, mu gihe igikorwa ca Mpwemu kiriko gikorwa mu nzira z'inkomezi. Imana ishobora kuba iriko iguhamagara mu gihe nk'iki.

(Ntucikwe gusoma: Esiteri 4:14-16 usome kandi : Christian Service, Chapter 26: Assurance of success)

NANJE IMANA YARANTEGURIYE IGIKORWA

Nashaka kubabwira igikorwa Imana yampaye mu 2011 n'2012, ariko ntavyo namenye, kugira ngo mpeshe Imana icubahiro kandi nongere ntere umwete abasomyi. Yatanguye igikorwa cari kunyengerera ubuzima bwanje. Ku rundi ruhande, mpura n'ibitsitaza bidasanzwe, ariko ku rundi ruhande ndonka intsinzi n'umunezero. Ndazi ntakekeranya ko iki gikorwa Imana yampaye ari igikorwa cayo. Igikorwa cose umuntu yaretse ngo Imana imukoreshe, ni uruhande rumwe gusa muri nyinshi zigize inyubakwa y'igikorwa c'Imana. Kubw'ivyo rero: "Umuco wanyu uboneshe; mube maso, mukorere Kristo, ni ho umuco wanyu wokwakira abantu. Ukayanganira mu kirere, werekana icubahiro ca Kristo, waka neza. Iyo umuco waka ukugarukako, igihe wiboneshereza wewe ubwawe, maze ugasaba abantu ngo bagushime, icoba ciza kuri wewe nuko wokwigumiriza n'amahoro yawe: kuko umuco wawe waka mu nzira itari yo. " (E.G. White, 4T, p. 400. 1, egwritings.org)

AKARORERO KAGARAGARA:

GUKWIRAGIZA INYANDIKO Z'IKANGURO

Mu buryo ntamenye, Imana yashize muri jewe umuvuduko w'igikorwa co gukwiragiza inyandiko z'ikanguro. Igwizwa ry'ibinyamakuru rinyereka mu vy'ukuri ko ntari umwanditsi, ahubwo ko nemerewe kuba igikoresho mu kuboko kw'Imana, kandi ni ko nkiri.

Vyatanguye uku: Mu bintu bine bitandukanye vyansunika Imana yanteye umwete wo gutegura ibisiguro vyinshi bijanye n'ubuzima

bwuzuye Mpwemu. Inyuma y’aho nasigura kimwe mur’ivyo bisiguro mw’Ishengero, narashoboye gutanga impapuro z’inyandiko ku bizera b’Ishengero bose. Abantu bahavuye bahanahana izo mpapuro n’abandi bagenzi babo. Niho abavukanyi babiri banonosoye ivy’iyobokamana baronka ibisiguro vyanje mu buryo cumi. Umwe muri bo yanyandikiye amajambo akurikira kw’igenekerezo rya 1 Rusama 2012 ati:

“Ibisiguro vyawe bijanye n’intambuko zishikana kw’ikanguro ry’umuntu ni ingabirano wahawe ivuye mw’ijuru maze igashika ku basomyi bose biciye kuri wewe... N’ubwo ata gihe kinini gishize turonse ibitabu bikomeye kandi ibitabo vyimbitse cane mu vya Mpwemu mw’Ishengero ryacu, iki cigwa ngo *Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’umuntu kiratangaje*. Mu buryo bwagutse cane kandi butomoye, inzira umuntu yocamwo kugira ngo yuzuzwe Mpwemu yarerekanywe. Uwusoma wese iki cigwa ntashobora kwirengagiza ngo areke gufata ingingo.”

Abo bahinga babiri b’ivy’iyobokamana bose baranezerejwe n’ibiri muri vyo maze baca bansaba ko nobishira mu nyandiko maze nkabisohora mu gitabo. Naravyiyumviriye ariko nca nsanga vyoja ku dupapuro duke ku buryo inzu y’ukumenyekanishirizamwo ibitabo itobiha agaciro kanini. Nahavuye ndavyihoza.

Ariko ico kibazo cose Imana yoyo yakibonye ukundi. Yari yashizeho integuro yayo kuva kera. Kandi yari isanzwe izi uko izoshika kur’iyo nteguro.

Ariko ku bw’integuro y’Imana, mu mwanya muto naronse igisabo ca Deutsch –Schweizerischen Vereinigung (DSV- Konferanse y’Ubudagi ifatanye n’Ubusuwisi) muri Zurich. Bari bipfuzaga gusohora ibisiguro vyanje nk’igitabo. Bariho bansaba uruhusha. Iyo Konferanse yanyemereye ko izokwitwararika buri kantu kose (gukosora, uburyo igitabo canditswemwo, amafoto, kwerekana mu buryo buboneka ibisomwa vyakuwe ahandi hantu, n’ibindi). Vyarangoye gutahura! Biciye mu burongozi bw’Imana impinduro ya mbere y’igitabo *Steps to Personal Revival* iri mu rurimi rw’ikidagi yarashizwe ahagaragara ku wa Gitugutu 2012. Ivyo vyabaye ata nteguro n’imwe nari ndabifisemwo.

Imbere y'uko bagisohora, Conferense yo mu Budagi hamwe n'Ubusuwisi zabanje kuvugana n'ama konferanse adasanzwe yo mu Budagi hamwe n'ama Iniyo y'aho, hatibagiwe na Iniyo yo muri Austria. Conferanse ya Bade-Württembergische yo mu Budagi hamwe na Iniyo yo muri Austria na bo bahavuye bifatanya n'abandi mur'ico gikorwa ku buryo noneho mur'ico gihe hari hakenewe amakopi y'ibitabo ashika ku 9200.

Twarabandanije tuja imbere twuzuye umwete mwinshi cane maze dusaba ko twosohorerwa amakopi 10,000. Ariko, uwudusohorera yasanze yakoze ikosa atari yiteze aca asohora amakopi 13,500. Mbega mur'ico gihe twari gukora iki? Twaciye twisunga isezerano riboneka mu gitabo c'Abaroma 8:28 hamwe havuga ko vyose bikoraniriza hamwe kutuzanira ivyiza kur'abo bakunda Imana kandi bemeye kuyiyegurira mu buryo busagutse.

Mu buryo butangaje, ya makopi 13,500 yaciye ahera maze duca tubandanya gusohozza ayandi menshi. Ni ibintu bisize ubwenge bw'umuntu, si vyo none? Kuva ico gihe hahavuye habaho impinduro 8 mu Kidagi z'igitabo *Steps to Personal Revival* zigizwe n'amakopi 45,000. Abizera benshi b'Ishengero bari basunitswe n'ubwo butumwa, barafashije cane mu gukwiragiza izo nyandiko ku bandi.

Mbega ni ibiki kandi bivugwa mu gitabo c'Abanyefeso 2:10? ***"Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo **dukore ibikorwa vyiza, ivy'Imana yateguriye kera ngo tubigenderemwo**".***

Umwami Imana yaduteguriye uturyo twinshi kandi twagutse two gusangira n'abandi!

Imana yerekanye mu buryo budakekeranywa ko ubu butumwa bwahanahanywe mu buryo butandukanye hamwe n'abantu benshi bashoboka. Nararonse kandi n'uyu munsu mbandanya ndonka ubutumire bw'amashengero yo mu gihugu n'ayo hanze y'igihugu bansaba ko noja kugirisha amakarishabwenge ku bijanye n'*Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'umuntu (Steps to Personal Revival)*. (Izo

nteguro na zo zikaba zigizwe n’amasaha ane: Guhanahana ubumenyi ku wa gatandatu, igisiguro co kw’isabato hamwe n’amasaha abiri inyuma y’umutaga.)

Ariko hagati y’aho, hari abandi bene Data bakoresha ayo makarishabwenge. Abigisha benshi barakoresha iki cigwa mu nsiguro zabo.

Ibintu bikurikira vyabaye kubw’integuro y’Imana, ata ruhara nabigizemwo: utu video twafashwe, amajwi y’isomwa ry’ico gitabo yafashwe, ikwirakwizwa ry’ico gitabo biciye ku rubuga ngurukanabumenyi rwitwa Amazone, hamwe n’ihindurwa ry’ico gitabo mu ndimi nyinshi. Imana yampuje n’umugabo n’umugore bashizeho urubuga ngurukanabumenyi mu kidagi no mu congereza. Urwo mu kidagi rwitwa: www.schritte-zur-persönlichen-erweckung.info. Urwo mu Congereza na rwo rwitwa: www.steps-to-personal-revival.info. Izo nyandiko z’igitabo ushobora kuzisomera ku rubuga ngurukanabumenyi, ukanazimurira mu bundi bubiko wipfuzwa ku buntu canke ukazirungikira abandi mw’izina, izo nyandiko nazo zikaba ziri mu bitabo bifise umutwe uvuga ngo *Steps to Personal Revival* zahinduwe mu ndimi 40 hamwe n’akandi gatabo kitwa *Abide in Jesus* kari mu ndimi zishika hafi 20. Zose hamwe zimaze gusohorwamwo amakopi angana n’umuliyoni n’ibihumbi amajana atatu (1,300,000) hamwe n’igitigiri kitazwi c’ababikura ku mbuga ngurukanabumenyi bo mu bihugu 143 (nko mu kwezi kwa Myandagaro 2020).

Abasomyi benshi barahanahanye ubumenyi. Urashobora kubisoma muri “Erfahrungen” canke “Testimonies”(ibishika hafi 160).

Iruhande y’ibishingantahe abantu banshikirije ku munwa hamwe n’ibindi vyanditswe birenga 500, ibindi vyiyumviro bishasha vyarongewe kur’izo nyandiko. Ivyo navyo vyerekana aho Igitabo *Steps to Personal Revival* gishibora kuganisha umuntu:

- Turamenya tudakekeranya ko Mpwemu Yera ari we ngabire nziza Yesu aduha.
- Iki gitabo cugurura amaso yacu ngo twisuzume maze twikebuke ku bijanye n’ubuzima bwacu bw’ivya Mpwemu.

- Turonka ugutahura neza ibijanye n'intambuko zibiri zijana umuntu ku buzima bwuzuye ubumote bwiza ku bandi kandi tukaronka icemeza ko twakijijwe.
- Igihe dusenze dufise amasezerano, amasengesho yacu aca ahindura ishusho. Duca dusengana umunezero, dufise ubushizi bw'ubwoba kandi dusengana inkomezi. Biciye mu gusenga bafise amasezerano, benshi baronse icemezo ko bahawe Mpwemu Yera.
- Umunezero wabo w'akaburarugero wabahinduye ivyabona maze baca basabagiza izo nyandiko, ivyo navyo bikaba vyaciye noneho vyongereza umunezero bari bafise.

Jewe ndatangara gusa iyo nitegereje ibikorwa vy'Imana bitangaje maze nkavuga nti: *“Yemwe abari mw’isi yose muvugirize Uhoraho impundu. Musabe Uhoraho munezerewe; muze mu nyonga ziwe muririmba. (Zaburi 1000:1-2) “...kuk’umunezero wanyu ari zo nkomezi zanyu.” (Nehemiya 8:10).*

Ivyo jewe ndabifata uku: Imana yampaye igikorwa c’ubwanditsi n’ubuyobozi bw’igikorwa. Bivuye mu gikorwa canje Imana yahaye n’abandi benshi igikorwa ca kabiri ku bwabo. Iki gikorwa ca kabiri kigizwe no gusengera abandi, guhindura inyandiko mu zindi ndimi, gukosora amakosa y’inyandiko, gusenga, gutanga uburyo, uburyo igitabo cokwandikwa, gusohora izo nyandiko, gushiraho amahuriro, gufasha mw’ikwirakwizwa ry’izo nyandiko, gutanga ibishingantahe, gushiraho imbuga ngurukanabumenyi, n’ibindi. Birabereye cane kuba Imana yarahaye igikorwa umugwi w’abantu. Igikorwa gikorewe hamwe n’abandi kigira agaciro kanini kuruta igikorwa gikozwe n’umuntu umw’umwe ku giti ciwe. Ndashaka gushimira cane bashiki banje na bene Data beza twamenyanye, abo Imana yanshoboje guhura na bo. Bamwe twakoranye igihe gito abandi na bo igihe kirekire. Mu buryo bwagutse, abo bose bagize uruhara mur’iki gikorwa barakwiriye kumenya ibi: Biciye mu buntu bw’Imana ndi uwukorana nayo mu mugambi wayo udasanzwe. Ndakora canke Kristo arankoresha ngo mpeshe Imana icubahiro.

Imana yarandetse ngo nitegereze ibikorwa vyayo bidasanzwe kandi birengeye ubwenge bw'umuntu ikora. Ibintu birengeye ububasha n'ubushobozi bw'umuntu. Jewe ico nshoboye gusa n'ukuyihimbaza no kuyiha icubahiro kandi ndipfuzza kuyikorera mfise umunezero!

Imana yipfuzza gukoresha umuntu wese! Mu bisanzwe, kenshi Imana ikunda gukoresha abantu b'abanyantegere nke bafise isezerano ryiza: *"...kuk'ubushobozi bwanje buhingurirwa mu ntege nke."* (2 Ab'i korinto 12:9)

Imana kenshi ihitamwo abanyantegere nke

Hudson Taylor, umukwizabutumwa adasanzwe kandi rurangiranwa, uwo Imana yakoresheje mu gushinga misiyoni yo mu gihugu c'Ubushinwa, umusi umwe yishuye umuntu yariko amushimagiza ku ruhara rudasanzwe yagize mu gikorwa c'ikwizabutumwa ati:

"Kubwanje mbona ko Imana yaretse isi yose maze irondera umuntu w'umunyantegere nke ngo akore igikorwa cayo. Imaze kumbona, iravugaga iti: "Ni umunyantegere nke cane", n'ukuvugaga ngo azokora igikorwa. Abantu bose babaye ibihanganye mu gikorwa c'Imana bari abantu b'abanyantegere nke maze bakorera Imana ibihambaye ku bwo kwizera ko Imana iri kumwe na bo".

Isengesho ryanje: "Data wa twese uri mw'ijuru, turagusavye utubabarire aho twakoze mu nkomezi zacu bwite. Duhe umutima uciye bugufi, ukugamburukira maze ukakwiyegurira ataco wisigarije. Tubabarire kuko twagumye twiteze inyishu zivuye ku nkomezi zacu bwite. Turakwinginze ngo buri musu uduhe Mpwemu Yera! Duhe kumenya ibikorwa wadutegekanirije mur'uyu mwanya. Turagusavye ngo uduhe kwikangura no kuvugururwa maze udukoreshe kugira ngo turangize igikorwa c'ubutumwa bwiza. Kuko wewe ari wewe gusa ukwiriye icubahiro n'ubwiza. Amen"

IBISHINGANTAHE VY'IVYABAYE

RAPORO INEZEREJE iva muri Osaka mu gihugu c'Ubuyapani:

Ukwisonzesha no gusenga dusaba Mpwemu Yera. Tudatevye na gato...

Sheri A: Twatanguje gushinga Ishengero muri Osaka mu gihugu c'Ubuyapani. Inyuma y'umwaka wose ntitwari bwabone umuntu n'umwe aza gusenga canke ngo aze kwiga ivyigwa vya Bibiliya. Twahavuye dufata ingingo yo kwifatanya n'abandi mu misi 100 yo gusenga, kandi ahanini yari amasengesho yo kwisonzesha no gusenga dusaba Mpwemu Yera mu kwezi kwa Rusama. Mu kanya gatoya Imana yaduhuje mu buryo tutiteze n'umugabo n'umugore wiwe bari mw'isoko nkuru bariko barondera Ishengero kandi bariko barondera Imana. Ubwo nyene baciye bavuga ko bakeneye ivyigwa vya Bibiliya. Kubw'ikiza, bari barahagaritse akazi, bityo rero duca tuja turigira hamwe ivyigwa vya Bibiliya buri musu, maze baca batangura kuja baraza gusenga. Vyongeye kandi, umubanyi wacu yahavuye atangura kuja araza gusenga kw'Ishengero ryacu. Ku bw'ivyo, twaciye tuja turatonda kabiri kw'isabato maze Ishengero ritoya ryariko rirakura! Imana ishimwe

100 Days of Prayer 2020, Prayer Focus(Day 100)

GC Ministerial Association July 4th,2020.

Ivyiyumviro Umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Ni irihe tandukaniro riri hagati y'uko jewe nkorera Imana n'uko Imana inkoresha?*

2. *Mbega ni ubuhe burorero buboneka muri Bibiliya bw'aho Imana yakoresheje umuntu ku gikorwa kidasanzwe?*

3. *Ni gute Paulo yashoboye gukora igikorwa c'ikwizabutumwa kidasanzwe nka kirya?*

4. *Ni ayahe masezerano dufise atwereka ko Imana yipfuzza kudukoresha ibidasanzwe?*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo mwipfuzza gusengera hamwe maze muhanahane ivyiyumviro kur'iki cigwa.
- Sengera hamwe n'uwo mwipfuzza gusengana...
 - 1) ...kugira ngo murabe nimba muriko mukorera Imana n'inkomezi zanyu canke nimba Imana iriko igukoresha mu nkomezi zayo.
 - 2) ...kugira ngo ushobore gutahura ingingo ziboneka mu turorero twa bibiliya two gufasha no gukora.
 - 3) ...kugira ngo ugire imigenderanire yimbitse n'Imana mu ntumbero yo gushobora kuba igikoresheho c'Imana.
 - 4) ...kugira ngo ushobore kubona uko wushobora gufasha abagukikuje hamwe n'Ishengero biciye mu kuyoborwa n'Imana.



IMYAKA NGIRAKAMARO YO KWIMENYEREZA

*Bisigura iki kugira indinganizo nziza
Mu kuyoborera abantu kuri Kristo?*

Ubwambere, nashaka kubabwira bimwe mu vyanshikiye jewe nk'umwungere mu gikorwa co gukiza imishaha. Hari imvo zibiri zihariye zatumye ndavyandika aha hepfo:

1. Kugira ngo abandi ntibazokore ikosha nk'iryo nakoze kandi
2. Kugira ngo abandi bashobore kwigira ku bintu vyiza nabonye.

Mu gutera intege abandi bene Data, nashaka kubamenyesha ko jewe ndi kumwe n'abandi bavukanyi muri Kristo babiri mu gikorwa c'ubupasitori ata vyigwa vy'iyobokamana twigeze tujamwo vyo kwimenyereza, mu yandi majambo twari abantu ataco tuzi. Ivyo vyabaye kuko hari ubukene budasanzwe bw'abapasitori mur'ico gihe. Imbere y'ivyo, nari narize cane mu myaka ishika 22 Ishengero ryari rimaze rikora.

Amajambo make kuri kahise kanje:

Mva mu muryango w'Abadivantiste. Nabatijwe mfise imyaka 17. Nari umusore afise isoni nyinshi. Ariko n'ubwo vyar'uko, urwego rw'Ishengero rugena abakozi rwangenye ngo mbe umwunganizi w'umwigisha w'ishure ry'isabato. Ariko nk'uko vyari bisanzwe biri muri ico gihe, sinari nshoboye kubahaririza. Nahavuye nja ndatsinda za soni

zanje buhorobuhoro biciye mur'ico gikorwa c'ishure ry'isabato. Uko imyaka yagiye ikurikirana nahavuye mba umurongozi mukuru w'ishure ry'isabato, ndongora urwaruka, nongera ndongora igikorwa c'ivugabutumwa n'umuzewashengero. Imbere y'uko mba Umupasitori nabanje gukorera mu bucuruzi imyaka 22. Ubumenyi nahakuye bwerekanye ko bwombera ikimazi mu gikorwa c'ubupasitori. Ku ruhande rumwe, uruganda nakorera rwampaye akaryo ko kuja mu gihugu c'Ubwongereza kugira ngo nige cane ururimi rw'icongereza mu kiringo c'umwaka. Kubera ko nahisemwo ishure ryacu ry'Abadiventiste ryitwa Newbold College, naranashoboye gukurikirana ivyigwa vya Bibiliya. Ariko mur'ico gihe nta n'iciyumviro na kimwe nari mfise co kuzohava mba Umupasitori.

Umukenyezi wanje yampa ubufasha budasanze mu gikorwa canje. Se wiwe yari yarabaye umupasitori n'umwigisha. Yar'asanze azi vyinshi yigiye muhira iwabo; ariko ntivyari ivyo gusa, yahora abafasha muhira mbere akanafasha n'Ishengero ry'intango yasengeramwo. Niho rero Imana yabandanya kumfasha mu kumpa incuti nziza hamwe na muramwanje, abo bese bakaba bari abapasitori. Ego, nashobora kuvuga ko Imana yampamagariye ikindi gikorwa gishasha, ariko yabanje kureka nca mu bintu bitandukanye maze ndonka ivyomfasha bikwiriye.

Ni igiki gihambaye mu gukiza imishaha?

Nabaye umupasitori igihe nari mfise imyaka 38. Tumwe mu twigoro twanje duke twa gukiriza imitima Kristo, ubwambere twatanze umwimbu muke cane. Ukwo kunanirwa kwatumye negura ubuhinga bwanje bwo gukora. Biciye mu bufasha bw'Imana nagiye ndabona ikintu nokora gitandukanye. Igihe nashira mu ngiro ubwo bumenyi, inyishu zabaye nziza.

Ibi ni vyo nize:

Nk'itegeko, ni vyiza gukurikiza uru rutonde:

- Kubanza kuvuga ivya Yesu no gufasha abantu ngo bamwemere

- Gutanga ivyigwa vyo guhindura abantu abigishwa kugira ngo utanguze canke utume abantu bagira imigenderanire yimbitse na Kristo, kugira ngo ubafashe gutahura ibijanye n’imbabazi ku caha n’ukuntu bobaho ubuzima bwuzuye Mpwemu Yera.
- Inyuma y’ivyo, ukuri shingiro gutandukanye kwa Bibiliya kugaca gukurikira.
- Igihe abantu bigishijwe mur’ubwo buryo, tuba turiko tubafasha gufata n’ingingo yo kubatizwa no kwinjira mw’Ishengero.

Aho ushobora gushikana umuntu muri iyo nzira bivana n’ukuntu yugururiye umutima wiwe umuhamagaro wa Mpwemu yera.

Aho Abakorana na Yesu bashobora gushikana abana muri iyi nzira imisi yose bizokwama bigenda bihindagurika.

Ivyambayeko mu misi yambere

Aho natangura igikorwa canje c’ubupasitori mu 1968, isekeza mpuzamakungu ryitiriwe ngo *The Bible-Speaks* (Bibiliya iravuga) ryari ryatanguye. Abari baryitabiriye bagenda inzu ku nzu begeranya ivyiyumviro abantu bafise mu vyo gusenga. Inyuma y’iryo tohoza, abantu baragabiwe ama bibiliya. Umuntu wese yavyipfuzaga yarabwaga Bibiliya. Ariko icyo basabwaga car’uko icyo bibiliya batazoyegurirwa burundu batabanje kurangiza ivyigwa vya bibiliya 24. Bahavuye bahabwaga rero ivyigwa bibiri vya mbere kandi ibi vyigwa vyari kwegeranywe mu ndwi imwe canke zibiri, nk’uko vyari vyipfujwe, kugira ngo bikosorwe maze ibindi vyigwa bibiri bikabona guca birekerwa abo bantu.

Ikinezereje, Ishengero nari njejwe muri icyo gihe na ryo ryahavuye ryifadikanyaga n’abandi rifise umutima ukunze mur’icyo nteguro. Buri kw’isabato inyuma y’umutaga twarasohokaga tukagenda turi nk’abantu 24 maze tukigabagura mu mirwi ya babiri babiri mu gihe c’imbeho nyinshi yo mu myaka y’1968 na 69. Inyuma y’amezi makeyi twari dufise

abantu bashika ku 700 bariko bakurikirana ivyo vyigwa. Iki gikorwa c'ivugabutumwa cari gifise ihangiro ryo gutegurira abantu akigoro kadasanzwe k'ivugabutumwa ryagutse. Ibikorane vy'ivugabutumwa vyakoreshejwe n'umuvugabutumwa ava ku cicero gikuru c'Ishengero yitwa Andereya C. Fearing, guhera mu kwezi kwa Ndamukiza 1969. Mwene Data umwe yitwa Rheinhard Rupp, umuvugabutumwa yava muri Iniyo yo mu bumanuko bw'igihugu c'Ubudagi, yahavuye abandanya n'ivyigwa vyo mur'ivyo bikorane. Yakurikiwe n'abandi bigisha benshi, bakaba batanga inyigisho zabo ku wa gatandatu, kw'isabato no ku wambere w'imisi ndwi. Vyose hamwe vyari nk'ivyigwa 100. Mu buntu bw'Imana, inyuma y'imyaka ibiri abantu 32 bari bitabiriye ivyo bikorane bakaronka inyigisho mu buryo butandukanye barabatijwe. Narakoresheje Indongozi zo kwiga Bibiliya cumi zanditswe na Fordyce W. Detamore kugira ngo mfashe abantu mu kubayoborera ku gufata ingingo.

Ikibabaje, mu bari biteguriye kubatizwa harimwo umugore umwe gusa muri ba bantu 700 bari bitabiriye rya sekeza ryiswe ngo *Bibiliya iravuga*. Twaribajije igituma twaronse umwimbu “muke” cane nk'uwo. Haheze igihe, twahavuye dusanga ko twataye umwanya munini tuvuga amajambo menshi maze ntitwashira umwete ku gushikira umuntu wese ku giti ciwe. Kandi vyongeye twahavuye dusanga ivyigwa vy'indongozi ya Bibiliya no kwigisha ivyizerwa-nshingiro ari vyo twashimikiyeko imbere y'uko tuyoborera abantu kuri Yesu. Sinigeze ntahura impamvu gushika aho nahavuye menya ko kutagira Mpwemu ari kimwe mu vyatumye umwimbu uba uwudashimishije na gato. Twari twatanze ubutumire bungana hafi 10,000 ku ngo nk'igice kimwe c'igikorane c'isekeza ryitiriwe *Bibiliya* iravuga ariko n'ubwo twari twakoresheje utwigoro twinshi, twahavuye dushobora gusa kuzana umuntu umwe gusa ku mubatizo ku bantu 700 bari bitavuye.

Mvuze vyinshi kuri ibi bintu vyanshikiye kuko nshaka gukingira abandi kugira ngo ntibazohure n'ingorane nahuye na zo. Kandi ni ivy'agaciro cane kwigira ku bintu abandi bacyemwo kuruta kwigerezako wewe ubwawe.

Ivyambayeko ubwakabiri

Ikindi gikorane kidasanzwe nakoresheje cabaye mu 1971 na 72 njejwe irindi shengero. Nk’uko twabikoze n’ubwambere, twaragiye inzu ku nzu maze twidondora abantu dufise icipfuzo co kumenya ibibazo vyabo. Ariko ubu hoho inyuma y’iryo tohoza, twabajije **ikibazo casuzumwe kandi kihwejwe neza dukura mu gatabo ko mu kidagi (Ergreife das Leben)** kibaza ngo: **“Dufate ko wopfa uyumusi, urumva ko ufise icemezo ko woronka ubugingo budashira hamwe na Yesu?”**

Nk’itegeko, ibi vyatuyoboreye ku gusomera hamwe na bo ka gatabo. Ibiri muri ko ni incamake y’umugambi w’agakiza mu ntambuko zine kandi karangizwa n’isengesho ry’ukwiyegurira Imana. Bamwe mu bantu barakozweko cane ku buryo batugenekereje aho imiryango yabo iba maze baca badusaba ko twobagendera maze tugasomera hamwe ibiri mur’ako gatabo.

Inyuma yo guca hirya no hino ibiri muri ako gatabo hamwe n’abantu bavyipfuzwa, twahavuye twigana na bo ivyigwa bitanu vyashizwe ahabona n’igisata c’urwaruka mu Nama nkuru y’Ishengero (Conférence Générale) bijanye n’ukuntu woyoborera urwaruka kuri Kristo. Inyuma y’ivyo niho twakoresheje gusa ivyigwa vyo mu gitabo *The Bible Speaks* (Bibiliya iravuga)

Abakurikiranye ivyigwa vy’inyigisho zitiriwe *Bibiliya iravuga* bose hamwe bari 150.

Ikindi gihe cakurikiye, twatanguye ibikorane binini vy’ivyigwa vyo ku mugoroba maze ivyo vyigwa bitangwa mu migoroba irenga 52 bikoreshejwe n’umuvugabutumwa Kurt Hasel. Inyuma y’ivyo vyigwa abantu 13 barabatijwe; mur’abo, abantu ndwi bari bavuye muri babantu 150 twagendera. Umwimbu wo mur’ibi bikorane vya kabiri waruta kuba mwiza incuro nyinshi cane ibikorane vya mbere, aho twari twaronse umuntu umwe gusa abatizwa mu bantu 700 bari bitabiriye ibikorane.

Ivyambayeko ubugira gatatu

Ikindi kintu kidasanzwe cabaye kuri jewe cabereye mu mashengero abiri mu gisagara kinini mu mwaka w’1973 na 74. Inyuma yo gutanga ivyigwa bitandatu ndi kumwe n’umuganga Dogiteri Waldemar Maretz kugira ngo turonke abantu bavyipfuzwa, twabatumiye mu mugwi wo kwiga ivyigwa vya Bibiliya. Abashitsi ndwi hamwe n’abizera benshi baravyitabiriye. Twarigiye hamwe ivyigwa icenda vyo mu nyandiko z’ibinyamakuru vy’Ishengero vyitiriwe *Guhindura abantu abigishwa*. Rwari urukurikirane rw’ivyigwa biteguye neza kandi bishimikiye kuri bibiliya kandi bitanga indero nziza bishimikiye ku guhindura abantu abigishwa, bikaba kandi vyarimwo intangamarara y’ivugabutumwa ry’umuntu ku giti ciwe. Mur’uru rukurikirane harimwo ivyigwa bibiri bivugaga ibijanye no Kubana na Mpwemu Yera. Ivyo vyigwa bitandukanye vyashizweho kugira ngo umuntu akemure ibibazo bikurikira:

- Abakristo benshi barakekeranya ku migenderanire bafitaniye na Kristo
- Babayeho ubuzima burangwa n’ibibarwanya n’ugushikirwa n’ivyo batari biteze
- Ntibazi uburyo bwo gusangira n’abandi ukwizera kwabo mu nzira nziza.

Inyuma y’urwo rukurikirane rw’ivyigwa ruto rwo guhindura abantu abigishwa rusa n’urundi rukuru rwari rwateguwe, twahavuye dutumira ba bashitsi ndwi mu gikorane kinini c’ivyigwa bitandukanye vyari vyateguwe kumara imigoroba irenga 52. Inyuma yavuye abantu bangana 13 barabatijwe, kandi batanu muri bo bari bavuye muri **babashitsi bacu ndwi twigira hamwe**.

Iyi yari inyishu nziza Imana yampaye kuruta ibindi bihe mur’ubu bwoko bw’igikorwa.

Reka dusubire tugereranye:

- Umuntu 1 ku bantu 700 bitavye
- Abantu 7 ku bantu 150 bitavye
- Abantu 5 ku bantu 7 bitavye

Nk’uko dushobora kubibona ngaha, ubuhinga bwiyumviriweko neza bufise uruhara rudasanzwe mu kugarurira abantu Yesu. Ni wibuke ko: umuntu wese afunga nabi igipfungo cambere c’ikoti ryiwe ntazigera

agira ikoti ripfunze neza. Impera n’imperuka bizoba ngombwa kuri we gufungurura ikoti ryose maze asubire gutangura gushasha.

Umuntu wese atagize intango nziza mu bijanye n’ukwigisha ivy’ukwizera, mu bisanzwe ntiyokwitega umwimbu mwiza. Kandi intambuko zikurikira zitegerezwa kubanza gutegurwa neza kugira ngo umuntu ntace asubira inyuma. Ukwo gusubira ku ntango har’aho kugira ikimazi ariko gutuma umuntu atakaza ihangiro yihaye, ryo gushikana abantu kuri Kristo.

Inyuma y’iki kintu ca gatatu canshikiye, maze kikaba cabaye ciza kuri jewe, nama natanguriye ku rukurikirane rw’ivyigwa vyo guhindura abantu abigishwa iyo naba ndi kumwe n’abantu bashasha bavyipfuye. Imbere y’ivyo canke mu kindi gihe gikwiye, nabanza gusomera hamwe na bo ka gatabo kitwa **Gukiza ubugingo** (Seize Life). [Ako gatabo ni ikigabane c’7 muri iki gitabo]. Inyuma y’ivyo gusa ni ho naca nja mu zindi nyigisho zitandukanye za Bibiliya.

Narize ko abantu bafashe ingingo ubwambere yo gukurikira Yesu, usanga bafise umuriro mwinshi kandi usanga bafise inkomezi zo kwemera no gushira mu ngiro inyigisho za Bibiliya.



Ibintu bidasanzwe nabonye ku rwaruka rwo mw’Ishengero

Mu 1978 natumiye abarongozi b’urwaruka mw’Ishengero ry’I Saarland ngo baze gukurikirana inyigisho zijanye no guhindura abandi abigishwa. Mu ntango uru rwaruka rwasa nk’aho ibi vyigwa ataco birubwiye. Ariko ivyo vyahindutse mu kanya gato, maze bacika abakurikira Yesu banezerewe kandi bafise ishaka biciye muri ivyo vyigwa. Igihe twasigurira Ishengero ko ari vyiza ko ikarishabwenge ryohaba ku bijanye n’ivyo vyigwa, urwaruka rwabaye urwambere mu gutanga ibishingantahe vyiza. Imana yarongeye gukoresha bino vyigwa vyo guhindura abandi abigishwa mu kuyoborera abantu ku kubaho ubuzima bwuzuye umunezero bwo kwizera.

Igihe nariko nkorera muri Saarland, nariboneye uko abantu benshi basenze isengesho ryo kwiyegegurira Imana inyuma yo kwiga ka gatabo kitwa Gukiza Ubugingo (Seize Life). Hari abantu 62 kandi muri bo 30 barabatiywe. Ndashaka gushima no guhimbaza Imana kubw’ivyo!

Ivyabaye kuri jewe ndi muri Bad Albling mu rukurikirane rw’ivyigwa bijanye n’uguhindura abantu abigishwa hamwe n’inyigisho za Bibiliya

Kuva mu 1984 nari njejwe ikigo c’abakukuruke muri Bad Ail (mu Budagi). Hagati y’imyaka 1985 na 1994 twarakoze ikarishabwenge ku bijanye n’Imibereho myiza muri buri gihe c’urushana gushika ici ritanguye. Rimwe na rimwe har’aho iryo karishabwenge twaryitirira ibintu bitandukanye n’ubwo ivyigishwa muri ryo vyari bimwe. Buri gihe cose haba hategekanijwe amajoro hagati ya 11 na 12 y’ivyigwa. Kubwo gufashwa n’Imana twarashoboye kuzanira abantu Kristo mu makarishabwenge nka yose. Abashitsi bamwe bamwe hamwe n’abakozi baje bava ku kigo c’abakukuruke na bo nyene baritabira iryo karishabwenge nka kabiri canke gatatu.

Buri mugoroba, iryo karishabwenge ryari ryubatse uku:

Haba ikiganiro c’iminota 30 ku bijanye n’amagara canke ingo n’imiryango canke naho icigwa kivuga ngo *Abakristo mu bikorwa vy’ubuzima bwa misi yose*.

Igice kinini c’integuro zo ku mugoroba cari kigizwe no gutanga ibibazo ku bijanye no guhindura abandi abigishwa (Ivyigwa biri ku mpapuro icenda). Twarongeramwo ibindi vyigwa nk’ibijanye n’*Akamaro k’Ishengero ry’Intango mu Buzima bwacu bwo Kwizera* hamwe n’*Ubwaku bw’Ukwizera kw’Ikirenga*. Inyuma y’ivyo, twarashobora kwiga ivyigwa bihambaye vya Bibiliya hamwe n’abumva bavyipfuzaga cane.

Kuva mu mwaka w’1984 twaratanze ibikorwa bitandukanye vy’abari mu karuhuko vy’ukwimenyereza ku kigo cacu c’abakukuruke: gukorera mu biro, gutunganya inzu, gukinjika, umuforoma afasha kwitaho abageze mu za bukuru (umwaka 1) n’ibijanye n’ukuvura abo

bageze mu za bukuru (imyaka 3 hamwe n'amashure ari kw'ishure risanzwe ryakira abitanga).

Vyongeye, twari dufise imisore itanu yari isanzwe ikora n'ibindi bikorwa vyo kuruhande (ibikorwa vya vya gisirikare).

Igihe twaba turiko twakira abakiri bato, twarongera tukababaza kandi nimba bumva bonezererwa no kwiga inyigisho za Bibiliya hamwe n'iz'amagara iruhande y'ibikorwa vyabo vy'ukwimenyereza. Twarashobora kubasaba ngo batahure ko twashatse guha ubuzi bukeyi abakiri bato bacimenyereza maze bakavyipfuza. Twarashimikiye ko boduhitamwo nimba bari bumva bishimiye ako kazi kose tubahaye. Kwitabira ivyigwa vy'ukwitanga, ivyigwa vya Bibiliya hamwe n'ivyigwa vy'amagara vyategerezwa kuba itegeko mur'ico gihe co kwimenyereza.

(Uyu musu nokwongeyeko ivyigwa vy'indero runtu navyo; nkoresheje igitabo ca Salomo c'imigani. Iki gitabo kirimwo indero ya bibiliya ku buzima bwacu bwite hamwe n'ibijanye n'ubuzi dukora. Nticerekana gusa ingendo nziza, ariko kandi cerekana amategako nshingiro y'ukugira ngo tuyishikeko, ayo nayo akaba ari ukwubaha Imana.)

Twabwiye urwo rwaruka ko ubumenyi rwaronse bujanye n'ivy'amagara hamwe n'ivy'ukwizera ari rwo ruzokwihitiramwo uko ruzobikoresha. Abari basavye iyo myimenyerezo nka bose bahavuye bafata ingingo yo kuza. Imana mu buryo butangaje bwayo yaduhaye umwigeme yize w'umudivantiste, uwo nawe akaba yatanga inyigisho za bibiliya hamwe n'ivyigwa vy'amagara kandi kenshi niwe yaca yitaho ibijanye n'amakarishabwenge. Yari yararonse inyigisho z'igipasitori maze aranaronka n'urupapuro rw'umutsindo rwa kaminuza rwo kwigisha ibijanye n'ugutunganya amazu yaronkeye kuri kaminuza y'ubuhinga y'abigeme.

Twaranezerejwe n'uko buri mwaka n'imiburiburi umuntu umwe yarabatizwa. Hari imyaka ibiri, aho twabatijemwo abantu ndwi muri buri mwaka, kandi benshi mur'abo bari abakozi bakiri bato. Ubu nibwo bwari uburyo bwacu bwiza bwo gusangira n'urwaruka ukwizera kwacu. Rero, nk'ikigo twarashoboye kurangura igikorwa kidasanzwe twajewe na Kristo. Kubw'ivyo rero ubwo bwabaye uburyo bwiza kandi buzana umwimbu kuko twabanje gushikanira abantu Kristo.

Gushinga umurwi wo gushigikira Igikorwa Mpuzamahanga(Mission Globale)

Mu 1994 Ishengero ryo muri Bad Aibling ryarashinze umugwi ujejwe gushigikira igikorwa mpuzamahanga c'ivugabutumwa nk'igisata cigenga c'Ishengero (Raporo yo mu kidagi y'isabukuru y'imyaka 25 uyisanga kuri [www. missionbrief. de](http://www.missionbrief.de): 25 Jahrfeier). Mu 1990, Jenerale konferanse yararungitse umugambi w'igikorwa mpuzamahanga c'ivugabutumwa. Batanze icyumviro co kugura ikibanza ahantu haba abantu bangana n'umuliyoni hatari bwashike ubutumwa mu ntumbero yo kuhashinga Ishengero ryambere. Twebwe nk'Ishengero rya Bad Aibling twaciye twitanga. Twaciye dusabwa gukorana na Konferanse ya Tashkent-Uzbekistan. Twahavuye twinjira mur'ako karere katari bwinjirwemwo n'ubutumwa mu gisagara ca Navoiy muri Uzbekistan. Kubwo guhezagirwa n'Imana, twarashoboye gushinga Ishengero aho hantu rigizwe n'abantu bashika hafi 200. Kandi ibiro vy'Ishengero vyarubatswe.

Igikorwa c'ivugabutumwa tutari twiteze carakuze kivuye kuri ibi bikorwa bito vy'intango kubwo kurongorwa n'Imana n'ubuntu bwayo. Twarize vyinshi igihe twariko dukorana n'urwego nyobozi rw'amamisiyoni n'ubufasha bwayo. Imana yarahezagiye urwo runani. Ibintu bikurikira ni vyo vyacyiye biba:

- ✓ Kuva 1994 abakoranabushake batanguye gushinga amashengero (Abakwizabutumwa bigenga). Ishure ryo gutegurira abantu kuba abakwizabutumwa ryarashinzwe kugira ngo bamenyereze abakoranabushake muri Navoiy-Uzbekistan. Mu myaka ine gusa, abavugabutumwa bigenga 42 barahawe inyigisho; 41 muri abo batanguye gukora igikorwa nk'abavugabutumwa bigenga bama babikora. Biciye mu twigoro twabo, ibice 10 bitari bwinjirwemwo n'ubutumwa bw'ahantu hitiriwe "ibisagara umuriyoni" na vyo vyarashikiriwe. Muri utu duce twose, amashengero canke imigwi vyarashingwa. Biciye mu bikorwa vyabo, abantu barenga 500 barabatijwe. Inyuma

y'ukubona ibi bintu vyiza bibaye, umurwi wacu wo gushigikira igikorwa wo mw'Ishengero ry'i Bad Aibling waciye utanguza imigambi ibiri muri Turkmenistan mu myaka ya 2001 na 2002. Inyuma y'aho, iyindi migambi itatu yarakurikiye mu Buhindi. Ellen White yavuze ibi bikurikira ku bijanye n'igikorwa c'ivugabutumwa c'aho umuntu aba canke mu makungu:

- ✓ “Abakristo bacu bari bakwiriye kwumva barajwe ishingane cane no kuvugira ubutumwa aho baba mbere no kubuvugira mu yandi mahanga. Bazoronka imihezagiro igihe bazokoresha utwigoro two kwitanga mu gushinga inyigisho z'ukuri mu kindi gihugu. Amafaranga azokoresheya muri iki gikorwa azozana inyungu z'umurengera”. (*Testimonies for the Church, vol. 9 p. 49. 3*)
 “Igikorwa c'ugukwiza ubutumwa aho umuntu asanzwe aba kizoshika kure mu buryo bwose igihe umutima wo kubohora, w'ukwiyanka no kwitanga nk'ikimazi uzogaragara kugira ngo ibikorwa vyo guteza imbere amavugabutumwa yo mu bindi bihugu bitere imbere; kuko ukuroranyirwa kw'igikorwa gikorera aho umuntu aba ahanini, kirongowe n'Imana, kiva ku bwaku bukugarukako bw'igikorwa c'ivugabutumwa cakorewe mu bindi bihugu”. (*Testimonies for the Church, vol. 6, p. 27. 5*)

Twariboneye ukuri kw'ayo majamba! Ubwaku butugarukako kuri twebwe bwari ubu:

- ✓ Kuva mu 1999 amashengero yarashinzwe mu Budagi n'abapasitori, abizera b'Ishengero hamwe n'Abakoranabushake. Amashengero yagize uruhara mu gikorwa c'ivugabutumwa ryo hanze y'igihugu muri Uzbekistan mu myaka iri hagati y'8 na 10 (kuva mu 1995), yarashinze amashami muri icyo kiringo gusa:
 - Ishengero ryo muri Bad Aibling – muri Feldkirchen Westerham
 - Ishengero ryo muri Lindau – muri Wangen, muri Lindenberg kandi hamwe n'iri shengero kandi ryo muri Isny
 - Ishengero ryo muri Überlingen – muri Pfullendorf no muri Markdorf

Amashengero yagize uruhara mu gikorwa c'iryo vugabutumwa mu bindi bihugu yar'amaze imyaka hafi 100 ashinzwe. Igihe gusa babona ubwaku

buvuye ku gikorwa c'ivugabutumwa bakoreye mu bindi bihugu bubagarutseko, ni ho igikorwa c'ivugabutumwa co mu bihugu vyabo catera imbere.

Ibindi bikorwa bihambaye vyarakurikiye:

- ✓ Kuva mu 1994 Ikinyamakuru c'igikorwa c'ivugabutumwa *Missionbrief* carashizwe ahabona. Intumbero yaco yar'iyi kumenyesha no gukangurira abantu kwikangura no kuvugururwa mu turere turiko dushingwamwo amashengero, ahariko hakorerwa ibikorwa vy'ikwizabutumwa mu gihugu no hanze y'igihugu. (Uko ico kinyamakuru catanzwe: amakopi 13,000 kubw'amashengero yo mu Budagi muri Austria no muri Switzerland.)
 - ✓ Mu 2003 ishure ry'igikorwa c'ivugabutumwa ryarugawe bivuye kw'itegeko rya Leta. Bivuye ku bikorwa bidasanzwe vyaranguwe n'iryo shure ivyo na vyo bikaba ari ibi: abavugabutumwa bigenga 41 b'abakoranabushake biyeguriye igikorwa c'ivugabutumwa, twahavuye tuvugana n'ikigo Outpost Centers International co muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika maze tugisaba ko coshinga ikigo coshobora gufasha mu kwubaka amashure mpuzamakungu y'abavugabutumwa bigenga, mu gushira akatuzo kw'ivugabutumwa ry'ivy'amagara. Tumaze kuvugana nabo, umugwi w'abantu 150 wo gusenga warashinzwe kandi wasabwe gusenga gushitsa turonse umuco kur'ico kibazo, nimba koko Imana yaripfuzako turonka ico kigo. Inyuma y'igihe gito, vyari vyamaze gutomoka ko mu vy'ukuri Imana yashakako ico kigo kihaba. Ivyo vyatumwe hashingwa ikigo c'abakora bigenga kijejwe ivyigwa mpuzamakungu vy'amagara (**L. I. G. H. T: Lay Institute for Global Health Training**) gifise icicarohamwe ahitwa Wildwood muri Amerika.
- Intumbero: Ibikorwa, gupima no gufasha mu guteza imbere amashure matomato y'ivy'ivugabutumwa kw'isi (ivyigwa bimara hagati y'amezi 6 na 12) no kumara ukwezi kumwe hatangwa ivyigwa vyagutse vy'amagara y'abantu. Uyu musigira ico kigo

gikorera mu bihugu birenga 100. Abantu bari hagati y’5000 n’6000 baramaze kuronka izo nyigisho z’ivy’amagara z’amezi ari hagati y’6 na 12 ku mashure y’ivy’ivugabutumwa asanzwe akorana n’ico kigo kandi abantu barenga 24,000 bararonkejwe ivyigwa vyagutse vy’indwi zine (nko mu mpera z’umwaka w’2019).

- ✓ Kuva mu 2012 habaye ugutera imbere kw’inyandiko z’ugukangura abantu harimwo n’inyandiko zamenyekanye cane za Dennis Smith zijanye n’Imisi 40. Iki nico cigwa cuzuye Mpwemu c’ivugabutumwa cabaye ciza kuruta ibindi vyose nari narabonye. Twaragerageje guhindura mu zindi ndimi no gukwiragiza igitabo c’Imisi 40-kuva ku muzingo wa 1 gushika kuwa 5 canditswe na Dennis Smith hamwe n’igitabo citwa *Steps to Personal Revival (Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’umuntu ku giti ciwe)*, *Abide in Jesus (Nimugume muri Yesu)* hamwe na *Spirit-filled Coworkers of Jesus (Abakorana na Yesu buzuye Mpwemu)* canditswe na Helmut Haubeil. Vyongeye kandi, harashinzwe n’imirongo myinshi yo ku mbuga ngurukanabumenyi ikurikira: www.schritte-zur-perönlichen-erweckung.info hamwe na www.steps-to-personal-revival.info babanje gukorana n’abakozi bo muri Advedia. Ku bw’ivyo rero, ubu ni umurwi wo gushigikira Ikanguro hamwe n’igikorwa mpuzamahanga.
- ✓ Kuva mu 2014 hashinzwe umurongo wo ku rubuga ngurukanabumenyi witwa www.gottenrfahren.info kugira ngo abantu bariko barondera bashobore kuronka ubuzima bwuzuye mu migenderanire yabo n’Imana. Uyu murongo washinzwe habaye ugukorana n’Ibigo vyitwa Hope Bible Institutes vyo mu Budagi, muri Austria, Switzerland na Luxembourg. Ibi bigo bijejwe gukurikirana abantu bariko bipfuzwa kubonana na vyo. Uyu murongo wo ku mbuga ngurukanabumenyi washizweho bakoranye na Ilja Bondar yo muri Advedia. Uyu murongo ukurikiranwa incuro ziri hagi y’3,000 n’5,000 ku kwezi.

Ku bw'ubuntu bw'Imana nakurikiranye uwo murwi ushigikira igikorwa imyaka ishika 25. Ico nshobora gukora gusa ni ugushima no guhimbaza Imana yacu nziza buri musu ku kuntu yama ituyobora n'ivyo yadukoreye vyinshi, ivyo twahawe amahirwe yo kubona. Vyongeye kandi, ikindi kintu conyene nshobora gukora ni ugushimira Umwami wacu n'Umucunguzi Yesu Kristo, yampaye ubuzima bwuzuye haba mu gihe nari mu gikorwa no mu gihe co gukukuruka. Mu munezero w'akabururugero, narashoboye kuba umwe mu bagize uruhara mu gikorwa c'Imana co gukangura isi yose mu misi yanyuma ya kahise k'isi!

"Ariko Imana ishimwe! Iduha gutsinda kubw'umwami wacu Yesu Kristo. Nuko bene Data nkunda, mukomere ntimunyiganyige. Murushirize Imisi yose gukora ibikorwa vy'Umwami wacu, kuko muzi yuko ubutame bwanyu atar'ubw'ubusa mu Mwami." (1 Ab'I korinto 15:57-58)

Reka dukorere Umwami wacu dufise Yesu Kristo mu mitima yacu kandi twuzuye Mpwemu Yera. Turakeneye gushingira intahe Kristo mu majambo no mu bikorwa vyacu, ari na kwo kwubaha Imana, kugira ngo abagenzi bacu bakizwe kandi na bo bahezagirwe kandi natwe nyene dushobore gukura nk'abakurikiye Yesu, kubw'umunezero wacu bwite no kwuzuzwa.

Isengesho ryo gukenguruka: Data wa twese uri mw'ijuru, ndashaka kuguhimbaza no kugushimira ukuntu uturongora neza. Ndagushimiye ku bw'Ishengero ry'intango ryakwizigiye maze rikemera gutera intambuko mu gukora igikorwa co gukwiza ubutumwa mu mahanga. Ndashaka kugukengurukira ku bw'abantu basenga, abantu batanga hamwe n'abandi bafasha. Ndagushimiye kur'abo bose bagira uruhara-abakoranabushake, amashengero, inzego nyobozi hamwe n'iyindi mirwi yose ishigikiye igikorwa. Waraturongoye maze natwe dushobora kugira ico dufashije ku kuzana abantu ku gakiza. Ndagusavye ngo ubandanye kubana natwe n'igikorwa cacu c'ikwizabutumwa! Warakoze kuko wadushoboje kubona ubwaku butugarukako! Na none turagusavye ngo

isi yose yikangure kandi ivugururwe! Ego, turipfuza ko ubutumwa bwiza bwanyuma buvugwa mur'iki gihe, kugira ngo Yesu agaruke vuba! Data, uguhimbazwa n'ubwiza bibe ivyawe ibihe vyose, AMEN."

IBISHINGANTAHE VY'IVYABAYE

Umukuru wa Misiyoni-filidi yo mu gihugu co ku mugabane wa Asiya
“Ndasenga ngo iki gitabo kize gihindure igikorwa cacu c'ivugabutumwa cose. Ndi umukuru wa misiyoni. Narahejeje gusoma ubwambere igitabo *Intambuko ziganisha kw'ikangura ry'umuntu ku giti ciwe*. Ndasavye imbabazi kuko ntari nigeze menya iki gitabo, ariko Imana ishimwe ko yanyeretse ico gitabo ubu.

Mu vy'ukuri, iki gitabo nakironse nk'ingabire ndagihawe n'umugenzi. Nta vyinshi nari ndacitezeko, ariko maze ku gisoma, catanguye kugira ubwaku ku buzima bwanje bw'ivya Mpwemu. Hanyuma ijoro ryakurikiye, nararungikiye abo dukorana iki gitabo ku materefone maze nca ndabasaba kugisomera hamwe n'imiryango yabo. Guhera uyu munsi, ngiye kugisoma ukundi gusha hamwe n'umukenyenzi wanjye, kandi ngiye kukirungikira abuzukuru banje n'umukazana wanjye. Igihe nariko nsangira n'abo dukorana iki gitabo, nahavuye menya ko hariko haba uguhindura ico gitabo mu ndimi zibiri zikuru. Ndasaba Imana ngo iki gitabo kize gihindure igikorwa ca misiyoni yacu yose. Tuzogisohora mu ndimi zacu kugira ngo abanywanyi bacu baze bahezagirwe n'ukugira Mpwemu Yera mu buzima bwabo. Igituma nkwandikiye iri kete n'ukugira ngo ngusabe akaryo, nimba woza ugasigura mw'ikarishabwenge ry'umuryango w'abakozi bacu. Nimba woza maze ukarongora abakozi bacu vyoba vyiza cane.

Ndasaba Imana ngo ibandanye kugukoresha n'igitabo cawe mu kuzana umuvyuro kw'Ishengero ryayo.” (H. J. EE090220 # 148)

Abarenga ijana bifatanyaga n'amasengesho y'isaha imwe yo ku rubuga ngurukanabumenyi hamwe na “Guma muri Yesu”.

Mba mu gihugu ca Brezil, ahitwa Curitiba-Parana. Umwaka uheze Ishengero ryacu ryarakwiragije igitabo *Intambuko zishikana kw'ikangura ry'umuntu ku giti ciwe*. Ni igitabo ciza cane. Ubu tuvugana

maze kugisoma incuro zitatu. Maze gutegura ibisiguro bitatu kur'ubu butumwa. Naranezerewe cane aho incuti yantumira mu masengesho y'isaha imwe: buri gitondo isaha cumi nimwe. Uwo murwi w'amasengesho wiga igitabo ca kabiri citwa *"Nimugume muri Kristo"*. Biciye muri ivyo bitabo bibiri, bene Data barenga ijana basigaye bifatanya n'umugwi muri ayo masengesho y'isaha imwe buri musi. Ibitangaza n'ibishingantahe bibera hagati muri twebwe. Igihe ninjira mur'iryo shure, inyuma y'ukwezi kumwe twari tumaze kugera ku banyeshure 200. Buri musi Imana yama yatwongeye abantu baza kwifatanya n'umurwi wacu barondera Mpwemu Yera kandi bitegurira ukugaruka kwa Yesu. Abantu benshi baradukurikirana baciye ku buryo bwitwa Zoom. Noneho ubu inyuma y'ukwezi tugeze ku bantu barenga 1000 kandi umurwi wacu ubandanya ukura cane. Imana ishimwe. Abavugabutumwa batanu ni bo barongoye iri shure, ririko rirondera Mpwemu Yera. Iryo shure rirawubaka cane. Ndabashimira cane ku bw'igitabo canyu cerekeye Mpwemu Yera. Mwarampaye gutahura Imana ukundi gushasha hamwe na Mpwemu Yera.

Ivyiyumviro Umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Ni izihe ntambuko zigira ico zifashije mu kuzanira Kristo imishaha? Hejuru y'ibindi vyose, ni igiki umuntu yokwiga ngo amenye kandi akunde?*

2. *Mbega ni ikintu nyabaki gihambaye kuruta ibindi bintu vyose igihe umuntu ariko asangira n'abandi ivy'ubutumwa bwiza n'abandi kandi ni ikihe umuntu yokwirinda?*

3. *Ni kubera iki icigwa co guhindura abandi abigishwa gihambaye cane kandi ari shingiro?*

4. *Ni igiki wokwiga ku bishingantahe vy'ivyabaye ku bandi twamaze kwerekana ngaho hejuru?*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo wipfuza ko musengana maze muhanahane ivyiyumviro kur'ico cigwa
 - Sengera hamwe n'uwo wipfuza ko musengana...
- 1) ...kugira ngo muronke ugutahura neza kamere y'Imana biciye muri Kristo kandi kugira ngo muhindurwe muse na we.
 - 2) ...kugira ngo mubone inzira nziza mwocamwo kugira ngo mushikane ubutumwa bwiza ku bantu
 - 3) ...kugira ngo muhinduke kandi mugume muri abigishwa nyakuri ba Yesu
 - 4) ...kugira ngo Imana igire ivy'ibakorera mu bikorwa vyanyu bizotuma ukwizera kwanyu gukomera.



“ NZOBAGIRA ABARоба ABANTU”

*Ni igiki gituma Yesu agira ubwaku ku bantu
bose mu buryo budasanze?*

Ni kuki adusaba kurongorera abandi bantu kuri we?

Ni kuki kandi ni gute Yesu aduhindura abaroba abantu?

Ni gute nohinduka icabona nyaco ca Yesu?

Ni mu buhe buryo Yesu aba uw’agaciro kadasanze ku muntu wese?

**Ni igiki Yesu ankorera, ata wundi muntu n’umwe yashobora
kukorera?**

Yesu yababajwe ku bwanje, yapfuye ku bwanje kandi yarazutse. Nta caha yari yakoze ariko yaremeye arapfa ku bw’ivyaha vyanje vyose nakoze mu buzima bwanje. Uru ni urukundo rutari bwaboneke. N’ubwo atwara isi isi yose, abayeho ku bwanje. Ndashaka kumushimira kuko yankunze urukundo rw’akaburarugero. Nk’Umucunguzi n’Umuherezi wanjye, ansabira ubutunzi bwiwe burenze ubundi bwose bw’ubuntu. Aranyuraniriza mu buryo buhambaye: Yishirako ivyaha vyose nakoze mu buzima bwanje. Yatanze indishi yavyo ku musaraba. Ampa ukugororoka kwiwe. Ku bw’ivyo nca mbaho ntagira umutwaro w’icaha.

Akuraho ubushobozi bw'icaha mu buzima bwanje kugira ngo singanzwe n'icaha. Arandinda icaha n'abamarayika baguye. Aduha ubuzima busagutse kandi agahindura kamere yanje intambuko ku yindi; ampa ingabire zituma nshobora kumukorera. Andinda ibikomere n'ubuja. Aranyobora mu buzima bwanje kandi akampa inkomezi zo kwizigira urukundo rw'Imana no gukurikiza amabwirizwa yiwe. Yanyandikiye ikete ry'urukundo biciye mw'ijambo ryiwe, ari naryo rimpa umushinge ukomeye ku buzima bwanje kandi rikangira inama nziza zo mur'ubu buzima no mu buzima bw'ibihe vyose. Mu mategeko, nategerezwa kuzohanwa ku bw'amakosa yanje ku musu w'urubanza rw'Imana. Kubera ko Yesu ari we muvugizi kandi akaba ari we azokwerekana ubugororotsi bwiwe kubwanje, nca mparirwa ivyaha. Ntamufise, nategerezwa kurenguka imbere y'urubanza kandi ngahanwa. Kandi n'uyu musu ampa ubuzima bwuzuye. Ku musu wo kuzuka kwanje canke ku musu umubiri wanjye uzohindurirwako, ubwo buzima buzobandanya maze bube ubuzima bw'ibihe vyose bwuzuye ubwiza. Yesu ntawe basa. Nta muntu n'umwe yomubera mu kibanza.

Gukorana na Yesu ni yo migenderanire nyayo ihari.

Iyo tumaze umwanya na muto twerekana ishusho ya Yesu, tuzoca tubona neza ukwizigira Yesu n'umutima wose ko vyaturongoreye ku bucuti bwimbitse kandi butagira ico bwogereranywa dufitaniye na we. Mbega woba ufise incuti y'umwizigirwa nka Yesu? Mbega hari uwundi muntu wosubiriza mu kibanza c'ubu bucuti bwimbitse ufutaniye na we? Mbega imigenderanire yimbitse y'urukundo rwa Kristo yoba yarabayeho umushinge w'ubuzima bwawe bwuzuye? Ndashimira Kristo buri musu kuko anyizigira kandi akankunda ku buryo mbona ko ndi hagati mu rukundo rwiwe. Ndamusaba nti: Reka ubucuti dufitaniye bubandanye bukura kandi ungumize mu rukundo rwawe.

Mu gihe imigenderanire yawe na Kristo ari co kintu uha agaciro kuruta ibindi bintu vyose mu buzima bwawe, mbega nawe ni ikintu nyabaki woca ukorera abandi?

**Mbega ni ubuhe bufasha bw’agaciro kanini nshobora guha umuntu?
Ni ikihe kintu gihambaye nshobora kubereka kugira ngo gishobore
kubagirira ikimazi?**

Mbega hoba hari ikintu na kimwe c’agaciro kuruta ibindi ufitiye abakunzi bawe, imiryango yawe, abagenzi bawe hamwe n’abandi mwamenyanye? Uripfuzwa kubafasha nabo kugira ngo bashobore kuronka ubwo bucuti buhambaye kandi bwiza? Ni ikintu ciza kuruta ibindi bintu vyose wokorera uwo muntu. Yesu yavuze ati: *“Naje kugira ngo zironke ubugingo, kandi ziburonke busagutse.”* (Yohana 10:10). *“Uwufise umwana ni we afise ubugingo ariko udafise uwo mwana ntafise ubwo bugingo.”* (1 Yohana 5:12) Ku bw’ubuntu bw’Imana turashobora gufasha abandi mu kubereka inzira ishikana mu bugingo budashira. Uyu ni umunezero utagira icyo wogereranywako! Nta kindi kintu co mubuzima bwa Mpwemu gifise akamaro kadasanzwe nko kuronka akaryo ko gushingira intahe Yesu ari we Kristo n’icyo asigura kuri jewe.

Nk’umusore w’umucuruzi, nigiye mu bitabo ku bijanye no kuroranjirwa ko: “Umuntu wese akunda gukwegwa n’ivyomugirira akamaro kugiti ciwe.” Igihe nashira ivyo mu ngiro mu kiringo naba ndiko nkora urudandaza rwo kwungurura abantu nararoraniwe.

Mu buzima bwacu bw’ivyo kwizera, birahambaye cane ko bagenzi bacu babona inyishu nziza z’imigenderanire dufitaniye na yesu mu buzima bwacu. Mwiyumvire wa muntu yakijijwe abadayimoni. Yesu

yamubwiye ati: *"Taha ubwire incuti ibihambaye Uhoraho yagukoreye, n'ukuntu yakugiriye Ubuntu"*. (Mariko 5:19)

Mbega ni ikihe kintu gisabwa ubwambere na mbere?

Iyo nshatse kwereka abandi bantu inzira ija kuri Kristo, ntegerezwa kuba nabanje kuronka uwo Yesu jewe ubwanje maze nkomatana na we. Ivyo ni vyo bibiliya yita "kuba muri Kristo". Ivyo bivugwa incuro 170 mu buryo butandukanye mw'isezerano rishasha. Imana yipfuza ko turonka umuco ku bijanye no kugiriranira imigenderanire na we. *"Mbandikiye ivyo mwebwe mwizera izina ry'Umwana w'Imana, kugira ngo mumenye ko mufise ubugingo budashira."* (1 Yohana 5:13) Mbega ndafise ivyizigiro vy'agakiza uyumusi? Mbega ndizigira ko nakijijwe, atari ku mpera y'ubuzima bwanje ariko uyu musi nyene? Robelt Forkenberg yavuze ati: "Iy'umuntu adafise ivyizigiro, nta bikorwa akora. Dushobora gushinga intahe y'ukuri ko twaronse agakiza muri Yesu, igihe gusa tuzi ko twakijijwe."

Icipfuzo ca Yesu

Yesu yipfuza gushika no ku bandi akoresheje urukundo rwiwe, ivyo navyo bigasigura ko urwo rukundo ruzogaragarira mu bakristo, buzuye Mpwemu yera. Yipfuza kwikwegerako abagabo, abagore n'abana biciye muri twebwe. Yipfuza ko wewe nanje duhinduka umuringoti w'urukundo rwiwe. Yipfuza guhindura abantu babe abiteguriye ubwami bw'Imana akoresheje wewe nanje.

Wibaza iki ku bijanye n'icipfuzo ca Yesu?

Birashoboka ko ata muntu n’umwe urashikanira Kristo. Ariko ndazi ntakekeranya ko uvyipfuzza. None ni hehe ikibazo coba gihagaze? Hari imvo zibiri zishoboka.

1. Woba uzi kubaho ubuzima butunganye, bunesha kandi bwuzuye Mpwemu?
2. Woba uzi uko wobwira abandi ukwizera Yesu kwawe mu buryo bubereye?

Ivyo ntavyo nari nigeze menya...

Twebwe tumeze nka Petero. *”Terera insenga zanyu hagati mu kiyaga muraronka. Ariko Simoni aramwishura ati, Mwigisha, twakesheje ijoro ryose turoba kandi nta na kimwe twaronse; ariko kuko ubivuze ndaterera urusenga. Kandi bamaze kubikora, baroba ifi nyinshi ku buryo insenga zabo zagomba gucika.”* (Luka 5:4-6) Benshi barashobora guhinyuza: Ntaco twigeze turonka. Ariko ku bwa Kristo ari mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera, turashobora kwongera guterera insenga zacu.

Ni gute twohinduka abarovyi b’abantu?

Yesu yabwiye Petero na Andereya- kandi ibi biranabwirwa na twebwe uyu musu, ati: *”Ni munkurikire, nzobagira abaroba abantu”* (Matayo 4:19) Usomye mu yindi mpinduro y’ayo majambo havuga ngo: *”Ni munkurikire, nzobogisha kuroba abantu.”* (GNT) Dusabwa gukurikira Yesu mu nkomezi no mu burongozi vya Mpwemu Yera. Hanyuma ni we azoca aguhindura nanje ampindure umurovyi w’abantu. Yavuze ati: Nzobagira abarovyi b’abantu. Ni we abikora, si wewe kandi si jewe. Ni umwigisha nanje ndi umunyeshure wiwe.

Ni gute Yesu yahinduye abigishwa biwe abagira abarovyi b'abantu?

Ngira ndabashikirize ibishingantahe bimwe bimwe nabwiwe n'abantu inyuma yo kwishikanira Yesu buri musi no gusenga basaba Mpwemu Yera. Ndagusavye ngo ukurikirane cane ukuntu Yesu yabahinduye abaroba abantu.

- ✓ Inyuma y'imisi 40 y'amasengesho umupasitoro yaranditse ati: "Abizera bahora batinya kuvugana n'abanyamahanga baciye batangura kuvugana na bo ubwo nyene. "Ni igiki cari cahindutse? Ubuzima muri Mpwemu Yera. (# 532,1)
- ✓ Iyo ndiko ndiga buri musi, Mpwemu w'Imana aguma yemeza umutima wanjye ko ndi umwana w'Imana kandi mfise icemezo c'uko anyobora. Umunezero nakuye mu buzima rukristo wirwije incuro zibiri maze uva muri jewe utuma n'abandi bizera basoma ka gatabo. (# 532,37)
- ✓ Ingaruka ziragaragara, kuko umwete mushasha n'umunezero wimbitse biragaraza. Mur'iki gihe, nabonye vyinshi. Naranarondeye uburyo nshobora gusabikanya n'abandi ivyamfashije. (# 532,38)
- ✓ Igihe cose nshobora kuvuga ivya Yesu Kristo, nca numva nuzuye umunezero. (# 532,46)
- ✓ Jewe nafashe ko igikorwa c'ivugabutumwa ari nk'itegeko. Noneho uyumusi, cabaye icipfuzo canje co kubwira abantu ivya Yesu. Yesu ntiyavyuye gusa muri jewe ico cipfuzo, ariko kandi yampaye uburyo bwinshi bwo gukora. Ndashaka gushimira Imana kubw'ivyo.
- ✓ Ni vyiza cane kubona ukuntu Mpwemu Yera anyereka kandi akanyigisha ukuntu Yesu ari umunyarukundo n'ukuntu yitayeho abazimiye. Ubu ndashobora kuvuga ivya Yesu, nkamuvuga buri gihe cose ku buryo abantu nka bese banyumviriza. Mpwemu

Yera aratuma mpura n’abantu ntari niteze kandi hakaba n’ibiganiro kenshi mu munota umwe nanje ngatangara. Ubu icipfuzo canje n’uko umuntu wese ankikuje yoba ico ndi. (# 532,54)

- ✓ Mu bihe vy’inyuma y’ibi, Mpwemu Yera yandongorera gushinga intahe gake cane. Ariko uyu musi ndabikora buri musi. Sindinda gutegura ico ndibuvuge, kuko Imana impa amajambo akwiriye kuko ari yo yonyene izi umutima w’abandi bantu. (# 532,57)

Ivyo bishingantahe vyose vyashitse inyuma y’uko abo bantu batanguye gusaba Mpwemu Yera no kumwakira buri musi. Vyongeye, bama begurira Kristo ubuzima bwabo buri musi kandi bakaba biteguriye no gukora. Ndibaza ko biciye mur’ivyo bishingantahe dushobora kubona ukuntu Yesu ashobora kudukubura abaroba abantu. Abikora mu kubana natwe biciye muri Mpwemu Yera. (Raba agatabo kitwa: *Nimugume muri Yesu*, ku kigabane kivuga ngo Yesu agumye muri mwebwe). Ubuzima burimwo Mpwemu Yera buhindura ingendo zacu biciye mu gikorwa kandi bukaduha ubushobozi n’umunezero waco.

Utwigoro tw’umuntu

Ellen White yanditse ati: “Utwigoro twawe ugira ku giti cawe bwite n’ukwitaho incuti zawe n’ababanyi, tuzoshika kuri vyinshi cane kuruta uko woviyumvira. ...Shika ku babanyi bawe [incuti, abo muzinanyi] umwe umwe, maze ubegere gushika aho imitima yabo yumva yishimiye uko ubitwararika utigungiyeko kandi ukabereka urukundo. Vugana nabo uciye bugufi, ubasengere, rondera uturyo twinshi two kubagirira ivyiza.” (E. G. White , *Review and Herald*, March 13,1888) Biragoye kuronka ikindi kintu codutera umunezero kandi kikatugira abujujwe nko kubwira abandi ivya Kristo hamwe no kubayoborera kuri we. (na cane cane iki canyuma.)



NI MU BUHE BURYO NOSHOBOA

KUYOBORERA ABANTU KURI KRISTO?

Reka twige uburyo butuma ubuzima bwacu n'ibishingantahe vyacu dushingira Yesu bigira ivyamwa. Turakeneye guhora twisuzuma bukebuke uko dushoboye. Ivyo nitwabikora, ubuzima bwacu niho buzoba bwiza cane kandi buzokwamira Imana ivyamwa mu buryo bushasha.

Isengesho: Reka dusenge buri musu: "Mwami, ndagusavye utume nipfuzako gukora icyo cose wipfuzako ukora. Ndagusavye ngo ushire muri jewe icipfuzo cyo kugarukana kuri wewe abazimiye. Amen."

Imigenderanire mfitaniye na Kristo

Iyo turi muri Kristo, ikintu cambere gisabwa tuba twagishitseko. Ni ivy'agaciro kanini ko twama twiyegurira Kristo buri gitondo hamwe n'ivyo dufise vyose ndetse hamwe n'ivyo turi. Turakwiye kandi kwama dusenga buri musu dusaba ngo twuzuzwe Mpwemu Yera; dukwiye gusenga tudakekeranya kandi vyiza tukisunga amasezerano. Mur'iyonyira niho Yesu Kristo azoba muri twebwe, umwe yavugaga ati: *"Nimugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe.... Uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama cane; kuko ntaco mwobashaga gukora mutamfise."* (Yohana 15:4-5) Ijambo ry'Imana ridutumirira kwisuzuma: *"Ba ari mwebwe mwisuzuma, mumenye y'uko muhagaze mu kwizera; ba ari mwebwe mwiraba. Mbega ntumwiyizi, ntumuzi y'uko Yesu Kristo ari muri mwebwe? -shiti kumbure mur'abahinyuwe!"* (2 Ab'i Korinto 13:5) Imana yipfuzako tumenya uko twifashe mu vya Mpwemu.

Mbega ni ryari dufatwa nk'abahinyuwe canke ko tudakwiriye? Tuba abashitse tubitewe na Kristo ari muri twebwe, mu gihe twujujwe Mpwemu Yera. Kubw'ivyo, kuba abantu ataco bashoboye vyerekana ko tudafise Kristo mu mitima yacu kandi ko tutujujwe Mpwemu Yera. Ivyo ni vyo bibiliya yita kuba uwo mu mubiri (kubaho mu buzima busanzwe bw'inkomezi za kimuntu utagira Mpwemu Yera, canke tutujujwe Mpwemu Yera ku rugero rukwiye.) 1 Ab'i Korinto 3:1-4; Abaroma 8: 1-17) Umuduga ntushobora kugenda utagira igitoro kandi n'abakristo ntibashobora gukora batagira Mpwemu Yera. *"Ariko muzoronka ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe..." (Ivyakozwe n'intumwa 1:8)*

Reka noneho turabe ibindi bintu mu ncamake ariko twitonze cane. Ndashaka gusubiramwo: Ni wisunga ibi uzogiura ubuzima bwuzuye kandi uzokwamira Imana ivyamwa mu buryo bushasha. Kumbure uzosiga insenga zawe z'ivyo ukora ubu maze ugarurire abantu Yesu biciye muri Yesu nyene.

1. WIYEGURIRE KRISTO

Mbega nareguriye ubugingo bwanje Yesu Kristo? Mbega nama naramwiyeguriye ubwanje buri musi hamwe n'ivyanje vyose n'ico ndi? Mbega ni iyihe nsiguro ukwiyegurira Yesu kwanje gufise?

(Ushaka kumenya vyinshi raba "Nimugume muri Yesu" Igice ca 2 "Kwiyegurira Yesu" hamwe n'igice ca 3 kivuga ngo "Iyo Yesu agumye muri wewe".)

Ukwitanga burundu kwacu ni rwo rupfunguruzo rw'agakiza, ari vyo bijana mu bugingo bushasha (Yohana 3:1-21), ku ntsinzi ku caha (Abaroma 8:1-4), ku kwuzuzwa Mpwemu Yera (Abanyefeso 3:16-17) no kuronka icemezo c'agakiza.

Mpwemu Yera ni we ngabire y’urugori ku bigishwa biwe. Mpwemu Yera ni ingabire, izana n’izindi ngabire ikazikuza. “Ariko co kimwe n’ayandi masezerano yose, atangwa hari ibibanje gusabwa.... Baravuga ivya Kristo n’ivya Mpwemu Yera, ariko ntaco bibafasha. Ntibatanga imishaha ngo iyoborwe kandi igengwe n’Imana.” (E. G. White, *The Desire of Ages*, p. 672. 1) Benshi ntibiyeguriye Imana –kenshi mbere ntibabica n’ikanda- maze bakishingira uko babaho ubwabo. Iyo irashobora kuba imvo ituma bataronka Mpwemu Yera. Niyo mpamvu aka gace gafise umutwe w’amajambo uvuga ngo: Kwishikanira Kristo Yesu.

“Abo bumvira Kristo mw’ijambo ryiwe, maze bakegurira imishaha yabo ku kugumizwa muri We, ubuzima bwabo bukagamburukira ivyo yikanikiriza, bazoronka amahoro n’ugutekana. Nta kintu na kimwe kw’isi coshobora kubazanira umujinya kandi Yesu ari muri bo abatera umunezero. Kwemera ataco urinze kubaza kandi ata buryarya bitanga uburuhukiro butagira agatosi.” (E. G. White, *The Desire of Ages*, p. 331. 2)

Ni kuki twishikana?

Ukwishikana gusigurwa neza mu gitabo *Gutumbera Yesu*: “Imana yipfuza kudukiza, kutubohora. Ariko kubera ko ibi bisaba ko tubanza guhinduka vyimazeyo, uguhindura kamere yacu yose, dutegerezwa *kuyishikanira wese...* Idushira imbere umugisha urengeye yipfuza kudushitsako biciye mu buntu bwayo. Iduhamagarira ngo tuyihebere, kugira ngo nayo yerekanire ubugombe bwayo muri twebwe. Haba hasigaye ahacu guhitamwo namba tuzobohorwa tukavanwa mu buja bw’icaha, maze tugasangira n’abandi umwidegemvyo utangaje w’abana b’Imana.” (E. G. White, *Steps to Christ* p. 43. 2-43. 4)

Ukwishikana kwacu kutuzanira imihezagiro itagira uko ingana. Imana iduhamagarira kwishikana, kuko ishaka kudukiza no kutugira abidegemvya. Idukura mu biki? Iyo twemereye Yesu ngo arongore ubuzima bwacu, aho niho ashobora kutubohora kuba abaja bo kwikunda kwacu, nk’akarorero, inzigo, ishari, ukudakurwa kw’ijambo, inda ndende, ubuja bw’icaha, umururazi, ubwibone, ukwishira hejuru, gucika intege, kwumva ko ataco dushoboye, n’ibindi. Ni wibuke ko: Umuntu wese afise ikibazo ciwe kimuraje ishingira. Ariko umubumvyi ashobora gusa kubumba ibumba afise mu maboko yiwe. Ni co gituma Imana ikeneye ko twishikana.

Ukubohorwa no kugira amahoro biciye mu kwishikana

Mur’ubu buryo, Imana iripfuzwa kandi kudukura mu nkomezi z’icaha (Abaroma 8: 1-4) maze iduhe ubuyobozi bwayo n’uburinzi bwayo (Yohana 5: 18). Vyongeye kandi kwishikana bituma ubuzima bwacu buca bugufi cane. E. G White yavuze ati: “ Ukwegurira inkomezi zacu zose Imana bihindura ubusa cane ingorane z’ubuzima. Bigabanya inkomezi kandi bigakuraho intambara amajana umuntu arwana n’ivyipfuzo vy’umutima. ” (*My Life Today*, p. 6. 6, egwwritings.org)

Igiambaye: Kwuzuzwa Mpwemu Yera

Yesu aduha amabwirizwa ahambaye kugira ngo tube ivyabona vyiwe ati: *“Ariko muzohabnwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako. Muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe... no gushika ku mpera y’isi.”* (Ivyakozwe 1:8) Yesu yategetse abigishwa kurindira ngo buzuzwe Mpwemu Yera, imbere y’uko batangura igikorwa ciwe (Ivyakozwe 1:4). Ivyo vyerekana ko Kristo ari we dukeneye imbere yo gushingira intahe. *“Kuko ataco mwobasha gukora mutamfise.”* (Yohana 15:5) Yesu yavuze

ati: *“Kandi bamuneshesheje amaraso y’umwagazi w’intama n’ijambo ry’ugushinga intahe kwabo, kandi ntibakunda ubugingo bwabo bemera no gupfa.”* (Ivyahishuwe 12:11) Tuzocika abaneshi: kubw’amaraso y’umwagazi- ikimazi ciwe yadutangiyeye kigira agaciro iyo twemeye kwishikanira Yesu – hamwe n’ijambo ryo gushinga intahe – mu kubwira abandi ivyo Yesu yadukoreye. Ntibakunze ubuzima bwabo kugeza no ku rupfu, bitwereka ko kwiye gurira Kristo vyarabandanije gushika kw’iherezo ry’ubuzima bwabo. Kwishikana bisigura ngo: kubaho kubwa Kristo (2 Ab’I Korinto 5:15)

Ukwishikana – bisiguwe mu buryo bwagutse

Intumbero nyamukuru y’ukwishikanira Yesu ivugwa mu buryo bwagutse mu gitabo ca kabiri c’urukurikirane rw’ivyigwa biri mu gitabo *Steps to Personal Revival (Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’umuntu)*. Ico gitabo citwa *Abide in Jesus* (Nimugume muri Yesu). Igice ca kabiri: *“Kwishikanira Yesu.”* Ni ngombwa ko umuntu asubiramwo gusoma iki kigabane.

2. KWUZUZWA MPWEMU

Yesu yavuze muri Yohana 15:4 ati: *“Mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe.”* Kugira ngo Yesu agume muri jewe bimvako. Atwereka neza ko ingaruka zo kuguma muri Kristo ari izi: *“Uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama cane; kuko ataco mwobasha gukora mutamfise. Umuntu n’ataguma muri jewe atabwa nk’ukw’ishami ritererwa inyuma y’uruzabibu, akuma; maze bakayatororokanya, bakayaterera mu muriro agasha. Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose, kizobabera*

kuno. Mur’ivyo Data arashimagizwa ni mwama cane, kandi mukaba abigishwa banje.” (Yohana 15:5-8)

Ni gute mba muri Kristo Yesu?

Dufise insobanuro nziza y’amajambo ya Yesu ngo “Nimugume muri jewe” mu gitabo c’Uwipfuzwa Ibihe vyose. Bisigura ngo:

- ✓ Kwama uronka Mpwemu Yera (n’ukuvuga gusaba n’ukwakira Mpwemu yera buri musi)
- ✓ Ubuzima bwo kwiyegeya igikorwa ciwe ataco wisigariye (Kubw’ivyo, twama twishikana gushasha buri gitondo) (E. G. White, The Desire of Ages, p. 676. 2 egwwritings.org)

Inzira ishikana ku munezero nyakuri

Iyi nyishu y’Imana igizwe n’ibice bibiri ni inzira ishikana ku buzima bwuzuye umunezero. Kuki? Yesu yarabisiguye: *“Ivyo mbibabwiye kugira ngo umunezero wanje ugume muri mwebwe, kandi n’umunezero wanyu wuzuzwe.” (Yohana 15:11)*

Yesu aba muri twebwe biciye mur’izi ntambuko zibiri (ukwama turonka Mpwemu Yera wiwe hamwe n’ubuzima bwiyegeya igikorwa ciwe ataco bwisigariye) kandi ni inzira ishikana ku munezero utagira agatosi. Ni inzira ishikana ku munezero nyakuri.

“Buri musi” ni ryo banga

Yesu yavuze muri Luka 9:23 ko kuba abigishwa kwacu ari ikintu ca buri musi. Kandi no mu 2 Ab’i Korinto 4:16 havuga ko umuntu wacu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye. Dukwiye kwama dusaba buri musi kwuzuzwa Mpwemu Yera (Luka 11:13 hamwe n’Abanyefeso 5:18 mu kigiriki : guma usaba) kandi dukwiye buri musi kwama

twishikanira Imana gushasha. Niyumvira ko iyo ari yo mvo nyamukuru ituma tugira amasengesho yo mu gitondo kuri umwe wese muri twe. Yesu yipfuza kugumana natwe umusi wose (Raba Matayo 6:33). Mbega iyo usenga ukoresha amasezerano kugira ngo uronke icemero co kuronka Mpwemu Yera? (1 Yohana 5:14-15; Mariko 11:24; 2 Petero 1: 3-4)

Ubuzima bwuzuye mu buryo bwagutse

Ndashaka kurungika umuntu wese yipfuza gusoma mu buryo bwagutse ibijanye n'iki cigwa ku gitabo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'umuntu (Steps to Personal Revival)* na cane cane ikigabane kivuga ngo *"Mbega birashoboka ko ingorane zacu zitorerwa umuti?" [Are our Problems resolvable?]*. Herekana igituma ukwishikanira Yesu buri musi no gusaba Mpwemu Yera bihambaye cane kandi ari nkenerwa. Urashobora kandi gusoma ikigabane kivuga ngo *"Urupfunguruzo rushikana ku bishingantahe bigaragara"* [The Key to Practical Experience] muri ico gitabo nyene, iki kigabane na co kikaba cerekana uko twosenga dukoresheje amasezerano kugira ngo turonke icemero ko amasengesho yacu yishuwe.



3. ISENGESHO RYO GUSENGERA ABANDI NI GUTE NOSHOBORA GUSENGA ISENGESHO RYUZUYE MPWEMU RYO GUSENGERA ABANDI?

NI kuki dukwiye gusengera abandi bantu?

E.G. White avuga ati: “Biciye mu gusenga cane utegerezwa gukora cane kubw’iyindi mishaha, kuko ubu ni bwo buryo bwonyene ushobora gukoresha ngo ushikire imitima. ”(Evangelism, p.341. 3) Kubw’ivyo, isengesho ryuzuye Mpwemu ryo gusengera abandi ni yo nzira yonyene yo gushikira imitima y’abantu.

- ✓ Umupasitori yaranditse ati: Ikindi kintu cabaye ku mwigeme w’Umudagi akaba n’Umurusiya. Yitabiriye imisi 40 yo kwegerana n’Imana maze aca atangura gusengera igikorwa co kubwira ubutumwa ababanyi b’Abarusiya. Igihe yabwira umwe [umwigeme] mu babanyi biwe ko ariko aramusengera, uno mwigeme yaratangaye cane kandi yaciye amubwira ko yariko ararondera Ishengero riruhuka isabato nk’uko bibiliya ivuga. Uyu mwigeme hamwe n’abandi babanyi benshi baciye bitabira ibikorane vy’ivugabutumwa. Babiri muri bo baciye babatizwa. (#532,19)
- ✓ Umuntu twasengera hamwe yaragize iterambere cane mu kwizera! Amasengesho adasanzwe yahindutse akamenyero iyo yaba ariko asubiramwo ivy’iyo misi 40. Ejo, n’imiburiburi abantu batanu muri bamwe tugize imisi dusengera bazozwa kwakira Isabato (#532,30)
- ✓ ...Twarahanahanye ivyiyumviro ku vyo twari twasomye maze duca dusengera abo bantu badasanzwe. Twabonye ibintu bidasanzwe. Umusore umwe twari twarasengeye, yahavuye atangura kwitaho ivyo kwizera maze aca atangura kubaza ibibazo vyerekeye Imana. Umugenzi twasengera hamwe yabonye umuhezagiro igihe ingorane yar’afise yabonye ziheze mu kanya gato. Narashoboye kuvugana

n’umugenzi dukorana ku kazi n’ubwo niyumvira ko bidashoboka na gato. Imana yaraduhezagiye mu buryo budasanzwe. (# 532,53)

- ✓ Umukenyezi umwe yaravuze inyuma y’imisi 40 yo gusenga ati: “Inyuma y’amasengesho menshi, Mpwemu Yera yarakoze na cane cane ku mugabo wanjye mu kumugarura ku rusengeri inyuma y’amezi menshi adatonda. Imana irashoboye gukora ibihambaye! (# 532,4 D)

Ivyo bishingantahe vyabaye bitwereka ko isengesho ryuzuye Mpwemu riduha inyishu nyinshi ku masengesho dusengera abandi.

Yesu yarigishije isengesho ryo gusengera abandi

Yesu yavuze umugani w’incuti yaje mw’ijoro ashaka kwigisha icigwa c’isengesho ryo gusengera abandi (Luka 11:5-8). Uyu mugenzi yaronse umushitsi atari yiteguriye mw’ijoro rinini. Nta kintu na kimwe yar’afise ngo amuzimane. Niho yaca yiruka ku mubanyi wiwe kumusaba umutsima. Yar’azi neza adakekeranya ko uwo mubanyi wiwe aja kumufasha. Kandi nkako yararonse ako gatsima. Yesu yatweretse mu buryo butomoye ko ataco dufise ubwacu. Dukwiriye kwirukira ku ncuti yacu yo mw’ijuru, kugira ngo dushobore kuronka umutsima w’ubugingo duha abandi bantu dukunda. Yesu yaciye avuga ati: “*Nanje ndababwire; musabe muzohabwa...*” (Luka 11:9) Hamwe n’iri ryungane atuyoborera ku muhamagaro wiwe udasanzwe, w’urukundo kandi wihuta – kugira ngo uko vyomera kwose dusabe Mpwemu Yera. Mpwemu Yera na we nyene arahambaye mw’isengesho dusengera abandi.

Sengera muri Mpwemu Yera/ Senga mw’izina rya Yesu

Ijambo ry’Imana ridutumirira “*gusengera muri Mpwemu*”. (Yuda 1:20) Dukwiriye gusengana umwete dufise Mpwemu Yera. Ivyo ni kimwe no

gusenga mw'izina rya Yesu. Dusenga mw'izina rya Yesu, iyo tubayeho tumwiyeguriye wese kandi tukaba twipfuza gukurikira Umwami wacu muri vyose. Hari amasezerano adasanzwe kw'isengesho nk'iryo:

- ✓ *“N’ukuri n’ukuri ndababwire, unyizera ibikorwa jewe nkora na we azobikora: kand’azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data.”* (Yohana 14:12)
- ✓ *“Kandi ico muzosaba Data cose mw’izina ryanje, nzogikora kugira ngo Se ashimagizwe mu mwana. Ni mwagira ico musaba mw’izina ryanje nzogikora.”* (Yohana 14:13-14)
- ✓ *“Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose kizobabera kuno. (Yohana 15:7)*
- ✓ *Iyo dusenze turi kumwe n’uwundi muntu duca turonka irindi sezerano ritangwa na Yesu riri muri Matayo 18:19: “Kandi ndababwira ukuri kw’ababiri muri mwebwe ni baturiza inama mw’isi gusaba ikintu cose, Data wo mw’ijuru azokibakorera.”*
- ✓ *“Kandi Umwami Imana ntagomba ko hari abahona, ariko igomba ko bose bihana.”* (2 Petero 3:9)
- ✓ *Umuntu ni yabona mwene Data wundi akora icaha kitari ico kumwicisha, asenge, azohesha ubugingo abakoze ivyaha bitari ivyo kubicisha. Hari icaha co kwicisha: ico si co mvuze kw’asengera.”* (1Yohana 5:16)

Ayandi masezerano ku bana bacu n’imiryango yacu:

- ✓ *“Ariko uku niko Uhoraho agize ati: abafashwe mpiri n’abahizi na bo bazobanyagwa.....”* Yesaya 49:25
- ✓ *“Maze baravuga bati, “Mwizer’Umwami Yesu Kristo, muzokizwa, mwe n’abo mu nzu zanyu.”* (Ivyakozwe 16:31)

Turashobora kubona mu bitabo vy’imisi 40 yo gusenga mu muzingo wa 1, wa 2 n’uwa 3 vyanditswe na Dennis Smith mu ntangamarara no mu ncamake ayandi masezerano ku masengesho dusengera abandi: Raba

umutwe w’amajambo A: Amasezerano kw’isengesho ryo gusengera abandi.

Ijambo ry’Imana rirashikamye kuruta imisozi

Iyo Kristo ari muri twebwe maze tugasenga twisunze amasezerano, niho dushobora kumenya neza tudakekeranya ko Umwami Imana yishuye amasengesho yacu. Ivyo kandi ni ko biri no ku masengesho yacu nay o:

“Ijambo ryose ryavuye mu kanwa kanje, ntirizogenda ubusa, ariko rizerangura ivyo ngomba, kandi rizoshitsa ivyo narigeneye vyose.”
(Yesaya 55: 11)

“Ijuru n’isi bizokurwaho ariko amajambo yanje ntazigera avaho.”
(Yesu muri Matayo 23:35)

Urutonde rw’abo usengera

Uripfuzwa ko imiryango yawe, incuti zawe n’ababanyi bawe bamenya Yesu? Nivyaba bir’uko ukwiriye gutangura kugiraurutonde rw’abo uzosengera maze ugaca utangura kubasengera buri musi. Wame wisunga ijambo ry’Imana ritabesha kandi ukoreshe amasezerano.

Mbega twobasengera kangahe?

Abakristo benshi b’intamuheba baragiraurutonde rurururw’abo bazosengera. Rimwe na rimwe har’aho ngira icyumviro ko amasengesho yacu ashobora guhinduka ayo guca hejuru gusa, iyo tugerageje kubasengera bese buri musi. Ndibaza nti: Mbega ntivyoba vyiza dufashe igitigiri gito c’abantu dusengera buri musi – birashoboka ko twobasengera kenshi ku musi – maze abandi tukabasengera rimwe

canke imisi mike mundwi, kugira ngo dushobore gushikiriza Imana mu buryo bwagutse umwitwarariko wabo n’ivyo bakenye?

Ni abantu bangahe nosengera isengesho ridasanzwe?

Dennis Smith na Joseph Kidder babona ko twosengera abantu batanu bataramenya Yesu. Dukwiriye gutegura imibonano na bo maze tukabagira incuti. Joseph Kidder yavuze ati: “Nasavye abizera kwama basenga badahumeka ku bw’abantu batanu, kugira ngo bamenye ivyo bakeneye mu nzira yo kubafasha no kubiyegereza nk’incuti kandi bakabereka urukundo. Nk’inyishu ku masengesho nk’ayo, nariboneye ubwanje abantu benshi bakira Yesu nk’Umwami wabo. Mbega ntiwosengera abantu batanu nawe nkanje maze ukirabira ic’Imana izobakorera?”

Ni ryari nomenyesha umuntu ko ndiko ndamusengera?

Ni ryari twobwira abantu twahisemwo ko turiko tubasengera? Abantu batanga ivyiyumviro bitandukanye kur’ico kibazo. Bamwe bategeka ko umuntu akwiriye kubabwira agitangura iyo nteguro. Abandi bakabona ko umuntu yobwira uwo muntu inyuma y’indwi zitatu canke zine ariko aramusengera.

Twarashoboye kubabwira ko Ishengero ryacu (umugwi w’amasengesho, umugwi w’ubutabazi) ryatunganije indwi zitandatu z’igihe kidasanzwe c’amasengesho. Hamwe n’ivyo, twasabwe gusengera abantu batanu.” Kandi na we ndashaka kugusengera. Mbega woba ufise umutwaro udasanzwe ku magara yawe, ku muryango wawe canke akazi nshobora gusengera?



Isengesho ryo gusengera abandi

hamwe n'umwidgegemvyo

Ikindi kibazo umuntu yozirikana: Imana ntihata umuntu canke ngo imukoreshe uko yigombeye iyo turiko turamusengera. Imana yahaye umuntu wese umwidgegemvyo kandi ivyo iravyubahiriza cane. Ariko – jewe ubwanje hamwe n'umukenyezi wanje twariboneye ikindi kintu gitandukanye n'ivyo, aho Imana yaduhaye ukwiyumvira gushasha. Twari twaronse ivyiyumviro bishasha. Twaciye noneho twumva dushatse gukora ivyo tutari twigeze twumva ko twokora na mbere. Turashobora gusoma mu gitabo c'Ivyakozwe n'Intumwa 16:14 aho havuga ivy'umugore w'umudandaza yitwa Lidiya w'i Filipi n'ukuntu *"Imana yuguruye umutima wiwe maze agashira umutima ku majambo ya Paulo."*

Ni igikorwa cacu gusengera abandi bantu kugira ngo bamenye Kristo no kubajana kuri we. Imana yonyene ni yo ishobora kuvyura ukwizera mu mitima yabo biciye muri Mpwemu Yera no guhindura ivyiyumviro vyabo n'ubuzima bwabo. Ariko ikintu kimwe dukwiriye kwibuka ni iki: mu bisanzwe, umuntu wenyene yujijwe Mpwemu Yera, asenga, ni we yokwitega ko amasengesho asengera incuti ziwe canke abandi bantu ngo bakizwe yishurwa.

Amasengesho yo gusengera abandi yishuwe

Naronse ibishingantahe vyinshi cane, aho abizera b'Ishengero bavuga inyishu baronse ku masengesho bari basenze inyuma yo gutangura gusengera muri Mpwemu Yera no kubaho ubuzima bwegeranye cane na Yesu. Uturorero:

- ✓ Umutama umwe yava mu muryango w'Abadiventise yinjiye mw'Ishengero maze yitabira n'ibindi bikorane vy'Ishengero adasiba.

Inyuma y’imyaka myinshi, impera n’imperuka yahavuye abatizwa. (#534,40.)

- ✓ Abantu babiri nahaye Ivyigisho vya Bibiliya, nabo baremeye isabato. (# 532,4 M)
- ✓ Imana ntiyagumye iturindirije. Yaduhaye inyishu nziza cane mu misi 40 y’amasengesho. Umuntu umwe twari tumaze igihe kinini dusengera cane yarongeye kwifatanya n’Ishengero, inyuma y’igihe kinini yar’amaze ataza. Cari igihe c’umunezero mwinshi. (# 532,13)
- ✓ Umuhungu wiwe w’umuhererezi yar’afitaniye ikibazo kinini n’Ishengero maze mu misi 40 y’amasengesho, nyina wiwe n’umugenzi wiwe basengana barasenze bashimikira kuri we. Inyishu baronse yabaye iy’uko umuhungu wiwe yahavuye ahindura ubuzima bwiwe maze aca atangura kwitegurira kubatizwa. (# 532,16)
- ✓ Umugabo umwe, atigera agira umutima wo guharira, yahavuye agwara mu mutwe, aca atakaza akazi maze aca atangura kwiyumvira kwiyahura. N’urugo rwiwe rwahavuye rusambuka. Ubwo buzima bwarabandanije umwaka urenga. Biciye mu masengesho yarakijijwe kandi yarashoboye gukurikiza impanuro ahawe na Pastori. Abariko bitabira imisi 40 y’amasengesho bama bamusengeye buri musi. Ihinduka ryabonetse mu mezi abiri. Yarashoboye kubabarira maze aca asubirana n’umugore wiwe n’abana, yarasubiye kuronka umunezero w’ubuzima kandi yarashoboye kwongera gukora. (# 532,17)

Ibishingantahe bitatu bitomoye vyerekanye uko ingorane z’ukutumvikana n’ukurabana ay’ingwe zari zimaze imyaka icumi zaratorewe umuti biciye mu masengesho yo gusengera abandi mu misi 40 yo gusenga, (vyinshi ubisanga kuri [www. steps-to-personal-revival. info](http://www.steps-to-personal-revival.info): - Testimonies: No. 3/40, 4/52, 7/84 a und 7/84 b.)

Imana ikore mu buryo bwagutse ku mitima y’abantu uriko urasengera.

NI GUTE NOGUMA NITAYEHO ABANTU?

Ibitabo vya Dennis Smith vy’imisi 40 yo gusenga bifise impanuro nyazo ku bijanye no kuguma witayeho abantu mu gace “Intangamarara n’incamake”.

Aravuga ati: Urutonde rukurikira rwerekana ivyiyumviro nashikirije ku bijanye n’ico woshobora gukorera abantu bari ku rutonde rw’abo uriko usengera kugira ngo biyumve ko ari abantu b’agaciro imbere yawe. Ni wongereko ibindi vyiyumviro uko Imana ikurongoye. Twarongeyemwo kandi n’ibindi vyiyumviro. Urashobora kubona urwo rutonde ku gace B: Ivyiyumviro vy’ukuntu twoshikira abantu.

Ico twifuza gushikako

Kuba umugisha ku bandi biciye mu masengesho yacu, akarorero kacu, n’uko dushikirana n’abandi hamwe no gutanga ivyiyumviro vyiza n’ibintu, kugira ngo nabo bashobore kunezererwa ubuzima bwuzuye kandi bitegurire ukugaruka kwa Yesu.

Turongowe n’Imana twipfuza:

- ✓ Gutera umwete abantu batariko barondera Imana, ngo batangure bayirondere.
- ✓ Kuyobora abantu bariko barondera Yesu
- ✓ Guhamagarira abantu bamaze kwakira Yesu ngo bamwiyegurire burundu.

Hari ibikoresho vyiza bihari ku bw’iki cipfuzo. Tuzokwihweza ivyo bikoresho mu kigabane c’9: Ubufasha bugaragara.

Imana iduhe guhinduka abaroba abantu biciye mu kuba muri Mpwemu Yera no mu kwigira kuri we. *"Ni munkurikire nanje nzobagira abarovy'i b'abantu."*

"Abadukikuje bose ni urwaruka, abantu batihanye, abatakijijwe, kandi ni igiki turiko tubakorera? Bavyeyi, mbega mu rukundo rwambere mufitiye abana banyu, muriko murarondera ko abo bana bakizwa, canke mwatwawe n'ivy'ubu bugingo ku buryo mutagira utwigoro two kuba abantu bakorana n'Imana? Mbega urabona ko Mpwemu Yera ari we ducako kugira ngo dushikire imishaha y'abo badukikije?" (E.G. White, *Selected Messages, book 1, p. 190. 1*)

Igishingantahe nyaco gisigura ngo:

Ndashiramwo akigoro biciye mu gusenga kugira ngo nshobore kuvuga ivya Yesu mu bushobozi bwa Mpwemu Yera – inyishu nca ndayirekera Imana.

Ukwikangura kuturongorera ku gikorwa c'ivugabutumwa

"Mpwemu Yera azoza kur'abo bose bariko barasaba batakamba umutsima w'ubugingo wo guha ababanyi babo" (E.G. White, *Testimonies for the Church, Vol.6, p.90.1*)

Ivyiyumviro umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Ni igiki Yesu ankorera kandi atawundi muntu yoshobora kunkorera? Ni inyungu ihambaye ndonka iyo neretse umuntu inzira ija kuri Yesu?*

2. *Ni gute twocika abarovyi b'abantu?*

3. *Mbega kwiye gurira Yesu bisobanura iki? Mbega ni gute biboneka mu bikorwa?*

4. *Ni ubuhe bushobozi bwo kuguma witayeho abantu wokoresha mu bakuzengurutse?*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga umugenzi wipfuzaga ko musengera hamwe maze muhanahane ivyiyumviro kur'ico cigwa
 - Sengera hamwe n'uwo watoye ko musengana
1. ...kugira ngo Imana ize ibongerereze ukumenya ico Yesu asigura ku buzima bwacu...
 2. ...kugira ngo Imana ibahindure abarovyi b'abantu buzuye Mpwemu Yera.
 3. ...kugira ngo Imana ize ibereke uko mwoshobora kwiye gurira Yesu
 4. ...kugira ngo muronke umwete n'ubwenge bwo kumenya ubuhinga mwokoreha kugira ngo mugume mwitwararitse abantu kandi mubere umugisha ababazengurutse.

IBISHINGANTAHE VY'IVYABAYE

Ugusubiza hamwe kwabaye mu kibano

Ivyabaye mu rindi shengero muri Guadeloupe/ Caribbean

“Ikindi kintu cabaye twiboneye cabaye mu kibano kimwe gikukira intara mvugabutumwa yacu. Uwari yarambanjirije yaravuze ati: “Ukeneye umwete mwinshi ku bw’iri shengero kuko ugiye ahantu huzuye ama mine. Mu misi mike twarabonye mu vy’ukuri ko ukutumvikana kwari ikirenga. Hariho imishwano, kwirema ibice, gukomeretsanya hamwe n’ukutababariranira. Umuriro udahagarikwa uterwa n’ibigumbagumba vy’ishavu hamwe no kurwana vyari vyarazanye igicu cirabura gipfuka ico kibano. Vyari biteye agahinda kubona ukuntu abagize Ishengero bakwegana amashati hakabura kubabariranira maze ntibabone uko bokemura ico kibazo ubwabo. Inyuma yo gushinga imigwi yo gusengera mu ngo, ikinyamakuru *Steps to Personal Revival [Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’umuntu]* caratanzwe ngo cigirwe muri ya migwi yo mu ngo. Abizera barerekanye imvugo nziza kandi baranezerejwe n’ico kinyamakuru cari caje muri bo. Aha kandi mwomenya ko abagize ya migwi baciye bashinga imisi cumi yo gusenga no kwisonzesha, umwe wese akabikora ku giti ciwe. Hahavuye havuyuka icyumviro c’uko iyo nteguro yokorerwa hamwe nk’Ishengero. Barasubiriye guhura kandi isaha cumi z’agatondo. Bigitangura abantu bitabira ntibari benshi, ariko bukebuke baguma biyongera kandi hari ukurabana ryiza, amahoro na Mpwemu Yera. Umwe muri bo yumvise ko Imana iriko irakora. Yateguriye Ishengero gushika ku ntambuko yanyuma yari isigaye kandi igoye kuri ryo, iyo nayo ikaba yari iy’ukubabariranira vy’ukuri. Baragumbiranye. Amosozi yarakorotse. Mu maso habo hahoze huzuye agahinda hasubiye kugaragara umunezero kandi urukundo rwasubiye kugaruka mu mitima yabo. Iki ni igishingantahe ciza umuntu yokwipfuzwa kubona kandi nawe kikamubako. Imana yonyene ni yo ishobora

kurongora abantu biciye muri Mpwemu yera. Hariho ivyizigiro n’ahantu hatezwe ama mine”(B. & F. H # 84 Guadeloupe)

Umwizera ava mu maj’epfo y’Ubudagi yaranditse ati:

Umugenzi wanje hamwe nanje turiko twiga ubugira gatatu *igitabo Imisi 40 yo Gusenga no Kwitanga mu kwitegurira ukugaruka kwa Yesu [40-Days Prayers and Devotions to Prepare for the Second Coming]*, tuja turakuranya n’igitabo *Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’umuntu* [Steps to Personal Revival). Imbere y’uko tumenya iki gitabo, ukwizera kwacu n’ubuzima bwacu bwo gusenga ntibwari bumeze nk’uko bwahoze. Twumvise dukumbuye gusubirana rwa “rukundo rwacu rwambere.” Twararuronse! Turashimira Imana n’imitima yacu yose. Birahimbaye cane uko Imana yacu idukunda yishura amasengesho yacu maze ikaduhishurira uko Mpwemu Yera ariko arakora- kuri twebwane no ku bantu turiko turasengera. M. S



NI KUKI DUKWIRIYE KUBANZA KUYOBORERA ABANTU KURI YESU?

*Imvo zumvikana kugira ngo habe urutonde rwiza:
Imvo 10 zituma dukwiriye kuyoborera abantu kuri Yesu Kristo
ubwambere,
imbere yo kubigisha inyigisho shingiro zo muri Bibiliya
Urutonde: Ubwambere Yesu, hanyuma guhindura abantu abigishwa
maze bakaronka Mpwemu, inyigisho shingiro za Bibiliya,
umubatizo, kubamenyereza*

GUSUBIRAMWO

Icigwa turangije cavuga ibijanye n'amajambo ya Yesu ati: "Munkurikire, nzobagira abarovyi b'abantu." (Matayo 4:19) Yesu adutumirira kwigira kuri we. Yipfuza kutwigisha uko twohinduka abarovyi b'abantu. Yipfuza kutwigisha ubwacu. Nta wundi mwigisha aruta uwo tworondera. Ni umunezero guhinduka umunyeshure wa Yesu kandi n'ubushobozi bwacu buriyongera. Ico inyigisho zihagazeko: Yesu ubwiwe ni we azoteza imbere ubwo bushobozi adukoresheje kandi akoreye muri twebwe. Igisabwa gusa ni ubugombe bwacu bwo gukurikira Kristo. Gute?

1. Biciye mu kumwegurira ubugingo bwacu buri musi – hamwe n’ivyo dufise vyose n’ico turi
2. Biciye mu gusabana ukwizera Mpwemu Yera buri musi (gusenga ukoresheje amasezerano – 2 Petero 1:4).

Ntidukwiye kwiyumvira ko ubunyeshure bwacu buzogera aho buhagarara. Hari umugani uvuga ngo: “Umwigisha ni uwutanguza ikintu. Ingenzi nayo ni uwushobora gukora ico kintu. Uwiga na we ni uw’ari we wese.” Umwigisha n’ingenzi bazobandanya kwiga. Niko natwe tutazokwigerira duhagarika kwiga ibijanye n’icigwa co gukiza imitima.

Ni ikihe kintu co ku rugero rwo hejuru kandi kiruta ibindi twoshobora gukorera umuntu?

Tuzobandanya tumenya na ntaryo ko imigenderanire yimbitse dufitaniye na Yesu ari yo migenderanire myiza iruta iyindi yose dushobora kugira. Yesu yipfuzaga kuduha ubuzima bwagutse uyu musi muri ubu buzima (Yohana 10:10). Inyuma y’ukugaruka kwiwe, azoduha ubugingo budashira – mu bwami bw’ubwiza bw’Imana (Yohana 3:16). Nta kindi kintu na kimwe twosubiriza mu kibanza c’iyo migenderanire myiza kuruta iyindi. *”Uwufise umwana niwe afise ubwo bugingo; ariko udafise umwana ntafise ubwo bugingo.”* (1 Yohana 5:12) Iyo umunezero w’iyo migenderanire utwuzuye maze tukabana na Yesu mu buryo nyabwo, duca tubona kandi ko iyi ari imigenderanire nyayo kandi tudashobora gusubiriza n’abandi bantu. Ikintu gihambaye kandi ciza kuruta ibindi bintu vyose dushobora gukorera umuntu ni ukumufasha ngo nawe ashobore kugiriranira ubwo bucuti bidasanzwe na Yesu. Iyo migenderanire ifise agaciro karuta ak’izahabu.

Ni gute duhinduka abarovyi b’abantu?

Ducika ivyabona vya Yesu iyo aba mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera. Mu kigabane giheze, twabonye mu vyo umuntu acamwo uko kwitwararika abandi kwacu gukorwa, iyo Kristo aba muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Reka twumvirize ibindi bishingantahe bibiri:

Umuntu umwe yaranditse inyuma y’aho bari bamaze igihe basenga kugira ngo bahabwe Mpwemu Yera ati:

“Twarabonye ko amasengesho yazanye ubudasa mu buzima bwacu. Kandi ntitwashoboye kuvyigumizamwo. Akaryo kose twaronka, twumva dusunikiwe kubibwira abandi. Vyabaye ibihambaye kuri jewe gutuma abandi bantu na bo bamenya ivyo nanje namenye. Ubwaku bwaragaragaye. Bamwe mu bagize Ishengero barakozweko n’umwete wacu.” (# 432,13)

Uwundi muntu yaranditse ati:

“Ubwo nyene, umuhungu wiwe yarahinduye ubuzima bwiwe maze aca atangura kwitegurira umubatizo. Narakozweko n’umwete wiwe kandi ubu ndiko nsengera uwo dusengera hamwe kandi naratanguye gusoma vya bitabo bibiri.” (432,16)

Ni ikihe gikorwa wewe nanje dufise mu buzima?

Coba kijanye no kuzana abantu kuri Yesu? Mu gitabo “Igikorwa c’umukristo” [Christian Service] havuga ibi: *“Gukiza imitima categerezwa kuba igikorwa co mu buzima bw’umuntu avuga ko ashingira intahe Kristo.”* (E.G. White, *Christian Service*, p. 10. 1)

Yesu ubwiwe yaduhaye igikorwa, aho yavugaga ati: *“Nk’uko Data yantumye ni ko nanje mbatumye.”* (Yohana 20:21) Vyongeye kandi, turazi itegeko ryiwe: *“Nuko ni mugende muhindure amahanga yose abigishwa.”* (Matayo 28:19) *“...muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe...”* (Ivyakozwe 1:8) *“...ariko kandi ndagushizeho ngo ube umuco*

wakira amahanga, kugira ngo n’abo ku mpera y’isi ubashikirize agakiza.” (Yesaya 49:6)

Benshi baragerageje guca mw’iyi nzira. Rimwe na rimwe bakarororirwa, kenshi ntibarororirwe. Turakwiye kwemanga ko benshi muri twebwe twananiwe n’igikorwa twahawe na Yesu. Turakwiriye kugira icegeranyo ataburyarya. Benshi barakwiye kuvuga bemanga nk’uko Petero yavuze bati: “...twakesheje ijoro ryose twatamye, ntaco twafashe.” (Luka 5:5) Mbega ivyamwa vy’ibikorwa vyanje birashimishije? Mbega narashikije ingingo yambere isabwa twabonye mu kigabane giheze? Mbega vyoshoboka ko ingorane nahuye nayo yoba yavuye ku kubura Mpwemu Yera? Mbega ntitwokwishura nka Petero tuti: “...ariko kubw’ijambo ryawe ndaterera insenga.” (Luka 5:5)

Ingingo zambere zisabwa kugira ngo tube abarovyi b’abantu

Turashaka gusubiramwo mu ncamake izo ingingo zisabwa ubwambere:

- ✓ Mbega noba nareguriye ubuzima bwanje Yesu ataco nisigarije? Ndipfuzwa kumwumvira no kwumvira ijambo ryiwe muri vyose? Mbega noba naranaguye buri musu imigenderanire yanje na Yesu biciye mu kumwiyegurira?
- ✓ Igihe nariko nkora ico gikorwa, nari nuzuye Mpwemu Yera? Mbega narasavye Mpwemu Yera buri musu mu kwizera maze ndamuronka? (Ni vyiza gusenga wisunze amasezerano, raba 2 Petero 1:4.)
- ✓ Mbega uwo muntu naramusengeye imbere y’uko hari ico ndamukorera?
- ✓ Mbega noba nararondeye uko nobonana n’uwo muntu kandi nkamwereka ko ndamwitwararitse bihagije? (Ivyiyumviro vy’ukuntu umuntu yobikora biri ku gace B kavuga ibijanye n’uko twoshikira abantu no mu bitabo *Imisi 40 yo gusenga*, igitabo ca 1 n’ica 2 vyanditswe na Dennis Smith)



Uburyo bwiza cane kandi buhezagiwe

Mur’iki kigabane no mu gikurikira, tuzokwihweza uburyo bwo gukora bwageragejwe mu buryo bwagutse mu bikorwa. Buzodutera umwete mushasha kugira ngo tuwukoreshe mw’izina rya Yesu.

Imbere ya vyose, dukwiye gusenga kenshi canke buri musi:

“Data uri mw’ijuru, untere kwumva nezererewe gukora ivyo ushaka vyose. Ndagusavye ngo ureme muri jewe icipfuzo co gufasha mu kukugarurira isi yazimiye.”

Nivyo, kubw’ubuntu bw’Imana, Yesu arashobora kurongorera abantu kuri we akoresheje wewe nanje. Ibi abikora akoresheje abigishwa buzuye Mpwemu Yera, bamwe bamwegurira imitima yabo ngo ayibemwo biciye muri Mpwemu Yera. Ntufate iki gikorwa ukorera abandi nk’umutwaro. Ingingo ikwiye kuturongora yoba iyi:

Ngira akigoro biciye mu masengesho ko gushingira intahe Yesu biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera. Inyishu ndayirekera Imana.

Ni twagira iyi nyifato ntabwo igikorwa cacu kizigera kiba umutwaro kuri twebwe. Ahubwo ni Ubuntu gukorera Yesu. Ni igikorwa ciza cane, iyo dushoboye kurongorera abantu kwegera Kristo canke bakaba abiwe bwite. Ico ni co kintu gihambaye kandi kiruta ibindi vyose dushobora gukorera abandi bantu.

KUKI DUKWIYE KUBANZA KUZANA ABANTU KURI YESU?

Kuki dukwiye kubanza kuzana abantu kuri Yesu, imbere y’uko tunganira na bo ivyerekeye ukuri shingiro kwa Bibiliya? Nkiri ngaha nyene,

nashaka gushimikira ku kuntu ari ikintu gihambaye cane kubw'igikorwa cacu ko tuba muri Kristo – ko Kristo ari mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera (Abanyefeso 3:16-17). Ivyo ni vyo bibiliya yita *“kuba muri Yesu”* canke *“Kristo muri mwebwe.”* (Ab'I Kolosayi 1:17) kandi ni vyo vyitwa kandi *“kuvuka ubwa kabiri”* (Yohana 3:3) kandi bisigura *“kuyyarwa n'Imana”* (1 Yohana 5:18). Ndashaka kwongera gushira akatuzo ku majambo Ellen G. White yavuze mu ncamake ku bijanye n'amajambo ya Yesu yo muri Yohana 15:4:

“Mugume muri jewe, nanje ngume muri mwebwe.” Ibi bisigura ngo:

- ✓ **Kwama uronka Mpwemu Yera**
- ✓ **Ubuzima bwiye guriye igikorwa ciwe ataco bwisigariye.”** (The Desire of Ages, p.676, egwwritings. org)

Buri gitondo, turashobora kuronka Mpwemu Yera iyo tumusavye twizeye (Ab'i Galatiya 3:14). Tumuronka neza iyo twizeye ko mu gihe turiko turasenga tumusaba twamaze kumuhabwa (1 Yohana 5:14-15; Mariko 11:24). Abantu bamwe barafise ingorane kur'iki kibazo. Ariko ni ikintu cumvikana: Iyo dusenze mu majambo rusangi, kenshi twiyumvira gusa ko twaronse Mpwemu Yera. Ariko bimeze uko, *“kwumva wizeye”* ntibiba bihagije. Ni co gituma ndabahanura nti: Senga wisunze amasezerano kugira ngo umenye ko waronse uwo Mpwemu Yera. Gusenga twisunze amasezerano bikomeza cane ivyizigiro vyacu. Ndakwinginze namba wobikunda usubiremwo gusoma igitabo Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'umuntu, ikigabane kivuga ngo *Gusenga wisunze amasezerano. Gusenga wishuza amasezerano bisabwa mu buryo butomoye muri 2 Petero 1:4: “Ivyo vyatumye aduha ivyo yasezeranye vy'akabururugero, bihambaye cane, kugira ngo bibatere gusangira n'Imana akameremere kayo, mumaze gucika muva mw'iborero ryazanywe mw'isi no kwipfuzwa.”*

Ikindi kintu kigira kabiri kivuga ngo “ubuzima bwiyegeye igikorwa ciwe ataco bwisigariye” kirashobora kugaragara buri musu, iyo dusenze tudafise uburyarya kandi n’umwete mwinshi tuti: “Data uri mw’ijuru, ndakwishikaniye n’ivyo mfise n’ico ndi.”

KUKI DUKWIRIYE KUBANZA KUZANA ABANTU KURI YESU IMBERE Y’Uko TUBUGISHA IBIJANYE N’INYIGISHO SHINGIRO ZA BIBILIYA?

Iyo upfunze nabi igipfungo cambere bica bigorana. Kugumana urutonde rwiza imisi yose vyama bizana inyungu. Bica vyorohera aba bantu wipfuzaga gushikanira Yesu guhinduka abakristo. Vyongeye kandi, bica bitwongera umunezero, inkomezi kandi ubuzima bwacu bwose bugatera imbere.

1. Dushaka kubanza kuzana abantu kuri Yesu, kuko tudashakaga gusaba umuntu n’umwe guca mu nzira idashoboka

Kenshi usanga uwo mukunzi twipfuzaga kuzana kuri Yesu atabayeho ubuzima bwuzuye Mpwemu Yera. Iyo twigishije umuntu ivyizerwa shingiro vya bibiliya, duca tumusengera maze tukizera ko azovyemera kandi akabishira mu ngiro. Ariko kenshi, uyu muntu ataruzwaga Mpwemu Yera, abura umwete n’inkomezi. Muri make ntaba araba umuntu w’impwemu. Bibiliya ivuga ibi bikurikira kur’uwo muntu mu Baroma 8:7: “...kuko kutumvira ivyagezwe n’Imana, kandi kudashobora kuvyumvira.”

Hamwe twobigisha inyigisho shingiro za bibiliya mur’ico gihe, twosanga twubakiye abo bagenzi bacu umusozi badashobora kurengana. Twosanga twabajanyeye mu kuba abakristo bo mu mubiri, ivyona vyo bisigura kubaho ubuzima nk’ubw’umukristo uri mu nkomezi zawe bwite. Umuntu nk’uyu usanga afise inkomezi za kimuntu gusa

n'ubushobozi bwo mu mubiri. Ariko iyo umuntu yakiriye Kristo maze akuzuzwa Mpwemu Yera, ni ho aca aronka uburyo bwinshi bwo kwemera no gushira mu ngiro za nyigisho shingiro za bibiliya.

Kubw'ivyo, nashaka ndagusabe usome igitabo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'umuntu*, ikigabane kivuga ngo "Mbega ingorane zacu zihagaze he?" hamwe n'agace kavuga ngo "Ni iyihe ntambamyi nyamukuru mu bukristo bwo mu mubiri?" Uko ukwumvira kuzana umunezero biboneka mu gitabo *Nimugume muri Yesu*, ikigabane kivuga ngo "Ukwumvira biciye muri Yesu".

2. Dushaka kubanza kuzana abantu kuri Yesu kuko baba barimbutse icyo badafise Yesu

"Ufise umwana niwe afise ubugingo, ariko udafise umwana ntafise ubwo bugingo." (1 Yohana 5:12) Yesu yavuze ati: "Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo; ntawushika kwa Data ntamujanye." (Yohana 14: 6) Bibiliya ivuga ibitomye iti: "Kandi nta wundi agakiza kabonerwamwo, kuko ata rindi zina musibye y'ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo." (Ivyakozwe 4:12)

3. Dushaka kuzana abantu kuri Yesu kuko muri we ariho baronkera ubuzima bushasha

Ngaha Yesu aduha ubugingo bushasha kandi bwiza kandi ni yagaruka azoreka natwe dufatanye nawe ubuzima bw'ijuru ibihe vyose. "Nuko, uri muri Yesu aba ari icaremwe gishasha..." (2 Ab'i Korinto 5:17) "Nanje jeho nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke busagutse." (Yohana 10:10) Paulo yarasanze ati: "...ngo mubone kunengeserezwa, ngo mushitse ku kunengesera kw'Imana kwose." (Abanyefeso 3:19) "Kuko muri We ari ho haba ukunengesera kwose kw'Ubumana mu buryo bw'umubiri. Kandi munengeserezwa no kumubamwo..." (Ab'i Kolosayi 2:9-10)

4. Dushaka kuzana abantu kuri Yesu kuko atanga umwidegemvyo nyakuri

Yesu yavuze ati: *"Umwana ni yabaha kwidegemvya, muzoba abidegemvya."* (Yohana 8:36). Yesu atubohora ingoyi z'icaha. Ibi bisobanura ko dushobora kubaho tutagira umutwaro w'icaha. Atubohora ingoyi z'ukwikunda, ivyo bisigura ngo atubohora kamere yononekaye ya kera (umururazi, inzigo, ishari, ubwibone, ukwisuzugura, ukutabumbwa n'ivyo ufise, kuba umuntu ata gaciro kanini afise, n'ibindi)

Reka tugire ijambo tuvuze ku bijanye n'ukubohorwa kamere yacu yononekaye ya kera. Ndumva ko gusaba buri musi ngo tubohorwe iyo kamere ari vyiza cane, kuko mu 2 Ab'i Korinto 4:16 havuga hati: *"...umuntu wacu w'imbere yama ahinduka musha uko bukeye."* Intumwa Paulo yarivuzeko ati: *"...buri musi ndapfa."* (1 Ab'i Korinto 15:31) Kandi Martin Luther afatwa nk'uwavuze ko Adamu wa kera yamizwe n'uruzi, ariko *"bakundwa uyu muntu n'ubu arashobora kwoga."* Ndasenga buri musi kugira ngo mbohorwe n'isezerano ryo muri Yohana 8:36. Mur'uyu mwanya sinshobora kuvuga nivyaba bizokwama ari ngombwa canke ko bizogira igihe cavyo.

Ariko n'ubwo bimeze uko, turashobora kubohoka rwose ubuja bw'ibiri hanze bidufatira tubicishije mw'isengesho rimwe, nko kunywa itabi canke ibiboreza. Iyo umuntu yabohowe, ibigeragezo bishasha biguma bimwizingirako. Ni co gituma dukwiye kurongora umuntu yabohowe tukamushikana ku migenderanire yimbitse na Kristo, ku buzima bwuzuye ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ni co gituma kandi nk'akarorero, abantu bari barasinzikajwe n'ibiboreza bigishwa kwegurira ubuzima bwabo Imana, kugira ngo bagume bidegemvya.

Mwibuke ko ubushobozi bw'icaha buzokurwa mu buzima bwacu (Abaroma 8:1-2; Ab'i Galatiya 5:16). Yesu aradukingira icaha. Satani

ntashobora kudukorako. Ivyo ni vyo Yesu yipfuza no guha bagenzi bacu biciye muri twebwwe.

"...kand'aho Mpwemu w'Umwami ari haba umwidegemvyo." (2 Ab'i Korinto 3:17)

5. Dushaka kuzana abantu kuri Yesu kuko urukundo rw'Imana rutugobera

Mpwemu Yera yuzuza abakristo bavutse ubwa kabiri urukundo rw'Imana (Abaroma 5:5) maze agatera imitima yabo kwumva bashaka kubwira abandi ivya Yesu. *"Nuko kuko tuzi uko gutinya umwami wacu kumeze, twemeza abantu,... Kuk'urukundo rwa Kristo rutugobera, kandi ico tuzi tudakekeranya n'uko umwe yapfiriye bese, nuko rero bese barapfuye. Kandi icatumye apfira bese kwar'ukugira ngw'abariho babeho batacinezereza, ariko babeho banezereza uwabapfiriye, akabazukira."* (2 Ab'i Korinto 5:11,14-15)

Hari imvo zibiri zituma duhabwa Mpwemu Yera:

1. Kugira ngo kamere yacu ihingurwe – ivyo ni vyo bibiliya yita ivyamwa vya Mpwemu Yera (Ab'i Galatiya 5:22; 1 Ab'i Korinto 13:1-17)
2. Kugira ngo tube ivyabona vya Yesu. *"Ariko muzohabwa ubushobozi (ububasha) Mpwemu Yera ni yabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe..."* (Ivyakozwe 1:8) – Iyi ni yo mvo ituma turonka ingabire za Mpwemu Yera.



6. Dushaka kuzana abantu kuri Yesu kugira ngo ntibazocirirweko iteka n'Imana

Mbega mu vy'ukuri vyoba ari ngombwa ko dushiramwo n'ubutumwa bw'urubanza? Ubutumwa bw'urubanza budusaba buti: Ni mwishikanire Yesu kugira ngo ntumuzocirirweko iteka n'Imana.

Bibiliya ivuga ngo:

“Kuko twese tutazobura kugaragarizwa imbere y’intebe y’amateka ya Kristo, kugira ngo umuntu ahabwe ibikwiranye n’ico yakoze akiri mu mubiri, ari ciza ari kibi.” (2 Ab’i Korinto 5:10)

“Mwubahe Imana, muyihimbaze, kukw’igihe c’amateka yayo gishitse; musenge lyaremye ijuru...” (Ivyahishuwe 14:7)

Igice cambere c’urubanza – urubanza imbere y’uko Yesu agaruka – caratunguye mu 1844 nk’uko biboneka muri Daniyeli 8:14. Mu bisanzwe, abantu babayeho kera nibo babanza gusuzumwa ubwambere. Inyuma y’aho rero, amatohoza ariko yiga ku manza z’igihe c’iherezo. *“Nuko, ko hakiriho isezerano ryo kwinjira mur’ubwo buruhukiro, twiyubare kugira ngo kumbure ntihagire umwe muri mwebwe yiyumvirwa kw’akererewe.” (Abaheburayo 4:1)*

Iki gisomwa kiduhamagarira kwisuzuma: Mbega narakijijwe? *“Nuko kuko tuzi ingen’ugutinya Umwami wacu kumeze, twemeza abantu...” (2 Ab’i Korinto 5:11)* Kwubaha Imana no kumenya ivy’urubanza rw’Imana rugiyeye kuza vyari bikwiye kudutera umwete wo gushaka gukiza abandi.

E.G. White aratanga insiguro itomoye cane y’ijambo “kwubaha” [gutinya]:

*“Imana isaba abantu kuyizigira no kuguma mu rukundo rwayo, ariko ivyo ntibisigura ko tutazokwigera tugira ubwoba canke amakenga. Abantu bamwe biyumvira ko iyo umuntu afise ubwoba bwinshi bw’urubanza rw’Imana, kw’ico ari ikimenyamenya ko atagira ukwizera; ariko siko biri. **Ugutinya Imana nyakwo, mu kwizera ivyo yihanikiriza, kuzana ivyamwa vy’amahoro vy’ukugororoka, mu gutuma umutima uhinda agashitsi maze ugahungira kuri Yesu.** Benshi bari bakwiye kugira uyu mutima uyu musu, maze bagahungira ku Mwami Imana bafise imitima iciye bugufi, kuko Imana itatanze amategeko menshi agoye, ntiyashinze imanza zirengeje urugero mw’ijambo ryayo, maze ikazishira muri ntibate, ariko ivy’ivuga bifise ubusobanuro bwavyo...*

Paulo yaravuze ati, *“Nuko kuko tuzi ingen’ugutinya Umwami wacu kumeze, twemeza abantu...”* (R&H, Oct. 21, 1890, par. 6)

Ni gute twoshobora kuronka isano riri hagati y’amajambo atandukanye ajanye no gutinya? Nk’akarorero, muri 1 Yohana 4:18: *“Nta bwoba buba mu rukundo.”*

Iyo niyumviriye ku Baroma 5:5 nca mbona ko: *“...kuk’urukundo rw’Imana rwasutswe hose mu mitima yacu na Mpwemu Yera twahawe.”* Kristo aba mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera. Iyo ari mu mitima yacu kandi akaguma muri yo, aca aduserukira mu rubanza. Avuga muri Yohana 5:24 ati: *“N’ukuri n’ukuri ndababwire; uwumva ijambo ryanje akizera uwantumye, niwe afise ubugingo budashira, kandi ntazoshirwa mu rukinja, arikw’aba avuye mu rupfu agiye mu bugingo.”*

Ibindi bintu bibiri twovuga kuri ico gisomwa: “Kwizera” birahambaye cane. Narigeze kurondera ku rubuga ngurukanabumenyi ibi bikurikira: “Uko Bibiliya isigura ukwizera”. Hari amajambo ane naronse. Muri Bibiliya ukwizera bisigura ngo: “kwihebera uwundi”, “kugamburukira uwundi”. N’iyi migenderanire yo kwizera dufitaniye na Yesu ni ko imeze. Ubuzima bw’umuntu wese buzosuzumirwa mu manza z’Imana. Ariko kur’abo bizera Yesu, kur’abo bari muri Kristo, nta rubanza ruzobatsinda, kuko Yesu ari we yishirako ivyaha vyabo.

Ibi bitwereka ko kuvuga gusa urukundo rw’Imana bidahagije – n’ubwo muri kamere ariyo ntumbero yacu nyamukuru. Dukwiye kuvuga kandi ko umusi umwe Imana izoshira umuntu wese mu rubanza. Ntidukwiriye kwirengagiza ubutumwa bw’urubanza. Ariko birakenewe ko ubu butumwa tubuvugana ubwenge. Mur’ico gihe nyene tuvuga ubu butumwa bw’urubanza, dukwiriye gutomora ko ikibi cose kizoshirwakw’iherezo maze imitongano yose, indwara zose n’imibabaro

yose bigakurwaho burundu. Nta kuganya canke urupfu bizoba bikiriho! Dukwiriye kuvuga kandi ko, umuntu wese yomatanye na Kristo adakwiriye kugira ubwoba na buke ku bijanye n’urubanza rw’Imana. Imana isezeranira umuntu wese ari muri Kristo ko azoronka icanzo co kurengana ibimugerageza.

Mw’ikarashishi ryo mu gihugu c’Uburusiya mu gihe c’Intambara ya kabiri y’isi yose, habaye ibi bikurikira: abasirikare b’abadagi bari bari mu binogo bihishamwo barindiriye umwansi kandi bari bazi ko bahanganye n’abansi babo b’Abarusiya. Uwundi murwi w’Abasirikare b’Abadagi waje kwifatanya na bagenzi babo ariko mur’ako kanya ntibari bazi aho binyegeje barindiriye guhangana n’umwansi. Bari guhava bagwa mu minwe y’Abarusiya, iyo umusirikare umwe w’Umudagi atari kuba yashinze mu kinogo ikimenyetso canditseko ngo “Hagarara”. Aho niho gusa bamenye ko bari mu yabira. Abadagi bari muri vya binogo bashaka gukiza bagenzi babo.

Natwe duhatirwa kugabisha bagenzi bacu kubijanye n’urubanza rw’Imana kandi tubwirizwa kubereka inyishu kur’ico kibazo. Tubwira abantu n’urukundo ko hazoba urubanza. Hanyuma baba baronse akaryo ko kwikingira. Hamwe twokwigumizamwo ivyo bintu ntitubibabwire, umusi umwe botwidogera cane. Ni ahacu kwereka abantu ko n’urubanza ruhari kugira ngo bashobore gufata ingingo nziza.

7. Kuko gushingira intahe Yesu ari n’ubufasha kuri twebwe

Kuvuga ivya Yesu biradufasha. Abavuga ivya Yesu barakura mu kwizera. Kuvuga ivya Yesu bifise inyungu zingarukako. Tuzobona ko ibi bidutera umwete wo kugira ubuzima bw’ugusenga dukobeje no kuguma dukura mw’ijambo ry’Imana.

Iyo turiko tuvuga ivya Yesu mu nkomezi za Mpwemu Yera, tuba turiko tubiba urukundo, umunezero n’amahoro. Twisunze ingingo y’ijuru ijanye no kubiba hamwe no kwimbura, tuzokwimbura ivyo

twabivye. Kandi mbere tuzokwimbura ibirenze ivyo twabivye. Mu bisanzwe iyimbura ni ukwigwiza kw'imbuto yabibwe. Yesu yavuze mu mugani w'umubivyi ati: zimwe zama mirongwitatu, izindi mirongwitandatu, izindi ijana (Mariko 4:20) Nk'akarorero, iyo tubivye urukundo, twimbura urukundo, ariko imisi yose ruza rurengeye urwo twabivye. *“Arikw'ico mvuga ngiki, ng'ubiba nke azokwimbura bike, ubiba nyinshi azokwimbura vyinshi. Umuntu wese atange nk'ukw'abigambiriye mu mutima wiwe, atababaye cank'atagoberewe, kukw'Imana ikunda utanga anezerewe. Kandi Imana ishobora kubasazako Ubuntu bwayo bwoye, kugira ngo murushirize gukora ivyiza vyose, mufise ibibahagije muri vyose.”* (2 Ab'i Korinto 9:6-8)

8. Kuko dushobora kuba abaserukizi b'Imana biciye mu kuba ivyabona vyo gushingira intahe Yesu

Ni ibakwe ridasanze umuntu aba agiriwe kuba umuserukizi w'Imana. *“Nico gituma turi intumwa mu gushingo ca Kristo, Imana isa n'ibingingira muri twebwe. Turabingira mu gushingo ca Kristo, mwuzure n'Imana.”* (2 Ab'i Korinto 5:20) Umuntu wese aserukira igihugu abona ko ari icubahiro kidasanzwe kuba aserukira igihugu ciwe, umukuru w'igihugu wiwe, canke umwami wiwe. Nk'abigishwa ba Yesu, turi abaserukizi b'Umwami w'abami. Aka n'agateka karengaye ibindi bintu vyose umuntu yashobora kuronka.

9. Kubera ko Mpwemu Yera aduha ububasha mvajuru n'ubushobozi

Ellen White yaragize ico avuga kuri Ivyakozwe n'intumwa 1:8: *“Yesu yavuze ati, muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe”*. Kuburira isi bikorwa na Mpwemu Yera afatanije n'ugushinga intahe kuzima. Umukozi w'Imana ni umuserukizi ijuru ricako mu kuvugana n'abantu, kandi Mpwemu Yera

niwe aca aha ijambo ry’ukuri ubushobozi.” (R&, April 4, 1893, par 9) Ngaha ijambo “ubushobozi” risobanura ngo: guhabwa ububasha, uburenganzira. Biboneka ko Mpwemu Yera aduha ububasha n’uburenganzira bwo kuba ivyabona vyo gushingira intahe Yesu. Mbega twoba twariyumviriye bihagije igituma duhabwa na Mpwemu Yera ububasha n’ubushobozi?

10. Dushaka kuzana abantu kuri Yesu kuko Kristi yatujeje ico gikorwa

Yesu yavuze igihe yariko aragenda ati:

“Jewe nahawe ububasha bwose mw’ijuru no mw’isi. Nuko ni mugende muhindure amahanga yose abigishwa, abizera mubabatize mw’izina rya Data wa twese n’iry’Umwana n’irya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose; umve ndi kumwe namwe imisi yose gushika ku muhero w’isi.” (Matayo 28:18-20) Amajambo ya Yesu tuyita Igikorwa gihambaye twajejwe.

Mbega Yesu yoba yiteze ko tuzokwumvira igikorwa yatujeje? Mwibuke ko ukwumvira kwacu biciye mu kwizera ari vyo vyitezwe. Ivyo bigizwe n’ibintu bitatu:

1. Ingingo mfata
2. Intambuko ntera mu kwitegura
3. Imana irabishitsa

Reka dufate Daniyeli nk’akarorero (Daniyeli 1: 8-9) :

1. Daniyeli yagize imigabo mu mutima. Yarafashe ingingo
2. Intambuko yateye zo kwitegura: Mbega yakoze iki ubwiwe? Yasenganye na bagenzi biwe kubw’ingorane bari barimwo. Vyongeye kandi yariyumviriye ikindi kintu yari gukora. Kubw’ivyo, yandikiye icete umukuru w’inkone.

3. *"Nukw'Imana ituma Daniyeli akundwa n'umukuru w'inkone, amutera imbabazi."* (umurongo w'9)

Ukugomba kwanje kwumvira kuza ubwambere imisi yose: Mbega ndipfuzwa kwumvira igikorwa Yesu yatujeje? Inyuma yo gufata ingingo ibereye, nka ntangura gutera intambuko zo kwitegura uko ndabishoboye. Ndasengera umuntu, maze nkarondera abantu kandi nkagumana imigenderanire mfitaniye n'abantu.

(Iyo Kritso aba mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera, azodufasha intambuko ku yindi.)

Imana yipfuzwa gushikana abo bantu ku gakiza! Izokora ku mitima yabo.

Birashoboka ko hari n'izindi mvo nyisnhi zituma twozana abantu kuri Kristo. Ariko mu kurangiza, turashaka kwibuka ivyo abashikanye imishaha ku gakiza benshi bize:

Ndashaka kubivuga mu majambo atomoye ko kwiga, ibitabo hamwe n'ubuhinga bwo gukora ata kamaro na kamwe bifise mu gihe tudakoze mu nkomezi n'ububasha vya Mpwemu Yera.

Noneho haca havyuka ikibazo gikomeye:

Ni gute novuga ivya Yesu?

Hari inzira nyinshi n'ubuhinga bwo kuganira n'abantu twokoresha mu kuvuga ivya Yesu. Inzira imwe yageragejwe kandi igasuzumwa ni iy'ukubanza gusoma agatabo kerekana uko wokora. Mu gice gikurikira, tuzorabira hamwe uko twokoresha agatabo k'igikorwa.

Igice gikurikira ni:

Ni gute tworongorera abantu kuza kuri Yesu?

Ni izihe mvo 12 nziza zokoresha kur'ako gatabo k'ibikorwa? Mbega ni ibhe bishingantahe bifadika dushobora gukuramwo? Mbega ni gute nashobora gukoresha agatabo k'igikorwa kageragejwe kandi kagasuzumwa neza?

Mur'uyu mwanya, reka tuvuyihweze gato. Ikintu cama kigora abantu ni ukurukana uburyo bwiza bwo gutangura ikiganiro n'umuntu. Ni gute nashobora kuvuga neza ibijanye n'ukwizera? Ni ikihe ikibazo c'urwinjiza gishobora gutuma umuntu aja kw'ijamba nyezina?

- ✓ Mbega ni gute notangura kubwira umuntu ivya Yesu kandi nkamwereka intumbero y'umugambi w'agakiza mu buryo bworoshe?
- ✓ Ni gute nashobora gukora ibipimo vyo mu vya Mpwemu kugira ngo uwo muntu ashobore kumenya aho ahagaze n'aho ashaka kuja muri kazoza? Ibi birahambaye kuri jewe kugira ngo nashobore gutanga inyunganizi
- ✓ Ni gute nashobora gufasha umuntu asanzwe ashaka kwakira Yesu?

Imana ishimwe kuko hari inyishu nziza kur'ivyo bibazo. Izo nyishu ziri mu kinyamakuru "Seize Life" [Kiza ubugingo]. Mu vy'ukuri ubwo buhinga bwarakoreshejwe imyaka myinshi cane kw'isi - kandi vyagenze neza cane! Ni vyiza ko abantu benshi babukoresha kugira ngo bakize abandi bantu benshi kandi kugira ngo habe umunezero ku bafasha.

Dushaka gushimira Imana n'imitima yacu yose kuko ituma dushaka kandi ikaduha ubushobozi bwo kuzana abantu kuri Yesu.

Isengesho: "Data uri mw'ijuru, ngira uwipfuzako gukore iby'ushakako. Ndakwinginze ngo uvyure muri jewe icipfuzako gufasha mu ntumbero

yo gukora igikorwa kidasanzwe co kukugarurira iyi si yazimiye. Urakoze Mwami Yesu, ko uzonyobora kubwa Mpwemu wawe mwiza. AMEN.”

Ivyiyumviro umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. Ni uruhe rurtonde twokurikiza, mu gihe twoba dushaka kuba abarovyizi b'abantu nyabo?

2. Ni ibiki bisabwa kugira ngo umuntu abe umurovyi w'abantu?

3. Rondera imvo nkeya zotuma umuntu abanza kuzana abantu kuri Yesu imbere y'uko abigisha ibijanye n'inyigisho shingiro za Bibiliya

4. Mbega ni ikihe kintu c'agaciro ubona? Ndafata akaryo biciye mu masengesho nkashyirira intahe Yesu mu bubasha bwa Mpwemu Yera. Ibisigaye ndabirekera Imana.

Igihe cacu co gusenga

- Sanga umugenzi wawe musengera hamwe muhanahane ivyoyumviro ku cigwa
- Sengera hamwe n'uwo watoye ngo musengere hamwe...
 - 1.... . kugira ngo mushobore gushingira Yesu intahe vy'ukuri...
 - 2.... . kugira ngo Imana itume numva ko nezererewe gukora ikintu cose yipfuzako nkora
 - 3.... kugira ngo utahure impamvu ari ngirakamaro kuzana abantu kuri Yesu
 - 4.... kugira ngo ndonke ubwenge bwo gusuzuma neza ,ivyabantu ndiko ngendera bakeneye mu vya Mpwemu.



NI GUTE TWOZANA ABANTU KURI YESU?

*Biciye mu gusomera hamwe n'abandi ivyigwa vya Bibiliya
ukoresheje amakete yandikiwe Andereya No 13. Kiza ubugingo
biciye mu migenderanire ufitaniye n'Imana.*

Ubwambere tubanze dufatire ku ntambwe zibiri ziri mu kigabane c'7 n'ic'8. Hanyuma mu kigabane c'9 tuhasanga urutonde dushobora kwisunga mu gukoresha ayo makete yandikiwe Andereya.

Ni kuki ari vyiza gukoresha ako gatabo gato?

Umuvugabutumwa w'Umudiventiste yitwa Eiden K. Walter yanyandikiye ati: "Kubwanje, sinipfuzwa gukurikiza izo ntambuko – kuzana abantu kuri Yesu - ntakoresheje ako gatabo gato. Karamfasha cane. Bitanga icemezo ku mwizera mushasha kandi bitanga intumbero nyayo.

Ivyiza cumin a bibiri vy'ako gatabo gato ni ibi:

1. Karimwo ubutumwa bw'umushinge w'ivy'ubutumwa bwiza.
2. Umusomyi ntaronka gusa amajambo yanditswe n'abantu, aya nayo kenshi ugasanga azimiza, ariko kandi aronkamwo ubutumwa bwiza. Ni incamake y'umugambi w'agakiza.

3. Inyubako nziza y'ako gatabo ituma ubutumwa bwiza bwumvikana vyoroshe. Uwo muriko muganira ntiyumva gusa ivyo uriko uvuga, ariko kandi mur'uwo mwanya arakwumviriza akongera akakwitegereza.
4. Kadufasha kuguma ku cigwa turiko tunganirako no gutumbereza icyumviro.
5. Gatangurira kuri vyiza, n'ukuvuga gahera ku rukundo rw'Imana.
6. Gatuma umuntu agereranya ivyo yumvise n'ivyo asanzwe abayemwo mu buzima bwa misi yose.
7. Hari iviyumviro vyashikirijwe kugira ngo umuntu akure kandi kerekana akamaro k'Ishengero.
8. Urashobora kuguma witayeho umuntu muriko muravugana kuko uba uzi ivyo ugomba kuvuga.
9. Kagufasha gutangura ikiganiro kijanye n'ibibazo vy'ukwizera. Nk'akarorero urashobora kuvuga gusa uti: Nararonse agatabo gatoya kavuga mu ncamake ubutumwa bwa Bibiliya. Mbega woba ukazi?
10. Karafasha kandi abo bataramenyera gukoresha bibiliya, gusigurira ubutumwa abandi no kubayoborera ku kugiriranira imigenderanire na Kristo.
11. Urashobora kugaha uwundi muntu mu gihe uhejeje kuvugana nawe. Ivyo urakwiriye kubikora kandi! Abantu benshi bakunda kukagumiza muri bibiliya zabo.
12. Mur'ico gihe nyene, uwabwiwe ubutumwa maze akaza kuri Yesu yiga uko yokwereka abandi inzira ija kuri we.

Hari n'izindi mvo nziza nyinshi. Gerageza nawe uhejeje gusenga maze ubishire mu ngiro biciye mw'isengesho. Kwigira mu bikorwa ni vyiza kuruta kwiga gusa. Hamwe vyashoboka, numva ntokwigera nganira n'abandi iyi ntambuko ihambaye ntafise ako gatabo."

Ibishingantahe bike vy'ivyambayeko nahisemwo:

Igishingantahe ca 1: “Narashoboye kugiriranira ikiganiro kimwe gusa n’umuyobozi w’umukenyenzi w’imyaka 40 y’amavuka. Mu gutangura namubajije ca kibazo ca 1 c’urupfunguruzo kandi yaciye yipfuza gusomera hamwe nanje ico kinyamakuru. Ikibabaje n’uko atashatse kwakira Yesu uwo musi. Ariko n’ubwo bir’uko, mu gutandukana yarambwiye ati: “Nashaka kugushimira bivuye ku mutima. Ni bwo bwambere mu buzima bwanje menye ubuzima rukristo ic’ari co. Mur’ico gihe uyu mukenyenzi ntiyari bwemere na none. Ariko n’imiburiburi yaramenye inzira ija kuri Yesu inyuma y’ikiganiro twagiraniye maze akazoyifata igihe cose muri kazoza. Birumvikana rero, nahavuye ndamusigira agatabo gato kitwa “Kiza ubugingo”.

Igishingantahe ca 2: “Ndi mu rugendo mva i Bagidadi nerekeza i Mosuli muri Iraki, nari nicaranye n’umunyeshure ava muri Iraki mu kibanza co kw’idirisha. Twarashoboye kuganira mu Congereza. Inyuma y’ikibazo ca mbere, na we nyene yarashatse kumenya uko yoronka icemezo. Mu kurangiza yari yiteguriye ko ndamusengera isengesho ryo kwishikanira Yesu Kristo. Nari namusiguriye ibijanye n’iryo sengesho nagira ndamusengere maze ndamubaza nimba yipfuza gusenga iryo sengesho. Yaravuze ko ashobora gusenga iryo sengesho ariko ko atari bushobore kwibuka ijambo ryose ryavuzwe. Nari gusenga iryungane ku rindi hanyuma na we agasubiramwo kandi uko ni ko twabigenjeje. Naramwipfuriye imihezagiro myinshi mur’iyo nzira ija kuri Yesu maze ndamusaba ko yokwitwararika kwifatanya n’Ishengero ry’Abadivantiste mu gisagara c’iwabo i Bagidadi.”

Igishingantahe ca 3: Igihe naja kugendera intara mvugabutumwa nshasha, naje kumenyana n’umwizera mwiza hamwe n’umuhungu wiwe w’imyaka 17. Uwo musore yari yarasinzikajwe n’ikiyayuramutwe citwa Talidomide. Inyuma y’ukubaza ikibazo c’urwinjizo, bompi uko ari babiri baciye bumva bipfuye kandi bafise igishika co gusomera hamwe ikinyamakuru kivuga ngo *Kiza ubugingo*. Bompi bari biteguriye kwegurira ubuzima bwabo Yesu biciye mw’isengesho. Haheze igihe uno musore yahavuye abatizwa. Mu bishingantahe bimwe yatanze ku mugaragaro, yarashinze intahe afise umunezero ko ubuzima bwiwe nk’umuntu yasinziye bwagize ishusho nshasha biciye muri Yesu. ”

Igishingantahe ca 4: Ikindi gihe naganiriye n’umutama w’imyaka 38 y’amavuka, yar’asanzwe yubakanye n’umudivantiste. Yari yaraboshwe n’ukunywa itabi (amatabi 70 ku musi) kandi vyari vyaramunaniye guheba gutumura itabi. Naramusiguriye ukuntu yoshobora kuba uwidegemvya abifashijwemwo n’Imana no gusaba amasezerano y’Imana. Yashobora kunywa amacupa ari hagati ya 10 na 14 y’inzoga ku musi. Mur’ico gihe yumva ashaka no kureka kunywa. Twarongeye turasenga kandi Imana yaramubohoye kunywa ibiboreza. - Ikindi gihe narasubiye kubonana nawe, hanyuma dusomera hamwe ca kinyamakuru *Kiza ubugingo*. Yari yugurutse ku bibazo vyose vyabazwa no ku vyiyumviro vyashikirizwa. Inyuma yo gusengera hamwe isengesho ryo kwishikanira Yesu, naramubajije nti: ‘Mbega hamwe wopfa uyu musi, wokira?’ Yaranyishuye ati: ‘Ego cane.’ Umugore wiwe yaratangaye cane. Yahavuye adusigurira ati: “Yesu yaranyishuye isengesho ryanje ryambere kandi yaramubohoye kunywa itabi, mw’isengesho ryanje rya kabiri yaramubohoye kunywa ibiboreza kandi kuva icyo gihe nacye ndamuha ikaze mu buzima bwanje, yarashitse mu bugingo bwanje. Noneho narakijijwe”. Yavugaga ukuri. Yahavuye atangura kuja mu masengesho yo mu gitondo hamwe n’umugore wiwe akunda. Yari

yiteguriye gukurikirana ivyigwa vya Bibiliya kandi mu nyuma yahavuye abatizwa. (Ushobora kuronka ido n’ido ry’ukwo kubohoka mw’ikete rya 5 ryandikiwe Andereya ryitwa ngo *“Intsinzi kw’itabi n’ibiboreza”*. Iyi nzira irashobora no gukoreshwa no ku bindi bintu bigira abantu abaja.)

Ndagusavye utore Agasandugu k’Amakete yo Gutanguza hanyuma usome ikete rya 13 ryandikiwe Andereya rivuga ngo *“Cakira ubugingo”* wisunze uburyo ryanditswemwo ubwambere. Iki gikoresho ngirakamaro kandi casuzumwe neza kw’isi yose (kigizwe n’imitwe y’amajambo itandukanye) kirakoreshwa iyo uriko uzana umuntu kuri Yesu. Mu gice c’9 kivuga ngo: Ibikoresho bifadika”, uzomenya vyinshi vy’umushinge ku vyerekeye n’ako gasandugu k’Amakete yo gutanguza n’ayandi makete yandikiwe Andereya.

Uhejeje gusoma ikete ryandikiwe Andereya rigira 13, ca usubira inyuma ubandanye gusoma igice c’7. Iki kigabane kivuga ibijanye n’ikete ryandikiwe Andereya rigira 13 riteguwe nk’indongozi nzima wokoresha ku bantu uganira na bo. Kandi vyongeye, kigizwe n’impanuro z’ibibazo bifataniye hamwe canke bitandukanye wokoresha mu kuzana umuntu kuri Yesu. Ibi bibazo bizobafasha mu gufata ingingo.

Soma ikete rigira 13 ryandikiwe Andereya rivuga ngo “ Kiza Ubugingo”

Uhejeje kurisoma, ndagusaba ngo uce usubira inyuma mu gitabo ku kigabane kivuga ivy’iryo kete. Urakoze!

Mbega ni ikihe kibazo c’urwinjizo cokoreshwa kugira ngo gitume abantu bagira umwete wo gusomera hamwe n’abagenzi ikete ryandikiwe Andereya rigira 13 ryitwa *“Cakira Ubugingo”*, arivyo bituma abantu bagiriranira imigenderanire n’Imana?

Ndabaza nti:

“Nshobora kukubaza ikibazo gihambaye cane?”

Umuntu wese yama yishura ati ego. N’ubwo twaba twavuze ibintu bitandukanye, nama nshobora kuja kw’ijambo nyamukuru nkoresheje ico kibazo.

Hanyuma nkabaza nti:

Ikibazo nyamukuru ca 1:

“Hamwe vyoshika ugapfa uyu musu – nk’igihe wohitanwa n’isanganya ry’indwara y’umutima canke ikindi kintu! Mbega urafise icemezo co kuronka ubugingo budashira uri kumwe na Yesu?” Inyishu kenshi usanga ari “Oya”, rimwe na rimwe naho usanga ari “Ndavyizeye” maze gake cane ugasanga ni ho inyishu iba “Ego!”. Nta kintu na kimwe novuga kur’izo nyishu. Igihe umuntu yishura “ego” gusa niho nashobora guca mbandanya nkamubaza ca **kibazo nyamukuru ca 1a**. Rero naca mvuga nti:

Ikibazo nyamukuru ca 1a:

“Ndashobora kukubaza ikindi kibazo? Imisi yose baca banyemerera maze nkaca mbaza nti:

“Hamwe Imana yokubaza iti: Ni kuki wizera ko woja mw’ijuru?”

Inyishu yerekana ko umuntu aba yizigiye agakiza kava ku bikorwa vyiwe canke agakiza kava ku kwizera. Singira ico mvuze no kur’iyo nyishu. Ikete ryandikiwe Andereya ryerekana ko twakijijwe n’ubuntu bw’Imana biciye mu kwizera.

Ikibazo nyamukuru ca 2:

“Uripfuzwa karonka ivyo vyizigiro? Iki kibazo caguma cishurwa no kwemera. Mbega urafise iminota mikeya ngo dusomere hamwe iki cigwa?”

Iyo umuntu yemeye- nk’uko benshi bama babigira – naca ndamuha rya kete ryandikiwe Andereya rigira 13 maze tukarisomera hamwe. (Wogira impapuro nyinshi zaryo mu gihe hoba hari abantu benshi.)

Iyo turiko dusomera hamwe n’abandi, turashobora gufasha abantu... mu kubaza ibibazo. Ariko namba vyoshoboka, ntitwari dukwiye kubaza ibibazo birengeye ivyerekanywe hano. Dusanga twavuze vyinshi cane maze bigatuma bataba bacitwararitse ivyo turiko tubabwira.

Mu bindi bice bikurikira, ibindi bintu vyose vyandikishijwe amaboko ni vyo nokwongerako. Ndagusaba kuvyandika ku gapapuro. Uko niko ndabigenza. Ni wibuke ko ico ari co gikoresho nyamukuru dukwiye gukoresha mu kuzana abantu kuri Yesu. Ni *Ikete ryandikiwe Andereya* ryonyene dushaka gutekura twitonze cane.

Reka dutangure gusomera hamwe n’incuti yacu

“Reka dutangure gusoma:”



Cakira ubugingo – Biciye mu migenderanire

y’umuntu n’Imana

Ikete ryandikiwe Andereya rigira 13



“Turiko dusubiramwo ca kibazo cacu gihambaye. Nagikuye ngaha. Caranteye umwete mwinshi cane.”

Andereya nkunda,

Noshobora kukubaza ikibazo gitomoye kandi gihambaye?

Hamwe vyoshika ugapfa uyu musu (uhitanywe n’ingwara y’umutima, isanganya?), mbega urafise ivyizigiro vyo kuronka ubugingo budashira hamwe na Kristo? Ntugume mu mwijima! Hari ibantu bitanu bizogufasha kuronka inyishu.

Umuntu wese azorondera kugiriranira ubucuti n’Imana azokwibonera mu buzima ibi bikurikira:

1. Imana irankunda!

“Iki nico caseruye urukundo rw’Imana muri twebwe, nukw’Imana yarungitse umwana wayo w’ikinege mw’isi kugira ngo duheshwe ubugingo na we. Iki ni co kirimw’urukundo, s’uko twebwe twakunze Imana, ariko nukw’ari yo yadukunze igatuma umwana wayo kuba impongano y’ivyaha vyacu.” (1 Yohana 4:9-10)

Ni co gituma Imana imfiteye umugambi. *“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi , ari rwo rwatumye itanga umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi , ariko ahabwe ubugingo budashira. Kukw’Imana itatumye umwana wayo gucira abari mw’isi urubanza, ariko ngw’abari mw’isi bakizwe na we.” (Yohana 3:16-17).*

Yesu yasezeranye ati: *“...Nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke busagutse.” (Yohana 10:10)*

Imana impa ibihambaye:

- ✓ Ubuzima bufise insiguro kandi bwuzuye – uyu musu
- ✓ Ubugingo budashira – hanyuma

Ni gute ingabire y’Imana idahabwa agaciro? Ni izihe mvo ziri inyuma y’ukwo kuri kubabaje?

2. Twitandukanije n’Imana!

Ubwambere nambere abantu bari bahamagariwe kugiriranira ubucuti n’Imana. Bari bafitaniye ubucuti n’Imana. Ariko baritandukanije n’Imana bo nyene ubwabo bavyishakiye. Ubwo ni bwo buryo biyumviriye ko bashobora kwigenga. Bityo rero ubucuti bwabo n’Imana buba buratakaye.

Iyi ngingo y’abana b’abantu bibiliya iyita “icaha”. Ntaco bitwaye yaba yigaragaza nk’ubugarariji bweruye canke nk’ukwirengagiza Imana.

Icaha kidutandukanya n’Imana.

Bibiliya irasobanura icaha ic’ari co:

“Arikw’ibigabitanyo vyanyu ni vyo vyabatandukanije n’Imana yanyu, kandi ivyaha vyanyu ni vyo vyabakingiriye mu nyonga hayo, bigatuma yanka kwumva. (Yesaya 59:2)

“Umuntu wese akora icaha akora ivy’ubugarariji, kandi icaha nico mugararizo.” (1 Yohana 3:4)

“Kugabitanya kwose ni icaha...” (Yohana 5:17)

Hari benshi babona ko ubuzima bwabo butagira insiguro. Ni co gituma abantu bakorana ishaka ryinshi ngo baronke ubuzima bifise insiguro. Ariko mbega babishobora bate? Badafise Imana?

N’ubwo bir’uko, ubuzima butunganye kandi bwiubashe, ivyiyumviro vyo kugira iyi si nziza canke gushaka gushika kuri vyinshi mu vyo gusenga ntibishobora gukuraho ikinogo kiri hagati yacu n’Imana.

Icaha hamwe n'ingaruka zaco zose, ntigishobora gukurwaho n'utwo twigoro twose.

Ni iyihe nyishu y'Imana kur'utwo twigoro twose tw'umuntu?

3. Yesu Kristo yapfuye kubw'ivyaha vyanje!

Urupfu rwiwe rwatanze ikiguzi c'ivyaha vyanje:

"Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: Igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kandi imishishagu yiwe ni yoidukiza." (Yesaya 53:5)

"Ninde azobatsindisha? Mbega ni Kristo kand'ari we yapfuye? Ibibiruta yarazutse, ar'iburyo bw'Imana, bitayeko aradusengera." (Abaroma 8:34)

Ubwiwe yarivugiyeho ati: *"Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo. Ntawushika kwa Data ntamujanyeho." (Yohana 14:6)*

Imana yankoreye ivyo jewe ubwanje ntari kwishoboka: Yakuyeho ikinogo cantandukanya nayo. Ivyo vyabaye igihe umwana w'Imana yapfa ku bw'ivyaha vyanje. *"Kandi nta wundi agakiza kabonerwamwo, kuko ata rindi zinamusi y'ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo. (Ivyakozwe 4:12)*

Dushobora kugiriranira ubucuti n'Imana biciye muri Yesu.

Kumenya ivyo vyonyene ntibihagije. Imana irarindiriye ko har'ico dukora. Ivyo na vyo bisa nk'ibi:

4. Ndakiriye Yesu nk'Umwami n'Umukiza wanjye

“Ubuntu ni bwo bwabakijije kubw’ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n’ingabire y’Imana. Ntivyavuye ku bikorwa kugira ngo hoye kugira uwirarira.” (Abanyefeso 2: 8-9)

Kumwakira bisigura ngo:

- ✓ Kubana na we mu bucuti ufite na we
 - ✓ Kugira ukwizera n’ivyizigiro muri we
- “ Raba mpagaze ku rugi ndaramukije. Umuntu ni yumva ijwi ryanje akugurura, ndinjira iwe dusangire...” (Ivyahishuwe 3:20)*

Ibintu bibiri bishoboka:

Ukwikunda kwanje nk’umushinge w’ubuzima bwanje

Ukwikunda kwanje ni kwo kuganza

Inkurikizi zica ziba nk’akarorero, ugushaka gushimwa n’abantu Ugukekeranya, kubura amahoro, icaha, ukudatekanirwa mu mutima, n’ibindi.

Yesu Kristo nk’umushinge w’ubuzima bwanje

Yesu Kristo aranyobora. Bimwe mu vyiza nca ndonka ni nk’ibi: *amahoro, ubushizi bw’ubwoba, imbabazi, urukundo, ubuzima bushasha kandi budashira.*

Inyishu yanje ku bibazo bikurikira irahambaye cane

- ✓ Mbega ubuzima bwanje bugaragaza iki?
 - ✓ Mbega butanga insiguro ihambaye canke isanzwe? (Turashobora gufasha nko mu kuvuga tuti:)
- “Reka twongere turabe insiguro kandi” (Ruhuka gato inyuma y’aho hanyuma uce ubaza uti:)*

“Mur’uyu mwanya ibisigaye canke insiguro yoba imeze neza?”

(Nta majambo tuvuga ku nyishu zabo , ahubwo duca tuvuga tuti:)

“Reka tubandanye gusoma.”

- ✓ Mbega nipfuza ko ubuzima bwanje busa gute?
- ✓ Ni iyihe shusho wipfuza kuzokwerekana muri kazoza kawe? (Noneho duca tubaza tuti:)
Ni iyihe shusho wipfuza kugira muri kazoza kawe? (Naco tuvuga ku nyishu batanze, ahubwo ico twovuga kumbure coba:)

“Reka tubandanye gusoma.”

- ✓ *Ni igiki combuza kwakira Kristo mu bugingo bwanje ubu? (Inyuma y’akanya gato duhoze, turashobora guca tubaza tuti:)
Ni igiki cokubuza kwakira Yesu mu bugingo bwawe ubu ?” (Kenshi usanga inyishu ari iyi ngo: “Ntaco”) (Ntakintu na kimwe twovuga ku nyishu zatanzwe, ariko duca tubandanya gusoma:)*

“Reka tubandanye gusoma ku rupapuro rugira 4”

Ndagusavye ngo usome vyose harimwo n’isengesho. (Ariko menya ko ukwiye gusoma iryo sengesho bukebuke ariko mu majambo yumvikana.)

Ni gute nokwakira Yesu Kristo mu bugingo bwanje?

Ndashobora gufata ingingo yo kwakira Yesu uyu musu kandi ubu nyene. Biroroshe cane kuvugana na Yesu. Ivyo ni vyo bibiliya yita **“Isengesho”**. Isengesho ryanje ryabaye iri ngo:

Isengesho ryosengwa: “Mwami Yesu Kristo, ndashaka kugushimira ko wapfuye ukazuka ku bwanje. Nd’umunyavyaha, ndagusavye ngo umbabarire. Ndagusavye ngo uze mu bugingo bwanje ubu nyene. Sinshobora kwikiza. Sinshobora kuronka ubugingo budashira. Ni co gituma nk wizeye. Ndakwinginze ngo unkure mu buja bw’ikibi. Mpa inkomezi zo kugukurikira. Ndakweguriye ubuzima bwanje hamwe n’ivyo mfise vyose na jewe ubwanje. Ndakiriye ubugingo budashira. Sinaburonse nk’agahembo ariko ndagushimiye ko wabutanze nk’ingabire. AMEN. ”

Mbega urashobora kuvuga “ego” kuri iri sengesho?

Ndagusavye ngo usome iri sengesho witonze cane ubugira kabiri. Ikibazo ni iki ngo: Rihuye n’icipfuzo cawe? Wibuke ko: Icipfuzo cawe ni ikibanza Imana iruhukiramwo mu bugingo bwawe.

“Ngiye kubisubiramwo kandi n’ijwi rirenga kugira ngo ushobore gufata ingingo yo kwemera iryo sengesho”.

Ubu noneho soma iryo sengesho ubugira kabiri udugije ijwi bukebuke ariko mu majambo yumvikana.

Ugusoma ubugira kabiri

Inyuma y’ugusoma ubwa kabiri baza uti: *“Urashobora kwemera iri sengesho?”*

Inyuma y’akanya gato ko kuruhuka , twemerewe, biciye mu majambo canke mu bimenyetso, duca tubandanya.

Ndagusaba ko two/wosenga n’ijwi rirenga ubu.

“Imbere y’ivyo reka tubanze dusome iryungane rikurikira.”

Nimba navyemeye, nca nshaka kwegurira ubugingo bwanje Yesu nkoresheje amajambo ari muri rya sengesho ryatanzwe. Azokwumva isengesho ryanje.

“Namba ataco bigutwaye rekā dupfukame.” Ni vyiza cane gupfukama mu gusenga iryo sengesho. (Ariko si itegeko.)

Isengesho

Inyuma yo gusengera hamwe na we urashobora kuvuga uti:

“Ndagukeje cane! Imana yacu idukunda yamaze kwumva isengesho ryawe. Tuzobandanya dusomera hamwe gushika kw’iherezo kugira ngo tubone ico ivyo bisigura mu buryo bwagutse.”



5. Ubuzima bwanje bushasha hamwe na Yesu Kristo

Ubu naronse Yesu Kristo mu bugingo bwanje. Nshaka kubandanya iyi nzira ndi kumwe na we. Ndakiriye amasezerano y’Imana ari mw’ijambo ryayo nshizeko umwete. Ubugingo bwanje bushasha ntibuhagaze ku bigumbagumba, ahubwo buhagaze ku bintu bifadika biva mw’ijambo ry’Imana:

“Nuko rero iy’umuntu ari muri Kristo aba ari icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.” (2 Ab’i Korinto 5:17)

Abantu benshi barashobora kwitega umunezero mwinshi inyuma y’iri sengesho. Umuhinga mu vy’inyubako yavuze amajambo atanezereje ati:

“Nahaye Yesu Kristo ijambo ryanje nkoresheje iri sengesho ryo kumwiyegurira. Ariko ntabwo niyumva nk’uko nari ndavyiteze.”

Wareguriye ubgingo bwawe Yesu Kristo. Isengesho ryawe ryo kwiye gurira Yesu ryaremye ikintu gishasha kuko Imana n'lyo kwizigirwa hamwe n'ijambo ryayo. Gutahura ibi bikurikira birahambaye mu gihe tubifashe muri iyi ntumbero: **Ibigumbagumba vyacu si vyo bituma ukuri kuba ukuri.** Ukwo kuri kuba ukuri iyo ata bigumbagumba birimwo. Ntikuva ku bigumbagumba vyanje.

Nk'akarorero: Isabukuru ry'Umusi wawe w'amavuko rishika ku musi runaka. Ariko ugasanga mu vy'ukuri utiyumvamwo iryo sabukuru! Ukuri n'uku: Uyu musi ni isabukuru yawe – naho woba utiyumvamwo ivy'isabukuru.

Urazi ikirangamisi. Nk'akarorero: $2 \times 2 = 4$; canke $4 \times 4 = 16$. Ikiranga misi ni kintu c'ukuri kiri ngaho. Si ngombwa ko urinda kuciyumvamwo. Ngaha ibigumbagumba ntibikora. Ibigumbagumba sivyo vyerekana ko ikintu ari ic'ukuri!

Uwo muhinga w'umwubatsi yarasubijwemwo intege aho yamenya : “Naremereye Yesu. Ubu ndi umukristo n'ubwo ntokwiyumva merewe nk'uko nabishaka. Ikibabaje n'uko mama atari yarigeze ansigurira iyi ngingo isanzwe.”

Ni igiki gishasha canke ni igiki cahindutse mu buzima bwanje?

1. Kristo yinjiye mu bugingo bwanje. (Ivyahishuwe 3:20; Ab'i Kolosayi 1:27)
2. Yesu aharira ivyaha vyanje. (Ab'i Kolosayi 1:14; 1 Yohana 1:9)
3. Ndi uw'Imana – Ndi umwana wayo. (1 Yohana 3:1)
4. Ubugingo bwanje bufise insiguro yimbitse ubu. (Yohana 10:10; 2 Ab'i Korinto 5: 14-15, 17)

5. Kristo aramfasha kugendera mu mategeko yiwe. (Yohana 14:15; 15:10-11)
6. Ndiko nitegurira kugiriranira isezerano na Kristo biciye mu mubatizo. (Mariko 16:16)
7. Kristo ampa ubugingo budashira. (1 Yohana 5:12)

Yesu asezerana ati: “Nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke bwagutse.” (Yohana 10:10b)

Ubuzima ni ugukura, kuba igikuri bisubiza inyuma

Ni co gituma:

- ✓ Siniraba, ahubwo mpanga amaso Yesu
- ✓ Nisunga ugucungurwa n’Imana, nkareka ibigumbagumba vyanje biguma bihindagurika
- ✓ Nguma nomatanye nUmwami wanjye
- ✓ Nsoma kabiri muri Bibiliya – ijamba ry’Imana
- ✓ Ngira imigenderanire yamaho hamwe n’abakristo duhuje ivyizerwa
- ✓ Ndashingira intahe Yesu Kristo mu kibano
- ✓ Nitegurira kubatizwa
- ✓ Niteze ukugaruka kw’Umwami wanjye.

Mwaratanguye ubuzima bushasha hamwe na Yesu. Ndabanezererewe. Nshaka kugereranya ingingo yanyu hamwe n’icemezo co kubana. Ivyo mwiyejeje mubikora mw’ibanga. Inyuma y’ico cemezo haba ibihe vyiza. Muca mubona akaryo ko kumenyana neza, muca mwiga gukundana no kwizerana kurusha uko vyari bisanzwe maze ubucuti bugakomera cane. Igihe kigeze co kubana ibihe vyose, niho ubukwe

buca bukurikira. Kugirana ubukwe na Yesu bibiliya ibigereranya n’umubatizo.

“Uwizera wese akabatizwa azokizwa; uwutizera azocirwakw’iteka.”
(Mariko 16: 16)

Birashoboka ko washoboye gusoma ikete ryanje ibihe vyinshi kuko nagerageje kwerekana mu ncamake ingene ubucuti bwacu n’Imana biciye muri Yesu Kristo bumeze.

Mbega ni gute nashobora kumenya neza Yesu Kristo?

Ni ya nzira nyene ducamwo kugira ngo tumenye umuntu wese tutari kumwe. Dukoresheje ibiganiro (guhamagarana n’amaterefone). Ngaha tuvuye “isengesho”. Biciye mu gusoma ibijanye na we. Birasabwa cane gusoma ibitabo vy’ubutumwa bwiza (Matayo, Mariko, Luka, Yoahana.) mw’isezerano risha rya Bibiliya. Bavugamwo ibijanye n’ubuzima bwa Yesu Kristo. Hatanga indunduro nziza. Kandi vyongeye, harakenewe kuba ivyigwa vyimbitse vya bibiliya bijanye n’iki cigwa kugira ngo umuntu amenye vyinshi. Hari ivyigwa vya bibiliya bitangwa ku buntu mu gihugu cose.

Mu bisanzwe, ubu ni ikibazo co kunezererwa no kugumana imigenderanire mishasha yacu hamwe na Kristo Yesu. Yesu Kristo yaduhaye ubufasha budasanzwe kubw’iki cipfuzo: kubaho mu nkomezi z’Imana. Ndiko ndagerageza gutanga n’ibindi bijanye n’ibi mw’ikete rizokurikira. (Ubuzima mu nkomezi z’Imana – Gute?)

Yesu aripfuzwa cane kugiriranira ubucuti nyabwo kandi bwamaho na we. Yavuze ati: *“Mugume muri jewe , nanje ngume muri mwebwe.”*
(Yohana 15:4)

Ubu narahaye ikaze Yesu mu buzima bwanje nkoresheje iryo sengesho. Ndizera ko azoshitsa amasezerano yiwe mu buzima bwanje: *“...kand’uwoza kuri jewe sinomuhinda na gatoya.”* (Yohana 6:37)

“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kandi igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu ikatwoza ukugabitanya kwacu kwose. ” (1Yohana 1:9).

Ijambo ry’Imana rimpa icemezo. *“Ufise Umwana wayo ni we afise ubgo bugingo; udafise Umwana w’Imana ntafise ubgo bugingo. ”* (1 Yohana 5:12)

Helmut hamwe n’incuti yanje Kurt

(Helmut Haubeil hamwe na Kurt Hasel)

Aha ni ho igikorwa c’ikopi “Cakira ubugingo” kirangiriye

Intambuko yambere ija ahantu nyaho

Imitima yanyu izokwuzuzwa umunezero mwinshi, igihe incuti yanyu izosenga isengesho ryo kwitanga riboneka mw’*Ikete ryandikiwe Andereya*. Ariko mwibuke ko iyi ari intambuko yambere, ariko ni intambuko ihambaye ija ahantu heza. Ntibarabatizwa (kandi birumvikana), ariko bariteguriye ivyigwa vyo kuba abigishwa canke ivyigwa vya Bibiliya.

Iri kete rirangiza risaba ikintu coroshe, kwigira hamwe cane ibindi vyigwa vya bibiliya. Kandi bizokwemerwa biciye mur’ubwo buryo bwiza.

Kwanka iryo sengesho

Iyo uwo muntu yanse iryo sengesho, urashobora kuvuga uti:

“Urafise ikinyamakuru kandi urashobora no gusenga iryo sengesho hanyuma uvyipfuje. Ariko turashobora kurangiza kugisomera hamwe ubu.”

Nimba atavyanse urashobora gusomera hamwe na we ukarangiza ico kinyamakuru. Turashobora kukigarukako hanyuma maze tukabasaba ko bosubiramwo gusoma ico kinyamakuru kugira ngo imigenderanire bafitaniye na Kristo yiyongere. Nimba udashaka gusubira gukoresha ikinyamakuru mu gusubira kuvugana na we ubwa kabiri, ca ukoresha agatabo *kitwa Inzira ishikana mu Bugingo Budashira [The Way to Eternal Life]* (raba ku gace C ku mpera y’igitabo canke uce kuri www.steps-to-personal-revival.info – Letters to Andrew). Kavuga ibijanye n’iki cigwa nyene ariko gakoresheje ibindi vyiyumviro. Karimwo n’agace Z1 mu Gasandugu k’Amakete yo Gutanguza. Incuti yacu ntanatahura ko tuguma dushiramwo utwigoro kugira ngo tumushikane kwa Yesu. Ni vyiza cane ko turonka umuco kur’iyi ntambuko mu masengesho maze tukaja imbere mu masengesho.

Indemesho

Aka gatabo kahoze ari igikoresho kidasanzwe kuri jewe kandi n’ubu ni ko kari. Ndizera ko aka gatabo nagakoresheje ku bantu bari hagati ya 400 n’500 mu myaka itari mike. Igice kinini c’ivyo cabaye mu kiyago nagiranye n’umuntu umw’umwe twaba tubonanye ubwambere. Benshi muri bo barakurikiye Yesu. Rimwe na rimwe abantu baransaba ko noja kugendera imiryango yabo n’incuti zabo kugira ngo nabo ndabagemurire ubwo butumwa. Ni ubufasha budasanzwe iyo uhuye n’umuntu ubwambere. Kagutuma ugira ivyigwa vyo guhindura abantu abigishwa canke ivyigwa vya Bibiliya canke gusomera hamwe n’abandi ivyanditswe. Hari ivyiyumviro vyinshi abantu benshi yokwisunga.

Mu kigabane c’9 nerekana ukuntu umuntu ashobora kubandanya aja imbere agashika ku gutangura kumenya Yesu inyuma y’izindi ntambuko nke zongeweko zifasha umuntu kwitegura.

Ivyo wokwisunga bifadika

Vyogufasha cane hamwe wokwandika ivyo bibazo wabonye aho hejuru ukavyimurira mu gatabo canke agakaye kawe bwite.

Ubikunze, urashobora gukora ivyo vyose uri kumwe n’umugenzi canke n’umwe mu muryango wawe kugira ngo ushobore gutuma bagukurikirana. Kandi nimba wumva ibi bibazo bitakworoheye urashobora gusomera hamwe nabo udakoresheje ikibazo na kimwe canke ubitegekanirize ikindi gihe. Canke ubisengere cane ushizeko umwete maze uce ubiha umuntu muvugana ngo abisome wenyene.

Iyo umuntu ashaka kwiyambura kunywa itabi n’inzoga canke kimwe mur’ivyo canke ikindi kintu camugize umuja, koresha *Ikete ryandikiwe Andereya rigira 5: “Intsinzi kw’Itabi n’Inzoga. Ni gute woshobora kubohorwa burundu ivyakugize umuja n’ugufashwa n’Imana?”* Ku rupapuro rw’127 ku gishinganahe ca 4 haraboneka akarorero kagufi. - Ni vyiza cane kuyoborera umuntu yabohowe kuri Yesu ukoresheje agatabo *“Cakira Ubugingo”* canke *“Inzira ishikana mu Bugingo Budashira”* canke ukabikoresha vyose kugira ngo bihanganire ibibagerageza. Ni mu ntumbero yo kubarinda gusubira inyuma.

Inzira ishikana ku buzima buri mu nkomezi z’Imana, kuba muri Mpwemu Yera

Dukoresha ikete ryandikiwe Andereya rigira 14.

Intambuko ikurikira ari nayo ihambaye cane inyuma yo kwakira Yesu mu bugingo bwacu, yategerezwa kuba, bishobotse iyo kwiga bibiliya ukoresheje *Ikete ryandikiwe Andereya rigira 14: "Kubaho mu nkomezi z'Imana – Gute?"* (Muri iki gitabo ni ikigabane c'8)

Mur'ubwo buryo, uwo mukunzi wacu arashobora gushika ku buzima bwo kuguma muri Yesu. Aha ntuba ukeneye kubaza ibibazo vyinshi kuko ibibazo nyavyo biri mu cigwa.

Vyoba vyiza cane usubiyemwo ikete ryandikiwe Andereya rigira 13 (canke *"Inzira ishikana mu Bugingo Budashira"*) hamwe n'ikete ryandikiwe Andereya rigira 14 kugira ngo uronke ibindi vyiyumviro. Senga kugira ngo Mpwemu Yera azokuyobore mu gikorwa cawe co kwigisha kizokurikira.

Namba izo ntambuko zibiri zatewe (isengesho riboneka mu kigabane c'7 n'iterambere ryiza ryo mu buzima biciye mu bushobozi bw'Imana dusanga mu kigabane c'8), hanyuma vyogufasha cane hamwe inyuma y'aho woca usaba uwo muntu gusoma igitabo *"Intambuko ishikana kw'Ikanguro ry'Umunu"* hanyuma *"Nimugume muri Yesu"* canke mukavyigira hamwe.

Ibishingantahe vy'ivyabaye

Kubanza gusuzuma imbere yo gusohora

"Narasavye abahinga babiri mu vy'iyobokamana ngo bagisuzume. Inyishu yambere yabaye (babicishije mu gace k'ivyo banditse) ngo: Igikorwa cawe kivuga ngo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umunu* ni ingabire yavuye mw'ijuru, ubwambere ishikira kuri wewe maze biciye muri wewe ishika ku bandi basomyi bose. Kubw'ivyo, ubwambere ndashaka gushimira Umwami wanje kandi namwe ndabashimira cane. N'ubwo habayeho ibitabo vyiza cane kandi vyimbitse mu vy'Impwemu

mumisi mike iheze mw'Ishengero ryacu, *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umuntu ni igitangaza*. Mur'ubwo buryo busa n'ubusanzwe ariko kandi butomoye, inzira ishikana ku kwuzura kw'igitabo yahagarariwe na Mpwemu Yera. Uwugisoma wese ntashobora kureka kugira ukwisuzuma mu vya Mpwemu no gufata ingingo." Email May 1, 2012

Igishingantahe cavuye mw'Ishengero ry'i Ludwisiburi – "Jewe n'umugabo wanje twariko twiga igitabo ca *1 c'Imisi 40 yo Gusenga* kandi twaronse imigisha idasanzwe igihe twasengera hamwe. Inyuma y'ivyo twaratunganije ibikorane vyo gusenga kabiri mu ndwi kw'Ishengero ryo muri Ludwisiburi maze dusomera hamwe igitabo n'abizera b'Ishengero. Twiboneye ubuyobozi n'imihezagiro vy'Imana mu buryo butandukanye hamwe n'ibitangaza vyinshi! Imana yatwongeye umuriro maze irakangura Ishengero ryacu mu vya Mpwemu: Abizera batari bwigere bashobora gushikira abantu ngo bababwire ubutumwa ubwo nyene baciye batangura kuvugana n'abanyamahanga. Igihe twaja hamwe mw'isengesho, Imana yadusubijemwo intege nk'Ishengero. Gusengera abantu batanu mu misi 40 yo gusenga vyazanye inyishu zirengeye ugutahura kwacu – Imana yakoze kur'abo bantu mu buryo bw'inkomezi. Kenshi abantu buzura amabarabara bagana Ishengero ryacu mu nteguro zo kw'isabato. Umwe mur'iyi miryango uriko ukurikirana ivyigwa vya bibiliya. Barize ibijanye n'isabato biciye kuri video zica ku rubuga ngurukanabumenyi no mu gitabo Intambara Ihambaye maze bakaba bari bamaze igihe barondera Ishengero. "K.a.C.S (mu mpfunyapfunyo) Web T1

Isengesho rizima ryo gusengera abandi – "Ubwambere nasomye igitabo (*Imisi 40 yo Gusenga ca 1*). Mur'ico gihe nigira hamwe n'umwete mwinshi n'uwo dusengera hamwe, nabonye ko bifise agaciro karengeye cane uko nahora ndavyibaza. Naronse inyishu z'ibibazo ntashobora

kwishura jewe ubwanje. Ndashimira Imana kandi kubw'uwo dusengera hamwe agira uruhara rudasanzwe hamwe n'umwete mwinshi. Naranezerejwe n'ico gitabo kuva mu mpapuro zambere. Ntidukwiriye gusengera umuntu gusa, ariko kandi turakwiriye no kumwereka urukundo mu kumwitwararika. Ivyo bituma isengesho dusengera abandi riba rizima. Ndicuza kuko isengesho ryo gusengera abandi ntaribona uko imbere y'aho. Kubaho, ubuzima bw'ukwizera kuzima! Ndizera ntakekeranya ko gusengera abandi bigira ikimazi ku wusenga no kuwusengerwa." Web T6

Ivyyumviro umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

- 1** . Mbega inyishu yanje yoba iyihe ku kibazo ca mbere hamwe umuntu yombaza?

- 2** . Ni kuki ari vyiza kwiyumvira wewe ubwawe intambuko zikurikira z'ubutumwa bwiza? (1. Imana irankunda! 2. Twaritandukanije n'Imana! 3. Yesu Kristo yapfuye kubw'ivyaha vyanje!)

- 3** . Ni kuki ibibazo (ku ngingo ya 4 – Ndakiriye Yesu Kristo nk'Umwami n'Umukiza wanjye) bimfasha kubona uko mpagaze mu vya Mpwemu? Ivyo none bica bivyura iki muri jewe?

- 4** . Ni gute umuntu yoshobora kwakira Yesu mu bugingo bwiwe?

- 5** . Ni igiki kizoba gishasha mu kwiyumvira, mu bigumbagumba, mu mvugo no gufata ingingo igihe ushaka kwiyegurira Yesu?

- 6** . Kwakira Yesu biciye mw'isengesho ryo kwiyegurira Yesu ni intambuko yambere mu nzira nziza. (Bigereranye n'icemezo co kubana). Ni gute uwo mukunzi ashobora kumenya neza Yesu Kristo? Mbega twobafasha gute ngaha?

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo wahisemwo ngo musengere hamwe maze muhanahane iviyumviro ku cigwa
- Sengana n' uwo musengera hamwe...
 1. ...kugira ngo uronke icemezo ko uri umwana w'Imana kandi ko wakijijwe
 2. ...kugira ngo ushobore gutahura maze ubone intambamyi ziri imbere yawe mu buzima bwawe, ziriko zikubuza kwiye gurira Kristo burundu.
 3. ...kugira ngo uronke umunezero maze ushobore kubana na Kristo
 4. ...kugira ngo ushobore kurongora abantu bariko batumbera Yesu



NI GUTE TWOSHOBORA KURONGORERA ABANTU KU KUBAHO MU BUSHOBOZI BW'IMANA?

*Biciye mu gusoma ivyigwa vya Bibiliya
ukoresheje Ikete ryandikiwe Andereya rigira 14
– Ubuzima mu bushobozi bw'Imana – Gute?*

Nogusaba nshimitse kuja muri wa mubumbe w'amakete yo gutanguza maze ugasoma iryo kete uko ryanditswe ubwambere rigira 14 : “Ubuzima mu Bushobozi bw'Imana – gute?” Ndagusavye ngo inyuma yaho uce ugaruka ubandanirize ngaha. Ivyo bizogira ikimazi ku migenderanire ufitaniye na Mpwemu Yera kandi bizotuma umenyera gukoresha iki gikoresho ngirakamaro. Ndagushimiye cane kuba watahuye.

Nta nsiguro z'ikirenga zikenewe gutangwa ngaha, kiretse gusa iyo uwo turiko tuvugana afise ikibazo. Ariko n'aho bir'uko, turashobora kubaza ibibazo mu gihe tubonye bikenewe. Iyo umuntu ashatse kumenya vyinshi vyimbitse, turashobora guca tumurungika ku gitabo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umunu* (p. 205) canke tukacigira hamwe na bo.

Andereya nkunda!

Nari kurongora ibikorwa vyo guhambisha umwigeme w’umu dogiteri. Narasavye Bibiliya yiwe kugira ngo nshobore kuronka icigwa cotuma abahari bakorwako. Nashikiriye ahantu yari yaranditse ati: “Nipfuza ubuzima busagutse!” Yipfuza neza na neza ubuzima Yesu wenyene ashobora kuduha:

“...Naje kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke busagutse.”
(Yohana 10:10)

Yesu atwipfuriza kugira ubwo bugingo bushasha ubu nyene no kububandanya igihe azogarukira maze nkaronka ubugingo budashira ndi mu bwami bw’Imana.

Ikibazo dufise ubu ni ukuntu twashobora kuronka umwete n’inkomezi kugira ngo tugire imigenderanire iteye igomwe kandi ihangamye hamwe na Yesu.

Ikigereranyo ciza: Imodoka itagira igitoro. Ibintu bibiri ni vyo bishoboka gusa: gusunika iyo modoka canke kurondera amavuta. Imodoka ishobora kugenda gusa iyo ironse amavuta.

Ubuzima rukristo butagira ubushobozi bw’Imana bisa n’imodoka itagira igitoro.

None rero: Ni gute nashobora kubaho mu bushobozi bw’Imana? Yesu yabwiye abigishwa biwe ati: *“Ariko muzahabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako...”* (Ivyakozwe 1:8)

Mbega ivyo bigenda gute? Ni he dushobora gukura amakuru atomoye? Hari igisomwa kidasanzwe muri Bibiliya, aho Umwami wacu Yesu adutera umwete ashimitse kandi n’urukundo rwinshi ngo dusabe Mpwemu Yera. Ico gisomwa ni iki – Luka 11:9-13:

“Nanje ndababgire: Musabe muzohabga; murondere muzoronka; muramutse muzokwugururirwa. Kuk’ usaba wese ahabga; urondera aronka; uramutsa yugururirwa. Kandi ni nde muri mwebge w’umuvyeyi, umwana wiwe yomusaba umutsima, akamuha ibuye; canke yomusaba ifi, akamuha inzoka; canke yomusaba irigi, akamuha sikorupiyo? None mwebge, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?”

Mbega hari ico ukuyemwo? Yesu yakoresheje irivuga “gusaba” incuro zitandatu muri iki gisomwa; hanyuma agasubiriza ijambo “gusaba” incuro zibiri maze akaritsimbataza akoresheje irindi jambo “kurondera” –irivuga ryerekana igikorwa kandi izindi ncuro zibiri akoresha ijambo “kuramutsa”-iri rivuga na ryo nyene ryerekana igikorwa. Mbega ibi ntibitwerekana ko hari igikorwa dukwiriye gukora? Irivuga ryanyuma ry’”ugusaba”riri mu mwanya wa gahombezi mu kigiriki (ryerekana igikorwa kibandanya). Ibi vyerekana ko tudakwiye gusaba rimwe gusa, ariko dukwiye guhozako. Yesu ntabwo ashimikira gusa ko twoguma dusaba, ariko kandi yiteze ko tubikora buri musu. Yesu arazi neza adakekeranya ko hari ikintu ngirakamaro tubuze. Ariko aduhamagarira ngo ntidusamare maze tumenye ko dukeneye Mpwemu Yera kandi ko tubayeho kubwiwe.

Yesu atwerekana mu buryo bw’umwigisha – mu kuguma asubiramwo amavuga no mu kuyagereranya – ico nico dukeneye cane: Dukwiriye guhora dusaba Mpwemu Yera. Ivyo ni vyo bihambaye cane. Bijanye n’ingabire iruta izindi y’Imana – ingabire ikwega izindi ngabire zose. Iyi ni ingabire idasanzwe Yesu yahaye abigishwa biwe kandi yerekana urukundo rwayo.

*Umusi wose uzoba akaryo ko kumenya ibishasha kuri twebwe,
ni twamenya ukuri kw'ubuzima bwujujwe Mpwemu Yera
maze tukama twiyemeza kuyoborwa na we.*

**Bibiliya ivuga imirwi itatu itandukanye y'abantu ufatiye
ku migenderanire yabo n'Imana**

Ni wibaze uti: Mbega jewe ndi mu wuhe murwi? Kandi uti – ni uwuhe murwi nipfuza kujamwo?

A. Umuntu buntu

Uyu ni umuntu atarakira Yesu.

“Arik'umuntu afise umubiri n'ubwenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w'Imana: kukw'ar'ubupfu kuri we, kandi ntashobora kubimenya, kuko vyitegerezwa mu buryo bw'Impwemu.” (1 Ab'i Korinto 2:14)

Ubuzima buganzwa n'ukwikunda

Ukwikunda gufise aho kugarukira kuganza

Kristo ari hanze y'ubuzima bwabo

Ibice vy'ubuzima, biganzwa n'ukwikunda kandi kenshi usanga bijana ku kwica ibice no kumaramaza umuntu

B. Umuntu w'impwemu

Uyu ni umuntu yakiriye Yesu arongorwa na Kristo kandi agahabwa ububasha na Mpwemu Yera.

“Arik'umuntu w'impwemu asesa vyose...” (1 Ab'i Korinto 2:15)

Ubugingo burongowe na Kristo

Kristo ari ku ngoma

Ukwikunda kwakuwe ku ngoma

Ibice vy'ubuzima, biri musi y'uburongozi bw'Imana itananirwa maze bigakura neza nk'uko Imana ivyipfuzza.

C. Umuntu aganzwa na kameremere k'umubiri

Uyu ni umuntu yakiriye Yesu, ariko kenshi akaneshwa, kuko agerageza kubaho ubuzima rukristo mu nkomezi ziwe bwite aho kuba mu bushobozi bwa Mpwemu Yera.

“Kubganje, bene Data, sinashoboye kubabgira nk' ab' impwemu, ariko nababgiye nk'abaganzwa n'akameremere k'imibiri yabo, nk'abana b'inzoya bo muri Kristo. Nabaramije amata, sinabagaburiye ivyo kurya bigumye: kuko mutaribgabishobore. Kandi na none ntimurabishobora, kuko mukiganzwa n'ivy' akameremere kanyu. Ko muri mwebge har' ishari n'ugutongana, ntimuganzwa na vyo? Ntimugenda nk'abantu?” (1 Ab'i Korinto 3:1-3)

Ubuzima buganzwa n'ukwikunda

Ibintu bimwe biranga ubuzima burimwo Imana:

Ukwikunda gufise aho kugarukira nikwo kuganza

Kristo mu buzima, ariko siwe aganza

Ibice vy'ubuzima biganzwa n'ukwikunda kandi kenshi bijana mu kwirema ibice no kumaramara.

Dushaka kuraba iki kintu gihambaye mu ntambuko zine. Tuja guhagarara ku kuntu umuntu w'impwemu n'uganzwa na kameremere k'umubiri bameze.

1. Yesu atwipfuriza ubuzima bunengesereye kandi bwama ivyamwa

Yesu yavuze ati: *“Nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke busagutse.”* (Yohana 10:10)

“Ni jewe muzabibu, namwe mur' amashami: uguma muri jewe, nanje nkaguma muri we, uwo ni we yama cane, kukw ataco mubasha gukora mutamfise.” (Yohana 15:5)

“Ariko ivyo Mpwemu yama ni urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, ingeso nziza, kugira neza, ubwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda.” (Ab'i Galatiya 5: 22-23)

“Kandi muzoronka ubushobozi, Mpwemu Yera niyabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n'i Yudaya hose, n'i Samariya no gushika ku mpera y'isi.” (Ivyakozwe 1:8)

Umuntu w'impwemu

Ibimenyetso bimwe –bimwe vyerekana ubuzima burimwo Imana:

- . Kristo ni we mushinge
- . Ububasha biciye muri Mpwemu Yera
- . Ubuzima busenga uko bikwiye
- . Gutahura ijambo ry'Imana

- . Kwumvira Imana
- . Yoborera abandi kuri Kristo

*Urukundo | amahoro | ukwihangana | kugira neza | ingeso
nziza | ubwizigirwa | uburwaneza | ukwirinda*

Ingaruka z’utwo turanga mu buzima bwacu zivana n’urugero rwo gukura muri Kristo tugeze, ku rugero rw’imigenderanire dufitaniye na we hamwe n’uko twoba tumwizigira rwose mu bice bitandukanye vy’ubuzima bwacu.

Umuntu ariho agitangura gutahura igikorwa ca Mpwemu Yera ntiyar’akwiriye gucibwa intege igihe atariko yama ivyamwa vyinshi nk’ivy’umukristo amaze gukura akaba amaze igihe kirekire yaramenye uku kuri.

Ni kuki abakristo benshi bataronka ubu buzima bunengesereye?

2. Ni nde adashobora kuronka ubuzima rukristo bunengesereye kandi bwama ivyamwa?

Umuntu aganzwa na kameremere k’umubiri

Tumwe canke twose mur’utu turanga twerekana abakristo baganzwa na kameremere k’umubiri, abo nabo bakaba batizigira Imana mu buryo bwimazeyo.

Kutamenya ingabire zayo

Kutizera

Kutumvira

Kugira urukundo ruke ku Mana no ku bandi

Ubuzima busenga gake

Kugira umwete muke wo gusoma bibiliya

Ivyiyumviro bibi | inzigo | ubwansi | intonganya | gucika intege | ingeso mbi | umwiheburo | kubura iyo uva n'iyi uja | kwizigira amategeko (iciyumviro c'uko ico baronka ku Mana kiva ku kwitondera amategeko)

Umuntu wese yiyumvira ko ari umukristo nyakuri ariko akama mu vyaha, akwiye kwisuzuma ubwiye akoresheje 1 Yohana 2:3; 3:6; 3:9 n'Abanyefeso 5:5 kugira ngo arabe koko ko ari umukristo.

Ikintu kigira gatatu kitwereka umuti kuri icyo kibazo...



3. Yesu yadusezeraniye ubuzima bunengesereye kandi bwama ivyamwa. Iyo ni inyishu yo kwuzuzwa Mpwemu Yera, hamwe n'uburungozi n'ububasha duhabwa na Mpwemu Yera.

Ubuzima bwujijwe Mpwemu Yera ni ubuzima bwemerereye Yesu ngo aburongore. Kristo aba muri twebwe agakorera muri twebwe kandi akadukoresha biciye mu bubasha bwa Mpwemu Yera buguma bwibonekeza. (Yohana 15)

- A. Twisunze Yohana 3:1-8, umuntu ahinduka umukristo biciye mu gikorwa ca Mpwemu Yera. Igihe tuba tuvutse mu vya Mpwemu, duca turonka ubugingo bushasha muri Kristo.

Muri Yohana 14 :17 hatubwirako ko Mpwemu Yera aguma hafi yacu kandi akaguma muri twebwe.

Dukwiye kuguma twibuka ko:

Twaronse ubuzima busanzwe igihe twavuka. Twabuhawe hamwe n'umugambi wateguwe wo kubungabunga ubwo buzima mu misi y'ukubaho kwacu. Tumaze gusohoka hanze, ubwo buzima bukeneye akayaga, amazi, imfungurwa, n'ibindi. Uko

bimeze mw'isi isanzwe ni na ko biri mw'isi y'impwemu. Turonka ubugingo bwacu bw'ivy'impwemu – ivyo bibiliya yita *“ukuvuka ubwa kabiri”* (Yohana 3:3), igihe twiyeguriye Kristo maze ivyo tukabishingira intahe biciye mu mubatizo wa bibiliya mu gihe gikwiye (Ivyakozwe 2:38; Yohana 1:12; Yohana 14:16-17). Kugira ngo ubu buzima bw'ivya Mpwemu bushobore kurama, bukeneye ubuzima burimwo Mpwemu, amasengesho, ijambo ry'Imana, n'ibindi.

- B. Mpwemu Yera ni we soko y'ubuzima bunengesereye (Yohana 7:37-39).
- C. Mpwemu Yera yaje kugira ngo ashingire Kristo intahe amushire hejuru (Yohana 16:1-15) Igihe umuntu aba yujujwe Mpwemu Yera ni ho aba ari uwukurikira Yesu nyakuri.
- D. Yesu yadusezeraniye kuduha ubushobozi bwa Mpwemu Yera mu majambo yiwe yanyuma imbere y'uko aduga mw'ijuru, kugira ngo duhabwe ububasha bwo kuzoba abigishwa biwe n'ivyabona vyawe (Ivyakozwe 1:8).

Ni gute umuntu yoshobora kwuzuzwa Mpwemu Yera?

4. Twuzuzwa Mpwemu Yera kubwo kwizera

Aho niho dushobora kugira ubuzima bunengesereye kandi bwama ivyamwa, ubwo Yesu yadusezeraniye.

Ntidushobora kuronka ubugingo busagutse ngo n'uko tubukoreye, ariko ni ingabire. Tuburonka kubwo kwizera – mu kwizera Imana Urashobora kwuzuzwa Mpwemu Yera ubu nyene, mu gihe:

- A. Wogira icipfuzo ciza co kwuzuzwa no kurongorwa na Mpwemu Yera (Matayo 5:6; Yohana 7:37-39)

- B. Wosenga wizeye ngo wuzuzwe Mpwemu Yera, mu yandi majambo, kwizera ko Kristo azokwishura isengesho ryawe.

Yesu yavuze ati:

“Unyizera, inzuzi z’amazi y’ubugingo zizotemba ziva mu nda yiwe nk’ukw’ivyanditswe bivuga. Arikw’ivyo yabivuze kuri Mpwemu Yera...” (Yohana 7:38-39)

“...kugirang’ukwizera kuturonkeshe Mpwemu Yera twasezeraniwe...” (Ab’i Galatiya 3:14)

Imana yaratworohereje ibijanye n’ukuyizera biciye mu kuduha amasezerano. Ivuga muri 1 Yohana 5:14 iti: *“Kand’ubu nibwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, n’ukw’iyi dusavye ikintu cose kijanye n’ivy’igomba itwumva.”*

Abantu basenga basaba ivy’Imana igomba – umurongo ukurikira uvuga ngo:

“Kandi ko tuzi [ubu nyene] ko yumva ico tuyisavye cose, bitumenyesha ko duhawe inyishu y’ivyo twayisavye.” (1 Yohana 5:15 bibiliya yitwa New King James Version)

Iyindi mpinduro y’uwo murongo

“Kandi ko tuzi ko yumva ico tuyisavye cose, bitumenyesha ko duhawe ivyo tuyisavye.” (Bibiliya yitwa NIV) Ibi bisigura ko amasengesho ahuye n’ukugomba kwayo yishurwa buno nyene, iyo tuyazanye imbere y’Imana, n’ubwo kenshi ata kintu twiyumvamwo. Tuja kuvyumva munyuma.

Akarorero:

Umuntu asavye kubohorwa kunywa itabi. Isengesho ryiwe rica ryishurwa mur’ako kanya yatuye n’akanwa kiwe uwo mutwaro biciye mu kwizera. Inyuma y’amasaha make, aja yumva atakigira inyota y’itabi.

(Ushaka kumenya vyinshi soma *Ikete ryandikiwe Andereya rigira gatanu ryitwa "Intsinzi kw'Itabi n'Inzoga"*. Raba [www. steps- personal-revival. info](http://www.steps-personal-revival.info) – *Letters to Andrew*) Gusenga ukoresheje amasezerano na vyo nyene vyaravuzwe mu buryo butomoye mu gitabo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umntu*, ku kigabane ca 5 – raba kuri wa murongo nyene wo ku rubuga ngurukanabumenyi.

Yesu aravugaga muri Mariko 11:24 ati: *"Ni co gitumye mbabwira kw'ivyo musanga canke musaba vyose, mwizere ko mubihawe kandi muzobibona."*

C. Yesu yaraduhaye isezerano muri Luka 11: 9-13 ryo kuronka Mpwemu Yera. Twamaze kuribona mu ntango ya rino kete, rero dushimikire ku murongo wa 13 uvuga ngo: *"None mwebwe ko muzi guha ingabire nziza abana banyu kandi muri baba, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusaba!"*

Uko twosenga mu kwizera ngo twuzuzwe Mpwemu Yera

Isengesho dusenze twisunze amasezerano rikomeza ivyizigiro vyacu vy'uko tuzokwishurwa kandi mur'uwo mwanya nyene, niho turonkera akaryo ko kwerekana ukwizera kwacu. Iri ni isengesho riyumviriwe:

"Data uri mw'ijuru, ndaje imbere yawe mw'izina rya Yesu. Sinokwishoboza ubwanje kugukurikira. Urazi uko nama ngerageza nkananirwa. Ndagusavye ngo mu vy'ukuri umpe inkomezi zo kubaho nk'uko ugomba. Wantegetse uti: "Uzuzwa Mpwemu Yera" (Abanyefeso 5:18) nanje ndashaka kwuzuzwa. Ndagusavye ngo ushitse uku kuri ubu nyene, kuko wasezeranye ko ushaka kuduha Mpwemu Yera kuruta uko abavyeyi b'abantu baha abana babo ingabire nziza (Luka 11:13). Reka ndagushimire ko wanyujije Mpwemu wawe, kuko wasezeranye ko

ninasenga ibihwanye n'ivy'ugomba, nzoca menya ko naronse ivyo nasavye (1 Yohana 5:14-15). Ndagusavye ngo unyobore kandi uncoreshe uk'ugomba. AMEN. ”

Mbega iryo sengesho rihuye n'ivyipfuzo vyawe? Namba ariko biri, ca urigira isengesho ryawe ubu nyene. Ndagusaba ko wosenga iri sengesho n'ijwi rirenga kandi wizere ko Imana yakwujwe Mpwemu Yera wayo ubu nyene.

Ikumenyesha ko wujwe Mpwemu Yera

Mbega woba warasavye Imana ngo ikwuzuze Mpwemu Yera? Wokwisunga ubushobozi ubwahe kugira ngo umenye ko wujwe Mpwemu Yera? (Kukw'Imana ar'iyi kwizigirwa n'ijambo ryayo: Abaheburayo 11:6; Abaroma 14: 22-23.)

Ibigumbagumba sivyo twokwisunga. Amasezerano y'Imana ari mw'ijambo ryayo ni yo ahambaye – si ibigumbagumba vyacu. Umukristo abeshwaho n'ukwizera, ivyo na vyo bisigura ngo biciye mu kwizera ko Imana ar'iyi kwizigirwa ndetse n'ijambo ryayo.

Iki kigereranyo gikurikira gikwiye kwerekana isano riri hagati y'ibimenyamenya vy'ukuri (Imana n'ijambo ryayo) , ukwizera (ukwizera Imana n'ijambo ryayo) hamwe n'ibigumbagumba (inyishu y'ukwizera n'ukwumvira) (Yohana 14:21)



Itereni irashobora kugenda ifise canke idafise ivy'ikwega. Ntaco vyoba bimaze kur'ivyo vyuma gukwega iyo tereni. Ni ko bimeze, n'abakristo niko badakwiye kugengwa n'uko bamerewe n'ibigumbagumba vyabo, ahubwo bakwiye gushira ivyizigiro vyabo mu kwizigira Imana n'amasezerano aboneka mw'ijambo ryayo.



Uko twoba muri Mpwemu Yera

Umukristo ashobora gusa kuronka ubuzima bwujwwe Mpwemu Yera kubwo kwizera (kwizera Imana hamwe n'ijambo ryayo). Tubigenjeje uko, dutegerezwa kwiga neza ico mu 2 Ab'i Korinto 4:16 havuga:

“...umuntu wacu w'imbere ahora aba musha uko bukeye.”

Ni yo mpamvu ari vyiza ko twegurira ubugingo bwacu Imana buri gitondo maze tukayisaba mu kwizera – vyoba vyiza twisunze isezerano – ngo duhindurwe basha na Mpwemu. Iyo ubayeho buri musu wizeye Kristo, ibi ni vyo bica bikurikira:

- A. Ubuzima bwawe buzokwama ivyamwa vyinshi cane vya Mpwemu Yera (Ab'i Galatiya 5:22); ingeso zawe zizorushiriza gusa n'iza Yesu (Abaroma 12:2; 2 Ab'i Korinto 3:18)
- B. Ubuzima bwawe bwo gusenga hamwe n'ugusoma ijambo ry'Imana bizogira insiguro
- C. Uzoronka inkomezi zo kunesha ibigeragezo n'icaha.

Ijambo ry'Imana riravuga riti:

“Nta cabagerageje kitari ico umuntu yoshobora kwihanganira: Arikw'Imana n'iyi kwizigirwa, ntizobakundira ko mugeragezwa n'ibiruta ivyo mushobora...” (1 Ab'i Korinto 10:13)

“Nshobozwa vyose n'umpa inkomezi. ” (Ab'i Filipi 4:13)

“ Ibisigaye , muremesherezwe mu Mwami wacu, no mu bushobozi bwiwe bwinshi. ” (Abanyefeso 6:10)

“Kukw’Imana itaduhaye umutima w’ubujora: ariko yaduhaye uw’ubushobozi n’urukundo n’ukwirinda. ” (2 Timoteyo 1:7)

“Nuko rero noneh’abari muri Kristo Yesu nta rubanza ruzobatsinda. Kukw’ikingera ca Mpwemu w’ubugingo bwo muri Kristo Yesu cancunguye ngo singanzwe n’icangera c’icaha n’ic’urupfu. (Abaroma 8:1-2)

“Turazi k’umuntu wese yavyawe n’Imana adakora ivyaha, arik’umwe yavyarwa n’Imana aramuzigama, kandi wa mubi ntamukorako. (Abaroma 5:18)

- D. Uzoronka ubufasha bw’Imana ni washinga intahe (Ivyakozwe 1:8)

Guhēma kwo mu vya Mpwemu.

Urashobora kubandanya ubona urukundo n’imbabazi vy’Imana biciye mu kwizera. Igihe ubonye neza ko hari ic’Imana ikwagiriza (umwifato canke ibikorwa) mu buzima bwawe, mbere n’aho woba ubana na yo maze ukipfuzwa cane kuyikurikira, ni wature ivyaha vyawe, nk’akarorero, ibibi, kudahuza n’abandi, n’ibindi. Hanyuma ni wizere ko yakubabariye ivyaha vyawe kuko Kristo yapfuye ku musaraba. Ni wakire urukundo n’imbabazi ziwe biciye mu kwizera maze ubandanye kugendana na we.

Igihe ucumuye – igikorwa co kutumvira Imana – ca wiyambura ico caha. Kwiya mbura imyanda yo mu vya Mpwemu (gusohora imyanda iri muri wewe maze ukinjiza ingeso nziza) ni igikorwa co kwimenyereza mu

kwizera, ari na ho ushobora kwama ubonera urukundo rw’Imana n’imbabazi zayo.

1. GUSOHORA IBIBI

Atura icaha cawe mw’izina ryaco, wemeranye n’Imana ko ico caha kizocirirwa urubanza maze uyikengurukire ku bw’imbabazi zayo (1 Yohana 1:9 n’Abaheburayo 10:1-25). Kwatura birimwo no kwihana – guhindura ingeso canke ibikorwa

2. KWINJIZA KAMERE NZIZA

Ni wegurire ububasha bw’ubuzima bwawe Kristo maze uce usaba kandi wizeye Mpwemu Yera. Wizere ko azobandanya kukuyobora nk’uko yabisezeranye muri Luka 11:13 hamwe na Yohana 5:14-15

Namba izi nsiguro zagufashije, zandike hanyuma uzisabikanye n’abandi canke uzibasomere. Ndakwipfurije kugira umunezero mwinshi mu buzima bwawe bushasha bw’ubushobozi bw’Imana.

Ugire umugisha,

Helmut hamwe n’umugenzi wanjye Kurt

(Helmut Haubeil na Kurt Hasel)

Ivyiyumviro n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Ni kuki ubuzima rukristo butarimwo inkomezi z'Imana bugeranywa n'umuduga utagira igitoro?*

2. *Mbega ni ubuhe butumire bwuzuye urukundo Yesu yaduhaye kugira ngo twuzuzwe inkomezi za Mpwemu Yera? Dukwiye gukor'iki? (Ugusaba kwanyuma kwo muri Luka 11:13 ni umwanya werekana ko igikorwa kibandanya mu Kigiriki; ivyo kwama usaba, gusaba buri musi)*

3. *Ni iyihe migwi itatu y'abantu iboneka mu migenderanire bafitaniye n'Imana? Mbega wewe uri mu mugwi uwuhe ?*

4. *Ni gute umuntu yoshobora kwuzuzwa Mpwemu Yera?*

5. *Ijambo ry'Imana rivuga riti : "...kuko umuntu w'imbere yama ahinduka musha umusi ku musi." (Ab'i Korinto 4:16) Mbega iyo dusavye Mpwemu Yera buri musi haca haba iki?*

6. *Ni gute worongorera abantu ku buzima bwujwe inkomezi z'Imana?*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo wahisemwo ngo musengere hamwe muhanahane ivyiyumviro ku cigwa

- Sengana n’uwo musengera hamwe...
 1. ...kugira ngo uze ubeho mu nkomezi z’Imana kandi dusaba ubwenge mu gutera umwete abandi ngo na bo bamere nkatwe.
 2. . . . kugira ngo uturanga tw’umuntu w’impwemu dukurire muri wewe.
 3. ...kugira ngo ushobore gutahura ico bisigura kuba muri Mpwemu Yera kandi kugira ngo natwe dushobore kwereka iyo nzira nziza abandi.



IBIKORESHO BIZIMA VYO KUDUFASHA GUSHIKANA ABANTU KURI YESU

Amakete yandikiwe Andereya yo gushikana abantu kuri Yesu

Urukurirane rw'amasanamu yo kwigisha ukwizera

Ni gute nshobora kuronka Ishengero jewe ubwanje?

“Umushaha wose Kristo yarakoye uhamagarirwa gukora mw’izina ryiwe mu gukiza abazimiye... Umuntu wese arafise igikorwa ciwe akwiye gukora... Imana yamye yipfuza cane ko impwemu y’igikorwa yuzura Ishengero ryose, kugira ngo umwe wese azoyikorere nk’uko ashoboye.” (Christian service, p.10. 6, 11. 6, 11, 7) Imana y’urukundo yarateguye mu bwenge bwayo ko abazimiye bazohinduka abiteguriye gutaha ijuru maze bityo igatuma barushiriza gukura no guha umunezero abakorana na Yesu buzuye Mpwemu Yera. Mbega ntidushaka kwereka aba bakunzi bacu inzira ishika mw’ijuru?

**AMAKETE YANDIKIWE ANDEREYA YO GUSHIKANA ABANTU KURI
YESU**

Aya makete yagiye kugira akamaro mbona afise uyu musi maze imyaka hafi 30 nkora igikorwa canje – yakuwe mu gikorwa kugira ngo akoreshwe mu gikorwa. Kubw’ivyo rero, ndasaba nshimitse ngo aze akoreshwe mu gikorwa cacu co kuvuga ubutumwa umuntu ku wundi. Ikete rya 13 ryitwa “*Cakira ubugingo*” hamwe n’irya 14 ryitwa *Ubuzima mu bushobozi bw’Imana – Gute?*” yar’asanzwe akoreshwa mw’isi yose afise ayandi mazina imbere y’uko tuyafataniriza hamwe. Naramenye vyinshi ndabikuye muri yo. Sinipfuzwa kwongera gukora ukundi ntayafise.

Ikete ryanditswe n’umusomyi:

Ubu ndasangira n’abandi agatabo k’*Amakete yandikiwe Andereya* nkoresheje urukurikirane rw’ivyigwa vyo mu majwi (audio). Abantu benshi bayakira neza. Ni co gituma igihe kimwe nasohojye amakopi 30. *Amakete yandikiwe Andereya* aramfasha ubwanje gutahura bibiliya neza. Inyuma y’umwaka umwe gusa wo kwiga iryo jambo ry’Imana, ndashima cane ku bintu bishasha nunguka mw’ijambo ry’Imana.

Mu gihe gito giheze, nararonse telephone y’umuntu yari yararonse *Amakete yandikiwe Andereya* mu buryo bw’amajwi bwa CD. Yambwiye ko yakozweko n’ijambo ry’Imana ku buryo ico gihe yashaka guhindura imibereho yiwe. Yipfuzwa no kuza gusenga ku rusengeru rwacu kw’isabato. Umugabo wanjye na we nyene yarumvirije iyo CD maze aravugaga ati: Numva nezerejwe cane n’aya makete – kuva ku ryambere gushitsa ku ryanyuma.” (R. A # 159)

Ivyigwa nk’ibi biraryoshe cane mu gutanguza imigenderanire n’abantu wipfuzwa kuyaga na bo, nk’akarorero, nk’igihe dushaka gutanguza ubucuti n’abantu kugira ngo tubafashe mu rugendo rwabo rwo kuja mu bwami bw’Imana. Amakete yandikiwe Andereya arashobora gukoreshwa mu nzira nyinshi. Turashobora kuyakoresha

nk'ivyigisho vya bibiliya mu kuyasoma canke tukayaha abandi bantu nk'ingabirano bakisomera. Mu Kidagi turashobora kuyasangira n'abandi dukoresheje MP3 canke CD mu majwi abantu bakumviriza hamwe canke umuntu akazumviriza ariko agendesha umuduga canke umuntu ariko yikorera ibikorwa vya misi yose.

Ni kuki ivyo vyigwa navyise Amakete yandikiwe Andereya? Mbega ni kubera iki vyanditswe nk'amakete hamwe n'indamutso ngo "*Andereya nkunda*"? Impamvu n'uko Andereya yazanye Petero kuri Yesu (Yohana 1:40-42).

Izi nyandiko ngufi zikwiriye gufasha mu kuzana abantu kuri Yesu. Abahinga mu vyo kumenyekanisha ibintu kenshi bavuga ko amakete yemerwa cane. Baremera ko umuntu abivuga uko abibonye kandi uwubisomye yiyumva nk'aho ari we ariko arabwirwa.

Ikidagi: Ivyigwa 17 biraboneka mu buryo butatu butandukanye: nk'amakete asanzwe abantu bandikirana, nk'igitabo *Menya Imana biciye mu makete yandikiwe Andereya*, hamwe n'uburyo bwa MP3 n'ivyigwa vyatunganijwe mu majwi (MP3 and CD audiobooks). Ivyo vyigwa biraboneka kandi ku mashini nyabwonko, no ku tumashini duto bita tablettes hamwe no ku materefone manini manini uciye ku rubuga ngurukanabumenyi rwitwa www.schritte-persölichen-erweckung.info—Andreasbrief. Ndizera ko n'utundi twigoro dusa n'utwo tuzotangurwa mu zindi ndimi.

Icongereza: Ni ibiki tuhasanga? Amakete avugwa mur'iki gitabo yaramaze gushirwa mu rurimi rw'icongereza. Ja kuri www.steps-to-personal-revival.info—*LetterstoAndrew*

Ayo makete asanzwe abantu bandikirana canke igitabo cose kibumbiyemwo ayo makete, urashobora kubikura ku rubuga

ngurukanabumenyi uko uvyipfuza ukabibika aho ushaka canke ukabirungikira abandi.

Agace D ko mu vyongeweko gatanga incamake y'ibiri muri ya makete 17 yose. Ibi bigufasha gutahura n'ingoga ibivugwamo

Mbega ni gute twotanguza imigenderanire n'abandi bantu?

Ikete ryandikiwe Andereya rigira 4 – Ugutigira kwa Pasikali: Mbega Imana iriho canke ntayiraho? Mbega amahirwe n'ayahe?

Ni vyiza gukoresha iri kete ku muntu muhuye ubwambere. Uyu mutwe w'amajambo werekana mu buryo budasanzwe ko ukwizera rukristo gukenewe ku muntu wese. Mu makete yose abaho, iri *Kete ryandikiwe Andereya* ni ryo risomwa cane ku rubuga ngurukanabumenyi. Aha dutanga incamake y'ibiri muri ryo kugira ngo mumenye vyinshi: Muri make , uku gutigira kuzwi “nk'ugutigira kwa Pasikali”. Blaise Pascal (Pasikali) yashitse ku ndunduro y'uko umuntu wese akomeye yar'akwiye gufata ingingo yo kwemera Yesu Kristo n'ubwo amahirwe y'uko inyigisho z'ubukristo ziba iz'ukuri ari 50 kuri 50. Dogiteri Viggo Oslon, umuganga karuhariwe mu kubaga abantu kandi arwanya ivy'ukwizera, yaguye ku majambo yashikirijwe na Blaise Pascal. We n'umugore wiwe barwanije ukwizera kwa gikristo bivuye inyuma. Ariko inyuma yo kugira ivyirwa vyimbitse yahindutse umukristo w'umwizirwa. Umuntu wese akwiye gufata ingingo. Umuntu akwiye kwubakira ubuzima bwiwe ku kwizera ko ubuzima rukristo ar'ubw'ukuri canke ar'ubw'ikinyoma. Umuntu wese adakoresha ukwo gutigira ubwo nyene aca aha amahirwe menshi ko ukwizera kw'abakristo ar'ukw'ikinyoma.

Nosaba ngo umuntu asome ibikurikira biri mw'ikete ryambere ryandikiwe Andereya:

Ikete rya 1 ryandikiwe Andereya - Ukwizera rukristo gushizwe ku rupimo

Ibintu vyose vyenena ku nyishu z'ibibazo bitatu. Iyi nzira narayiciyemwo incuro amajana kandi nagumye mbona abantu bavyakira neza kandi nanje ndatangara.

1. Mbega Imana ibera hose icarimwe, Imana izi vyose, Imana ishoboye vyose kandi ikunda abantu yoba ibaho?
2. Mbega Yesu w'i Nazareti yoba ari we mucunguzi yarungitswe n'Imana?
3. Mbega Bibiliya canke ivyanditswe vyera vyoba vyanditswe n'abantu barongowe n'Imana canke ni ibikorwa vy'abantu buntu?

Hari inyishu zishimishije kuri ivyo bibazo vy'inkoramutima. Vvirabire nawe. Birashoboka ko utari bwamenye iyi ntangamarara gushika n'ubu. Kubera ko icambere kivuga ubuhanuzi bumwe gusa, nama nongeyeko misi yose ikete rigira 8 canke nkarisoma hanyuma. Hari ubuhanuzi butatu bwiyongera kur'ubwo bwo mw'ikete rigira 8. Mur'ubwo buryo, turashobora gushikana abantu ku kwizera gukomeye mu ntango canke tugatera umwete ukwizera Imana, Yesu na bibiliya bafise -.

Ikete rigira 8 Ubuhanuzi buvuga ivya Yesu Kristo

Ugusohora kwabwo kurashoboka 1:10

Iri kete ryandikiwe Andereya ahanini rikomeza ivyizigiro vyacu muri Yesu w'i Nazareti ari we Mucunguzi hamwe na Bibiliya yahumetswe n'Imana. Ubuhanuzi butari bumwe n'isohora ryabwo ku bijanye n'ubuzima bwa Yesu bwararonderewe isano. Ibintu umunani vyerekana igituma ubwo buhanuzi butandukanye budashobora gusohora ku bw'ukugomba kw'umuntu.

Ubu noneho ni akaryo keza ko gutangura kuvuga Yesu.

Ikete rya 2 ryandikiwe Andereya – Ikigereranyo cihariye kandi kirengeye ibindi

Umuntu yavuzwe mu mateka y’isi – ikigereranyo cihariye kandi kirengeye ibindi. Mbega ni ubuhe bwaku ubuzima bwa Yesu bwagize? Ni kuki Yesu arengeye vose? Ni kuki ubuzima bwiwe bwasize ubwaku bukomeye, ku buryo ata wundi muntu yigeze kubugira? Mbega Yesu yavuze ko ari nde? Mbega ni ibiki abamubonye bashingiye intahe, mbega kahise ko kavuga iki? Ni ibiki abanyamakenga beza bamenya iyo basuzumye ibimenyamenya? Ndazi ko noneho umugenzi wacu yiteguye kwiga Bibiliya n’umugambi w’agakiza.

Ikete rya 3 ryandikiwe Andereya – Mbega ni iyihe ntumbero nyamukuru ya Bibiliya?

Umugambi w’Imana wo gucungura umuntu werekanwa mu buryo bugufi kandi bwa Mpwemu mur’iri *Kete ryandikiwe Andereya* . Ni igiki umuntu yobwirizwa gukora kugira ngo aronke ubuzima bwuzuye n’ubugingo budashira? Amatohoza menshi yagizwe yerekanye ko abantu bashika ibice 98 kw’ijana vy’abantu babajijwe, batahura nabi intumbero nyamukuru ya Bibiliya. Iri kete ryerekana mu buryo butomoye ko ugucungurwa ari ingabire y’Imana kandi ntigashobora kuba agahembo kandi ntabwo ari agahembo koko. Vyoba vyiza cane hamwe umuntu yotahura neza ivyo!

Icigwa gihambaye muri uru rukurikirane mu ntambuko yambere ni iki:

Ikete rya 13 ryandikiwe Andereya – Cakira ubugingo biciye mu kugiriranira ubucuti n’Imana

Hamwe vyoshika ugapfa uyu musu (bivuye ku ndwara y’umutima canke kw’isanganya). Mbega urafise icemezo co kuronka ubugingo budashira hamwe na Kristo Yesu? Ntugume mu mwijima! Hari ibintu bitanu bizogufasha kuronka inyishu. Umuntu wese arondera kugiriranira ubucuti n’Imana, azoyihishurirwa ubuzima bwiwe bwose!

Ndagusaba ngo wibuke ko ikigabane c’7 ari igikoreshe gifadika kigufasha gukoresha ikete rya 13 ryandikiwe Andereya ryitwa *“Cakira Ubuzima”*.

Kubera ko vyinshi biri muri iri kete, turakwiye gufata umwanya ukwiye kubw’iri kete. Hari ibintu bibiri bihambaye ngaha: Kuba twarasomye iri kete incuro nyinshi kandi tukaba twarasenze ubudasiba kubw’abo tuzohura nabo kugira ngo tubereke inzira iya kuri Yesu.

Iri kete rirashobora guhabwa umuntu akaryisomera, ariko vyoba vyiza kandi vyogira agaciro kimbitse cane hamwe tworisomera hamwe n’uwo muntu, kugira ngo dushobore kubaherekeza mu rugendo rwabo barimwo rwo gutumbera Kristo. Ndasaba nshimitse ko iri kete ryokoreshe ubwambere tugihura n’umuntu twipfuzaga kuganira kandi tugasengera igihe tuzomuhura agatabo canke igihe tuzosomera hamwe na we ivyigwa vya Bibiliya, kuko bifasha cane iyo umuntu aronse Yesu. Ntitwahawe igikorwa co kugobera abantu ngo biyegurire Kristo, ahubwo turabibafashamwo.

Iyo umugenzi tugerageje ubwambere maze uwo mukunzi wacu ntabe yiteguriye kwemera isengesho ryo kwishikanira Yesu, dukwiriye inyuma y’akanya gato n’isengesho ry’umwihariko, guca tumuha akandi gatabo kitwa Inzira ishikana mu bugingo budashira, ako nako kakaba karongorera umuntu kuri iyo ntumbero nyene ariko gakoresheje ayandi majamba n’ibindi vyiyumviro.

Nimugume muri Yesu, ikigabane ca 2: Kwiyegurira Yesu, kirasabwa cane ku muntu ariko afasha uwundi ariko kandi

kirakenewe no kur’uwo mukunzi wacu dufasha kugira ngo tumenye vyinshi kur’iki cigwa...

Ni ivy’agaciro katagira uko kangana kwiga uko dushobora kubaho mu bushobozi bwa Mpwemu Yera. Kubw’ivyo rero:

Ikete rya 14 ryandikiwe Andereya – Ubuzima mu nkomezi z’Imana – Gute?

“...Nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo kandi ngo ziburonke busagutse” (Yohana 10:10) Yesu Kristo yipfuzaga ko tugira ubu bukingo bushasha kandi ko tububandanya inyuma y’ukugaruka kwiwe aho tuzobaho ubugingo budashira mu bwami bw’Imana. Iri kete ryandikiwe Andereya rivuga ibijanye n’ukuntu tworonka umwete n’inkomezi kugira ngo turonke imigenderanire ihimbaye kandi yamaho ngo tubane na Yesu.

Ikete rya 5 ryandikiwe Andereya – Intsinzi kw’itabi n’inzoga

Dukoresha iki gishingantahe kidasanzwe iyo gusa hari ibintu vyanyoshe umuntu n’igihe dushaka kwigisha gusenga dukoresheje amasezerano.

Umushoferi w’ibimodoka binini w’imyaka 39 y’amavuka yashatse guheba ingeso yo kunywa itabi. Yanywa amatabi ari hagati ya 60 na 70 ku musi, kandi ivyo yari yaragerageje gukora ngo iyo ngorane ihere vyari impfagusa. Nahavuye ndamubaza nti: “Mbega woba wipfuzaga kumenya uko, ku bwo gufashwa n’Imana, wobohoka ukwo kunywa itabi ubu nyene, kandi ntihagire n’ibimenyetso vy’inkurikizi ziva kur’ukwo guheba zigaragaza?” Ego, ndavyipfuzaga. Yashakaga kumenya. Naramusiguriye ko ataco nshobora kumufasha, namweretse gusa inzira iya ku Mana; Imwe yama yipfuzaga kandi ishoboye kudufasha. Adolufe yarakiriye ingabire y’Imana kandi ubwo nyene yaciye abohorwa burundu. Inyuma y’imisi 14, yarashatse kandi ngo Imana imubohore kunywa inzoga – amacupa ari hagati ya 10 na 14 ku musi. Imana yaramubohoye ubwo buja nabwo, kandi umuganga yakurikirana Adolufe yaratangajwe cane n’ukubona amagara yiye yabaye meza mu mwanya muto. Inyuma y’umwaka

umwe, kubw'amahera yari yaracunguye , Adolufe yaragiye, mu karuhuko muri Leta Zunze Ubwumwe za Amerika ari kumwe n'umukenyenzi hamwe n'abakobwa.

UMUGWI W'AMAKETE YO GUTANGUZA YANDIKIWE ANDEREYA ARONGORERA ABANTU KURI YESU

Twarongeyeko umugwi w'*Amakete yo gutanguza yandikiwe Andereya* kuri iki gitabo. Mbega ni kuki iri jambo ngo "*Umurwi w'Amakete yo Gutanguza*"? Ku makete 17 yose yandikiwe Andereya, ayashobora gukoreshwa mu gutanguza imigenderanire n'abantu ni yo yahiswemwo. Aya makete ni ikiraro kiva ku majambo kigashikana umuntu ku gikorwa. Ni wibuke utumaro 12 twa ka gatabo gato twavuga mu ntango y'ikigabane c'7. Iri bahasha rigizwe n'ama kopi y'amakete akenewe yose. Hari indome umunani: 1, 2, 3, 4, 5, 8, 13, 14 hamwe na Z 1. Ico kigereranyo n'ibiri muri co bizokunzezeza. Nawe uzonererwa kugisabikanya n'abandi. Urakeneye umurwi w'ivyigwa ukwiriye guha umuntu wese ushaka gushikana kuri Yesu. Iryo bahasha rifise intumbero yo gutuma umuntu yisuzuma: mbega ni ryari noba naratanze rimwe mu makete n'izindi mpanuro? Aho woronderera iyindi migwi y'amakete yo gutanguza bivugwa ku rupapuro rwa 202- Ayo makete arashobora no kuboneka ku rubuga ngurukanabumenyi maze umuntu akayabikura akayashira aho yipfuzwa igihe ashakiye aciye kuri www.steps-to-personal-revival.info : *Letters to Andrew*, canke naho akabirungikira umugenzi wiwe. Ayo makete yose 17 ari mu rurimi rw'icongereza kandi azoboneka mu mpera z'umwaka w'2020. "*Arikw'Imana yacu ishimwe yaduhaye gutsinda kubw'Umwami wacu Yesu Kristo.*" (Ab'i Korinto 15:57)

Ivyigwa vyo guhindura abantu abigishwa

Namba umuntu yakiriye Yesu (Ikete rya 13) birakwiye ko akomeza ubwo bucuti. Kubw'iyi ntumbero, urashobora gukoresha igitabo kidasanzwe citwa *Gutumbera Yesu* (urashobora kukironka mu mazina atandukanye)

canditswe na Ellen G. White: Kigizwe n'ibice bibiri: Ni gute noza kuri Kristo? Ni gute noguma muri Kristo? Kiri mu rurimi rwose wipfuza (kuko cahinduwe mu ndimi 150). Namba ubuzima bwo muri Mpwemu bwaratunguye, urakwiye gukomeze ubwo bucuhi. Ivyo wobikora neza hamwe wokwiga ikinyamakuru citwa Intambuko zishikana kw'ikanguro ry'umuntu.

Inyuma y'ivyo vyigwa vyo guhindura abantu abigishwa, urashobora guhitamwo amakete ubona ko yogufasha mur'aya akurikira. Ni vyiza kandi kubandaniriza ku rukurikirane rw'ivyigwa vya Bibiliya canke gukurikirana ubutumwa bw'ama video buromwo ukuri guhambaye kwa Bibiliya. (vyinshi ubibona ku gace F)

Mbega ni ibiki bigize amakete icenda asigaye yandikiwe Andereya?

Amakete asigaye yandikiwe Andereya nayo nyene ubu urashobora kuyaronka. Raba ku gace D k'ivyongeweko ku rupapuro rw'193 ku mpera y'igitabo. Aha naho hari incamake ya buri kete ryose, kugira ngo ushobore kuronka ivyo wipfuza vyoroshe.

Ikete rya 6 – Ni gute wamenya icyo kazoza gashishije? (Daniyeli 2)

Ikete ry'7 – Ukwikingira canke kwivuza ? (Intangamarara ku butumwa bw'ivy'amagara)

Ikete ry'9 – Ubuhanuzi bune bwerekeye ibisagara bine (komeza ukwizera muri Bibiliya)

Ikete ry'10 – Yesu n'Isabato (Iki nico cigwa canje cambere co kw'isabato. Ntikizana impari, kigabanya kwizera ivyiyumviro vy'umuntu bwite maze kigatuma umuntu atangura kwizera ko Isabato ar'iy'ukuri)

Ikete rya 11 – Mbega ni ibiki Yesu yavuze kuri Yerusalemu, ukugaruka kwiwe n'iherezo ry'isi? (Ni igiki twokwigira ku "rubanza rw'intango" rwabaye mu mwaka wa 70?)

Ikete rya 12 – Ibimenyetso vy'ukugaruka kwa Yesu (Turiteguriye uko ibintu bigiye guhinduka canke - ...iherezo?)

Ikete rya 15 – Inyungu yo gusoma Bibiliya – Gute? (Reka turabe inzira abantu benshi banezererewe igihe basoma Bibiliya)

Ikete rya 16 – Ni gute noronka urukundo n’imbabazi vy’Imana? (Imana ntinyipfura ko nosubira kwikorera umutwaro wanjye nahoze nikoreye kera, ntiyipfuzako ngira bwoba bwa kazoza kandi uyu musigiranyirakira ubucuti na yo maze nkambikwa ubushobozi bwayo.)

Ikete rya 17 – Mbega har’ico upfa na mugenzawe? (Ni gute nshobora kubabarira no kwibagira? Imbabazi zibohora bomp.)

Nogusaba ko ubanza gusoma neza ugatahura aya makete yandikiwe Andereya kugira ngo nawe uyasangize abandi ufise umunezero kandi nawe utayakekeranyako.

Ishure rya Bibiliya

Namba Ishengero ryawe rifise **ishure ryo kwiga Bibiliya rigizwe n’abantu bavyipfuzako canke abaheruka kubatizwa**, aho ivyigwa vya bibiliya birashobora kuhigishirizwa canke bikiyingera ku vyigwa vya Bibiliya bisanzwe bitangwa mu ndwi hagati. Ibi vyigwa bishimikye ku bibazo bijanye n’imigenderanire y’umuntu hamwe n’Imana no guhindura abandi abigishwa, hamwe n’ukundi kuri shingiro. Iri shure risanzwe ryitwa, mu buhugu vyinshi, ishure ry’abapasitori ryo kwiga bibiliya rirafasha cane. Narashinze iryo shure mu mashengero yose nari ndomgoye. Inyuma yo kwiga twarashobora kuganira ku bijanye n’umubatizwa maze tugafasha abagenzi bacu kwegurira ubugingo bwabo Yesu biciye mu mubatizwa kandi bakifatanya n’Ishengero nk’abagize umuryango bakwiye. (Ushaka kumenya vyinshi raba ikigabane ca 10)

AMA VIDEO YO KWIGISHA UKWIZERA

Uyu musigiranyirakira mu vy’ukuri ibikoreshe vyiza vyo kwigisha no gukura ukwizera Imana n’ijambo ryayo, iyo ata mwigisha ahari. Ushaka kwigisha ubutumwa bwiza, rondera urukurikirane rw’ibisiguro birimwo ukuri kw’ishingiro kwose kwa Bibiliya. Urukurikirane rugizwe n’ivyigwa

biri hagati ya 20 na 30 ni rwo rwoba rwiza cane. Mu gace F hadondora mu majambo make ibijanye n’imirongo 15 y’urubuga ngurukanabumenyi hamwe n’ibiyigize. Iyi mirongo irahambaye cane ku bana, ku rwaruka, ku barondera ukuri hamwe n’abizera bamaze igihe kirekire. Umurongo w’urubuga ngurukanabumenyi watanzwe na Générale conférence witwa Twese hamwe mu gikorwa c’Ivugabutumwina nawo nyene uraboneka. Uyu murongo ivyigwa vyateguwe vyokoresheka mw’ivugabutumwina, gutanga inyandiko hamwe n’urukurikirane rw’ivyigwa vy’amagara n’ukumererwa neza, Ingwara y’igisukari, ugukira agahinda hamwe n’ishure ryo guteka. Ku gace F ushobora kuhasanga ububiko bw’ubutunzi bw’imbuga ngurukanabumenyi z’agaciro.

Kuri [www. steps-to- personal- revival. info](http://www.steps-to-personal-revival.info) ushobora kuhasanga ibi:

- Amareresi 7 y’ibisiguro *Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’Umuntu* vyatanzwe na Helmut Haubeil
- Agatabo k’amajwi kajanye *n’Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’Umuntu*, Umusiguzi: Mike Fenton
- *Amareresi 3 ajanye n’Uko wobatizwa na Mpwemu Yera* yatanzwe na Dwight Nelson

Kurondera abantu ukabagira abakunzi b’Imana: Umunezero wo gusangiza abandi ijambo ry’Imana mu gikorwa cayo (Indongozi yo kwiga Bibiliya y’abakuze y’ishure ry’isabato – Igice ca gatatu 2020)

Umwanditsi mukuru Mark Finley avuga mu ntangamarara ati:

“Umwe mu bakunzi banje yashikirije iki cyumviro ati, ‘Imbere ya vyose igikorwa c’ivugabutumwina ni igikorwa c’Imana. Iriko ikoreshe ibikoreshe vyose mvajuru ngo ikize iyi si yacu. Igikorwa cacu n’ico gukorana na yo tunezerewe mu gikorwa cayo co gukiza abazimiye. Numvise umengo nkuweko umutwaro war’undemereye ku bitugu. Zigama iyi ndongozi yo kwiga Bibiliya y’abakuze mw’ishure ry’isabato y’igice ca gatatu kugira ngo usubire witegereze neza amajambo yashikirijwe igihe woba uyakeneye. Shira hamwe iyo ndongozi hamwe n’iki gitabo.



NI GUTE JEWE UBWANJE NOMENYA

ISHENGERO RY'UKURI?

Kurondera Ishengero ry'ukuri ni igikorwa cimbitse co kwiga Bibiliya ku bantu bariko barondera kuja mu bwami kandi ni ko biri no ku bandi bagize Ishengero.

Mbega uyu musu hoba hakiriho mu vy'ukuri Ishengero ry'ukuri? Kuko Yesu yarivuze ko ari Ishengero ryiwe, jewe nohitamwo kuryita Ishengero rya Yesu Kristo. *"...kand'amarembo y'i kuzimu ntazorishobora [Ishengero ryanje]."* (Matayo 16:16) Yesu atwereka ko Ishengero ryiwe rikiriho. Kubw'ivyo turashobora kurirondera kandi tukaritora.

Igishingantahe codufasha gutahura: Abigeme batatu bavukana maze umwe wese akaba yasenga mw'Ishengero ryiwe babajije Pasitori bati: "Ni irihe shengero ry'ukuri?" Yababajije ibibazo bitatu bishuye mu kwemera. Inyuma y'ivyo yaraberetse uko iyo ngorane boyikemura ubwabo bakoresheje ivyigwa bigufi vya Bibiliya. Barahejeje ivyo vyigwa vyose kandi uko ari batatu bose baciye bifatanyaga n'iryo shengero.

Ni gute umuntu yokwibonera ibi ubwiwe ku giti ciwe? Mbega ntiwobaza umuhinga? Canke ukabaza abanyeshengero canke abo musangiye umurwi? Niko bisanzwe biri. Ariko nka bese bariyemera mu kuvuga ko Ishengero ryabo ar'iry'ukuri, n'ubwo umwe wese aba afise inyigisho zitandukanye n'iz'uwundi. Mur'ubwo buryo rero, nta kintu na kimwe tuzoshikako. Turakwiriye kurabira akarorero k'abantu baba i Beroya mu gihugu c'Ubugiriki. Bibiliya yisunga umwifato wabo nk'umwifato ubereye:

"Arikw'abo bo bari imico myiza kuruta ab'i Tesalonike kuko bakiriye ijamba ry'Imana n'umutima ukunze, basesa mu vyanditswe uko bukeye ngo bamenye y'ukw'ivyo ari ivy'ukuri." (Ivyakozwe n'intumwa 17:11)

Iyi ni inama nziza! Ugarutse rero ukaraba, abantu b'i Beroya bumvirije ukwigisha kwa Paulo n'umutima ukunze. Ariko basesa muri

Bibiliya ubwabo, kugira ngo bamenye neza ko ivyo babwiwe ari vyo. Ni co gituma ngusaba nshimitse ngo nawe uzobigenze uko hamwe wohura n'ikibazo co kwerekana Ishengero ry'ukuri rya Yesu. Ivyigwa bigufi vya Bibiliya ni bwo buryo bwiza wokoresha.

Ariko ubwambere reka tubanze twihweze vya bibazo bitatu pasitori yabaza ba bigeme. Ibi bibazo bitatu ni ibibazo vy'urufunguruzo kugira ngo mushobore kwiga ico kibazo.

1. Urizera ko Yesu yigisha ukuri maze akagushira mu ngiro mu buzima bwiwe?

Yesu yavuze ati:

“Ni jewe nzira, n’ukuri n’ubugingo. Ntawushika kwa Data ntamujanye.” (Matayo 28:20)

Petero yavuze ati:

“We nta caha yakoze; yapfuye kubw’ivyaha vyacu.” (1 Petero 2:22-24)

“...Kristo yabababarijwe akabasigarana icitegererezo muri vyose kugira ngo mugere ikirenge mu ciwe.” (1Petero 2:21)

Yohana yaravuze ati:

“Uvuga kw’ahora muri we akwiye kugenda nk’uk’uwo na we yagenda.” (1 Yohana 2:6)

Nizera ko Yesu yigishije kandi ahishura ukuri kuva mw’ijuru kandi ko n’ubuzima bwiwe bwose bwatubereye akarorero. Umukristo w’ukuri wese ivyo aravyizera. Iki nico kintu gikenewe kubw’umugambi wacu. Mbega nawe ibi uravyizera?

2. Mbega urizera ko Ishengero rya Yesu ritegerezwa guhuza n’inyigisho n’akarorero vya Yesu?

Ishengero rya Yesu uyu musu – inyuma y’imyaka ihakwa gushika 2000 – ryoba rigisabwa kwisunga Yesu? Mbega ntihoba hagumye haza impinduka (iterambere)? Yesu uwbiwe yivugiye iki?

Yesu yavuze ati:

"...kand'ivyanditswe ntibihinduka. " [Muri Bibiliya yitwa New Kings James Version ho vyanditswe ngo: "Ivyanditswe ntibitabagurwa"] (Yohana 10:35)

Yesu yariko avuga ibijanye n'isezerano rya kera. Mu bisanzwe ibi bifatirwa hamwe n'isezerano rishasha. Kubwa Yesu "ivyanditswe ntibihinduka" [Ivyanditswe ntibitabagurwa]. Iyo utabuye ikintu, uca uronka uduce twinshi. Ico Yesu ariko avuga ngaha n'uko tudakwiye kwemera igice kimwe c'ivyanditswe maze ngo ikindi tugihakane. Yohana yemeranije na Yesu mu kuvuga ati: *"Umuntu wese ararata, ntagume mu vyo Kristo yigishije, ntafise Imana: uguma mu vyo yigishije ni we afise Data wa twese n'Umwana".* (2 Yohana 1:9)

Iyi ni inyishu ihakana mu buryo butomoye ko ata hindagurika ry'inyigisho za Bibiliya ryagiye riraba. Ivyo Imana yahishuye biciye mu mwana wayo ntibishobora kandi ntibikeneye guhinyanyurwa n'abantu.

Intumwa Paulo yaravuze iti: *"Ariko naho yoba ari twebwe [intumwa] cank'umumarayika avuye mw'ijuru, ababarira ubutumwa bunyuranye n'ubwo twababariye arakavumwa. (Ab'i Galatiya 1:8-9)*

Mbere n'intumwa n'abamarayika, nta burenganzira bafise bwo guhindura ubutumwa bwa Yesu Kristo. Kubw'ivyo rero, nta n'uwundi muntu rero yobishobora. Rero, twabonye ko : Ishengero rya Yesu uyu musi ritegerezwa kwisunga Yesu n'ijambo ryiwe.

Mbega n'ibi na vyo uravyizera?

3. Mbega noneho ubu uriteguriye kwifatanya n'Ishengero rya Yesu igihe urimenye?

Ni kuki ubushake bw'umuntu bukenewe imbere y'uko atangura kwiga? Yesu yavuze ati :

"Nihaba har'ugomba gukora ivy'uwo akunda, azomenya izi nyigisho ko zavuye ku Mana, canke ko mbivuga mvyigeneye." (Yohana 7:17)

Yesu yariko avuga ati: Umuntu wese azoshaka gukora ivy'Imana ikunda, nawe azobimenya. Imana izofasha abo bese bafise icipfuzo

ciza co kumenya no gukora ivy’Imana ikunda, kumenya ukuri maze bityo bamenye n’Ishengero ry’ukuri rya Yesu. Isezerano ry’Imana riravuga riti: *“Abikira abagororotsi agakiza, ni inkinzo ku bagendera mu gutungana.”* (Imigani 2:7) – Imana yasezeraniye guha abayumvira ubufasha bwa Mpwemu Yera (Ivyakozwe 5:23). Yasezeranye ko izotuyoborera mu kuri kwose (Yohana 14:26 na Yohana 16:13) . Mu vy’ukuri iri sezerano ririmwo no kumenya Ishengero ryayo. Igitabo ciza kivuga ibijanye n’ubuzima bwa Yesu kiravuga kiti: *“Abo bese bishikanira Imana, bipfuza ata buryarya kumenya no gukora ivy’Imana ikunda, bazohishurirwa ukuri nk’ubushobozi bw’Imana bwo kubakiza.”* (E.G White , the Desire of Ages, p. 455. 3) Mbega uriteguye kwifatanya n’Ishengero rya Yesu igihe uzoba warimenye?

Ubu naho, ni gute noshobora ubwanje kwimenyera Ishengero ry’ukuri rya Yesu iry’ari ryo?

Biroroshe cane. Ni wige ubutumwa bwiza uko bwanditswe na Matayo. Bugizwe n’impapuro nka 40. Ubwo butumwa ntiburimwo inyigisho zose Yesu yatanze ariko nyinshi muri zo zirimwo. Ushatse woca akarongo/ canke ugasiga irangi imirongo ijanye n’inyigisho ziwe, uturorero twiwe n’ivyavuzwe kuri we.

Jewe narakoresheje agakaye gato nca imirongo ibiri i buryo n’i bubamfu bw’urupapuro maze nca ndakagaburamwo uku gukurikira:

Nandika ikigabane n’imirongo mu murongo w’i bubamfu

Naca nandika hagati na hagati uva i bubamfu bw’umurongo iryungane canke agace k’iryungane nkuye muri Bibiliya, kaba gafise inyigisho canke akarorero k’umwifato wa Yesu.

Naca nandika hagati na hagati uva i buryo inyigisho nakuye mur’iryonyungane.

Mu murongo w’i buryo, naca nca imirongo nkashiramwo Ishengero rimwerimwe muri buri murongo maze nkayasuzuma (Nk’akarorero umurongo w’Ishengero Katolika, Ishengero Ry’Abakwizabutumwa, Ishengero ry’Abadiventiste hamwe n’iry’aba Baptiste).

Naca nshira akamenyetso ko guteranya mu murongo w'Ishengero rihuje n'ikintu runaka cigishijwe.

Mu mpera yaho, Ishengero ryaba ryaronse utumenyetso two guteranya kuri buri nyigisho yose ni ryo ryaba rihuje n'inyigisho za Yesu. Iri ni ryo shengero rya Yesu nshaka kwifatanya na ryo.

Umurongo wa Bibiliya	Igisomwa dusangamwo	Inyigisho	Amashengero			
			Abakatoika	Abakwizabutumwa	Abadventiste	Ababatiste
Matayo 1:1	Igitabo kivuga ibisekuruza vya Yesu Kristo	Aka ni kahise , si imigani canke ibitito	+	+	+	+
Matayo 1:18	Mariya bamubonye afise umwana wa Mpwemu Yera.	Igitangaza c'inkumi yavyaye.	+		+	+

Kenshi narakoresha ikigabane canke nkatoramwo agace k'ikigabane mu gitabo ca Matayo mu kwiga bibiliya canke nk'ivyigwa vy'inyongera igice c'isaha imbere y'uko mfata ivyigwa vya bibiliya. Nama mfise igishika kidasanzwe kur'iki cigwa. Umugabo umwe yarambariye ati: "Kw'uyu mwanya ngeze ku kigabane ca kane, namaze kubona ko ntari mw'Ishengero ry'ukuri." Uzobona ko umusi wambere gusa ukoze iki cigwa hari igice c'ukuri uc'umenya - mbere n'abagenzi bawe ni ko bizogenda. Ariko ivyo ntaco bitwaye. Igihe cose nama nkora iki cigwa nama ntahura ukuri kw'inshi. Iki cigwa

kirafasha cane abariko barondera kumenya ukuri mu gufata ingingo
yo kwifatanya n'Ishengero ry'ukuri rya Yesu.

Imana yacu itangaje iguhe umugisha urushirije mu gikorwa cawe.

Ivyiyumviro umuntu yokwibaza n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Mbega ni aya masôko afadika y'ivyigwa yodufasha kwegereza abantu Yesu?*

2. *Wokora gute kugira ngo utume umuntu muvugana yumva ko akeneye Yesu?*

3. *Ni ibihe bibazo wakoresha kugira ngo utume abantu biyumvira namba boba bafise imigenderanire na Kristo canke ko boba bashaka kugirirana imigenderanire yimbitse na we?*

4. *Ni ibihe bibazo wobaza abantu bariko barondera kumenya Ishengero ry'ukuri?*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo wipfuzwa ko musengera hamwe muhanahane ivyiyumviro kur'iki cigwa
- Sengana n'uwo musengera hamwe ...
 1. ...kugira ngo muronke ubwenge bwo kuvuga canke guha abantu kugira ngo imitima yabo yitegurire kwakira ubutumwa bw'Imana.
 2. ...kugira ngo mwitegurire neza igikorwa c'ikwizabutumwa
 3. ...kugira ngo uronke urukundo ku bandi bantu, maze mwumve ko ari ngombwa gushikira imitima yabo.
 4. ...kugira ngo mumenyere gukorana n'Imana mu gukorera abandi

INTANGO NSHASHA Y'IGIKORWA C'IVYA MPWEMU MU NTAMBUKO ZITATU

Ni gute abantu ku giti cabo hamwe n'imigwi,
amashengero n'amamisiyoni yobishikako?

“Mpwemu wanje ni we azobirangura!”

“Imigambi yawe ntizoranguka kubw'inkomezi za gisirikare canke ku bw'inkomezi zawe, ahubwo Mpwemu wanje ni we azobikora! Kukw'ari jewe Uhoraho Mushobora vyose mbisezeranye. (Zekariya 4:6 vyahinduwe bivuye mu mpinduro ya Bibiliya y'Ikidagi “Hoffnung fuer Alle”)

Ndashimira Imana kuko yaduhinduriye aya majambo biciye mu bishingantahe bitobito ariko bigaragara. Nta muntu n'umwe yateguye ikintu na kimwe mur'uru rugendo.

Dutangurire ku gishingantahe c'akarorero.

Igishingantahe kiva mw'Ishengero ryo muri Dekaturi, Alabama, muri Leta zunze ubumwe za Amerika:

Mu 2019 mu kwezi kwa Ndamukiza Imana yarongoreye iri shengero ku kugira amasengesho n'ukwishikanira Yesu imbere gato y'ibikorane vy'amavugabutumwa. Ibi vyakozwe mu ntumbero yo kuroraniirwa mur'ico gikorwa c'ivugabutumwa bariko bategura.

... Indinganizo y'Ishengero ryacu yashizweho inyuma y'uko Pastori Roberuto Meneses agendeye umuryango wiwe uri mu gihugu ca Porotugali mu ntango z'umwaka. Akiriyo, inasenge wiwe yamuhaye agatabo kari mu rurimi rw'Icongerezwa n'Igiporotigale gafise umutwe w'amajambo uvuga ngo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umuntu* kanditswe na Helmut Haubeil. Mur'ico gihe nyene, umugore wiwe, Elida, asanzwe arongoye ibikorwa vyo gusenga mw'Ishengero, yasomye mu gitabo citwa *Ministry (Igikorwa)* [iki kikaba cari ikinyamakuru mpuzamakungu c'Abapasitori] igishingantahe catanzwe n'Umupasitori avuga ivyashitse kubw'iki gitabo. Inyuma yo kugisoma ubwiwe, yumvise kimukozeko ku buryo yaciye asaba Ishengero ko na ryo ryogisoma. Hanyuma, yafashe igitabo ciwe akijana mu murwi w'amasengesho wo kw'isabato mu gatondo, ariko mu buryo butangaje cane, uwundi mwizera w'Ishengero yahavuye ashigikira ko uwundi mugenzi yari yamuciriye ku mayange ivyiza vy'ico gitabo nyene.

Mu gihe bariko bitegurira ivyo bikorane, Ishengero ryashinze ibikorwa vyinshi bishasha. Batanguye gusengera hamwe mu gitondo c'isabato iminota 30. Twarahanahana amakuru ava mu nkuru z'ahandi zo mw'Ishengero, ikanguro hamwe n'igikorwa ca Mpwemu Yera. Barakurikiranye ikarishabwenge riciye ku mavideo rijanye na Mpwemu Yera amasabato abiri akurikirana ku migoroba. Inyuma y'iryo karishabwenge, haratanze amakopi y'igitabo *Intambuko zishikana*

kw'Ikanguro ry'Umuntu kandi abizera basabwe kugisoma mu ndwi zitandatu zakurikiye.

Inyuma y'ivyo, barifataniye n'abandi mu misi icumi yo gusenga yari yateguwe n'Inama nkuru irongoye Ishengero {Conférence Générale}. Abizera b'Ishengero bakoresheje kano kanya mu guhurira ku rusengero no gusenga basaba kwikangura na Mpwemu Yera. Kw'isabato yakurikiye, bari bafise integuro yo 'guhimbaza Imana no gusenga' kw'Ishengero.

Brian Danese, umurongozi ajejwe ivy'ugushinga amashengero mashasha ava muri Conference yo muri Amerika , ku rubibe rwa Mexico n'ibihugu bihereranye yaraje kandi akoresha ikarishabwenge ryo mu mpera y'indwi. Inyuma y'aho, Ishengero ryatanguye kwiga *igitabo c'Imisi 40 yo gusenga: Amasengesho n'umwete mwinshi mu kwitegurira ukugaruka kwa Yesu* mu mirwi y'abantu babiri babiri. Mu gitondo c'isabato, amareresi magufi yateguwe na Denis Smith, ari na we mwanditsi w'igitabo Imisi 40 yo gusenga, yarerekanwe mu mwanya w'amatangazo.

Barakurikije icyumviro cashikirijwe mur'iki gitabo casaba umuntu wese gusengera abantu batanu bataramenya ubutumwa bwiza. Hanyuma barahuye n'abantu batari biteze ahandi naho bagahura n'abahoze ar'abizera. Abantu benshi babatijwe bivuye kur'uwo murwi w'abantu abizera b'Ishengero bari basengeye kandi bakawukurikirana.

Inyongera: Ntituzi neza na neza igitigiri c'abantu bitabiriye ivyo bikorane. Ariko na we vyiyumvire, - iyo abizera cumi bari gusengera abantu batanu umw'umwe maze akaguma abakurikirana, boca baba abantu 50; abizera 50 bari guca bazana abantu 250. Ibi bituma habaho umurwi w'abantu bafise umwete w'ibikorane ku gikorwa vy'ivugabutumwa canke imirwi yitaho abantu.

Igihe ibikorane vy'ivugabutumwa vyatangura mu kwezi kwa ndamukiza, Ishengero ryaronse ikanguro n'imigenderanire yimbitse na Yesu. Biciye mu nyigisho za Roberuto Meneses, abizera b'Ishengero barashoboye kugiriranira imigenderanire yimbitse n'abashitsi kandi Mpwemu Yera yarakoze ku mitima yabo. Inyuma y'urukurikirane rw'ivyo vyigwa, abantu cumi barishikaniye Yesu biciye mu mubatizo kandi inyuma y'abo abandi batanu barakurikiye. Ishengero rifata ko izo nyishu ari igishingantahe ko isengesho rifise ubushobozi."

(Vyakuwe muri raporo yatanze na Elida Meneses, Southen Tidings, sept. 2019, p. 20 – Southern Union Conference, USA EE EPM171119 # 146)

Ubu buryo bw'igikorwa ca Mpwemu c'ivugabutumwa burakora mu gukiza imishaha mw'isi yose ku bw'ubuntu bw'Imana, bugakora no mu bihugu leta zitivanga n'ivy'amashengero, kuko Mpwemu Yera atagira urubibe. Mbere mu bihugu vyugurukiye ubutumwa cane, ni ikintu gifasha cane mu gukomeza ubugingo bushasha no kugira intango nshasha iteye igomwe ku bizera badakura mw'Ishengero. Mu Burundi, abizera bashika 320 bose hamwe baragarutse bifatanyaga n'Ishengero bivuye ku bwaku bw'igitabo *Steps to Personal revival* [Intambuko zishikana kw'ikanguro ry'Umuntu]. Basubiriye kubatizwa mu kwezi kwa Ntwarante 2017.

INTAMBUKO ZITATU ZISHIKANA KU NTANGO NSHASHA

Iri shengero ryashinze izi ntambuko zitatu zikurikira:

Intambuko ya 1: Intango nshasha – Guteza imbere ubuzima bw'ivya Mpwemu

Intango nshasha yo mu vya Mpwemu biciye mu gusoma mu buryo bwagutse igitabo *Intambuko zishikana kw'ikanguro ry'Umuntu*.

Intambuko ya 2: Guteza imbere imigenderanire – Imbere no hanze

Barize igitabo *Imisi 40 yo Gusenga no Kwiyegegurira Imana mu Kwitegurira Ukugaruka kwa Yesu* canditswe na Denis Smith mu ntumbero yo gukomeza ubuzima rukristo. Baciye batangura amasengesho yo gusengera abandi no gushikira abantu batanu bataramenya ubutumwa bwiza.

Intambuko ya 3: Gusangira n’abandi inkuru nziza

Ngaha, barakoze ibikorane vyo ku mugaragaro. Ariko kandi ibi birashobora no kuba mu vyigwa vya bibiliya vy’umuntu ku giti ciwe canke naho mu mirwi mitomito mu mihana y’abantu canke naho hakoreshejwe amareresi.

Twihweze neza izo ntambuko zitatu

Ubu noneho tugomba kuraba mu buryo bwa hafi cane izi ntambuko zitatu kugira ngo dushobore kuzikoresha mu bikorwa vyacu.

INTAMBUKO YA 1: INTANGO NSHASHA – GUTEZ’IMBERE UBUZIMA BW’IVYA MPWEMU

Teza imbere ubuzima bwawe bw’ivy’Impwemu – subira ku rukundo rwawe rwambere – ufashijwe n’igitabo *Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’Umuntu*. (Iki gitabo kiraboneka mu ndimi zirenga 40)

Ibishingantahe birenga 500 vyerekana ko:

- ✓ Mpwemu Yera ni we ngabire ihambaye kurusha izindi Yesu ashaka kuduha.
- ✓ Iki gitabo cugurura amaso yacu kandi kikadufasha kwisuzuma no kwisubirako

- ✓ Kidufasha gutahura neza intambuko zibiri z’umushinge, ari zo zituma ubuzima bwacu bw’ivya Mpwemu bukwegakwega abandi maze bikaduha icemezo ko twakijijwe.
- ✓ Turibonera ko gusenga dukoresheje amasezerano bituma amasengesho yacu agira akanovera gashasaha. Duca dusengana umunezero, ubushizi bw’ubwoba kandi tukagira amasengesho yimbitse. Biciye mu gusenga bakoresheje amasezerano, benshi baronse icemezo ko baronse Mpwemu Yera.
- ✓ Mur’uwo munezero wabo, bahavuye bahinduka ivyabona maze basangira n’abandi ibitabo kandi nk’inyishu umunezero wabo wariyongereye kuruta uko vyahora.

Impinduro nshasha y’iki gitabo igabuwe mu bice 14. Urashobora gusoma iki gitabo ukigabuye mu ndwi zitandatu canke ukagisoma gatatu mur’uyu mwanya kugira ngo kikugirire ikimazi cane. Nk’uko bisanzwe, umuntu aronka ubumenyi buhambaye bicye gusa mu gusoma kenshi gashoboka no gushira mu ngiro ivyo asoma. Ubushakashatsi mu vy’indero bwerekana ko bikwiye ko umuntu abanza gusoma canke kwumviriza icigwa gikomeye incuro ziri hagati ya zitandatu na cumi kugira ngo agitahure neza. Nawe bigerageze nimiburiburi rimwe. Ibishingantahe vyiza nka vyose biva ku bantu bagerageje guhangana n’icigwa runaka bakaciga ibihe vyinshi kandi n’umutima wose. Abantu bapfa gucishako amaso mu gusoma ntaco bahakura.

Ni akaryo kadasanzwe kwiga imisi 10 yo gusenga 2021 imbere canke inyuma yo kwiga Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’Umuntu.

Mw’itangazo ryashikirijwe na Générale conférence (24 Gitugutu 2020) rijanye n’imisi 10 yo Gusenga , baranditse bati: “Integuro y’imisi icumi y’amasengesho y’umwaka uza izoba ifise icivugo kivuga ngo ”KURONDERA IKANGURO” kandi cashimikira ku kamaro k’Ikanguro

ry’umuntu hamwe n’umunezero wo kwiwegurira Imana mu bice vyose vy’ubuzima...- Ibisomwa vya buri musi vyanditswe na Helmut Haubeil...”

Ibi bisomwa twovuga ko ari agace gato kagizwe n’udutabo duto turimwo ivyigwa bitandukanye vy’igitabo *Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’umuntu*.

Ndipfuzaba gusaba uruhusha urwego rukuru rw’ishengero kw’isi rwo kwongerako imisi 10 yo gusenga 2021 ku murongo wacu wo ku rubuga ngurukanabumenyi www.steps-to-personal-revival.info: 10 Days of Prayer. Aho abantu barashobora kubikura kur’urwo rubuga ngurukanabumenyi bakabibika aho bipfuzaba canke bakabirungikira abandi. Hari abantu bipfuzaba kubikoresha. Tuzovuga n’igitabo vyakuwemwo hamwe n’ikigabane ca buri musi, kugira ngo abantu bashobore gusoma kandi batahure vyinshi. (Ivyo bitabo biraboneka mu ndimi nyinshi ku rubuga ngurukanabumenyi.) Ubu buzima bwimbitse mu vya Mpwemu bizozanira abantu inkomezi n’umunezero.



INTAMBUKO YA 2: GUTEZ’IMBERE IMIGENDERANIRE

IMBERE NO HANZE

Imbere

Indongozi nziza kandi twokwisunga ku misi 40 yo gusenga ni igitabo ca 1 c’imisi 10 yo gusenga: Amasengesho no kwitanga kugira ngo twitegurire ukugaruka kwa Yesu, canditswe na Dennis Smith (RH&). Ico gitabo kigabuwe mu bice umunani, kimwe cose kikagira ivyigwa umunani:

- ✓ Umubatizo wa Mpwemu Yera;
- ✓ Umubatizo wa Mpwemu n’isengesho;
- ✓ Umubatizo wa Mpwemu n’ivugabutumwa;

- ✓ Umubatizo wa Mpwemu no kuguma muri Kristo;
- ✓ Umubatizo wa Mpwemu no gukorera hamwe;

Ivyiyumviro bikurikira vyakuwe mu gitabo ca 1 *Imisi 40 yo Gusenga*, p. 5-6, intangamarara – incamake:

Iki gitabo c’imisi 40 yo kwiga no kwitanga biciye mu gusenga candikiwe gutegurira Ishengero umuzo wa kabiri wa Kristo, hamwe no gushikira abandi bantu ngo tubiteguze uwo musu mwiza.

Uku kwitegura gutangurana n’abizera b’Ishengero bipfuzwa kwihebera icyo misu 40 yo gusenga no kwitanga biciye mu kwiga kugira ngo bateze imbere imigenderanire yabo na Kristo Yesu, no gushikira abantu batanu Uhoraho yashize ku mutima wawe ngo ubasengere buri musu.

Yesu yaravuzse ati: *“Kandi ndababwira ukuri kw’ababiri muri mwebwe ni baturiza inama mw’isi gusaba ikintu cose, Data wo mw’ijuru azokibakorera. (Matayo 18:19)* Hari ubushobozi budasanzwe mw’isengesho risengewe hamwe n’abandi, kandi hari indemesho n’inkomezi zo mu vya Mpwemu mu gukorera hamwe nk’abakristo. Urasabwa ko urondera umuntu mwosengera hamwe kandi mukajya mukorana munasengera hamwe. Umwe wese n’asangire na mugenziwe icyo yasomye uwo musu maze musengere hamwe, haba kuri telephone canke muri kumwe, icyo mukabikora buri musu mur’icyo misu 40 yo gusenga no kwiga.

Kugira ngo bigire ikimazi cane, ndagusaba kurondera abandi bantu benshi ngo bifatanye nawe mu gukoresha icyo gitabo co kwitanga. Vyoba vyiza cane buri ndwi guhurira hamwe maze mugasengera hamwe mu murwi. Hitamwo umuntu umwe mu murwi wipfuzwa ko muzohora mukorera hamwe mu gusenga buri musu. Abubakanye barashinze intahe ko bahazagiwe cane igihe bigiye hamwe. Umuryango umwe

w’abubakanye waranditse uti: ”Gusoma no gusengera hamwe vyatumye twegerana cane no kuba umwe kuruta uko vyigeze kumera.” Umuntu wese mu murwi asabwa kuzokora uko nyene kugira ngo ashobore kuronka imihezagiro mur’iyo misi 40...Abo bari ku rutonde rw’abo usengera bashobora kuba abo mu muryango wawe, abagenzi canke abo mukorana ku kazi. Urupapuro rw’ivyo usengera buri musi ruri mu gace E k’ivyongewemwo.

Hanze

Isengesho ridasanzwe ryo gusengera abantu batanu

Mu misi 40 muzosengera abo bantu batanu buri musi kandi mubagendere. Hari ivyiyumviro vyashikirijwe vy’ukuntu mwoshobora kugendera umuntu n’ukubamenyesha ko muzoja mubasengera imisi 40 kandi mur’ako kanya mubabaze n’ivyo bipfuza ko mubasengera. Ibi urashobora kubibona ku duce tw’ivyongeweko A, B no ku mpera y’igitabo.

Kuki amasengesho?

Isengesho ni zo nkomezi zisumba izindi kw’isi. Rirakenewe cane kugira ngo umuntu akure mu vya Mpwemu kandi nibwo buryo bwo kuronderera abantu Kristo.

Ku vyerekeye amasengesho no gukura mu vya Mpwemu nk’abakristo, Ellen White yaranditse ati: “Isengesho ni kwo guhumeka kw’umushaha. Ni ryo banga ry’ubushobozi bw’ivya Mpwemu. Nta bundi buryo na bumwe bw’ubuntu bwoshobora gusubirizwa, ngo umushaha ugume umerewe neza. Isengesho rihuza buno nyene umutima n’isoko y’ubugingo kandi rigakomeza umusokoro hamwe n’imitsi vy’ubuzima bwo gusenga. Ni wirengagize umwimenyerezo wo gusenga, canke ugasenga wikurayo ukabikora uko uvyumva, uzisanga wavuye ku Mana.

Ubushobozi bw'ivy'ubwenge mu vya Mpwemu butakaza agaciro kavyo, ivy'ugusenga bica bibura amagara n'inkomezi." (Gospel Workers)

Ellen White kandi arerekana ko isengesho ari kirumara mu kuzana abandi kuri Kristo: "Ubwirizwa gukora cane ku bw'imishaha biciye mu masengesho menshi, kuko ubwo ari bwo buryo bwonyene ushobora gukoresha ngo ushikire imitima. S'igikorwa cawe, ariko ni igikorwa ca Kristo ari iruhande yawe , ni we akora ku mitima." (*Evangelism, p. 304*) Imana izokwumva amasengesho yacu dusengera imishaha ngo yihane. (Messages to young People, p. 315)

Mu gihe uzirikana biciye mw'isengesho uburyo (raba agace B) bwo kurondera ba bantu uriko urasengera, ntuzoba uriko urabasengera gusa ahubwo uzoba uriko uranabafasha kwegera Kristo n'ishengero ryiwe. Imana izohezagira utwigoro twawe igihe uzoba uriko usenga kandi ukorera babandi bari ku rutonde rw'abo usengera. Ntizogukoresha gusa mu kuzana abantu hafi ya Yesu gusa, ahubwo nayo izokwiyegereza. Ellen White yaratahura uyu muhezagiro w'uburyo bubiri igihe yandika ati: "Mu gihe ukora kugira ngo amasengesho yawe yishurwe, uzobona ko Imana izokwihishurira. ...Tangura ubu noneho kugera hejuru cane, mbere hejuru harushirije. Ha agaciro kadasanzwe ivyo mw'ijuru kubirutisha ibisayangana n'uruhendo vy'isi. ...Niwige gusenga; niwige uko wotanga igishingantahe cumvikana kandi cuzuye ubwenge, maze Imana ishimagirizwe muri wewe." (The upward Look p. 256)

"Amasengeshoyabo y'ubudasiba azoshikana imitima ku musaraba. Yesu azokorana n'utwigoro twabo two kwitanga mu kuvyura imitima, akore ibitangaza mu guhindura imishaha." (*Testimonies for the Church, vol. 7, p. 27*)

Kuberiki imisi 40?

- ✓ Mose yamaze imisi 40 ari ku musozi Sinayi ari kumwe n’Imana
- ✓ Ninewe hahawe imisi 40 y’ubuntu igihe Yona yahamagarira igisagara ku kwihana.
- ✓ Yesu yiteguriye igikorwa ciwe imisi 40
- ✓ Yesu yamaranye imisi 40 n’abigishwa biwe imbere y’uko aduga mw’ijuru.

Abigishwa ba Yesu babwirizwa kurindira iki?

Inyuma y’izuka ryiwe, Yesu yabwiye abigishwa biwe koategerezwa kurindira ngo bahabwe umubatizo wa Mpwemu Yera imbere yo kuja kw’isi yose kuvuga ubutumwa bwiza. *”Maz’akoranye na bo arabihanikirza ngo ntibawe I yerusalemu, at’ariko murorere isezerano rya Data, iryo mwanyumvanye; kuko Yohana yababaturirisha amazi ariko mweho mu misi itari myinshi muzobaturizwa na Mpwemu Yera. Nuko bakoranye baramubaza bati Mwami, iki gihe nico ugira ugarukane ingoma y’Abisirayeri? Arabishura ati’ s’ivyanyu kumenya imisi canke ibihe Data yashinze n’ububasha bwiwe wenyene; ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako. Muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’i Yudaya hose, n’i Samariya no gushitsa ku mpera y’isi”.* (Ivyakozwe 1:4-8)

N’ubwo bari bamaranye na Kristo imyaka itatu n’igice bakamana buri musu kandi bakaba bari barabonye kandi bakagira uruhara mu gikorwa c’ibitangaza, ntibari biteguriye kumushingira intahe. Babwirizwa kurindira ngo baronke ubushobozi. Inyuma yo kuronka umubatizo wa Mpwemu Yera, ari wo wabaye ku musu wa Pentekote, ni ho bari guhabwa ububasha batari bwigere baronka bwo gushingira intahe Yesu. *”Umusu wa pentekote ushitse, bese bari bakoraniye ahantu hamwe; haza igihinda kivuye mw’ijuru giturumbuka, nk’uguhuhuta kw’umuyaga w’inkomezi, gikwira hose mu nzu bicayemwo.*

Hababonekera ibirimi vyigabanije nk'ivy'umuriro; bibajak'umwumwe. Bose buzuzwa Mpwemu Yera, batangura kuvuga izindi ndimi, uko Mpwemu abahaye kuzivuga. ”(Ivyakozwe 2:1-4) Urukurikirane rwari uru: amasengesho, kwakira Mpwemu Yera, kuvugana umunezero ubutumwa bwiza. (raba kandi ivyakozwe 4:31)

Imihezagiro y'uburyo bubiri

Uhisemwo kwitabira imisi 40 yo kwiga no gusenga, uba winjiye mu karyo gatangaje ko kumenyana n'Uhoraho. Uzogiriranira na Kristo ubucuti bwimbitse cane kandi uzobona agukoresha mu kwegereza abandi kuri we mu ntumbero yo kubiteguza kubw'ukugaruka kwiwe kudatevye. Uko uzorushiriza gukorana n'uwo muntu musanzwe musengera hamwe n'abandi bariko bitabira imisi 40 y'amasengesho no kwiga mu buryo bwagutse, uzogira urukundo rukristo rwimbitse cane kandi uzogiriranira ubumwe hamwe n'abo musangiye ukwizera. Ivyo bizogira uruhara rudasanze mu gukura mu vya Mpwemu kwawe wewe ubwawe.

Kugira ngo uronke vyinshi mur'ivyo tuvuze, iki nico kintu cambere usabwa gukora mu gatondo. Birashobora kugusaba ko uvyuka mu gatondo cane, ariko akigoro kawe ugira kazohabwa limpera! Iyo usavye Imana ngo igukangure, urashobora kwama uvyuka ku mwanya, nayo izokwumva kandi yishure amasengesho yawe. Ku vyerekeye ubuzima bwa Yesu bwo kwitanga, Ellen White yanditse ati:

“Buri musu yama yaronse umubatizo wa Mpwemu Yera. Mu masaha ya kare cane y'umusi mushasha Imana yaramuvyura mw'itiro ryiwe kandi umushaha wiwe n'akanwa kiwe vyasigwa ubuntu, kugira ngo nawe ashobore kubuha abandi. Amajambo yiwe yayahabwa akiri mashasha avuye mu birimba vyo mw'ijuru, amajambo yategerezwa kubwira mu gihe gikwiye abacitse intege n'abahahazwa. ” (Imigani ya Kristo: *Christ's Object Lessons*, p. 139)

Uko niko na Kristo azobigukorera, ni wamusaba. Aripfuza cane kugusiga Mpwemu Yera wiwe mu gihe witegurira umusi mushasha wose.

IKINTU GIKENEWE GUSUMBA IBINDI: ABIZERA B'ISHENGERO BAGIZE URUHARA MU GIKORWA C'IVUGABUTUMWA

Igikorwa co kubwira ubutumwa bagenzi bacu ni inzira ishikana ku munezero udasanzwe no ku gukura mu kwizera kw'umuntu kandi kiyoborera abantu ku gakiza kabonerwa muri Kristo. Ku bw'ivyo, hari ibindi vyiyumviro bike vyashikirijwe:

Baza Imana abo wosengera ab'ari bo

Mur'iyi misi 40 usabwa gusengera abantu batanu buri musi. Saba Imana ngo ikurongore mu guhitamwo abo bantu.

Hitamwo abantu batanu wipfuza gusengera

Birashoboka ko ufise incuti, abagenzi, abo mukorana, ababanyi, abo mwahuye mukamenyana, abahoze ar'abizera mw'Ishengero canke abizera bahororokewe bari ku rutonde rwawe, ushaka gukorera mur'iyi misi 40 yo gusenga biciye mu kubagendera hamwe no kubatumira nk'akarorero kubatumira kw'Ishengero iyo hateguwe ikintu kidasanzwe – ababanyi bawe.

Shikira abo bantu batanu wahisemwo

Ubishatse urashobora no kubashikira ubu nyene – imbere y'uko iyo misi 40 itangura. Abandi basengera abo bantu imisi 20 canke 30 maze bakabona kubashikira bakababwira impamvu n'ico bariko barasengera maze bagaca babatumira kuza kw'isabato yahariwe umushitsi mu rusengero ihereza iyo misi 40 yo gusenga kandi igaherezwa n'integuro

idasanzwe. Tubanza kwitegura mu masengesho imbere y’uko tuja gushikira abo bantu.

Ni gute twoshobora kwiga uko twokwegakwega abantu duhuye na bo?

Turashobora kubwira uwo muntu duhuye tuti: “Ishengero ryacu ryarashizeho umwanya udasanzwe wo gusenga indwi zitandatu. Twasabwe gusengera abantu atari bake mur’ico gihe. Nipfuza kugusengera. Mbega nashobora kukubaza imitwaro ufise nosengera ijanye n’amagara, umuryango canke akazi?”

Bashimire kur’ako karyo kandi uce ubaha *Ikete ryandikiwe Andereya rigira 4 Ugutigira kwa Pasikali – Mbega Imana iriho? Canke ntibaho?* Canke namba ya sabato yahariwe umushitsi yegereje gutangura, batumire kandi ubabwire ko uzobajana canke uzobasanga kw’irembo ry’urusengero.

Ni wandike: izina, inomeru ya telephone, email, aho aba, umutwaro, umwihwezo n’ukuntu ikiganiro cagenze.

Sengera abo bantu buri musi

Iki nico gihe ciza co kwishuza amasezerano. Uzobona “Amasezerano y’Isengesho ryo gusengera abandi” ku gace A k’ivyongeweko.

Ni gute twobagaragariza ko tubitwararitse?

Turashaka kwereka abo bantu batanu ko tubitwararitse. Inyishu y’ibi uyisanga ku gace B k’ivyongeweko: Iviyumviro vy’ukuntu tworondera abantu. Iciumviro gihambaye ni ic’ukurondera inyandiko zitera abantu intege, na cane cane ibisomwa vya bibiliya twacyeako akarongo musi. Ni co gituma dufise *Amakete yandikiwe Andereya*. Mu gice c’9 ku rupapuro 157 hatwereka urutonde rwiza dukwiye kwisunga mu kuyakoresha.

Namba warateguye iki kiganiro biciye mu masengesho menshi, izi nyandiko wahisemwo-kenshi zizogwa mw'ivu ryiza (rimera) ry'umutima.

Tubwirwa ngo: "Neretswe ko tutariko turangura inshingano zacu mu gukwiragiza ku buntu inyandiko nto nto z'ubutumwa. Hari imishaha myinshi igororotse yozanywe ku kubumbatira ukuri biciye muri iyo nzira yonyene. Izo nyandiko nto nto zigizwe n'impapuro zine, umunani canke cumi na zitandatu zirashobora kuba nke kandi zigatangwa n'abantu bumva basunitswe n'imitima yabo nk'ingabire. " (1 T551, 552 and ch 151. 2 egwritings.org)

Igitabo c'Imisi 40 y'inyigisho ku barongozi

Igitabo c'Imisi 40 y'inyigisho, kirimwo n'ibikorane vy'amavugabutumwa mu mpera yaco, carabonetse kivuye kuri Denis Smith. Urashobora kugisanga kuri www.40daysdevotional.com ku buntu.

Isabato yahariwe abashitsi

Ku mpera y'iyi misi 40, Ishengero rirategekanya umusi udasanzwe wahariwe abashitsi canke bigakorerwa mu mirwi ivyipfuza. Ibi bitgerezwa gutegurwa neza mu gusengerwa.

Kw'isabato yahariwe abashitsi, abo bashitsi baratumirwa mu vyigwa bitandukanye vy'ivugabutumwa rizotangura mu misi mikeya ikurikira canke naho mu mpera y'indwi haba mw'Ishengero canke mu murwi uvyipfuza.



INTAMBUKO IGIRA 3: GUSANGIRA

N'ABANDI INKURU NZIZA

Ibi birashobora gukorwa n’inyigisho za bibiliya canke urukurikirane rw’ivyigwa vy’ivugabutumwa mu mirwi ivyipfuza canke amashengero canke iyo ama konferanse, ivyo vyobera mu mashengero yose akukira mur’ayo ma konferanse mur’uwo mwanya nyene. Ama konferanse menshi mbere n’ama iniyo menshi canke ibihugu vyose vyarakoresheje ibikorane amajana canke ibihumbi mu mwanya umwe bikoreshejwe n’abavugabutumwa bo mu karere na mpuzamakungu. (Ivyo ni vyo twita inkomezi z’igikorwa c’Ivugabutumwa. “Twese hamwe mu gikorwa c’Ivugabutumwa.” <http://tmi.adventist.org>)

Ama videwo yo kwigisha ukwizera

Turasubiyemwo: Uyu musu dufise mu vy’ukuri ibikoresho vyiza vyo kwigisha no guteza imbere ukwizera Imana n’ijambo ryayo, mu gihe ata mwigisha ahari. Kugira ngo wigishe ubutumwa bwiza, rondera ivyigwa vy’ivugabutumwa bitandukanye birimwo ukuri kwose guhambaye kwa Bibiliya. Ivyigwa biri hagati ya 20 na 30 ni vyo vyoba vyiza cane. Mu gace F uzohasanga incamake z’ibiri ku mirongo y’imbuga ngurukanabumenyi (websites) hamwe n’ivyo ushobora kuhasanga. Izi mbuga ngurukanabumenyi zirahambaye cane ku bana, ku rwaruka, ku barondera ukuri hamwe n’abizera bamaze imisi myinshi mw’Ishengero. Mbere n’urubuga rwa Generale conference (website) rwitiriwe Total Member Involvement: Material – Tips [Twese hamwe mu Gikorwa c’Ivugabutumwa] ruravugwamwo. Aho uhasangamwo ivyigwa bimwe bimwe bijanye n’ivugabutumwa, inyandiko nto nto zo gukwiragiza, ivyigwa bitandukanye bijanye n’itungamagara n’ubuzima bwiza, igisukari, ukuntu umuntu yokira indwara y’agahinda hamwe n’ivyigwa vyo gukinjika. Mu gace F uzohasanga agasandugu gahambaye k’imirongo ngurukanabumenyi.

Ikindi gikorwa wokora imbere canke inyuma y'ibikorane vy'ivugabutumwa: Igwa co guhindura abantu abigishwa

Birahambaye cane ko abahejeje kubatizwa bifatany n'abandi mu gukurikirana ivyigwa vyo kuba abigishwa. Igitabu cacu ciza citwa *Gutumbera Yesu* canditswe na Ellen White, kirashobora gusabwa ko gikoreshwa kw'isi yose. (Kiraboneka mu mazu yacu y'icapiro ry'ibitabo mu mazina atandukanye) Ni co gitabo kimaze guhindurwa cane mu zindi ndimi kuko kimaze gushirwa mu ndimi ziri hafi y'150. Iki gitabu kigabuwe mu bice bibiri nyamukuru kandi gifise ibigabane 13. Ivyo bice bibiri ni ibi "Ni gute noza kuri Kristo?" hamwe na "Ni gute noguma muri Kristo?". Nk'uko bisanzwe umuntu arashobora gusoma ico gitabo wenyene ariko kandi kirashobora no gusomerwa mu mirwi mito mito mu guhanahana ivyiyumviro mu murwi ku bavyipfuzwa canke ku rwaruka canke mw'ishure rya Bibiliya rya Pasitori.

Ishure rya Bibiliya rya Pasitori

Uyu murwi udasanzwe wo guhaririramwo (guhanahaniramwo ivyiyumviro) urafasha cane kandi ukora nk'ishure ry'abitegurira kubatizwa. Ariko ntidukoresheya iyo mvugo. Uyu murwi wiga ukoresheje ibibazo bidasanzwe vyo kwigisha ibijanye n'ubukristo bw'umuntu (n'ukuvuga bakoresheje igitabo *Gutumbera Yesu*) hamwe n'ukundi kuri guhambaye kwa Bibiliya. Iryo shure bahitamwo kurishira mu cumba ukwaryo. Abizera b'Ishengero bonyene baja mw'iryo shure, ni abo baba baherekeje umushitsi. Abo bantu baba baherekeje umushitsi babaza ibibazo canke bagashikiriza inyunganizi zikora kur'uwo mushitsi. Uwo murwi uba urongowe n'umupasitori canke uwundi mwigisha abikwiriye. Mu bihugu bitari bike, iryo shure ryitwa "**Ishure rya Bibiliya rya Pasitori**", kuko riba rirongowe n'umupasitori igihe bishoboka. Abitegurira kubatizwa (urwaruka n'incuti z'Ishengero) baronka akaryo ko kwigishwa ijamba ry'Imana rimwe mu ndwi, ivyo bikiyongera ku

vyigwa vya Bibiliya bari basanzwe bakurikirana mu ndwi. Mu bihugu vyinshi, iri shure rya Bibiliya ni bwo buryo bwiza bwo kuzana abantu kuri Yesu. Uyu murwi ni ivugabutumwa mu bikorwa vy’Ishengero.

Isabato yahariwe igikorwa c’ikwizabutumwa

Ba sogokuruza bacu bari bafise inyishu zifadika muri vyinshi. Imwe muri zo yari isabato yahariwe igikorwa c’ivugabutumwa. Rimwe mu kwezi – cane cane isabato yambere itangurira ukwezi – Ishengero ryose ryaratunganya isabato ihariwe igikorwa c’ikwizabutumwa. Iciumviro nyamukuru car’ic’uko umwete wo gukora ico gikorwa c’ivugabutumwa war’ukeneye kwama uronka “amavuta.” Insiguro y’isabato yambere y’ukwezi ihariwe igikorwa c’ivugabutumwa ni iy’ukuvyura no kubungabunga impwemu y’igikorwa c’ivugabutumwa. Hasabwa gusuzuma amajambo yacu n’ivyo dukora. Yaba umuntu ahariwe iyi sabato canke umurwi muto bategerezwa kwumva ko bakwiye gutegura iyi sabato. Isabato nk’iyi izobandanya kuzana umunezero kandi ibe ikintu ca nkenerwa. Amajambo nyamukuru: ireresi (filime) ngufi ijanye n’igikorwa c’ivugabutumwa, indirimbo nziza kandi nshasha zijanye n’igikorwa c’ivugabutumwa, ibishingantahe bijanye n’ivugabutumwa, inkuru nziza, inkuru z’abana zijanye n’ivugabutumwa, igikorwa c’ikwizabutumwa canke ingendo z’ivy’ivugabutumwa.

Ni izihe ntambuko zikurikira?

Birasabwa cane bishimitse gusubiramwo kenshi iyi nteguro igizwe n’intambuko zitatu. Ubwambere, abatari bake mw’Ishengero bazokwongerwa intege biciye muri ubu butumwa kandi ubwa kabiri uwundi mugwi w’abantu uzokwifatanya na bo mu buzima bwuzuye umunezero kandi bwama ivyamwa. Igihe cose, abantu bashasha barondera ukuri bazokwama baje. Birahambaye cane ku bantu

bashasha babatijwe. Baranakenera cane ko umuntu abasubiriramwo. Kandi igikorwa cacu co kuzana abantu kuri Kristo cari gikwiye kwamaho. Turakeneye kwama dusubiriramwo kuko tubayeho mu bihe bibi kandi bitangaje. Naratangaye igihe nasoma ibi bintu bibiri bikurikira:

“Mw’Ishengero ryose, abizera bakwiye kwigishwa ko bazotegekanya umwanya wo gukiriza imishaha Kristo... Hagiye kuza impinduka nyinshi ndetse n’ibintu tutari dusanzwe tumenyereye, kandi abantu b’Imana bategerezwa guhabwa Mpwemu Yera, kugira ngo, kubw’ubwenge buva mw’ijuru bashobore guhangana n’ivyo vyaduka vy’iki gihe.” (3TT69)

Ibitabo vyakoreshejwe mu twigoro twa mbere birashobora gusubira gusomwa bigakoreshwa. Ariko igitabo *Nimugume muri Yesu* canditswe na Helmut Haubeil gikwirye naco nyene kuzirikanwa kuko gifasha kurema ubucuti hagati yacu na Kristo. Kigabuye mu bigabane vyo kwiga bikurikira:

- ✓ Ingabire nziza kuruta izindi ya Yesu
- ✓ Kwiye gurira Yesu
- ✓ Yesu aba muri wewe
- ✓ Kwumvira biciye muri Yesu
- ✓ Ukwizera gufise ubwaku kubonerwa muri Yesu.

Ikindi kintu gishoboka ni igitabo ca 2 *c’Imisi 40 yo Gusenga: Amasengesho n’ukwitanga kugira ngo Uvyure Imigenderanire yawe n’Imana* canditswe na Denis Smith. Hari ivyanditswe umunani vyo gusoma kuri buri cigwa: Abantu bafise ibishingantahe bitangaje, Abantu biteze vyose ku Mana, Imana Yacu ishoboye vyose, Ubuzima bugoye ariko bikaba ngombwa ko tubucamwo, Ihanga ryiteguriye gusanganira Yesu.

Ivyo bitabo vyompi bihuriza hamwe n'igitabo *Imisi 40 yo Gusenga* hamwe n'*Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'umuntu* kandi vyubakiye kuri co.

Ni ibihe bishingantahe abantu baronse?

Igishingantahe ciza kiva mw'ishengero ry'i Cologne- Kalk/ mu Budagi kivuga ukuntu ryakuze riva ku bizera 17 rishika kuri 65 mu myaka ine gusa kuko bakoresheje kandi bagasubiramwo ubu buryo bwo gukora buri mwaka, usanga ido n'ido ryaco kuri www.steps-topersonal-revival.info , Testimonies 2/9.

Inyishu ziboneka ziva ku kuntu tuba twaretse ngo Mpwemu Yera ashobore kudukoresha. Mur'iyi raporo, tuja kugarukira ku bishingantahe vyavuye mu bihugu bitagwiriyemwo abantu basenga:

- ✓ Dekaturi muri Leta zunze ubumwe za Amerika, Alabama: Vyavuzwe mu ntango y'iki kigabane: habatijwe 15
- ✓ Switzerland – Tessin: Habatijwe abantu 15 biciye mu mirwi yo kwiga no gusenga imisi 40
- ✓ Tajikistan – Dushinabe: Habatijwe abantu 46 biciye muri twa twigoro tw'imisi 40 yo kwiga no gusenga
- ✓ Ubwongereza: Habatijwe abantu 22 biciye mu gikorwa kirongowe na Mpwemu Yera

Igishingantahe canyuma

Umupasitori yemanze ko yumva adafise inkomezi, yahavuye afata ingingo yo kwiga mu buryo bwagutse icigwa kijanye na Mpwemu Yera muri bibiliya. "Haheze igihe kitari gito, narize ibisomwa bishika ku 273 vyanditswe mu rurimi rw'amamo rw'inyandiko za bibiliya bivuga ibijanye n'igikorwa ca Mpwemu Yera, kandi naronse inyandiko

zidasanzwe ziva mu bitabo vya Ellen White zirenga 2000 zivuga kur'ico cigwa.”

Reka ndababaze: Mbega woba ar'umugambi w'Imana koko mur'ibi bihe vyanyuma, vyoba vyatumye Imana ituma Ellen White kuvuga Mpwemu Yera incuro zirenga 2000? Mbega yoba yipfuza guha Ishengero ryayo ryanyuma ubushobozi, ububasha n'intsinzi? Mbega Imana yoba yipfuza kudushikana ku murongo kw'iherezo ibicishije mur'iyi nzira?

Uwo mupasitori yabandanije avuga ko Yesu yamubajije ibibazo bitatu ngo:

“Mbega urakunda abantu banje?

“Mbega uriko wigisha abantu banje buri ndwi ufise igishika co gukiza imishaha yazimiye?

“Mbega urondera gushimwa n'abantu?

Amosozi yatanguye gukoroka igihe natura ivyaha vyanje.

Uwo mwaka abantu bashika kuri 37 baciye biyegurira Kristo. Mu myaka yakurikiye iryo joro, abantu amajana n'amajana barafashe ingingo yo kwakira Yesu. Umwami Yesu Kristo ahimbazwe ibihe vyose!”

Ni iyihe ntambwe yambere ishikana kw'ikanguro?

Imana yacu itangaje ni yo yiyishurira iki kibazo ubwayo muri 2 Ngoma 7:12-14:

“Hanyuma Uhoraho yiyereka Salomo mw ijoro, aramubarira, ati Numvise ugusenga kwawe, kandi nitoranirije aha hantu ngo habe inzu yo gutangiramw' ibimazi. Ni naramuka nkinze ijuru, imvura ntigwe, canke ni narekura inzige zikona mu gihugu, canke ni narekura ikiza kikaja mu bantu banje; maz' abantu banje bitirirwa izina ryanje ni

bicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindukira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo."

"Ni bicisha bugufi"

...iki nicokintu cambere gisabwa mu bintu bine mur'ubu butumwa Imana itanga. Imbere y'uko tubwirwa gusenga canke kurondera canke guhindukira, tubanza kubwirwa ngo twicishe bugufi...Kenshi amatwi yacu tuyagira bihurugutwi mu kwirengagiza kwumva ingorane ihari gushika aho ibombe ituritse, aho niho biba ngombwa ko twumviriza... Ubitahura neza ukurikiranye filime yitwa 'Titanic' aho umukuru w'ubwato n'abunganizi biwe batashatse kwumvira imburi y'amazi yigize ikibuye yari mu kiyaga bari bagiye kwisekako.

Twebwe abantu turanka kwumva gushika aho tuvuyipfuzaga bitagishoboka. Ni kuki ? Ni kubera y'uko atari kenshi dukunda ivyo twumva – na cane cane iyo ivyo twumva biduhatira guhindura ivyiyumviro dufise, uburyo tubayeho, inyifato canke ingeso.

Mbega ntitwari dukwiye gusaba Yesu ngo aduhe imitima iciye bugufi kugira ngo adukoreshe ibihambaye n'ibitangaza?

Inama n'isengesho: Mbega twokora iki mw'izo ntambuko zitatu?

Dushaka gufata umwanya wo gusenga no kwiga neza ivyiyumviro vyambere vy'uko twokoresha vya vyiyumviro vyashikirijwe mu kigabane c'10 kivuga ngo *Intango nshasha z'igikorwa co mu vya Mpwemu mu ntambuko zitatu* (raba ibibazo ku rupapuro rukurikira).

Ikiza ca Koronavirusi cagize ubwaku ku buzima bwacu, ivyo tutari twigeze twiyumvira ko vyashoboka. Iyo dutumiye ababanyu mu murwi w'abitanga (umurwi w'abantu bitanga bari hagati ya 10 na 15 ujejwe kwigisha abantu ivy'amagara canke ibindi vyigwa) maze tukigira hamwe "Uko twashobora gukora ngo imibiri yacu ishobore kugira inkomezi zo

kurwanya imigera y'indwara", aho turashobora guca tuvuga n'insiguro y'imigenderanire umuntu afitaniye n'Imana (Zaburi 91) n'inzira umunani zishikana ku magara meza (Newstart) canke Newstart-Plus. Intumbero yacu kuba ar'ukwereka abandi inyungu batararonka. Uhoraho abahezagire mu kwiga neza no mu gusenga.

Ivyiyumviro n'ibibazo vyo kwigira hamwe

1. *Ni izihe ntambuko zitatu zidasanzwe kugira ngo umuntu aronke intango nshasha mu vya Mpwemu?*

2. *Andika amazina y'abantu batanu wipfuza gusengera mu buryo budasanzwe*

3. *Biciye mu gusenga, zirikana ubushobozi bwawe bwo kwigisha ivya Bibiliya/ umurwi w'abitanga hamwe/ canke gukoresha ibikorane vy'ivugabutumwa*

4. *Mbega ni ibihe bishingantahe abandi bantu baronse? Ni wihweze cane ibi bishingantahe*

Igihe cacu co gusenga

- Sanga uwo wipfuza ko musengera hamwe muhanahane iviyumviro ku cigwa
 - Sengana n'uwo musengera hamwe...
1. ...kugira ngo uronke intango nshasha mu vya Mpwemu wewe ubwawe no mw'ishengero ryawe
 2. ...ku bantu batanu wanditse ahantu
 3. ...kugira ngo umenye ubushobozi bwawe ufise ku giti canke n'ubwo mufise nk'umurwi/Ishengero ukorera hamwe n'Imana
 4. ...kugira ngo wibuke ibishingantahe vyawe, aho Imana yarongoye igikorwa cawe.



KWAMA WUZUZA GUSHASHA MPWEMU

YERA BURI MUSI

Mbega ni igiki abandi bavuga ku bijanye no kwama dusaba umubatizo wa Mpwemu Yera?

Urwego rukuru rw’Ishengero ry’Abadiventiste b’umusi w’Indwi kw’isi (General conference): "Umubatizo wa Mpwemu Yera si ikintu gishika rimwe gusa; dushobora kwama tuworonka buri musi. Turakeneye kwama twinginga Imana ngo iduhe uwo mubatizo wa Mpwemu Yera kuko utuma Ishengero rihabwa ubushobozi bwo gushinga intahe no kuvuga ubutumwa bwiza. Kugira ngo tubishobore, dutegerezwa guhora twiyegurira Imana, tukaguma muri Kristo mu buryo bwuzuye, maze tukamusaba ubwenge bwo kumenya ingabire dufise (Yakobo 1:5). *"Seventh-Adventists Believe – A Biblical Exposition of 27 (28) fundamental doctrines*, Copyright by the Ministerial. Association General conference of Seventh-Day Adventists, Chapter 17, Spiritual Gifts and Ministries, p. 213. 2 – [www. Carenage Seventh day Adventist-Church Trinidad and Tobago](http://www.CarenageSeventhDayAdventistChurchTrinidadandTobago.org), 16. 8. 2020)

Carlos Steger: "Umubatizo wa Mpwemu Yera usigura kuba musi y’uburongozi bwa Mpwemu Yera ataco wisigarije, ‘kwuzuzwa Mpwemu Yera wese’ (Abanyefeso 5:18). Iki si ikintu umuntu aronka rimwe mu buzima ngo agihorane ibihe vyose, ariko ni kintu gisaba kwama kigirwa gishasha. " (*Adult Bible Study Guide – Standard Edition – July 17, 2014*, Principal contributor: Carlos Steger)

Frank Hasel: Mu gihe Mpwemu atangwa biciye mu kwumva gufatanije n’ukwizera kandi agatangwa ku bwo kwizera (Ab’i Galatiya 3:14) iyo tubatijwe (Tito 3:5-6), turakeneye kwama twuzuzwa Mpwemu Yera buri

musi. Ntidushobora kubeshwaho n’ubushobozi twari dufise ku mwaka uheze canke ukwezi guheze canke ejo haheze. Turakeneye kwama twuzuzwa Mpwemu w’Imana buri musi, kuko umusi wose uhuye n’ingorane zawo.” (Adult Bible Study Guide- Standard Edition – January 30, 2017, Principal Contributor: Frank Hasel

Johannes Mager: Kubijanye n’ivyo, kwuzuzwa Mpwemu Yera si ikintu umuntu agira rimwe rizima, ariko ni ikintu cama kiba kandi kibandanya. Umukristo si icombo umuntu yuzuza rimwe akaba ahejeje, ariko akwiriye kwama yuzuzwa gushasha, ... Ukwuzuzwa Mpwemu twaronse igihe twabatizwa kurashobora gutakara igihe tutakuzigamye. Namba kwaratakaye, turashobora kukurongora kandi.” (*Auf den Spuren des Heiligen Geistes*, Advent Verlag (Lunenburg 1999), S. 101

David Wolkwitz: Ubwambere na mbere, tuzokwerekana uko kwuzuzwa Mpwemu bihambaye.... Ubwanyuma, tuzobona ko kwuzuzwa Mpwemu Yera ari co kintu isezereye rishasha rishimikiyeko. Kandi dushaka kumenya uko Imana iturondera, yipfuzako turonka uwo muhezagiro umusi ku musi.” (*Der Weg zu einer kraftvollen Erweckung* (Hrsg. Abteilung Heimatmission , Gemeinschaft der Lebenden-Tags-Adventisten In Nordrhein-Westfalen), S. 102, 103, ohne Datum. Abschnitt “ Lasst euch erfüllen” (Abanyefeso 5:1).

Ekkehardt Müller: “Vyongeye kandi ni ngombwa ko twibuka ko ukwo kwuzuzwa Mpwemu Yera gukurikira ukuvuka ubwa kabiri, ariko si intambuko uca ushikako ubwo nyene. Imigenderanire ikwiriye kwama inagurwa buri musi. ” (*Die Lehre von Gott [Seminar schloss Bogenhofen 2019)*, S. 224])

Dennis Smith: “Ikindi kintu gihambaye n’uko kwuzuzwa Mpwemu Yera bikwiye kwama bikorwa gushasha buri musi. Paulo yavuze muri 1 Ab’i

Korinto 15:31 ati *‘buri musi ndapfa’*. Ukwo gupfa buri musi kw’umuntu no kwuzuzwa Mpwemu ni igikorwa ca buri musi. Si ikintu umuntu aronka rimwe ngo abe ahejeje. Paulo avuga ko *‘umuntu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye’* (2 Ab’i Korinto 4:16) Turakeneye guhindurwa basha na Mpwemu buri musi wose w’ubuzima bwacu. Paulo yaduhamagaje aya majambo ngo *‘Ni mwuzure Mpwemu Yera’* (Abanyefeso 5:18). Irvuga riri mur’uyu murongo riri mu mwanya wa gahombezi (ryerekana ko igikorwa kibandanya), ivyo na vyo mu kigiriki bigasigura ko dukwiye kubikora buri musi. Iyo umwizera yujujwe Mpwemu niho aca ayoborwa na we. ” (10 Days-Prayers and Devotions to Eperience the Baptism of the Holy Spirit, Dennis Smith 10 Tage – Translated from German Version: Andachten und Gebete zur Erfahrung der Taute nit dem Helligem Gelst. (Konrad Print & Medien, Rudesberg /Württemberg), S. 48)

Ellen G. White:

- “Kugira ngo aronke umubatizo wa Mpwemu Yera buri musi, umukozi wese akwiriye kwama yinginga Imana” (*Acts of Apostles, p. 50. 2, Das Wirken der Apostel* (saatkom, Hamburg 1976), S. 52, [50, 51])
- “Ko na Kristo akiri kw’isi yama yasavye Se buri musi ngo amuhe ibikwiriye bishasha akeneye gukoresha.” (*Acts of Apostles, p. 56. 1, Das Wirken der Apostel* (saatkom, Hamburg 1976, S. 57, [55, 56])
- “Umwansi akoresheje amayeri yiwe yatumye ubwenge bw’abantu b’Imana busa n’aho budashoboye gutahura no kugira amasezerano y’Imana ayabo. ...Ububasha bw’Imana burorereye ko basaba kandi bakakira.” (*Testimonies to Ministers And Gospel Workers, p. 174. 2*)

IKANGURO!

Ni ibiki abandi bavuga ku bijanye n'ikanguro? Mbega ikanguro risigura iki?

Mbega har'ico twokora kijanye n'ikanguro?

ELLEN G. White: Ikanguro risigura iki? Ikanguro risigura kunagura ubuzima bw'ivy'impwemu, kuvyura ubushobozi bw'ivy'ubwenge n'umutima, ukuzuka uva mu rupfu rwo mu vya Mpwemu.”

Mark Finley: Mbega har'ico twokora kijanye n'ikanguro? ”Ikanguro ntirishika iyo turisoma gusa, ariko turironka iyo dushize mu ngiro ibisabwa na bibiliya bijanye n'ikanguro.”

D. Martin Lloyd-Jones: “Iyo Imana irungitse ikanguro, ishobora gukora mu musu umwe ibiruta ivyo twokora mu myaka 50 mu nteguro zacu twagerageje gushiraho.”

Charles G. Finney: “Ikanguro si ikindi atari intango nshasha yo kwumvira Imana (Ivyahishuwe 2:5) [Gusubira ku rukundo rwawe rwa mbere]”

Dennis Smith: Kwuzuzwa Mpwemu Yera biha abakristo ba Lawodikiya inkomezi bakeneye zo kwikangura mu vya Mpwemu hamwe n'inkomezi zo gushinga intahe. Yesu yar'asanzwe azi ko gusuka Mpwemu Yera vyari bihambaye ku mvura y'agatasi yo kuri Pentekote. Yaravuze ati: *“Naje gusuka umuriro mw'isi, non'iyuba umaze gufatwa mba nkigomba iki kandi?”* (Luka 12:49) Ariko abakristo ba Lawodikiya ni gute bokwuzuzwa Mpwemu Yera kandi bakaronka n'ikanguro? Muri ya nzira nyene isanzwe yo gusenga no kwishuza amasezerano y'Imana.”

LeRoy E. Froom: “Imana ntishobora gukora ikintu na kimwe c'impinduka ku bantu bayo itabanje kuzana impinduka n'imwe kuri bo.”

IMIHEZAGIRO

“Kuguma muri Kristo bisigura ngo:

- ✓ kwama uronka Mpwemu Yera wiwe,
- ✓ ubuzima bwiye kuri Yesu ataco bwisigariye
- ✓ ku Gikorwa ciwe.” (E. G. White *The Desire of Ages*, p . 676. 2)

Ubu butumwa budufashe gusaba no kwakira Mpwemu Yera buri musibizi mu kwishyira amasezerano mu masengesho kandi budufashe kwiyegurira wese Yesu buri musibizi n’igikorwa ciwe, kugira ngo twerekere ubuzima bwacu ku cubahiro ciwe n’umunezero wacu.

Ndasaba nshimitse ngo wige witonze Yohana 15:1-17. Yesu atwereka mu mugani w’umuzabibu n’amashami yawo ibi:

Umurongo wa 2 Amashami atama azocibwa aturirwe!

Amashami yama azotuturirwa ngo abandanye yama ivyamwa vyinshi!

Umurongo wa 4 Iyo tugumye muri Yesu ni ho honyene twama ivyamwa!

Umurongo wa 5 Uwuguma muri Yesu ni we yama cane!

Umurongo w’8 Imana ishira hejuru kubw’ivyamwa vyinshi!

Umurongo wa 16 Igikorwa cacu ni ukwama ivyamwa!

Isengesho: “Data wo mw’ijuru, turagusavye uduhe kwama ivyamwa buri musibizi kubw’icubahiro cawe biciye mu gukoreshwa na Yesu na Mpwemu Yera. Turagusavye ngo udufashe kwuzuzwa urukundo rwawe kugira ngo dushobore kugukorera mu gukorera abagenzi bacu. Tuyobore mu masengesho dusengera abandi n’ibiganirwa tugiriranira n’abantu. Duhe ubuzima bwuzuye umunezero kandi bunesha ngo tuguheshe icubahiro

n’ishimwe, kugira ngo bagenzi bacu bakizwe kandi bahabwe imigisha kandi natwe nyene turonke agakiza kandi twuzuzwe umunezero. Amen”

AMAJAMBO YO GUHEREZAKO

Impanuro ihambaye: Soma iki gitabo canke ibice bimwe bimwe ubona ko bihambaye cane canke usome ibigabane – bishobotse – incuro ziri hagati ya zitandatu na cumi wikurikiranya. Ubushakashatsi mu vy’indero bwerekanye ko dukwiye gusoma canke kwumviriza ivyigwa bihambaye ku buzima bwacu incuro ziri hagati ya zitandatu na cumi kugira ngo dushobore kubitahura.

Nimiburiburi geregeza uko ushoboye ubikore. Inyishu zizogushimisha. Nararonse ibishingantahe bidasanzwe kandi binezereje vy’abantu baronse ubuzima bushasha muri Mpwemu Yera. Ibishingantahe nka vyose vyavuye ku basomyi, batanze umwanya wabo maze basoma cane kandi incuro nyinshi iki gitabo.

Ndagusavye ngo nawe usangire n’abandi ibishingantahe bishasha

Umutwaro nguhaye nk’incuti: Namba ufise ibishingantahe mu buzima bwawe hamwe na Mpwemu – mu buzima bwawe bwo kwizera canke mu gushingira intahe abandi – twoshimishwa cane hamwe worungikira ubutumwa bugufi Helmut Haubeil kugira ngo abusohore bufashe abandi. Kenshi dukunda gusohora indome zambere z’izina ry’umuntu.

Ndagusavye ngo ushire mu bwenge ko igishingantahe cawe gishobora gutera intege abandi mu gutangura ubuzima hamwe na Mpwemu Yera, gukura no gukorera Yesu mu gukorera abandi.

Ibimuranga:

Helmut Haubeil

Rosenheimerstr. 49, D-83043 Bad Aibling/ Oberbayern , Germany

Email: helmut@haubeil.net

UBUZIMA BWIWE

Helmut Haubeil ni umuntu yikorera ivyiwe kandi ni umupasitori. Inyuma yo kuroranirwa mu kazi kiwe nk'umurongozi yemewe w'ishirahamwe ry'urudandazwa rikoresha ibimodoka binini binini, yahavuye yitaba umuhamagaro w'Imana afise imyaka 37 y'amavuka ngo abe umwungere kandi yakoreye Ishengero imyaka 16.

Inyuma y'ivyo yabaye umurongozi w'ikigo c'Abakukuruke c'Abadiventiste muri Bad Aibling.

Amaze gukukuruka , yahavuye aba umurongozi w'umurwi wo gushigikira Ikanguro hamwe n'Igikorwa c'Ikwizabutumwa mu mahanga muri iryo shengero.

Ku bwiwe abona ko atari we mwanditsi w'igitabo *Intambuko zishikana kw'Ikanguro ry'Umunu* , ari co mushinge w'uru rukurikirane rw'ivyigwa. Ntiyari yarigeze kugira icyumviro co kwandika igitabo. Ariko Imana yaramurongoreye mur'iyi nzira. Ububasha dushobora kuronka ku buzima bwacu bwo kwizera n'igikorwa cacu ntibuva mur'ibi bitabo bito, ahubwo buva kuri nyene gutanga iyo ngabire, Imana yacu nziza.

Naragerageje kenshi gashoboka gukwiragiza inyandiko nto nto canke amakopi y'ibisiguro. Imana yacu nziza yeretse umuhanuzikazi wayo ko inyandiko nk'izo zishobora gusambura ibihome vy'ukwizera

ivyiyumviro vy'umuntu bwite hamwe n'ibintazi. Ndashima cane kuba narashoboye gukora ivyo mbere nkabandanya ndanabikora. Nasanze aya majambo yakuwe mu gitabo ca Ellen White ahambaye cane:

“Neretswe ko inyandiko zikwiragizwa zimaze gukora igikorwa ku bwenge bw'abantu bamwe mu bindi bihugu mu gusambura ibihome vy'ukwizera ivyiyumviro vy'umuntu hamwe n'ibintazi. Neretswe abagabo n'abagore bariko bigana umwete mwinshi urupapuro ku rundi hamwe n'izindi mpapuro nke zifatanirijwe hamwe z'inyandiko ziriko zikwiragizwa zijanye n'ukuri tugezemwo. Barasoma ibimenyamenya vyiza kuri bo kandi bishasha, kandi bagasoma Bibiliya bafise umwete mwinshi cane kandi batigeze kugira, ku buryo ukuri kwahora ari umwiza kuri bo kwagiye ahabona, na cane cane umuco ku vyerekeye isabato y'ibwirizwa rya kane. Uko basesa mu vyanditswe kugira ngo bamenye namba koko ivyo bintu ar'ivy'ukuri, umuco mushasha wakiye ugutahura wabo, kuko abamarayika bari babakikije, bariko bakwegakwega ubwenge bwabo ngo bemere ukuri kuri muri za nyandiko zakwiragijwe basomye.” (*Christian Service*, p. 149. 7; *Chs*, 149. 7)



IVYONGEWEMWO

Agace A k'ivyongewemwo: Amasezerano ku masengesho yo gusengera abandi

Turashobora gusanga mu ntangamarara y'ibitabo vy'imisi 40 yo gusenga, umuzingo wa 1, 2 hamwe n'uwa 3 vyanditswe na Dennis Smith ayandi masezerano kw'isengesho ryo gusengera abandi

1. Ndagusavye Data ngo umwiyegereze (Yohana 6:44)
2. Ndagusavye Data ngo ushire mu mitima yabo icipfuzo co kukurondera (Ivyakozwe 17:27)
3. Ndagusavye Data ngo ubafashe kwizera ijambo ryawe (1 Ab'i Tesalonike 2:13)
4. Ndagusavye Data ngo ubakureko ubwaku bwa Satani (Ab'i Korinto 4:4; 10:4-5)
5. Ndagusavye Data ngo ubahe kuyoborwa na Mpwemu Yera (Yohana 16:8-13)
6. Ndagusavye Data ngo ubafashe gutandukana n'icaha (Ivyakozwe 3: 19)
7. Ndagusavye Data ngo ubafashe bakire Kristo nk'umukiza wabo (Yohana 1:12)
8. Ndagusavye Data ngo ubafashe kwumvira Kristo nk'Umwami wabo (Matayo 7:21)
9. Ndagusavye Data ngo ubafashe gukurira muri Kristo maze bashinge imizi muri we (Ab'i Kolosayi 2:6-7)

Agace B k'ivyongewemwo: Ivyiyumviro vy'ukuntu twoshikira abantu

1. Bereke ivyo ubashimako
2. Bahereze inyandiko zibaremesha (*Amakete yandikiwe Andereya*)

3. Batumire kandi usengere hamwe na bo. (Ni baba bovyemera)
4. Bahe ikaze musangire imfungurwa i muhira ah'uba
5. Batumire musohokane musangire imfungurwa mu nzu z'uburiro
6. Barungikire utuganuke two kubipfuriza isabukuru ryiza ku musi mukuru waryo
7. Barungikire agakarata kanditseko amajambo yo kubaremesha canke ikindi kintu cose Imana yashize ku mutima wawe
8. Bahe ivyo watetse canke wakaranze wewe ubwawe
9. Batumire mujane mw'isoko , canke mujane mu bibanza vy'iratiro
10. Barungikire namba bikenewe agakarata ko kubipfuriza amagara meza canke ikindi kintu cose ngo ubereke igishika c'urukundo
11. Ha umwana wabo agakarata ko kumwipfuriza isabukuru nziza canke ubahe akaganuke, namba ubona ko ari vyo vyoba vyiza.
12. Bahe inyandiko zivuga ivya Bibiliya (Nk'akarorero, *Amakete yandikiwe Andereya*)
13. Batumire ngo mujane ku rusengero.
14. Mu gihe gikwiye babaze ko boba bipfuza gukurikirana ivyigwa vya Bibiliya
15. Impanuro ngirakamaro: Tumako ivyigwa vy'Intango Nshasha muri kimwe mu bigo bijejwe amagara y'abantu vy'Abadiventiste mu Budagi, Austria, Switzerland, Romania, Ukraine, Bulgaria, Estonia, Portugal, USA, Israel, etc. Izi nteguro zirahambaye cane ku mubiri n'umutima biciye mu gufatana kw'ukwizera Imana n'inama tugirwa zo mu buzima busanzwe. Wisunze iki cigwa, imigenderanire myiza n'Imana ni co kintu gihambaye gituma amagara y'umuntu amererwa neza. Vyongeye kandi gikomeza ibindi bisabwa kugira ngo amagara amererwe neza (kwigerera mu vyo umuntu afungura, imyimenyerezo, akaruhuko, n'ibindi) incuro zitatu. Ico cigwa cakoze kironkome na Prof. Grossarth-Maticek ku bantu ibihumbi mirongo itatu na bitanu mu kiringo

c'imyaka 30. (Doctors Manfred Heide, Marvin H. Heide & Michaela Heide-Fassbender, *Medical Wellness with Newstart-Plus*, Engelsdorfer 2014, p. 334)

- 16.** Turashobora kandi guha abantu ivyizigiro vyo mu Mana biciye mu gitabo *Intambuko Zishikana kw'Ikanguro ry'Umunu* ; kivuga ibijanye n'ubuzima bwuzuye Mpwemu Yera. Igitabo gitangwa ku buntu mu bihugu bikenye; mu bindi bihugu naho usanga kigurishwa ku giciro co hasi kandi carafashije abantu benshi baronka ukwizera kuzima.

Mu gihe turondera kumenya bagenzi bacu neza gusumba, ibindi vyiyumviro vyiza bizozza mu bwenge bwacu.

Agace C k'ivyongeweko: Inzira ishikana mu bugingo budashira

Agatabo *Inzira Ishikana kw'Ikanguro ry'Umunu* karashobora gukurwa ku rubuga ngurukana bumenyi umuntu akakimurira ahandi hantu yipfuza uko abigomba canke naho akakarungikira uwundi aciye kuri www.steps-to-personal-revival.info. Urashobora kukaronka wanditse uti: *Experience God – Letters to Andrew*. Kari muri wa mubumbe w'amakete yo gutanguza.



Agace D k'ivyongeweko: Incamake y'amakete

yandikiwe Andereya

Ikete rya 1 – Ukwizera rukristo gushizwe ku munzane

Vyose bihagaze ku kwishura ibibazo bitatu ata buryarya. Naraciye muri iyi nzira incuro amajana kandi nama mbona inyishu nziza kandi zitangaje.

1. Mbega Imana ihoraho, izi vyose kandi ishoboye vyose yoba ibaho, imwe ikunda abantu?

2. Mbega Yesu w'i Nazareti yoba ari we Mucunguzi yarungitswe n'Imana?
3. Mbega Bibiliya canke ivyanditswe vyera vyoba vyanditswe koko n'abantu batumwe n'Imana canke ni inyangiko abantu biyangikiye ubwabo?

Hari inyishu zishimishije kur'ibi bibazo-shingiro. Nawe n'uvyirabire. Birashoboka ko utari bwamenye ibijanye n'iyi ntangamarara gushika n'ubu.

Ikete rya 2 – Ikigereranyo kidasanzwe kandi kirengeye vyose: Yesu w'I Nazareti

Umuntu adasanzwe yabayeho mu mateka y'isi – ikigereranyo kidasanzwe kandi kirengeye vyose. Ni ubuhe bushobozi ubuzima bwa Yesu bwagize ku bantu? Ni kubera iki Yesu adasanzwe? Ni kubera iki ubuzima bwiwe kwasize mu bantu ubwaku bwamaho, kurusha ubuzima bw'uwundi muntu wese yabayeho? Mbega Yesu yavuze ko ari nde? Mbega ni ibiki abamwiboneye n'amaso yabo bwite bamuvuzeko, ni igiki kahise kamuvugako? Ni igiki abanyamakenga beza batahura iyo bagaragaye kurondera mu vyanditswe ngo bahinyuze ibintu ko ari ivy'ukuri koko?

Ikete rya 3 – Ni igiki bibiliya ishimikiyeko ahanini?

Umugambi w'Imana wo gucungura umuntu werekanwa mu buryo bw'incamake kandi bwa Mpwemu mur'iri *Kete ryandikiwe Andereya*. Ni igiki umuntu abwirizwa gukora kugira ngo aronke ubuzima bunengesereye kandi aronke n'ubugingo budashira? Amatohoza yimbitse cane yerekana ko ibice 99 kw'ijana vy'abantu babajijwe batahura ukutariko intumbero nyamukuru ya Bibiliya. Iri kete ryerekana neza ko agakiza ari ingabire y'Imana kandi mbere ntigashobora gutangwa nk'agahembo. Vyoba vyiza cane hamwe uku kuri kwotomokera uw'ari we wese.

Ikete rya 4 – Ugutigira kwa Pasikali: Mbega Imana iriho canke ntibaho? Mbega amahirwe n’ayahe?

Nk’uko bisanzwe, ukwo gutigira kuzwi kw’izina “ry’ugutigira kwa Pasikali”. Blaise Pasikali yahavuye ashika ku ndunduro y’uko umuntu wese afise ubwenge yar’akwiriye gufata ingingo yo kwemera Yesu Kristo n’ubwo amahirwe y’uko inyigisho rukristo ziba iz’ukuri angana n’ibice 50 kuri 50. Dogiteri Vigo Osiloni, umuganga rurangiranwa mu kubaga abantu kandi akaba yari umuntu arwanya yivuye inyuma ukwizera rukristo, yaje kugwa ku majambo ya Blaise Pascal. We n’umugore wiwe barwanije bivuye inyuma ukwizera kw’abakristo. Ariko inyuma yo kwiga vyimbitse yahavuye ahinduka umukristo mwiza kandi ashikamye. Umuntu wese akwiriye gufata ingingo. Umuntu akwiye kwizera ko inyigisho rukristo ari iz’ukuri canke naho agafata ko inyigisho rukristo ar’iz’ikinyoma. Umuntu wese adatigira uko, ubwo nyene usanga amahirwe yayahaye ukuvuga ko bishoboka ko inyigisho z’abakristo ar’iz’ikinyoma.

Ikete rya 5 – Intsinzi kw’itabi n’inzoga

Igishingantahe kidasanzwe ca Adolufe kiravugwa muri iri kete. Yari umushoferi w’ibimodoka binini akaba yar’afise imyaka 39 y’amavuko, maze akaba yanywa amatabi ari hagati ya 60 na 70 ku musi. Mur’ico gihe nyene, ivyo bica biba intangamarara ku gusenga ukoresheje amasezerano. Kubera ko dufise amasezerano arenga 3000, turashobora gusengera ibice bitandukanye vy’ubuzima bwacu kandi dufise icemezo ko amasengesho yacu yishurwa. Ibi bisa n’uguhabwa uburenganzira butagira akarimbi bwo kwinjira “mw’ibanki y’Imana” maze tukiyakirira ku butunzi bwayo. Iyi ngabire itangaje y’Imana irahambaye cane ku muntu wese agomba kubaho ubuzima rukristo bunesha. Ni gute umuntu ashobora kubohoka iminyororo abifashijwemwo n’Imana? Umuntu wese yipfuzza kubimenya akwiye gusoma iri *kete ryandikiwe Andereya*.

Ikete rya 6 – Ni gute womenya ico kazoza kakubikiye?

Iki ni icigwa c’ubuhanuzi bwa Daniyeli igice ca2. Iki cigwa ni co mushinge ugushoboza gutahura igitabo ca Daniyeli n’Ivyahishuwe, vyompi bikaba vyandikiwe igihe cacu. Ubu buhanuzi buhishura uko ubwami bwo mw’isi bwadutse hamwe n’ishingwa ry’Ingoma y’Imana. Butandatu mu bwami bwahanuwe, butanu buramaze kurangira. Turashobora rero kwitega ko n’ubwami bwa gatandatu nabwo burangira. Mbega ni ubuhe tukirindiriye ko buza? Ndazi ko uzonezerezwa no kwiga ubu buhanuzi.

Ikete ry’7 – Gukinga canke gukiza?

Iri *Kete ryandikiwe Andereya* rirahambaye cane mu kwiyamiriza ivyonona mu bijanye no kwizera hamwe n’amagara. Ibi bibonekera mu gishingantahe ca Dogiteri Semelewisi. Mbega ubuvuzi bwo gukingira abantu bwavuye kuri nde? Ni nde yafashije abantu ama miliyoni mu kubakiza ibihute mu kinjana ca 14 kandi akabakiza n’amacinya mu kinjana ca 18, kolera na tifoyide [Malariya yinyegeje]? Bibiliya yari imaze imyaka 4000 yigisha uburyo abantu bogabanya kanseri yo mu gitereko. Gute? Amatohoza yimbitse yakozwe ku bijanye n’imibereho y’Abadiventiste b’Umusi w’Indwi yerekana ko bafise akarusho kugira amagara meza mu mibereho yabo. (Ivyo navyo bikaba bihambaye kabiri mu gihe c’indwara z’ibiza kuko ubushozi bwo kwirwanira bw’imibiri yacu buva kur’iyo mibereho y’amagara meza.)

Ikete ry’8 – Ubuhanuzi buvuga ivya Yesu Kristo

Amahirwe yo gusohozwa kwabwo 1: 10

Iri Kete ryandikiwe Andereya ritsimbataza cane cane ibijanye n’ukwizera Yesu w’i Nazareti nk’Umucunguzi yavuye mw’ijuru hamwe na Bibiliya yahumetswe n’Imana. Ubuhanuzi butandukanye hamwe n’isohozwa ryabwo bijanye n’ubuzima bwa Yesu bwaragereranjwe. Ibintu umunani

birerekana impamvu ubwo buhanuzi budashoboka ukurikije ivyiyumviro vy'umuntu.

Ikete ry'9 – Ubuhanuzi bujanye n'ibisagara bine

Bwarashoye urudome ku rundi, nubwo amahirwe y'ugusohora kwabwo yari 1: 200. 000. 000. 000. 000.

- Irembo ry'izahabu rya Yerusalemu
- Igisagara kidasanzwe c'urutare c'i Patara
- Babuloni hahambaye
- Ugukomera kw'i Tiro hamwe n'ugusambuka kwayo

Ikete rya 10 – Yesu n'isabato

Ni irihe sano riri hagati ya Yesu n'isabato dusanga muri Bibiliya? Iri kete ryandikiwe Andereya ryerekana uko isabato ifatanye na Yesu Kristo nk'Umuremyi, nk'umuyobozi w'ubwoko bw'Imana, nk'uwutanga amategako mvajuru, nk'Umucunguzi, nk'Uwatumye abahanuzi, nk'umuntu, nk'Uwabambwe akazuka, nk'Umuhanuzi w'abigishwa, nk'Umwagazi w'intama w'Imana, nk'Umwami agiye kugaruka, nk'Umucamanza w'isi yose kandi nk'Umwami w'isi nshasha. Ngaha uzobona ico isabato isigura kuri Yesu Kristo no ku bantu bose.

Ikete rya 11 – Ni igiki Yesu yavuze kuri Yerusalemu, ku kugaruka kwiwe no ku muhero w'isi?

Ni igiki twokwigira ku rubanza rw'intangamarara rwabaye mu mwaka wa 70 inyuma ya Yesu? Iri Kete ryandikiwe Andereya ryerekana uko kwizera rwose amajambo ya Yesu biri n'ikimazi kandi bidufasha cane. Mur'ico gihe, abakristo bose barakijijwe kuko bari bayobowe rwose n'amajambo ya Yesu. Mr'ako kanya nyene, umuriyoni w'abantu bigira abanyedini cane, bari bavuye i Yerusalemu mu misi mikuru ya Pasika bahasize ubuzima. Ni igiki dushobora kwigira kuri iyi nkuru ya

Yerusalemu ku vyerekeranye n’umuhero w’isi n’ukugaruka kwa Yesu?
Ni iyihe ngingo twofata?

Ikete rya 12 – Ibimenyetso vy’ukugaruka kwa Yesu

Mbega ibintu vyoba bigiye guhinduka bikaba vyiza – canke...umuhero?
Abigishwa barabajije bati: Ni gute tuzomenya ko ugiye kuza kandi ko
iherezo rishitse? Inyishu iramvuye iboneka mu bimenyetso umunani
twavuze. Mbega vyari bimeze gute imbere y’isenyurwa rya Yerusalemu
kandi ni gute vyifashe uyu musu? Ikibazo co kurangirizako: Mbega turi
mu bihe biguma bihinduka vyiza na ntaryo canke umuhero ugiye kuza?

Ikete rya 13 – Cakira ubuzima biciye mu migenderanire n’Imana

Dufate ko wopfa uyu musu (bivuye ku ndwara y’umutima canke bitewe
n’isanganya). Mbega urafise icemezo ubu co kuronka ubugingo
budashira hamwe na Yesu Kristo? Ntugume mu mwiza! Hari ibintu
bitanu bizogufasha kuronka inyishu. Umuntu wese azorondera
kugiriranira imigenderanire n’Imana azotahura igihe c’ubuzima!

Ikete rya 14 – Ubuzima mu nkomezi z’Imana – Gute?

*“...nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo , kandi ngo ziburonge
busagutse (Yohana 10:10) Yesu yipfuzako tuba mw’ubwo buzima
bushasha kandi ko tunabubandanya inyuma y’ukugaruka kwiwe
nk’ubugingo budashira turi mu bwami bw’Imana. liri kete ryandikiwe
Andereya rijamye no kutwereka ukuntu twogira umwete n’inkomezi
vy’imigenderanire inezereje kandi yamaho mu buzima turi kumwe na
Yesu.*

Ikete rya 15 – Akamaro ko gusoma Bibiliya – Gute?

Birashoboka ko woba warigeze kugira integuro yo kwiwigisha igitabo
gisomwa cane gusumba ibindi kw’isi , Bibiliya. Bamwe baratanguye
ariko bidatevye baca barabivamwo. Birashoboka ko batamenye uburyo

bwiza bwo gutanguza. Uzobona uburyo wobigerageza mu misi 14 muri iri kete ryandikiwe Andereya.

Ikete rya 16 – Ni gute noronka urukundo rw’Imana n’imbabazi zayo?

Ni gute nshobora kuronka imbabazi z’Imana? Ni gute ingorane y’icaha ishobora gutorerwa umuti? Ni gute icaha gitangura? Ni gute umuntu ashobora kwiyumvamwo ko yacumuye kandi mu vy’ukuri ata caha yakoze? Ni kubera iki kubohorwa ingoyi z’icaha ari ngirakamaro kugira ngo turonke umunezero? Ni iyihe nzira nyayo wocamwo kugira ngo turwanye icaha?

Ikete rya 17 – Mbega woba ufise ico upfa na mugenzawe?

Ni gute nshobora guharira kandi nkaca ndavyibagira? Imbabazi zibohora bomp (uwababariwe n’uwatanze imbabazi)! Ni kuki dukwiye kubabarira abandi? Ni gute noronka inkomezi mvajuru zo guharira abandi? Ni gute nomenya ko nahariye bagenzanje vy’ukuri? Ni ubuhe bwaku bigira kuri jewe no ku bandi iyo ndabababariye?

Amakete abumbiye hamwe yo gutanguza yandikiwe Andereya

Uwo mubumbe w’amakete ugizwe n’ibiharuro vyose bikwiriye kugira ngo umuntu atangure. Ivyo biharuro bgizwe na 1, 2, 3, 4, 5, 8, 13, 14 na 21. Ivyo biharuro kandi ubisanga ku rubuga ngurukanabumenyi website. Amakete 17 yose yandikiwe Andereya azoba yabonetse mu mpera z’umwaka wa 2020. Aho wobironderera, ibiciro ubisanga ku rupapuro rw’202 ahanditswe ngo “Ibiciro vy’Igitabo”. Urashobora kubikura ku rubuga ngurukanabumenyi uko wipfuzwa ukabishira mu bundi bubiko bwawe canke ukabirungikira abandi uciye kuri www.steps-to-personal-revival.info-LetterstoAndrew

Agace E k'ivyongeweko: Urutonde rwo gusenga buri musi

Ivyo usabwa:

Nimba bishoboka, andika kuri buri muntu

Amazina n'Amatazirano: _____
Nomero ya Telefone: _____
E-Mail : _____
Aho aba: _____

Imitwaro yo gusengera: _____

Ivyo wabonye kuri we ubwambere: _____

Icigwa mwaganiriyeko: _____



Agace F k'ivyongeweko : Ama video yo kwigisha ukwizera

Imbuga ngurukanabumenyi ku rwaruka n'abantu bariko barondera Imana

Uyu musu dufise mu vy'ukuri ibikoreshe vyiza vyo kwigisha abantu no gukuza ukwizera Imana n'ijambo ryayo, iyo ata mwigisha ahari. Ushaka kwigisha ubutumwa bwiza, rondera ivyigwa bitandukanye vy'ivugabutumwa birimwo ukuri guhambaye kwose kwa Bibiliya. Ivyo vyigwa, bigizwe n'ibisiguro 20 canke birenga, kenshi usanga ari vyiza cane. Nosaba ko uwurongoye ivyo vyigwa yobanza kwumviriza ubwiwe ivyigwa bimwe bimwe imbere y'uko atangura kwigisha, kugira ngo ashobore gutuma ivyo vyigwa bitahurika neza mu kuja arerekana ibintu bimwe bimwe bihambaye kurusha ibindi kandi kugira ngo ashobore gusuzuma nimba koko abitabiriye ivyo vyigwa boba bamaze kwakira ubwo butumwa.

Ubutumwa bwa Yesu bw'igihe c'iherezo

Bwatanzwe n'Ishirahamwe ry'Igikorwa c'Ivugabutumwa ry'Abadiventiste b'umusi w'indwi [Ministertial Association of the SDA-Church]; imizingo 6, ibisiguro 86: Ubuhanuzi, ibijanye n'ivyo twizera, ibisiguro ku magara, ibisiguro ku ngo n'imiryango, ibi ni vyo twizera, <https://www.gcevangelism.net/sermons/>

Twese hamwe mu gikorwa c'Ivugabutumwa

Urubuga ngurukanabumenyi rw'urwego rukuru rw'Ishengero kw'isi rutanga impanuro zifasha cane n'urubuga rwitwa: Total Member Involvement <https://tmi.adventist.org/-MaterialsTMI-TIPS> : Hari amajambo yakuwe mu zindi yandiko ajanye n'Ivugabutumwa,

ugukwiragiza inyandiko, amagara meza n’imibereho myiza, Indwara z’ibisukari, gukira indwara y’agahinda, ishure ryigisha gukinjika.

Indongozi 27 zidufasha kwiga Bibiliya

Ibimenyamenya bitangaje bidufasha kwiga bibiliya urashobora kubisoma ku murongo ngurukanabumenyi kandi ukongera ukabisohozza ku mpapuro canke ukabisangiza abandi kandi mukavyigira hamwe, uhasanga n’indimi nyishi! www.amazingfacts/bible/studyguides

Intango nsasha – Ivyigwa vyahariwe urwaruka

Urashobora gushikiriza ivyigwa vya Bibiliya 26 biri mu ncamake kandi bihambaye cane ukoresheje igicapo kigezweho ukuzuza ukoresheje kwuzuza ivyo uwasiguye yakoresheje. (English, Spanish, Portuguese, French) <https://asiministries.org/newbeginnings/>

Gushira Yesu hejuru

Urashobora kubikura ivyigwa 30 ku rubuga ngurukanabumenyi mu ndimi 10, n’ivyigwa 16 vy’abana <https://www.liftingupjesus.net>

Imatanurwa ry’amabanga ya Daniyeli

Bikura ivyigwa 12 ku buntu vyanditswe na Mark Finley <https://www.itiswritten.com/bible-studies-unsealing-aniel-mysteries>

Ivyizigiro biragarutse – Ivyigwa bitandukanye vy’ivugabutumwa

Ibisiguro 20 vyashikirijwe na Yohana Bradshaw: Mbega uragerageza kwiyumvira kur’ibi bihe bitigeze bibaho muri kahise? Mbega uriteguriye ibigiye kuba? Mbega turiko tubaho mu vy’ukuri mu bihe vyanyuma? Ivyizigiro biragarutse bitumenyesha ivyigwa birushirije kuba vyiza cane kurusha ibindi uyu musi. CDs S 59. 99 <https://itiswritten.tv/programs/hope-awakens>

Igihe karihuta cane – Ibisiguro 20

Pasitori Doug avuga ko ibijanye n’uru rukurikirane rudasanze kandi rwuzuye ivyigwa vya Bibiliya bihambaye ati: “Nahuye n’abantu benshi bipfuzwa kumenya ibigiye kuba muri kazoza ariko kandi batipfuzwa gusenga. Mur’uru rukurikirane dukora amatohoza y’ivyanditswe tutitaye ku misengere ya kera kugira ngo dushobore kubona kahise nyakuri na kazoza vy’iyi si yacu. ...Ngiye gusangira namwe ubushakashatsi nagize <https://www.amazingfacts.org/media-library/watch/archives/o/144/t/time-is-ticking-away>

Ivy’abantu bashitse kera cane ku bw’amahishurwa

Ibisiguro 26 (3ABN); Mark Finley yabonye ubuhanuzi bukomeye bwa Bibiliya buhishura umugambi w’Imana ku bwa kazoza kacu. <https://www.youtube.com/watch?v=sancientdiscoveries>

Ama video ajanye na Mpwemu Yera n’amasengesho

Ibisiguro 27 vyashikirijwe na Dennis Smith, 3 vyatanzwe na Roy Rugless, 5 vyatanzwe na Colin Hone – uzobisanga vyanditswe ngo “Video” and “Media”. Urashobora kurondera ibitabo vy’imisi 40 yo gusenga n’ibindi aho nyene. <https://www.spiritbaptism.org/>

Ni gute twobatizwa na Mpwemu Yera?

Dwight Nelson – Ibisiguro 3 <https://steps-to-personal-revival.info/>

Intambuko zishikana kw’ikanguro ry’Umunu

Ivyigwa bitunganiye mu majwi (audiobook), ibice 7, Umusiguzi: Mike Frenton

Ibisiguro vyo mu mashusho, ibice 7 vyashikirijwe na Helmut Haubeil <https://www.gceevangelism.net/sermons/>

Ibinyegezwa, ubupfumu hamwe n’ugukorera Satani

Ikibwirizwa ca 11

<https://www.gcevangelism.net/sermons/>

Ivyigwa bitandukanye vy'ivugabutumwa bijanye n'ukuri ku rwaruka

Ku bana bari hagati y'imyaka 5 gushika kuri 13 y'amavuka.

Ivyigwa bijanye n'ukuri ku rwaruka biri kuri DVD vy'abigishwa bakiri bato biguha ibikoresho n'isôko uronkeramwo ivyo ukeneye kugira ngo ushikirize integuro yuzuye y'ivugabutumwa ku murwi runaka uhambaye dushobora gushikanako ubutumwa. Ivyigwa vyuzuye vy'ivugabutumwa ku bana! Nta gukekeranya, idirisha nyaryo ry'igihe co gushitsa ubutumwa bwiza ku bana riri hagati y'imyaka 5 na 13. Mu vy'ukuri, amatohoza yakozwe n'Ikigo c'i Barna yerekana ko abana bari hagati y'imyaka 5 na 13 barusha incuro zitanu abakuze mu kwa biyegurira Kristo mu buzima bwabo S 129, 99

www.itiswritten.shop/product/truth4youth

“Ibibazo bihambaye kuruta ibindi” vy'integuro y'urwaruka – Ivyigwa 10

<https://www.amazingfacts.org/media-library/watch/archives/o/116/t/most-important-questions--miq->

Intumbero idasanzwe- Ivyigwa 4 – Ibi vyigwa bitandukanye vy'intumbero ngufi idasanzwe ni vyiza no kur'ibi bibazo shingiro:

<https://www.amazingfacts.org/media-library/watch/archives/o/125/t/ultimate-purpose>

Urugero rwo kwizera – Ivyigwa 6

Rugizwe n'ivyigwa shingiro vy'agakiza – Pastori Doug Bachelor akujana ku buzima urugendo rwa Bibiliya mu gushira ahabona intambuko zine ngirakamaro z'agakiza

<https://www.amazingfacts.org/medialibrary/watch/archives/o/156/t/f ormula-4-faith>

Ivyo umuntu acamwo impera n'imperuka bigakomeza umutima wiwe

Louisa M. R. Stead yavukiye muri Dover/Ubwongereza maze aca yimukira mu gihugu ca Leta Zunze Ubumwe za Amerika ari kumwe n'umugabo wiwe mu myaka y'1880. Amezi yabo yambere yabaye ayagoye cane gushitsa aho umugabo wiwe yaronkeye akazi. Bagize akaruhuko kabo kambere k'imisi itatu ku kiyaga. Umugabo wiwe yagerageje gukiza umuhungu yariko arwana n'imikuba y'amazi yo mu kiyaga atewe n'umuyaga mwinshi. Bompi bahitanywe n'imipfunda baca baribira mu mazi.

Noneho Louisa yarasigaye ata mugabo afise kandi wenyene n'agakobwa kiwe k'imyaka itatu. Inyuma y'indwi nkeya, yahavuye ava mu nzu yabamwo kuko atashobora kuyiraha. Yanditse muri nankana (agatabo gatoyi kitwa journal mu rurimi rw'igifaransa) yiwe ati:

“Sinshobora kuguma mpanze amaso yanje ku ngorane kandi mfise Imana nziza cane yampfiriye. Ndagomba gukura amaso yanje ku ngorane zanje maze ngahanga amaso Yesu kuko yipfuza kandi ashoboye kunkiza. Nimba ari kumwe nanje, ntaco notinya.”

Yaryamye ku ntebe zo mu kibanza co kuruhukiramwo (ikibanza ca bose, aho bicara bakaruhukira canke bagafata akayaga) afumbatiye akana kiwe mu maboko ngo akarinde imbeho. Mur'uwo mwanya wose, ntiyigeze asaba ubufasha ariko yahimbaje Imana. Yaravuze ati:

“Mana, ntakintu nsigaranye uyu mwanya, ariko har'abantu muri Bibiliya babuze vyose ariko babandanya kuguhimbaza. Si ngombwa ko ubanza kumpezagira kugira ngo ndaguhimbaze. Ndakwizeye kandi ndaguhimbaza ku vyo ndiko ndacamwo vyose.”

Ari hagati mur'ico kibanza co kuruhukiramwo - hari mu 1882 – Louisa yaciye atangura kwandika indirimbo ivuga ngo: **“Ni vyiza kwizigira Yesu (Nkunda kwizigira Yesu)”**.

Igihe yaririmba iyo ndirimbo, umugabo umwe yaramuhagaritse aramubwira ati: “Utegerezwa kuba umerewe neza, kuko ururimba neza cane.” Aramwishura ati: “Sindiko ndirimba kuko merewe neza. Ndiko ndirimba kuko nizeye Yesu.”

Mu kiganiro bagiriraniye, yahavuye amenya ko uwo mugore ata kazi afise, umugabo wiwe yapfuye kandi ko n'impfungurwa zasa n'izaheze kandi akaba yategerezwa kurara kuri ya ntebe ari kumwe na ka kana kiwe k'agakobwa. Yazungagije umutwe yumva ivyo bintu bimurenze.

“Hanyuma ukabandanya uririmba umerewe uko...?”

Aramwishura ati: “Ni ikibazo c'umwanya gusa imbere y'uko Yesu agira ico ankoreye. Ndanezererwa iyo ndiko ndavyiyumvirako.”

Vyahavuye bihinduka kuko uwo mugabo yari umwe mu batunzi b'ico gihe. Niwe yar'afise amabarabara y'indarayi yose muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika. Yahavuye amuha akazi ko gukorera mu biro, nawe akaba yarakishimiye cane. Yakoze akazi neza cane gushika y'aho inyuma y'igihe gito uwo mugabo amubwira ati: “Ukora nk'umuntu yubaha Imana. Ukora neza cane utitayeho ko hoba hari umuntu ariko akugenzura canke atawuhari.” Yarishuye ati: **“Ntubitahura neza, sinkorera wewe, nkorera Yesu.”**

Igikorwa ciwe yakorana umwete n'ubwira hamwe n'ingabire idasanzwe yar'amaze kubwirwa ko afise mur'iryo shirahamwe vyatumye aguma aduzwa icicarwo kandi yahavuye azeza ya mabarabara y'indarayi yose y'iryo shirahamwe. Nyene iryo shirahamwe yabivuze mur'aya majambo ati: “Ndamwizigira cane kuruta uko jewe niyizigira.” Ubuzima

bw'uwo mugore bwarahindutse. Yaronse umushahara mwiza, agura inzu nini kandi yitaho akana kiwe k'agakobwa.

Inyuma y'imyaka ibiri yarwanye n'ikibazo, ni igiki Yesu yari gukora mu kibanza ciwe?

Yahevyeye akazi kiwe kamwinjiriza amahera, agurisha ya nzu yiwe maze aja muri Afrika y'epfo n'umukobwa wiwe afise umuhamagaro wo kuja mubanyafrika na cane cane gukorera abana. Inyuma y'amezi atandatu, yari yamaze gukoresha ya mahera yiwe yose. Yahavuye asubira inyuma kurondera amahera kandi. Hanyuma yahavuye asubira mu gihugu ca Zimbabwe ari kumwe na kakana k'agakobwa. Yarabandanije ubwo buzima mu myaka yiwe 32 yakurikiye gushika apfiriye muri Zimbabwe. Uyu mukobwa yaciye abandanya igikorwa ca nyina wiwe. Louisa yabayeho ubuzima bwo kwizera no kwiyegegurira Umwigisha wiwe [Yesu], uwo yakunze cane.

(Vyavugiye mu gisiguro cashikirijwe na P. G. muri Austria bisubira guhindurwa bikuwe mu rurimi rw'ikidagi na Google translation.)

1. Nkunda kwizigira Yesu no kumwumvira rwose nkizera yuko azoshitsa isezerano ryiwe

Icitabirizo

Yesu, Yesu, ndakwizeye!

Ur'uwo kwizigirwa;

Yesu, Yesu, Mwiza nkunda!

Ndushaho kukwizera!

2. Nkunda kwizigira Yesu N'amaraso yavuye Nisuka mu ruzi rwayo Nozemwo nzokwera de

3. Nkunda kwizigira Yesu nkareka ivyaha vyanje
Muri we ni ho nzoronka amahoro n'ineza
 4. Mpimbawe n'uko nkwezeye Yesu Mukiza nkunda
Nizeye k'umpora hafi, Tugumane Mukiza
- (Ushaka umuziki ca kuri : [www M. R. Stead](http://www.M.R.Stead))*

AGATABO KABUMBIYEMWO AMAKETE YANDIKIWE ANDEREYA

YO GUSHIKANA ABANTU KURI YESU

Uburyo twokoresha amakete yandikiwe Andereya ari mur'iki gitabo kibumbiyemwo amakete vyarasiguwe ku rupapuro rw'160. Iryo bahasha ririmwo ikopi ya buri kete ryose ryavuzwe ngaha ku bwawe. Vyongeye kandi , urakeneye n'irindi bahasha kuri buri muntu wese ugomba kuyoborera kuri Kristo ku bwo gufashwa n'Imana. Urutonde rumenyereye mu gutanga izo nyandiko ni uru:

- 4 Ugutigira kw'ubuzima bwacu: Mbega Imana yoba ibaho canke ntibaho?
- 1 Ukwizera rukristo gushizwe ku munzane
- 8 Ubuhanuzi buvuga ivya Yesu
- 2 Ikigereranyo kidasanzwe kandi kirengeye vyose: Yesu w'i Nazareti
- 3 Mbega Bibiliya ishimikiye kuki?
- 13 Cakira ubuzima biciye mu migenderanire n'Imana (evti. Z1 Inzira ishikana mu Bugingo budashira (vyanditswe na Eiden K. Walter))
- 14 Ubuzima mu nkomezi z'Imana – Gute?
- 5 Intsinzi kw'Itabi n'Inzoga

Incamake y'ibivugwa mu makete yose yandikiwe Andereya ushobora kuyasanga mu gace D k'ivyongeweko, ku rupapuro rw' 192. Izindi nsiguro zitomoye zerekana urutonde umuntu yokwisunga kugira ngo ayasangize abandi ziboneka mu kigabane c'9.

www.steps-to-personal-revival.info: Letters to Andrew

Ayo makete yandikiwe Andereya urashobora kandi kuyakura ku rubuga ngurukanabumenyi rw'uwo murongo uko ubishaka canke ukayarungikira umuntu ku buntu.

AMAKURU AJANYE N'UKO WORONKA IVYO BITABO

Igiciro co ku bavugabutumwa

Igitabo “Abakorana na Yesu Buzuye Mpwemu Yera” kirimwo n’Agatabo kabumbiyemwo Amakete yo Gutanguza Amadolari 7. 99

Agatabo kabumbiyemwo Amakete yo gutanguza yandikiwe Andereya ko kurongorera abantu kuri Yesu Amadolari 6, 99

Igitabo “Abakorana na Yesu buzuye Mpwemu Yera” kiri ukwaco Amadolari 3, 00

Mur’ivyo biciro vyose, ntihaba harimwo amahera yo kuriha kugira ngo bigushikire biciye mu maposita kandi ayo kubitekera ntarimwo.

Remnant Publications

649 E. Chicago Rd

Tel. 800-423-1319 OR 517-279-13043

Web address for orders:

www.remnantpublications.com

Also available at your Adventist Book Centers

“Ariko Imana ishimwe, yaduhaye intsinzi biciye mu Mwami wacu Yesu Kristo.” (1 Ab’i Korinto 15:57)



IGITABO CA 1: [www. steps-to-personal-revival. info](http://www.steps-to-personal-revival.info)

Kwuzuzwa Mpwemu Yera.

Umwami wacu ubwiwe yategetse ati: Mwame mwujijwe Mpwemu Yera uko bukeye. (E. G White, Mount of Blessings, MB 20. 3 (egwwritings. org)), Johannas Mager, *Auf den Spuren des Heiligen Geistes* (Lünberg, 1999), p. 101

Order information page 2

[www, steps-to-personal-revival. info](http://www.steps-to-personal-revival.info)

AMAJAMBO Y'URWINJIZO KU BARONGOZI N'ABAZOBA ABARONGOZI KUGWIZA UMWIMBU

I K I G A B A N E C A 1: INGABIRE NZIZA KURUTA IZINDI YA YESU

Ni ibiki Yesu yigishije ku bijanye na Mpwemu Yera?

Mbega woba hari icy'uzi ku butumwa bukomeye kuruta ubundi bwa Yesu?

I K I G A B A N E C A 2: MBEGA NI UWUHE MUZI W'INGORANE ZACU?

Mbega hoba hari impamvu y'ivya mpwemu ku ngorane zacu? Mbega imvo kwoba ar'ukubura Mpwemu Yera? Mbega ni iyihe ngorane nyamukuru yo kuba umukristo aganzwa na kameremere?

I K I G A B A N E C A 3: INGORANE ZACU ZIRASHOBORA GUTORERWA UMUTI

Mbega ni uwuhe muti w'imana ku ngorane zacu? Ni gute twokura ngo tube

abakristo banezerewe kandi bakomeye? Ni irihe sano riri hagti y'umubatizo na

Mpwemu Yera?

I K I G A B A N E C A 4: MBEGA NI IBIHE BINTU BIHINDUKA TWOKWITEGA?

Ni akahe karusho dufise iyo tubayeho ubuzima bwujujwe Mpwemu Yera?

Ni ibiki dutakaza iyo tudasenze dusaba Mpwemu Yera?

I K I G A B A N E C A 5: URUPFUNGURUZO RUDUSHIKANA KUBONA IBISHINGANTAHE

BIFADIKA?

Ni gute noshobora gushitsa no kubona inyishu y’Imana kuri jewe?

Ni gute nosenga kugira ngo menye ntakekeranya ko nujujwe Mpwemu Yera?

I K I G A B N E C A 6: MBEGA NI IBIKI TUGIYE GUCAMWO IMBERE YACU?

Ivy’umuntu agiye gucamwo ku giti ciwe, co kimwe n’ivy’Ishengero rigiye gucamwo, konferanse canke iniyo.

I K I G A B A N E C’7: KUGIRA IGISHIKA NO GUSANGIRA N’ABANDI

Umunezero dutanga ku bandi ugaruka mu mitima yacu bwite. (Umugani w’ikidagi)

Ni gute nofasha abandi kuronka “ubugingo busagutse”?

Ni gute dutanga ubwo butumwa ku bandi? N’ubuho buryo twobikoramwo?



IGITABO CA 2: www.steps-to-personal-revival.info

STEPS TO PERSONAL REVIVAL

NIMUGUME MURI YESU

MBEGA IVYO UBIKORA GUTE?

“Mugume muri jewe, nanje ngume muri mwebwe. ”Kuguma muri Kristo bisigura kwama uronka Mpwemu Yera wiwe, ubuzima bwo

kwiye gurira igikorwa ciwe ataco wisigarije. E. G . White, (Desire of Ages, DA p676. 2)

Ushaka kumenya ayandi makuru raba ku rupapuro rwa 2 www.steps-to-personal-revival.info.

“ Kuguma muri we si igikorwa dutegerezwa gukora nk’itegeko dushira mu ngiro kugira ngo turonke agakiza kiwe. Ahubwo ni ukumwerera kwacu ngo adukorere vyose, kandi akorere muri twebwe kandi adukoreshe. Ni igikorwa adukorera – inyishu n’ububasha vy’urukundo rwiwe rwaducunguye. Uruhara rwacu rusanze n’urwo kwama, kwizera, no kurindira ngo ashitse amasezerano yiwe.” (Andrew Murray)

IKIGABANE CA 1: INGABIRE NZIZA YA YESU IRUTA

IZINDI ZOSE

Mbega hari icyo woba uzi ku butumwa bukomeye cane kuruta ubundi bwa Yesu? Mbega ni ibihe bikorwa Mpwemu Yera ajejwe? Ni gute kamere kacu gashobora guhinduka? Yesu avuga ivya Mpwemu Yera mu mugani w’umwambiro

IKIGABANE CA 2: NI WIYEGURIRE YESU

Mbega ntakaza ubugombe bwanje? Canke ncika umunyenkomezi? Ni ibiki bishobora gutuma tutiyegurira Yesu? Mbega kwiye gurira Imana

bisigura ko dutegerezwa kuba tutagifise uburenganzira bwo guhitamwo ivyo tugomba?

IKIGABANE CA 3: YESU AGUMYE MURI WEWE

Ni ubuhe bwaku kuba” Kristo ari muri jewe”bigira ku buzima bwanje? Ihangiro umuntu abayipfuzaga gushikako: kuronka ukunengesera kw’Imana mu buzima bwawe.

Ubwaku bwo kuba “Kristo ari muri wewe. ”Mbega ni gute turonka ukubohoka ububasha bw’icaha?

Mbega tuzosubira kuba tukiganzwa na kameremere k’icaha mu gucumura?

IKIGABANE CA 4: UKWUMVIRA YESU

Ni gute noshobora kubaho numvira Yesu kandi nezerewe?Mbega umunezero ni iki?Ni gute ukwumvira “Yesu ari muri jewe” kumeze?

Imana yashizeho: Ubumwe hagati y’Imana n’Umuntu


IKIGABANE CA 5: MURI YESU UKWIZERA GUKORA

KU BANDI KUBONERWA

Ni gute ubumwe bwoboneka mu bizera?

Ni igiki cotuma ukwizera kwacu gukora ku miryango yacu no kw’isi yose?

Ni ayahe mahinduka muri twebwewe atuma tuba ivyabona?Ni gute ikanguro rivyura igikorwa co kuvuga ubutumwa?



**IMISI 40 - IGITABO CA 1:
AMASENGESHO NO KWIGA
Mu kwitegurira ukugaruka kwa Yesu**

DENNIS Smith

Aho wokironderera: www.spiritbaptism.org

Mbega urakeneye ubuzima ibindi vyigwa bisobanutse n'ubuzima busenga cane?

Urumva ko woshikira abandi ukabazana kuri Kristo?


Namb ariko biri washitse ahantu nyaho. Iki gitabo kirimwo imisi 40 yo kwitanga kugira ngo wige yategekanijwe kugira ngo ikomeze imigenderanire yawe na Kristo no kugushoboza kuyoborera abantu kuri we.

Kubera ik imisi 40?

Bibiliya ivuga ibintu vyinshi bihambaye vyabaye mur'ico kiringo c'umwanya:

- Imvura yaguye imisi 40 mu gihe c'umwuzure
- Mose yamaranye n'Imana imisi 40 ku musozi Sinayi
- Abatasi b'Abanyisirayeli bamaze imisi 40 bariko batata igihugu c'isezerano
- Yona yaburiye Ninewe imisi 40
- Yesu yamaze imisi 40 ari mu bugaragwa inyuma y'ukubatzwa kwiwe
- Yesu yamaranye imisi 40 n'abigishwa biwe inyuma y'ukuzuka kwiwe

Imana iripfuza no gukora ikintu gihambaye mu buzima bwawe. Ntabwo yipfuza gusa ko ukorana nayo mu buryo bwa hafi can, arikokandi iripfuza no gukorera abandi iciye kuri wewe. Kandi uko umara iyo misi 40 itangaje uri kumwe n’Imana, izoguha kwitegurira akaga kanyuma k’iyi si hamwe n’ukugaruka kwa Kristo kwihuta cane.



**IMISI 40 – IGITABO CA 2:
AMASENGESHO NO KWIGA
Kugira ngo unagure imigenderanire
Yawe n’Imana**

Dennis Smith

Aho wokironderera: www.spiritbaptism.org

Ni ubuhe budasa imisi 40 ishobora kuzana?

Ni rinini nimba uriko urasenga. Ni wifatanye na Dennis Smith mu rugendo rw’ivya Mpwemu rw’Imisi 40 izohindura ubuzima bwawe. Igihe uzokwihebera imisi 40 yo kwiga n’umutima wawe wose kandi ugasenga bishimitse, ubuzima bwawe bw’ivyo gusenga buzohinduka ubuhora busenga kandi buzoba butunganye, ukwizera kwawe kuzokura igihe uzoba uriko ubona inyishu ku masengesho wasenze, kandi imigenderanire yawe n’abo musangiye ukwizera izoba iyishimitse.

Igisomwa cose categekanijwe gusomwa buri musigurikirwa n’isengesho rijanye na co no kwisuzuma kw’umuntu kugiti ciwe hamwe n’ibibazo vyo kwigira hamwe. Nimba wahora wipfuza gukura mu vya


mpwemu ariko ntumenye aho wotangurira ah’ari ho, tangurira ngaha. Smith azokuyobora mu mis 40 y’ivyigwa vya Bibiliya bidasanze kandi bikenewe ko buri mukristo wese avyiga.

Mu buryo bwakunzwe cane bw’imisi 40 bwa Smith: Amasengesho no kwiga kugira ngo witegurire ukugaruka kwa Yesu, iki gitabo kirashobora gufasha mu kunagura imigenderanire y’abantu n’Imana, imirwi mito mito n’amashengero yose. Ni wirabire nawe ukuntu imisi 40 ishobora kuzana ubudasa butangaje.

WWW. STEPS-TO-PERSONAL-REVIVAL. INFO

Kwuzuzwa Mpwemu Yera

Uru rukuta rwa web rukurikiranwa n’ibihugu 143



Urashobora gusoma, ukabîkura ugashira aho wipfuzza, canke ukarungikira abagenzi ibitabo vyose n’ivyigwa uko uvyipfuzza mu ndimi zose bimaze guhindurwamwo.

Uko igitabo “ Intambuko zishikana kw’Ikanguro ry’Umuntu cahinduye ubuzima bwanje

Igishingantahe ca Dwight Nelson, Pastor mukuru w’Ishengero rya Kaminuza yitiriwe Andrews

Abadiventiste b’Umusi w’Indwi na Mpwemu Yera

Ni gute tubura Mpwemu Yera? Imvo, inkurikizi n’inyishu kur’ico kibazo

Igitabo kiri mu majwi, Intambuko Zishikana kw’Ikanguro ry’Umuntu, uwuvuga: Mike Fenton

Ni gute umuntu yobatizwa na Mpwemu Yera? – ibice 3

Ibisiguro biri mu mavideo vyashikirijwe na Dwight Nelson

“Intambuko Zishikana kw’Ikanguro ry’Umuntu” – Ibice 7 hamwe na

“Nimugume muri Yesu” – Ibice 5

Amakete 17 yandikiwe Andereya – Ibikoresho vyageragejwe kandi bigasuzumwa bifasha mw’ivugabutumwa mu kwubaka imigenderanire yo kwizera (vyinshi ubisanga mu gitabo Abakorana na Yesu buzuye Mpwemu Yera , ku rupapuro rw’7 n’9)

[illegible]

ABAKORANA NA YESU

BUZUYE MPWEMU YERA

Mbega ni gute twoba abo bantu?

Mbega kuroranirwa mu buzima bisigura iki? Ni ayahe masezerano Imana yaduhaye ku bijanye n'ubuzima buroraniwe? Nta nkomezi ziri mu nteguro nto. Imana yacu itangaje itwipfuriza ko twiyumvira gukora ibintu binini. Mbega nawe uripfuza gukorana na Yo?

Yesu yipfuza abakorana na we buzuye urukundo rwiwe. Abakorana nawe ashobora gukoresha ngo yerekane urukundo ku bandi. Ku bw'ivyo rero, ni vyiza ko ndonka urukundo runengesereye rw'Imana ubwanje. (raba Abanyefeso 3:17)

Mbega ikintu c'ubwenge budasanze Imana yaduhaye co gukorera abandi no gufasha! Ivyo Imana yaduteguriye biratangaje cane. Kandi ni gute dukorera Imana? Mbega turiko gukoresha inkomezi zacu bwite mu gukorera Imana? Canke Imana irashobora kudukoresha ikoresheje inkomezi mvajuru zayo? Ni ubuhe budasa?

Yesu yaravuze ati: “Ni munkurikire, nzobagira abaroba abantu.” (Matayo 4:19) Ni mu buhe buryo butangaje Yesu ahindura abantu abakorana nawe aciyeye kuri twe? bwe?

Helmut Haubeil avuga uko yize kuzana abantu kuri Kristo intambuko ku yindi. Ubucuti tugiriranira na Yesu ni bwo bucuti bufise ikimazi kuruta ubundi bucuti bwose bubaho. Mbega ni gute nobwereka abandi? Ni ikihe kibazo c'urwinjiza nukoresha kugira ngo kimfashe kuja kw'ijambo neza? Ni ibihe bikoresho vyasuzumwe kandi vyageragejwe bihari umuntu yukoresha kugira ngo vyoroherenze bimwe biboneka abafasha n'ababwirwa igihe bari mu kiganiro kijanye n'ivyo kwizera? Ivyo bikoresho ngirakamaro biboneka muri ka Gatabo kabumbiyemwo amakete yo Gutanguza.

Hanyuma igikorwa co kuvuga ubutumwa kizoca gitangura, ari naco cerekana uko twebwe canke imigwi, nk'Ishengero canke konferanse dushobora gukura mu kunesha turongowe n'Imana.

Imana ihe umwe wese muri twebwe umunezero wo kuba uwukorana na Yesu yujujwe Mpwemu Yera!

ABAKORANA NA YESU

Buzuye Mpwemu

Ni gute twoba abo bantu?

Mbega kuroraniwa mu buzima bisigura iki? Ni ayahe masezerano Imana yaduhaye ku biyanye n'ubuzima buroraniwe? Nta nkomezi ziri mu nteguro nto. Imana yacu itangaje itwipfura ko twiyumvira gukora ibintu binini. Mbega nawe uripfuzaga gukorana na Yo?

Yesu yipfuzaga abakorana na we buzuye urukundo rwiwe. Abakorana nawe ashobora gukoresha ngo yerekane urukundo ku bandi. Ku bw'ivyo rero, ni vyiza ko ndonka urukundo runengesereye rw'Imana ubwanje. (raba Abanyefeso 3:17)

Mbega ikintu c'ubwenge budasanzwe Imana yaduhaye co gukorera abandi no gufasha! Ivyo Imana yaduteguriye biratangaje cane. Kandi ni gute dukorera Imana? Mbega turiko dukoresha inkomezi zacu bwite mu gukorera Imana? Canke Imana irashobora kudukoresha ikoreseje inkomezi mvajuru zayo? Ni ubuhe budasa?

Yesu yaravuze ati: "Ni munkurikire, nzobagira abaroba abantu." (Matayo 4:19) Ni mu buhe buryo butangaje Yesu ahindura abantu abakorana nawe aciye kuri twebwewe?

Helmut Haubeil avugaga uko yize kuzana abantu kuri Kristo intambuko ku yindi. Ubucuti tugiriranira na Yesu ni bwo bucuhi bufise ikimazi kuruta ubundi bucuhi bwose bubaho. Mbega ni gute nobwerekaga abandi? Ni ikihe kibazo c'urwinjiza nukoresha kugira ngo kimfashe kuja kw'ijambo neza? Ni ibihe bikoresho vyasuzumwe kandi vyageragejwe bihari umuntu yukoresha kugira ngo vyoroherenze bimwe biboneka abafasha n'ababwirwa igihe bari mu kiganiro kijanyeho n'ivyo kwizera? Ivyo bikoresho ngirakamara biboneka muri ka Gatabo kabumbiyemwo amakete yo Gutangaza.

Hanyuma igikorwa co kuvugaga ubutumwa kizoca gitangura, ari naco cerekana uko twebwewe canke imigwi, nk'ishengero canke konferanse dushobora gukora mu kunesha turongowe n'Imana.

Imana ihe umwe wese muri twebwewe umunezero wo kuba uwukorana na Yesu yujujwe Mpwemu Yera!